

ÒRDINASON ÉVÈK LA, PRÈT YO ÉPI DIAK YO

Admision nan pami kandida pou Òrd sakré yo

Institision Léktè yo épi Akolit yo

**ÒRDINASON ÉVÈK LA,
PRÈT YO ÉPI DIAK YO**

**ADMISION NAN PAMI KANDIDA
POU ÒRD SAKRÉ YO**

**INSTITISION
LÉKTÈ YO ÉPI AKOLIT YO**

Pro manuscripto
Port-au-Prince
24 mai 2016
Notre-Dame Auxiliatrice
en l'Année Sainte de la Miséricorde

© Conférence des Évêques d’Haiti (CEH)

Òrdinasion Évèk la, Prèt yo épi Diak yo
De ordinatione Episcopi, Presbyterorum et Diaconorum
(dèzièm édision 1990)

Institision Léktè yo épi Akolit yo
[Admision nan pami kandida pou diakona-a épi présbitéra-a]
[Osijè séliba sakré-a yo gin pou kinbé-a]
De institutione lectorum et acolythorum
[*De admissione inter candidatos ad diaconatum et presbyteratum*]
[*De sacro caelibatu amplectendo*] (1972)

Yo inprimé tèks *pro-manuscripto* tradiksyon kréyòl sa-a ak
otorizasyon

S. Ém. Chibly Card. Langlois
Évèk o Kay
Prézidan Konfèrans Évèk Ayiti yo

24 mé 2016

S. Vièj Mari, Sékou Krétyin yo
nan Ané Sint Mizérikòd la

PONTIFIKAL ROMIN

RÉNOUVLÉ DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A
ÉDITÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI
RÉVIZÉ DAPRÉ SOUIN PAP JAN-PÒL II

ÒRDINASON ÉVÈK LA, PRÈT YO ÉPI DIAK YO

DÉZIÈM ÉDISION TIPIK

1990





KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN AVÈK DISIPLI-N SAKRÉMAN YO

Prot. CD 145/89

DÉKRÈ

Rit Òrdinasion yo, palintèmediè yo, yo mété minis Kris yo avèk administratè mistè Bondié yo nan Égliz la, yo té révizé dapré règ Konsil Vatikan II-a (cf. *SC*, 76), nan ané 1968 la yo té pibliyé yo nan premié édision tipik la sou tit *De Ordinatione Diaconi, Presbyteri et Episcopi* (Òrdinasion Diak, Prèt épi Évèk).

Koulié-a minm, antan yo konsidéré ékspérian la ki sot nan rénovèlman litijik la, li parèt konvnab pou yo préparé yon lòt édision tipik ki, parapò a premié-a, ofri éléman patikilié ki suiv yo :

1. Édision sa-a anrichi avèk *Sa pou noté anvan yo*, tankou lòt liv litijik yo, pou yo ékspozé ansègnman sou sakréman-an épi pou aranjanman sélébrasion-an parèt pi klè.

2. Dispozision liv la chanjé, yon fason pou antan-l pran kòmansman apati Évèk la, li minm ki gin plénitud Òrd sakré-a, yo konprann pi byin kijan prèt yo sé koopèratè li épi diak yo òrdoné pou sèvis li.

3. Nan Priyé Òrdinasion soua prèt yo, soua diak yo, paròl yo ki konsèné natu bagay la épi donk ki égzijib pou validité akt la antan yo rété minm yo, kèk ékspresion chanjé, kèk fraz vi-n ajouté tiré sot nan Nouvo Téstaman-an, yon fason pou Priyé-a minm bay lidé pi rich sou présbitéra-a ak diakona-a, antan yo koulé sot nan Kris prèt la.

4. Prèt yo ki gin pou résévoua Òrd la, yo intèrojé yo yon fason pi klè osijè ministè rékonsiliasion-an yo gin pou égzèsé-a épi sou Ékaristi-a yo gin pou sélébré-a.

5. Rit osijè séliba sakré-a yo gin pou kinbé-a, sa Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an préparé-a dapré règ Lèt Apostolik *Ad pasendum* nan (*Pou okipé pèp Bondié-a*), sa Pap Pòl VI, nou

kontan sonjé-a, té bay nan ané 1972 la, koulié-a yo mété-l nan Òrdinasion diak yo. Daprè lòd spésial Souvèrin Pontif JAN PÒL II-a minm, disipli-n nan chanjé atèl pouin pou minm sa yo chouazi yo, ki té fè vé pèpétuèl nan yon Institu rélijyé, apré sa yo gin obligasion nan Òrdinasion diakonal la minm, antan yo siprimé préskripsion kanon 1037 Kòd Doua Kanonik la, pou yo kinbé séliba sakré-a tankou yon désizion patikilié ki fè youn, daprè doua-a, ak Òrdinasion-an.

6. Minm jan-an, manb Institu vi konsakré yo, nan Òrdinasion pou diakona-a épi présbitéra-a, apré sa yo doué întèrojé yo minm osijè respè avèk obéyisans aléga Èvèk diosézin-an pou dévlopé unité tout manb klèjé yo nan chak Égliz.

7. Sou fòm yon Apindis, yo ajouté rit pou admision nan pami kandida pou diakona-a épi présbitéra-a ak kèk chanjman sèlman.

Dézièm édision Pontifikal Romin-an *Osijè Òrdinasion Èvèk la, prèt yo épi diak yo*, Souvèrin Pontif JAN PÒL II avèk otorité-l li té aprouvé-l épi Kongrégasion pou Kult Divin-an épi Disipli-n Sakréman yo pibliyé-l koulié-a épi déklaré-l tipik.

Konfèrans Èvèk yo ap gin pou pran souin introdui tèks yo, rit yo épi règ yo, sa yo jouinn nan édision sa-a, an pratik épi nan édision yo gin pou préparé nan lang pèp yo.

Minm rit yo épi tèks yo, ki préparé nan lang latin-an, tousuit ak lè yo parèt y-a sèvi ak yo ; pou lang pèp yo minm, lè Konfèrans Èvèk yo aprouvé tradiksion yo épi Sièj Apostolik la révizé yo, sé apati jou Konfèrans yo minm fiksé-a.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa ditou.

Nan palè Kongrégasion pou Kult Divin-an avèk Disipli-n Sakréman yo, jou 29 juin 1989, nan Solanité Sin Apot Piè ak Pòl.

EDUARDUS Card. MARTINEZ

Préfète

✠ LUDOVICUS KADA
 Archiep. tit. Thibicen.
 Sékrète

SAKRÉ KONGRÉGASION RIT YO

Prot. n. R. 19/967

DÉKRÈ

Daprè Konstitisyon Apostolik *Pontificalis Romani recognitio* (*Révizyon Pontifikal Romin-an*), jou 18 juin ané 1968 la, Souvèrin Pontif Pòl VI té aprouvé yon nouvo rit pou bay Òrd sakré Diakona-a, Présbitèra-a épi Èpiskopa-a, sa Konsèy pou égzékité Konstitisyon sou Sakré Litiji-a té révizé-a, antan yo sèvi avèk èkspè épi yo té konsilté Èvèk divès réjion tè-a, pou apré sa yo sèvi avè-l nan Òrd yo gin pou bay nan plas rit ki té égzisté nan Pontifikal Romin-an.

Pati Pontifikal Romin-an donk ki ginyin nouvo rit sa yo pou bay Òrd sakré Diakona-a, Présbitèra-a épi Èpiskopa-a, nan dékrè sa-a ki sot nan Sakré Kongrégasyon Rit yo, gras a pouvoua Souvèrin Pontif PÒL VI ba li, yo pibliyé-l épi yo déklaré-l kòm tipik.

Yo fiksé an plis pou jouska jou 6 avril ané prochèn 1969 la, sètadi pou Dimanch Réziréksion Granmèt nou Jézu-Kri-a, oubyin nouvo rit sa yo, oubyin sa yo ki koulié-a nan Pontifikal Romin-an, yo kapab sèvi ak yo jan yo vlé ; apati jou-a minm sé pou yo sèvi avèk rit nouvo sa yo sèlman.

Antan anyin ki kontrè pa bay anpèchman ditou.

A Ròm, jou 15 out 1968, nan fèt Asonpsion Sint Vièj Mari.

BENNO Card. GUT

*Préfè Sakré Kongrégasyon Rit yo
épi Prézidan « Konsèy » la*

✠ FERDINANDUS ANTONELLI

*Achévèk tit. Idicrensis
Sékrètè S. C. R.*



KONSTITISION APOSTOLIK

KOTÉ YO APROUVÉ NOUVO RIT
POU ÒRDINASON DIAK, PRÈT ÉPI ÉVÈK

P Ò L É V È K

SÈVITÈ SÈVITÈ BONDIÉ YO
POU FÈ SONJÉ SA TOUT TAN

RÉVIZION PONTIFIKAL ROMIN-AN (*PONTIFICALIS ROMANI RECOGNITIO*) sé pa sèlman yon fason jénéral Konsil Ékuménik Vatikan II-a té préskri-l,¹ min tou nan règ patikilié ki kòmandé-l yo, avèk yo minm Sinòd Sakré sa-a pasé lòd pou chanjé rit Òrdinasion yo, « soua parapò a sérémoni yo soua parapò a tèks yo ».²

Min nan rit Òrdinasion-an, sé pou yo konsidé rénovèlman bagay sa yo ki fiksé yérarchi sakré-a gras a sakréman Òrd la yo bay dapré divès dégré-a : « konsa ministè ekléziastik la, sa Bondié fiksé-a, sé nan divès òrd yo moun dépi nan tan lontan yo té rélé Évèk, Prèt, Diak, yo égzèsé-l ».³

Nan révizion rit Òrdinasion sakré yo minm, an plis prinsip jénéral yo, ki doué kòmandé rénovèlman total Litiji-a dapré préskripsion Konsil Vatikan II-a, yo doué fè anpil atansyon pou ansègnman sa-a ki trè klè osijè natu ak éfè sakréman Òrd la, sa minm Konsil la té palé sou li-a nan Konstitision osijè Égliz la ; ansègnman sa-a sètènman Litiji-a minm doué éksprimé-l nan pròp fason pa-l, réyélmman « tèks yo avèk rit yo, yo doué ranjé yo yon fason pou bagay ki sin yo, sa yo vlé di-a, yo éksprimé pi klè, épi pèp krétyin-an, nan mézi sa kapab fèt, kapab ouè yo fasilman épi pou yo patispé nan yo yon fason plin, aktif épi ki pròp pou sélébrasion kominoté-a ».⁴

¹ Conc. Vat. II, Const. de Sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 25.

² *Ibid.*, n. 76.

³ Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 28.

⁴ Conc. Vat. II, Const. de Sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 21.

Déja réyèlman minm sin Sinòd la anségné : « Palintèmedié konsékrasion épiskopal la, yo bay plénitud Sakréman Òrd la, sa pa étonan pou ni abitud litijik Égliz la ni voua sin Pèr yo rélé-l sasèrdòs ki pi ro-a, totalité ministè sakré-a. Konsékrasion épiskopal la minm, avèk pouvoua pou sanktifîé-a, li bay tou pouvoua pou anségné épi pou dirijé, yo minm poutan dapré natu yo, yo pa kapab égzèsé yo si sé pa nan kominion yérarchik la avèt tèt kolèj la épi manb yo. Dapré tradision-an réyèlman, ki parèt klè sitou nan rit litijik yo épi nan abitud Égliz ni Orian-an ni Oksidan-an, yo byin ouè sé nan inpozision min yo épi paròl konsékrasion-an yo bay gras Éspri-Sin-an épi yo gravé karaktè sakré-a ki fè Èvèk yo, yon fason anlè nèt épi ki ékstraòdinè, yo joué ròl Kris la minm, Mèt, Pastè, Pontif épi sé nan pèrsòn li yo aji ».⁵

Sou paròl sa yo, sé pou yo ajouté prinsip ansègnman ki anpil épi ki rémakab osijè siksésion apostolik Èvèk yo épitou osijè pouvoua yo ak dévoua yo, yo minm, minm si nan Òrdo Konsékrasion épiskopal la ginyin yo déja, yo ouè poutan sé pou yo éksprimé yo yon fason pi byin épi pi égzak. Bagay sa-a, pou yo rivé ginyin-l pi kòrèk, yo konsidéré li konvnan pou nan pami sous lontan yo y-al chèché priyé konsékratoua yo jouinn nan sa yo rélé « Tradision Apostolik Ipolit Romin-an », yo té ékri nan kouran touazièm sièk la, sa ki an gran pati konsèvé jous koulié-a nan litiji Òrdinasion Kòpt yo avèk Siryin oksidental yo. Yon fason pou nan akt Òrdinasion-an minm yo jouinn témouagnaj sou akò ant tradision ni oriental ni oksidental osijè fonksion apostolik Èvèk yo.

Nan sa ki konsèné Prèt yo minm, nan Akt Konsil Vatikan II-a, sé pou yo sonjé sitou bagay sa yo : « Prèt yo, malgré sé pa pouint tèt sasèrdòs la yo ginyin épi antan y-ap égzèsé pouvoua yo-a yo dépann dé Èvèk yo, yo fè youn avèk yo kanminm nan dignité sasèrdotal la épi pa pouvoua sakréman Òrd la, sou pòtré Kris la, Prèt ki anlè nèt la épi ki la pou tout tan-an (cf. Ébré 5,1-10 ; 7,24 ; 9,11-28) yo konsakré pou préché Évanjil la, pou okipé fidèl yo épi pou sélébré kult divin-an, tankou vrè prèt Nouvo Téstaman-an ».⁶ Épi yon lòt koté yo li bagay sa yo : « Prèt yo réyèlman, gras a Òrdinasion sakré-a épi mision-an, sa yo résévoua nan min Èvèk yo, yo déstiné yo pou sévi Kris la, Mèt, Prèt épi Roua, li minm yo patisipé nan ministè-l la koté

⁵ Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 21.

⁶ *Ibid.*, n. 28.

yo bati Égliz la an pèp Bondié-a, Kò Kris la épi Tanp Éspri-Sin-an isit la sou tè yo, san rété ».⁷ Nan Òrdinasion présbitéral la, minm jan yo jouinn li nan Pontifikal Romin-an, mision épi gras Prèt la yo dékri-l byin klè kom èd Òrd épiskopal la. Min li nésèsè pou konsidéré tout rit la, ki oparavan té distribué nan pliziè pati, pou yo rédui-l fè-l vi-n ginyin yon pi gran unité, épi pati santral Òrdinasion-an, sa vlé di inpozision min yo ak priyè konsékratoua-a, pou yo mété-l nan yon limiè ki pi vif.

Kanta pou sa-k konsèné Diak yo anfin, an plis bagay yo ki anndan Lèt Apostolik *Sacrum Diaconatus Ordinem* (Òrd sakré Diakona-a) nou té pibliyé *motu proprio* jou 18 juin ané 1967 la, sé pou yo sonjé sitou paròl sa yo : « Nan degré ki pi ba Yérarchi-a gin Diak yo, yo minm yo pozé min sou yo-a “pa pou sasèrdòs la min pou sèvis la” (*Constitutiones Ecclesiae Aegyptiacæ*, III, 2). Antan yo fòtifé réyèlman avèk gras sakramantèl la, y-ap sèvi pèp Bondié-a nan diakoni litiji-a, paròl la avèk charité-a, an kominion avèk Èvèk la épi group prèt yo ».⁸ Nan Òrdinasion diakonal la minm sé ti kras bagay yo té gin pou chanjé antan yo konsidéré soua instriksion yo fèk bay yo osijè diakona-a kòm degré pròp épi pèmanan Yérarchi-a nan Égliz lati-n nan, soua pi gran sinplisité épi klètè rit yo.

An plis, apati lòt dokiman Majistè Suprèm nan ki konsidéré Òrd Sakré yo, nou konsidéré li mérité pou mansioné yon fason spésial Konstitision Apostolik *Sacramentum Ordinis* (Sakréman Òrd la), sa Prédésèsè Nou-an, Pi XII nou kontan sonjé-a, té pibliyé nan jou 30 novanm ané 1947 la, koté yo déklaré : « Matié Òrd Sakré Diakona-a, Présbitéra-a, sé yon sèl inpozision min yo : fòm nan minm li minm tou sé yon sèl aplikasion paròl yo k-ap détèminé matié sa-a, yo minm palintémédiè yo-a yo montré yon fason klè éfè sakramantèl yo - sa vlé di pouvoua Òrd la épi gras Éspri-Sin-an - jan Égliz la résévoua yo épi sèvi ak yo-a nan sans sa-a ».⁹ Ak sa yo sot mété la-a, minm dokiman-an dékrété kilès inpozision min épi kilès paròl nan bay chak Òrd ki konstitué matié-a avèk fòm nan.

⁷ Conc. Vat. II, Decr. de Presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum Ordinis*, n. 1.

⁸ Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 29.

⁹ *A.A.S.* 40 (1948) 6.

Kòm réyèlman nan révizion rit la gin nésésité oubyin pou ajouté kèk bagay, oubyin pou retiré, oubyin pou chanjé, soua pou tèks yo rétounin nan fidéлитé tèks lontan yo, soua pou fraz yo rétounin vi-n pi klè, soua pou èfè sakréman-an yo ékspozé yo pi byin, nou pansé li nésésè, pou ouété tout diskision épi pou évité tout inkiétud konsians yo, pou déklaré kisa yo doué di ki konsèné natu bagay la nan rit yo révizé-a. Osijè matiè-a réyèlman épi fòm nan, nan bay chak Òrd la, avèk otorité Apostolik Nou ki anlè nèt la, bagay sa yo ki suiv la nou déklaré yo épi nou fiksé yo.

Nan Òrdinasion Diak yo, matiè-a sé inpozision min Èvèk la ki fèt an silans sou chak moun y-ap òrdoné-a anvan priyè konsékratoua-a ; fòm nan minm li réalisé nan paròl minm priyè konsékratoua-a, pami yo sa yo ki konsèné natu bagay la, atèlpouin yo égzijé yo pou aksion-an valid : « Voyé nan yo, Granmèt, tanpri, Éspri-Sin-an, li minm gras a li, nan travay sèvis la yo gin pou égzèsè avèk fidéлитé-a, yo gin pou résévoua fòs ak kado sèt fòm gras ou-a ».

Nan Òrdinasion Prèt yo, minm jan-an, matiè-a sé inpozision min Èvèk la ki fèt an silans sou chak moun y-ap òrdoné-a anvan priyè konsékratoua-a ; fòm nan minm li réalisé nan paròl minm priyè konsékratoua-a, pami yo sa yo ki konsèné natu bagay la, atèlpouin yo égzijé yo pou aksion-an valid : « Mété, tanpri Papa ki gin tout pouvoua, nan sèvitè-ou sa yo, dignité prèt la ; rénovlé nan zantray yo Éspri sinteté-a, antan yo résévoua sa nan min-ou, Bondié, sé pou yo kinbé fonksion dézièm dégré-a, sé pou yo invité nan douati konduit moral la gras a égzanp konpòtman yo ».

Anfin nan Òrdinasion Èvèk la, matiè-a sé inpozision min yo, sa Èvèk k-ap konsakré yo, oubyin omouin konsakran prinsipal la, fè an silans sou tèt sa yo chouazi-a anvan priyè konsékratoua-a ; fòm nan minm réalisé nan paròl minm priyè konsékratoua-a, pami yo sa yo ki konsèné natu bagay la, atèlpouin yo égzijé yo pou aksion-an valid : « Épi koulié-a, vidé sou sa yo chouazi-a puisans sa-a ki sot nan ou-a, Éspri k-ap gidé-a, li minm ou té bay Pitit ou-a ou rinmin-an, Jézu-Kri, sa li minm li té bay Apot yo ki sin yo ki té établi Égliz la nan chak koté kòm sanktuè ou, pou gloua ak louanj non-ou san rété ».

Rit sa-a donk pou bay Òrd sakré Diakona-a, Présbitéra-a épi Épiskopa-a, sa Konsèy pou égzékité Konstitision osijè Sakré Litiji-a révizé-a « avèk èd ékspè épi antan-l konsilté Èvèk yo sot nan divès réjion tè-a », Nou minm avèk otorité Apostolik nou, Nou aprouvé-l

pou apré sa nan plas rit ki égzisté nan Pontifikal Romin-an koulié-a, yo sèvi ak li lè y-ap bay Òrd sa yo.

Bagay sa yo nou fiksé-a épi nou òdoné-a pou koulié-a épi pou apré, nou vlé pou yo rété solid épi pou yo éfikas, antan anyin pa anpéché, nan mézi sa t-a kapab fèt, nan Konstitision épi lòd Apostolik Prédésésè Nou yo té pibliyé, avèk lòt préskripsion, minm sa ki mérité mansion ak éksépsion spésial.

Yo bay li a Ròm bò kot Sin Piè, jou 18, moua juin, ané 1968, sinkièm nan Pontifika Nou-an.

Pap PÒL VI

SA POU YO NOTÉ ANVAN AN JÉNÉRAL

I

ÒRDINASON SAKRÉ-A

1. Pa pouvoua Òrdinasion sakré-a, onon Kris la, kèk fidèl institué épi yo résévoua kado Éspri Sin-an pou yo okipé Égliz la ak paròl Bondié-a épi gras li-a.¹
2. Réyèlman « Kris la, li minm Papa-a té sanktifé-a épi té voyé sou tè-a (Jan 10,36) pa lintèmediè Apot li yo, li té fè siksésé yo, sètadi Évèk yo, patisipé nan konsékrasion li-an ak nan mision li-an, yo minm ki té transmèt léjitimman fonksion sèvis yo-a nan divès degré bay divès moun ki anba lòd yo nan Égliz la. Konsa ministè ekléziastik la Bondié institué-a sé nan divès òrd yo moun dépi lontan yo té rélé Évèk, Prèt, Diak, yo égzèsé-l ». ²
3. Évèk yo, « yo minm ki maké avèk plénitud sakréman Òrd la »³ gras a Éspri-Sin-an yo ba yo nan òrdinasion-an, « yo vi-n tounin véritab épi otantik mèt lafoua-a, pontif épi pastè »⁴ épi, antan sé sa yo yé, yo prézidé bann mouton Grammèt la nan pèrsòn Kris Tèt la.
4. « Prèt yo, malgré yo pa gin pouint tèt sasèrdòs la épi antan y-ap égzèsé pouvoua yo-a yo dépann dé Évèk yo, yo fè youn kanminm avèk yo nan onè sasèrdotal la épi pa lintèmediè sakréman Òrd la, sou pòtré Kris la Prèt ki anro nèt la épi ki la pou tout tan-an, yo konsakré yo pou préché Bòn Nouvèl la, pou okipé fidèl yo épi sélébré kult Bondié-a kòm véritab prèt Nouvo Téstaman-an ». ⁵
5. Diak yo, « sé pa pou sasèrdòs la, min pou sèvis sakré-a yo pozé min sou yo. Antan gras sakramantèl la réyèlman fòtifé yo, y-ap sèvi pèp Bondié-a nan diakoni litiji-a, paròl la épi charité-a nan kominion avèk Évèk la épi group prèt li yo ». ⁶

¹ Cf. Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 11.

² *Ibid.*, n. 28

³ *Ibid.*, n. 26.

⁴ Conc. Vat. II, Decr. de Pastoralis episcoporum munere in Ecclesia, *Christus Dominus*, n. 2.

⁵ Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 28.

⁶ *Ibid.*, n. 29.

6. Òrdinasion sakrè-a, yo bay li pa lintèmédiè inpozision min Èvèk la épi priyè-a koté li fè konpliman pou Bondié épi li rélé kado Èspri-Sin-an pou réalizé ministè-a.⁷ Daprè tradision-an réyèlman, sa ki parèt sitou nan rit litijik épi nan abitud Ègliz ni Oriental ni Oksidantal la, yo ouè klè sé nan inpozision min yo épi priyè Òrdinasion-an yo bay kado Èspri-Sin-an épi yo gravé karaktè sakrè-a yon fason pou Èvèk yo, prèt yo épi diak yo, chak nan fason pa yo, yo vi-n pran fòm Kris la.⁸

II

ARANJMAN SÈLÈBRASION-AN

7. Inpozision min yo épi priyè Òrdinasion-an sé éléman ésansiyèl ninpòt ki Òrdinasion ; ladan-l priyè bénédiksion-an épi invokasion-an, li minm li déterminé signifkasion inpozision min yo. Sé pou sa yo, kòm yo sé pati santral Òrdinasion-an, sé pou yo fè yo antré nan lèspri moun yo palintèmédiè fòmasyon katéchetik la épi pou yo mété yo an limié palintèmédiè sélébrasion-an minm.

Pandan y-ap inpozé min yo, fidèl yo ap sipliyé an silans, y-ap patisipé nan priyè-a tou antan y-ap kouté-l épi antan yo konfirmé-l épi yo fini-l nan aklamasyon final la.

8. Yo gin gran inpòtans anndan sélébrasion Òrdinasion-an : rit préparatoua-a, sètadi prézantasyon sa yo chouazi oubyin choua kandida yo, oméli-a, promès sa yo chouazi yo épi siplikasyon litanik la épi sitou rit ki ékspliké yo ki diféran daprè diféran Òrd yo koté yo montré fonksion yo bay palintèmédiè inpozision min yo épi nan invokasion Èspri-Sin-an.

9. Òrdinasion-an, sé pou yo sélébré-l anndan solanité Mès yo koté fidèl yo, sitou jou dimanch, yo patisipé yon fason aktif « nan yon sèl lotèl la koté Èvèk la prézidé antan group prèt li yo épi minis yo entouré-l ».⁹

Nan fason sa-a yo asosyé an minm tan pi gran maniféstasyon Ègliz la épi administrasyon Òrd sakrè yo ansanm avèk Sakrifis ékaristik la, sous épi pouint tèt tout vi krétyèn nan.¹⁰

10. Asosiasion profon Òrdinasion-an minm avèk sélébrasion Mès la, yo montré-l yon fason konvnyab pa sèlman antan yo mété rit la ladan-l épi pa lintèmédiè fòmul pròp nan Priyè ékaristik la épi nan bénédiksion final la,

⁷ Cf. Pius XII, Const. Apost. *Sacramentum Ordinis*: A.A.S. 40 (1948) 5-7; Paulus VI, Const. Apost. *Pontificalis Romani recognitio*; CIC can. 1009 § 2.

⁸ Cf. Paulus VI, Const. Apost. *Pontificalis Romani recognitio*.

⁹ Conc. Vat. II, Const. de Sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 41.

¹⁰ Cf. Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 11.

min tou, antan yo obsèvé sa pou yo obsèvé, nan chouazi léktu yo épi antan yo sèvi ak Mès rituèl spésial dapré divèsité Òrd y-ap bay yo.

III

ADAPTASION POU DIVÈS RÉJION ÉPI SIKONSTANS

11. Konfèrans Èvèk yo gin dévoua pou yo adapté rit Òrdinasion Èvèk la, prèt yo épi diak yo, nan nésésité chak réjion pou, antan Sièj Apostolik la révizé désizyon yo, yo sèvi ak li nan réjion yo sa konsènè-a, nan ka sa-a Konfèrans Èvèk yo, antan yo fè atansion a koté yo, sikonstans bagay yo, mantalité épi tradision pèp yo, yo kapab :

a) défini fòm koté kominoté-a dapré abitud réjion-an bay konsantman-l nan choua kandida yo (nan Òrdinasion Èvèk la, nn. 38 é 74 ; nan Òrdinasion prèt yo, nn. 122, 150, 266, 307 ; nan Òrdinasion diak yo, nn. 198, 226, 264, 305) ;

b) fikse pou nan întèrogasion yo prévoua nan rit yo anvan Òrdinasion-an (nan Òrdinasion Èvèk la, nn. 40 é 76 ; nan Òrdinasion prèt yo, nn. 124, 152, 270, 311 ; nan Òrdinasion diak yo, nn. 200, 228, 268, 309) yo ajouté dèt dapré nésésité ;

c) défini fòm koté sa yo chouazi pou diakona-a épi pou présbitéra-a promèt respè épi obéyisans (nn. 125, 153, 201, 228, 269, 271, 310, 312) ;

d) fikse pou désizyon aksépté obligasion séliba-a (nan Òrdinasion diak yo, nn. 200, 228, 268, 309), an plis répons nan késion ki konsènè sa-a, li manifésté nan kèk fòm ékstériè ;

e) aprouvé kèk chan pou yo égzékité nan plas sa yo ki indiké nan liv sa-a ;

f) propozé bay Sièj Apostolik la dèt adaptasion rit yo gin pou introdui osijè konsantman-an minm. Sèlman : inpozision min yo, yo pa gin doua ouété-l ; priyé Òrdinasion-an, yo pa kapab rétrési-l ni ranplasé-l ak kèk lòt tèks yo chouazi. Aranjman jénéral rit la épi karaktè pròp chak éléman sé pou yo konsèvé yo.

CHAPIT I

ÒRDINASON ÉVÈK LA

SA POU YO NOTÉ ANVAN

I

INPÒTANS ÒRDINASON-AN

12. Gras a Òrdinasion épiskopal la épi gras a kominion yérarchik avèk Tèt Kolèj la épi manb yo, yo fè yon moun vi-n tounin manb Kò épiskopal la.

Òrd Évèk yo minm vini nan plas Kolèj Apot yo nan majistè-a épi nan gouvènman pastoral la, pi plis ankò nan li Kò Apostolik la kontinué san rété.¹ Évèk yo donk « kòm siksésè Apot yo, yo résévoua mision nan min Granmèt la, li minm yo rinmèt tout pouvoua nan sièl la ak sou tè-a, pou yo anségné tout nasion yo épi pou yo préché Bòn Nouvèl la bay tout créatu pou tout moun gras a lafoua-a, batèm nan épi akonplisman kòmandman yo, yo rivé sovè (cf. *Matié* 28, 18) » ;² Kolèj Évèk yo ki rasanblé anba yon sèl tèt Pontif Romin-an, siksésè Piè-a, montré unité, divèsité épi karaktè inivèsèl bann mouton Kris la.³

13. Chak Évèk yo minm ki nan tèt Égliz patikilié yo, yo égzèsé gouvènman pastoral yo-a sou pòsion Pèp Bondié-a yo konfié yo-a ;⁴ yo sé prinsip vizib épi fondman unité-a nan Égliz patikilié sa yo ki fòmé sou pòtré Égliz inivèsèl la, sé nan yo épi sé apati yo Égliz katolik la égzisté.⁵

14. Nan pami fonksion prinsipal Évèk yo, sa-k pi inpòtan-an sé prédikasion Évanjil la : Évèk yo réyèlman, yo sé anonsiatè lafoua-a, yo minm ki minnin nouvo disip bay Kris la épi yo sé véritab anségnan ki préché bay pèp la yo konfié yo-a lafoua pou yo kouè-a épi pou yo apliké nan konduit yo.⁶ Tankou réyèlman pa lintèmédiè sèvis paròl la yo kominiké puisans Bondié-a bay moun ki kouè yo pou yo sovè-a (*Romin* 1,16) konsa pa lintèmédiè Sakrèman yo, yo sanktififié fidèl yo : sé yo minm ki réglé administrasion batèm nan, yo sé minis orijinèl konfirmasion-an, administratè Òrd sakré yo, yo dirijé disipli-n pénitansièl la. Antan yo maké avèk plénitud

¹ Cf. Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 22.

² *Ibid.*, n. 24.

³ Cf. *ibid.*, n. 22.

⁴ Cf. *ibid.*, n. 23.

⁵ Cf. *ibid.*

⁶ Cf. *ibid.*, n. 25.

sakréman Òrd la, yo sé « dispansatè gras sasèrdòs la ki anlè nèl la » sitou nan Ékaristi-a, sa yo ofri yo minm nan oubyin yo okipé fè ofri-a. Tout sélébrasion léjitim Ékaristi réyèlman sé yo minm ki dirijé-l : nan ninpòt ki kominoté lotèl réyèlman, anba ministè sakré Évèk la yo montré sinbòl charité-a épi unité Kò mistik la.⁷

II

DÉVOUA YO AK MINISTÈ YO

15. Sé dévoua tout fidèl pou yo priyé pou Évèk yo-a lè yo gin pou chouazi-l ak lè yo chouazi-l. Sa fèt sitou nan priyé inivèsèl Mès la épi nan priyé Vèp yo.

Kòm Évèk la yo mété-l pou tout Égliz lokal la, nan Òrdinasion-l nan, manb klèjé yo épi dèt fidèl yo gin pou invité yo pou yo prézan nan pi gran kantité posib nan sélébrasion-an.

16. Daprè abitud yo transmèt dépi lontan, Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an sé pou-l mété avèk li omouin dé Évèk nan òrdinasion ki gin pou sélébré-a. Li konvnan anpil minm pou tout Évèk yo ki prézan patisipé nan lévè nouvo sa yo chouazi-a nan ministè sasèrdòs ki anlè nèl la,⁸ lè yo pozé min sou li, lè yo di pati ki fiksé nan Priyé Òrdinasion-an épi yo salué-l avèk akolad la.

Nan fason sa-a, nan Òrdinasion chak Évèk la minm, yo montré karaktè koléjial Òrd épiskopal la.

Dòdinè Métropolit la òrdoné Évèk sufragan-an, Évèk lokal la minm òrdoné Évèk oksiliè-a.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an prononsé Priyé Òrdinasion-an koté yo fè konpliman pou Bondié épi yo rélé Éspri-Sin-an.

17. Dé prêt diosèz la, sa sa yo chouazi-a ap òrdoné pou li-a, asisté-l nan sélébrasion Òrdinasion-an : onon Égliz lokal la, youn nan yo mandé Évèk prinsipal k-ap òrdoné-a pou li bay sa yo chouazi-a Òrdinasion-an. Ansanm avèk Évèk la yo Òrdoné nan sélébrasion sa-a, épi lòt Évèk yo, dé prêt sa yo épi, nan mézi sa posib, minm lòt prêt yo sitou minm diosèz la, yo konsélébré nan litiji ékaristik la.

⁷ Cf. *ibid.*, n. 26.

⁸ Cf. *ibid.*, n. 22.

18. Dé diak kinbé liv Évanjil yo anlè tèt sa yo chouazi-a pandan Priyè Òrdinasion-an ap fèt la.

III

SÉLÉBRASION ÒRDINASON-AN

19. Sa yo chouazi-a, anvan sélébrasion Òrdinasion-an, pandan yon tan konvnanb, sé pou li okipé tèt li nan égzèsis spirituèl.

20. Li konvnanb pou tout kominoté diosèz la, sa yo òdoné Èvèk la pou li-a, yo préparé yo pou sélébrasion Òrdinasion-an yon fason adapté.

21. Èvèk la ki gin premié plas tankou tèt yon diosèz, yo òdoné li nan légliz katédral la. Èvèk oksiliè yo, yo minm ki òdoné nan sèvis yon diosèz, sé pou yo òdoné yo nan légliz katékral la tou oubyin nan yon lot légliz ki gin trè gran inpòtans nan diosèz la.

22. Òrdinasion Èvèk la sé pou yo fè-l avèk prezans pi gran kantité fidèl yo jou dimanch oubyin fèt, sitou fèt Apot yo, sof si rézon pastoral konsyéy yon lòt jou. Sé pou yo rétiré kanminm Tridiòm paskal la, Mèkrédi Sann nan, tout Sémèn sint la épi Komémorasion tout fidèl défin yo.

23. Òrdinasion-an sé pou yo fè-l anndan solanité Mès yo ki sélébré dapré rit stasionèl la épi apré yo fi-n fè litiji paròl la, anvan litiji ékaristik la.

Yo kapab sévi avèk Mès rituèl « Pou bay Òrd sakré yo », sof nan Solanité yo, Dimanch Avan yo, Karèm épi Pak, jou anndan oktav Pak la épi fèt Apot yo. Lè sé jou sa yo ki rivé, yo di Mès jou-a avèk léktu li yo. Sèlman si nan lòt jou yo, yo pa di Mès rituèl la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè pou Mès rituèl la.

Priyè inivèsèl la, yo soté-l paské litani yo pran plas la.

24. Lè yo fi-n di Évanjil la, Égliz lokal la palintèmediè youn nan prèt li yo mandé Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an pou li òdoné sa yo chouazi-a. Sa yo chouazi-a dévan Èvèk yo épi tout fidèl yo li montré volonté pou-l égzèsé fonksion li, dapré léspri Kris la épi Égliz la, an kominion avèk Òrd Èvèk yo anba otorité siksésé Apot sin Piè-a. Nan litani yo tout moun mandé gras Bondié-a pou sa yo chouazi-a.

25. Pa lantrémiz inpozision min Èvèk yo épi Priyè Òrdinasion-an, yo bay sa yo chouazi-a kado Éspri-Sin-an pou fonksion Èvèk la. Paròl sa yo minm yo konséné natu bagay la, atèlpouin yo égzijé yo pou aksion-an valab : « Épi koulié-a vidé sou sa-a yo chouazi-a puisans sa-a ki sot nan ou-a, Éspri k-ap gidé-a, li minm ou té bay Pitit ou-a ou rinmin-an, Jézu-Kri, sa li minm li té bay Apot yo ki sin yo, yo minm ki té établi Égliz nan chak koté kòm sanktuè ou, pou gloua ak louanj non-ou san rété ».

Évèk prinsipal la k-ap fè òrdinasion-an prononsé Priyè Òrdinasion-an o non tout Évèk yo ki prézan ; paròl yo ki konséné natu bagay la, tout Évèk yo ki pozé min sou sa yo chouazi-a ansanm avèk Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an yo déklaré yo. Paròl sa yo minm yo gin pou yo di yo yon fason pou sé voua Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an yo tandé klè pandan lòt Évèk yo k-ap fè òrdinasion-an yo déklaré yo a voua bas.

26. Pa lintèmediè inpozision liv Évanjil yo sou tèt sa y-ap òrdoné-a pandan y-ap déklaré Priyè Òrdinasion-an, épitou rimmèt yo rimmèt li nan min sa ki fi-n Òrdoné-a, yo mété an limiè prédikasion fidèl paròl Bondié-a kòm prinsipal fonksion Évèk la ; pa lintèmediè onksion tèt la, yo montré patisipasion spésial Évèk la nan sasèrdòs Kris la ; pa lintèmediè rémiz bag la, yo indiké fidélimité Évèk la aléga épouz Bondié-a, Égliz la ; pa lintèmediè inpozision mitr la, éfò pou chèché vi-n sin-an ; pa lintèmediè rémiz baton pastoral la minm, fonksion pou dirijé Égliz yo konfié-l la.

Gras a akolad la, sa sa yo fèk òrdoné-a résévoua nan min Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an épi nan min tout Évèk yo, yo mété tankou yon so pou akséptasion li nan Kolèj Évèk yo.

27. Li konvnab nan pi ro pouin pou Évèk la yo òrdoné nan limit pròp diosèz li-a, li prézidé konsélébrasion nan litiji ékaristik la. Min si Òrdinasion-an fèt nan yon lòt diosèz, Évèk prinsipal la k-ap fè òrdinasion-an prézidé konsélébrasion-an ; nan ka sa-a Évèk yo fèk òrdoné-a kinbé premié plas nan pami lòt konsélébran yo.

IV

SA YO DOUÉ PRÉPARÉ YO

28. An plis bagay yo ki nésésè pou sélébrasion Mès stasionèl la, sé pou yo préparé :

- a) Liv òrdinasion-an ;
- b) ti liv Priyè Òrdinasion-an pou Évèk yo k-ap fè òrdinasion-an ;
- c) tabliyé an toual la ;
- d) sin krèm nan ;
- e) sa ki nésésè yo pou lavé min yo ;

f) bag la, baton pastoral la, mitr la pou sa yo chouazi-a épi, si ka-a prezanté, paliòm nan. Insign sa yo, sof paliòm nan, yo pa bézouin pou yo béni yo anvan, paské sé nan rit òrdinasion-an minm yo rimmèt yo.

29. An plis sièj Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, chèz pou Évèk k-ap fè òrdinasion-an, pou sa yo chouazi-a épi pou prèt yo k-ap konsélébré yo, sé pou yo préparé yo nan fason sa-a :

a) Nan litiji paròl la, Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an chita nan sièj la, lòt Évèk yo k-ap fè òrdinasion-an tou kolé sièj la chak koté ; sa yo chouazi-a minm, ant prèt yo k-ap asisté-l yo, nan koté ki pi adapté-a nan éspas rézèvé pou prèt yo ;

b) Òrdinasion-an sé pou-l fèt dòdinè nan sièj la ; min si sa nésèsè poutèt patisipasion fidèl yo, y-ap préparé chèz pou Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an épi lòt Évèk k-ap fè òrdinasion-an dévan lotèl la oubyin yon lòt koté ki pi konvnab ; chèz pou sa yo chouazi-a minm épi pou prèt yo k-ap asisté-l yo y-ap préparé yon fason pou aksion litijik la fidèl yo kapab ouè-l byin.

30. Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an ni Évèk yo épi prèt yo k-ap konsélébré yo, yo abiyé avèk vètman sakré yo, sa yo chak doué poté pou sélébrasion Mès la.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an li konvnab pou anba chazub la li abiyé avèk dalmatik.

Sa yo chouazi-a li abiyé ak tout ònéman sasèrdotal yo épi koua péktoral la épi dalmatik la.

Évèk k-ap fè òrdinasion-an minm, ki pétèt pap konsélébré, yo pran ob, koua péktoral, étòl épi dapré konvnans chap épi mitr. Prèt yo k-ap asisté sa yo chouazi-a, si pétèt yo pap konsélébré, yo abiyé avèk chap anlè ob la.

Vètman yo, sé pou yo koulè Mès la y-ap sélébré-a, otréman sé pou yo anplouayé koulè blan oubyin vètman fèt sètadi ki pi dign.

RIT ÒRDINASON ÉVÈK LA

Rit pou kòmansé épi Litiji paròl la

31. Antan tout bagay dispoze jan sa doué fèt la, yo òganizé prosésion-an atravè légliz la nan diréksion lotèl la kòm dòdinè. Prèt yo k-ap konsélébré yo suiv diak la k-ap poté liv Évanjil yo, sa y-ap sèvi avèk li-a nan Mès la épi nan Òrdinasion-an, épi lòt diak yo si yo prézan, apré sa, sa yo chouazi-a nan mitan ant prèt yo k-ap asisté-l yo, apré sa Évèk yo k-ap fè òrdinasion-an, épi anfin Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an épi yon ti kras an ariè li, dé diak yo k-ap asisté-l yo. Lè yo rivé bò lotèl la, apré révérans yo doué fè-a, tout moun proché nan koté yo dézigné pou yo-a. Sé pou yo fè atansyon kanminm pou distinksiyon ant Évèk yo épi prèt yo parèt klè minm nan dispozision koté yo.

Pandan tan sa-a yo chanté réfrin pou antré-a avèk Psòm li-an oubyin yon lòt chan ki adapté.

32. Rit pou kòmansé yo épi litiji paròl la, yo fè yo kòm dòdinè joutan Évanjil la fi-n proklamé.

33. Min si Évèk la sé nan pròp légliz katédral li-a yo òrdoné-l, apré salutasyon pèp la, youn nan diak yo oubyin nan prèt k-ap konsélébré yo, an prézans chansélié Kuri-a ki pran nòt akt la, li prezanté Lèt Apostolik la bay Kolèj konsultan yo épi apré sa li li-l sou anbon-an, tout moun yo chita pou kouté-l épi alafin yo aklamé antan yo di : Mèsi Bondié, mèsi, oubyin yon lòt aklamasion ki adapté.

Min nan diosèz yo fèk érijé yo, yo fè kominikasion minm Lèt sa-a bay klèjé-a ak pèp la ki prézan nan légliz katédral la, antan prèt ki pi anyin nan sa-k prézan yo pran nòt akt la.

34. Apré léktu Évanjil la, diak la dépoze liv Évanjil yo ankò sou lotèl la avèk révérans koté li rété joutan y-ap poze-l sou tèt sa y-ap Òrdoné-a.

Òrdinasion-an

35. Apré sa yo kòmansé òrdinasion Évèk la. Antan tout moun kanpé yo kapab chanté *Veni Creator Spiritus (Vini Èspri Kréatè)* [p. 190] oubyin yon lòt imn ki korésponn a li dapré abitud koté yo.

36. Apré sa Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an épi lòt Évèk k-ap fè òrdinasion-an yo alé, si sa nésèsé, koté chèz yo ki préparé pou Òrdinasion-an.

Prézantasion sa yo chouazi-a

37. Sa yo chouazi-a, prèt yo k-ap asisté-l yo minnin-l dévan Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, li fè révéran dévan-l. Youn nan prèt yo k-ap asisté yo palé avèk Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an ak mo sa yo :

Trè Révéran Pèr, Égliz N. la mandé pou òrdoné N. ki prèt pou chaj épiskopa-a.

Min si sa konséné Évèk y-ap òrdoné ki pa rézidansiyèl :

Trè Révéran Pèr, sint Égliz katolik la ki manman-an mandé pou-ou òrdoné N. ki prèt pou chaj épiskopa-a.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an intèrojé-l antan-l di :

Èské nou ginyin manda apostolik la ?

Li minm li réponn :

Nou ginyin.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Sé pou yo li-l.

Lè sa-a atò yo li manda-a pandan tout moun chita. Lè yo fi-n li-l, tout moun montré akò yo nan choua Évèk la antan yo di :

Mèsi Bondié, mèsi,

oubyin yon lòt fason ki fikse dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Oméli-a

39. Lè sa-a atò Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, pandan tout moun chita, li fè oméli-a koté antan li kòmansé apati tèks léktu yo, sa yo li nan litiji paròl la, li palé ak klèjé-a épi pèp la épitou sa yo chouazi-a osijè fonksion Évèk la. Osijè kalité fonksion sa-a minm, li kapab palé avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo antan li adapté tèks la kanminm si l-ap òrdoné yon Évèk ki pa rézidansiyèl :

Nou minm mouin rinmin anpil la, kouté byin, nan ki grad nan Égliz la frè nou-an gin pou-l monté. Granmèt nou-an, Jézu-Kri, Papa-a voyé-a, pou-l té rachté ras moun yo, li minm li té voyé

douz Apot yo sou tè-a, yo minm, antan yo plin avèk puisans Èspri-Sin-an, yo té préché Bòn Nouvèl la épi antan yo rasanblé tout nasion yo nan yon sèl troupo, yo té sanktifé yo épi yo té dirijé yo. Pou réyèlman fonksion sa-a té kapab duré jous nan finisman sièk la, Apot yo té chouazi moun ki pou édé yo, kado Èspri-Sin-an yo té résévoua nan min Kris la yo té transmèt li bay moun sa yo pa lantrémiz inpozision min-an, sa pa lintèmédiè-l la yo bay plénitud sakréman Òrd la. Konsa sot nan jénérasyon al nan jénérasyon yo obsèvé tradision-an nan siksésion Évèk yo san rété épi aksion Sovè-a kontinué épi dévlopé jous nan tan nou yo.

Nan Évèk la ki antouré avèk prèt li yo, sé Granmèt nou-an Jézu-Kri li minm, ki prézan nan mitan nou, li minm ki Pontif pou tout tan-an. Li minm réyèlman, nan ministè Évèk la, li pa sispann préché Bòn Nouvèl la épi administré mistè lafoua-a bay sa ki koué yo. Li minm nan fonksion patènèl Évèk la sé nouvo manb li ajouté épi li mété nan kò li-a. Li minm nan sajès Évèk la épi prudans li, li kondui nou nan pèlerinaj sou tè-a nan diréksion kontantman pou tout tan-an.

Donk sé avèk yon kè ki gin rékonésans épi ki kontan pou nou résévoua frè nou-an, li minm nou minm Évèk yo, n-ap fè antré nan kolèj nou-an pa lantrémiz inpozision min yo. Sé pou nou onoré li kòm sèvitè Kris la épi administratè mistè Bondié yo, li minm yo konfié témouagnaj Évanjil vérité-a épi sèvis Èspri-a avèk jistis la. Sonjé paròl Kris la ki t-ap di Apot yo : « Moun ki kouté nou sé mouin minm li kouté, épi moun ki méprizé nou sé mouin minm li méprizé. Moun nan minm ki méprizé mouin-an, li méprizé sa-a ki voyé-m nan ».

Kanta ou minm, frè mouin rinmin anpil la, ou minm Granmèt la chouazi-a, sonjé ou minm yo pran-ou nan pami moun yo épi yo mété-ou pou moun yo nan sa-k konsèné Bondié. Épiskopa-a réyèlman sé non yon travay, sé pa non yon onè, épi fòk Évèk la itil lòt yo plis pasé dominé yo. Sèké sa-k pi gran-an, dapré lòd Mèt la, sé pou-l tankou sa-k pi piti-a, épi sa-k pi dévan-an tankou sa k-ap sèvi-a. Préché nan bon okazion, nan mové okazion, korijé ak tout kalité pasians épi ansègnman. Nan priyè épi nan ofrann sakrifis pou pèp la yo konfié-ou la, fè éfò pou jouinn an kantité gras ki gin anpil fòm nan sot nan plénitud sinteté Kris la.

Nan Égliz la, sa yo konfié-ou la, sé avèk fidélimité pou administré mistè Kris yo, pou réglé yo épi pou véyé sou yo. Antan

Papa-a chouazi-ou la pou gouvèné fanmiy li-an, sonjé tout tan Bon Pastè-a ki konnin bann mouton-l yo épi li minm bann mouton yo konnin-an, li minm ki pa-t ézité dépozé nanm li pou bann mouton-l yo.

Tout moun Bondié konfié-ou yo, sé pou rinmin yo ak yon charité patènèl épi fratènèl, sitou prêt yo épi diak yo, yo minm ki asosié avèk ou yo nan sèvis Kris la, min tou pòv yo épi fèb yo, pèlrin yo épi étranjé yo. Konséyé fidèl yo pou nan aksion apostolik la yo travay avèk ou épi pa fè réta kouté yo ak tout kè-ou. Sa yo poko fè antré nan yon sèl bann mouton Kris la, pran souin yo san dékourajé, tankou sa yo konfié-ou nan Granmèt la. Nan Égliz katolik la ki rasanblé nan chinn charité-a, pa janm bliyé ou fè yon sèl avèk kolèj Évèk yo yon fason pou-ou pa sispann poté préokipasion tout Égliz yo épi Égliz ki bézouin èd yo ak tout kè-ou pou soulajé yo. Pran souin donk tout bann mouton-an koté Éspri-Sin-an mété-ou pou dirijé Égliz Bondié-a o non Papa-a, li minm ou réprésanté pòtré li nan Égliz la, épi o non Pitit li-a Jézu-Kri, li minm ou okipé fonksion li kòm prêt, anségnan épi pastè, épi o non Éspri-Sin-an, li minm ki bay Égliz li-a lavi épi ki fòtifiié féblès nou avèk puisans li.

Promès sa yo chouazi-a

40. Apré oméli-a, sa yo chouazi-a pou kont li lèvé épi li kanpé dévan Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, ki intèrojé-l avèk paròl sa yo :

Yon ansyin dispozision sin Pèr yo pasé lòd pou, sa y-apral òrdoné Évèk la, sé pou yo pozé-l késion dévan pèp la osijè désizion pou li kinbé lafoua-a épi pou li réalizé fonksion-an.

Èské ou vlé donk, frè mouin rinmin anpil la, égzèsé jouska lamò fonksion Apot yo konfié nou-an épi y-apral transmèt ou-a pa lintèmédiè inpozision min nou-an avèk gras Éspri-Sin-an ?

Sa yo chouazi-a réponn :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské ou vlé préché Bòn Nouvèl Kris la avèk fidèlité épi san rété ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské ou vlé kinbé intak épi toutantié dépo lafoua-a dapré tradision ki konsèvé tout tan épi tout koté nan Égliz la dépi sot nan Apot yo ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské ou vlé bati kò Kris la, Égliz li-a, épi rété nan unité li-a avèk Òrd Èvèk yo, anba otorité siksésè Apot sin Piè-a ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské ou vlé montré fidèlman obéyisans aléga siksésè Apot sin Piè-a ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské ou vlé ankourajé épi dirijé nan rout pou sovè-a pèp Bondié-a ki sin-an ansanm avèk konpagnon sèvis ou yo, prêt yo épi diak yo, kòm yon bon papa ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské ou vlé ofri tèt ou avèk aféksion épi mizèrikòd bay pòv yo épi pèlrin yo ni tout sa-k nan bézouin yo poutèt non Granmèt la ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské ou vlé kòm yon bon Pastè chèché mouton ki pèdi rout yo épi fè yo rantré nan bann mouton Granmèt la ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské ou vlé priyé san rété Bondié ki gin tout pouvoua-a pou pèp la ki sin-an épi égzékité san répròch fonksion sasèrdos ki anro nèt la ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé avèk sékou Bondié.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Sa-a ki té kòmansé bon travay la nan ou-a, Bondié, li minm sé pou-l fini-l.

Siplikasion litanik

41. Apré sa, Évèk yo dépozé mitr la épi yo tout yo lévé. Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an antan-l kanpé, min li kontré, antan-l viré nan diréksion pèp la, li di invitasion-an :

An nou priyé, nou minm nou rinmin anpil la, pou antan-l prévoua sa-k itil pou Égliz la, bon kè Bondié ki gin tout pouvoua-a, bay sa-a yo chouazi-a gras li-a an kantité.

42. Lè sa-a atò sa yo chouazi-a lonjé atè épi yo chanté litani yo pandan tout moun ap réponn ; bagay sa-a jou dimanch yo épi nan tan paskal la yo fè-l antan tout moun kanpé, lòt jou yo minm yo ajénou. Nan ka sa-a diak la avèti :

An nou mét ajénou.

Nan litani yo, yo kapab ajouté nan pròp plas yo kèk non Sin, parégzan Patron, Titulè Égliz, Fondatè, Patron sa-a k-ap résévoua Òrdinasion-an, oubyin kèk invokasion ki pi adapté nan chak sikonstans yo.

Non patikilié Sin yo, sa yo mété ant parantèz yo, yo kapab soté yo lè litani-an sé nan lang latin yo chanté-l.

**Granmèt, pitié pou nou.
Jézu-Kri, pitié pou nou.
Granmèt, pitié pou nou.
Sint Mari, Manman Bondié,
Sin Michèl,**

**Granmèt, pitié pou nou.
Jézu-Kri, pitié pou nou.
Granmèt, pitié pou nou.
lapriyé pou nou.
lapriyé pou nou.**

Sinz Anj Bondié yo,	lapriyè pou nou.
Sin Jan-Batis,	lapriyè pou nou.
Sin Jozèf,	lapriyè pou nou.
Sin Piè,	lapriyè pou nou.
Sin Pòl,	lapriyè pou nou.
Sint André,	lapriyè pou nou.
Sin Jak,	lapriyè pou nou.
Sin Jan,	lapriyè pou nou.
Sin Toma,	lapriyè pou nou.
Sin Jak,	lapriyè pou nou.
Sin Filip,	lapriyè pou nou.
Sin Bartèlmi,	lapriyè pou nou.
Sin Matié,	lapriyè pou nou.
Sin Simon,	lapriyè pou nou.
Sin Tadé,	lapriyè pou nou.
Sin Matias,	lapriyè pou nou.
Sint Mari Madlèn,	lapriyè pou nou.
Sint Étièn,	lapriyè pou nou.
Sint Ignas d-Antiòch,	lapriyè pou nou.
Sin Loran,	lapriyè pou nou.
Sint Pèpétu é Félisité,	lapriyè pou nou.
Sint Agnès,	lapriyè pou nou.
Sin Grégoua,	lapriyè pou nou.
Sint Ogustin,	lapriyè pou nou.
Sint Atanaz,	lapriyè pou nou.
Sin Bazil,	lapriyè pou nou.
Sin Martin,	lapriyè pou nou.
Sin Benoua,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua é Dominik,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua (Gzavié),	lapriyè pou nou.
Sin Jan-Mari (Viané),	lapriyè pou nou.
Sint Katri-n (de Sièn),	lapriyè pou nou.
Sint Tèrèz de Jézu,	lapriyè pou nou.
Tout sin ak sint Bondié yo,	lapriyè pou nou.
Fè kè-ou sansib pou nou,	délibré nou, Granmèt.
Anba tout mal,	délibré nou, Granmèt.
Anba tout péché,	délibré nou, Granmèt.
Anba lanmò k-ap diré tout tan-an,	délibré nou, Granmèt.

Tout moun :

Amèn.

Diak la, si ka-a prezanté, avèti :

An nou lévé.

Épi tout moun lévé.

Inpozision min yo épi Priyè Òrdinasion-an

44. Sa yo chouazi-a lévé, li proché kot Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an ki kanpé dévan sièj la avèk mitr, épi dévan-l li mét ajénou.

45. Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an pozé min sou tèt sa yo chouazi-a san-l pa di anyin. Apré sa tout Évèk yo, antan yo proché youn apré lòt, yo pozé min sou sa yo chouazi-a san yo pa di anyin.

Apré inpozision min yo minm, Évèk yo rété alantou Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an joutan Priyè Òrdinasion-an fini, yon fason kanminm pou aksion-an fidèl yo kapab ouè li byin.

46. Apré sa, Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an résévoua liv Évanjil yo nan min yon diak épi li pozé-l tou louvri anlè tèt sa yo chouazi-a ; dé diak, ki kanpé adouat épi agoch sa yo chouazi-a, yo kinbé liv Évanjil yo anlè tèt li joutan Priyè Òrdinasion-an fini.

47. Antan sa yo chouazi-a ajénou dévan li, Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, antan-l rétiré mitr la épi antan-l gin bò koté-l lòt Évèk yo k-ap fè òrdinasion-an, égalman san mitr, déklaré Priyè Òrdinasion-an antan-l lonjé min li :

**Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
 Papa mizérikòd yo épi Bondié tout konsolasion,
 ou minm ki abité nan anlè nèt yo épi k-ap gadé sa ki anba yo,
 ou minm ki konnin tout bagay anvan yo fèt,
 ou minm ki té bay règ nan Égliz ou-a
 pa lintèmediè paròl gras ou-a,
 ou minm ki té déstiné davans dépi nan kòmansman-an
 ras sa-k kòrèk yo apati Abraam,
 ou minm ki té mété chèf yo épi prèt yo,
 épi ki pa-t kité sanktuè-ou la san sèvis,
 ou minm sa té fè plézi dépi kòmansman tè-a
 pou jouinn gloua-ou nan sa yo ou té chouazi yo :**

Pati priyè ki suiv la, sé tout Évèk k-ap fè òrdinasion-an, antan min yo kontré, ki déklaré-l, a voua bas kanminm, pou sé voua Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an yo tandé klè.

**Èpi koulié-a, vidé sou sa yo chouazi-a
puisans sa-a ki sot nan ou-a,
Èspri k-ap gidé-a,
li minm ou té bay Pitit ou-a ou rinmin-an, Jézu-Kri,
sa li minm li té bay Apot yo ki sin yo
ki té établi Égliz la nan chak koté
kòm sanktuè ou,
pou gloua ak louanj non-ou san rété.**

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an kontinué pou kont li :

**Papa ki konnin kè yo,
bay sèvitè-ou sa-a favè,
li minm ou té chouazi pou Épiskopa-a
pou-l okipé bann mouton-ou yo ki sin-an
èpi pou-l montré-ou sasèrdòs ki anlè nèt la
san répròch antan l-ap sèvi-ou lannuit ak lajounin,
pou-l fè fas ou favorab san rété
èpi pou-l ofri kado Égliz ou-a ki sin-an ;
fè-l favè pou gras a puisans Èspri sasèrdòs ki anlè nèt la
li gin pouvoua pou padoné péché yo
dapré kòmandman-ou nan ;
pou-l distribué fonksion yo dapré lòd ou-a
èpi pou-l défèt tout chinn
dapré pouvoua ou té bay Apot yo ;
sé pou-l fè-ou plézi nan dousè avèk kè pròp,
antan l-ap ofri-ou yon lodè ki agréab,
pa pouvoua Pitit ou-a Jézu-Kri,
pa lintèmediè-l ou jouinn gloua, puisans ak onè ;
ansanm ak Èspri-Sin-an nan Égliz la ki sin-an
ni koulié-a ni pou tout tan gin tan.**

Tout moun :

Amèn.

48. Lè Priyè Òrdinasion-an fini, diak yo réprann liv Évanjil yo, sa yo té kinbé anlè tèt sa yo fi-n Òrdoné-a, épi youn nan diak yo kinbé liv la joutan yo rimmèt li bay sa yo fi-n Òrdoné-a. Tout moun chita. Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an ni lòt Évèk yo ki fè òrdinasion-an, yo pran mitr la.

Onksion tèt la épi rémiz liv Évanjil yo ak insign yo

49. Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an li pran tabliyé an toual la, li résévoua véso avèk sin krèm nan min yon diak épi li fè onksion tèt sa yo fi-n Òrdoné-a ki ajénou dévan-l nan, antan-l di :

**Bondié, ki té fè-ou patisipé nan sasèrdòs Kris la ki anlè nèt la,
sé pou-l anvayi-ou ak likid grès onksion mistik la,
épi sé pou-l fè-ou donnin frui avèk richès bénédiksjon spirituèl la.**

Apré sa Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an lavé min-l.

50. Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an lè-l fi-n résévoua liv Évanjil yo nan min diak la, li rimmèt li bay sa yo fi-n Òrdoné-a, antan-l di :

**Résévoua Évanjil la
épi préché paròl Bondié-a
nan tout kalité pasians avèk ansègnman.**

Apré sa diak la réprann liv Évanjil yo épi li rémété-l nan plas li.

51. Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an mété bag la nan douèt ki pou bag la nan min douat sa yo fi-n Òrdoné-a, antan-l di :

**Résévoua bag la, so fidéлитé-a :
épi épouz Bondié-a, Égliz la ki sin-an,
antan ou dékoré avèk yon lafoua san répròch,
sé pou véyé sou li yon fason intak.**

52. Si sa yo fi-n Òrdoné-a gin doua poté paliòm nan, Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an résévoua li nan min diak la épi mété-l sou zépòl sa yo fi-n Òrdoné-a antan-l di :

**Résévoua paliòm nan yo pran sot nan déklarasion sin Piè-a,
sa o non Pontif Romin-an, Pap N.,
nou transmèt ou,
kòm sign pouvoua métropolit la,
pou sèvi avè-l anndan limit provins ékléziastik ou-a ;
sé pou-l sinbòl unité pou ou,
prèv kominion avèk Sièj Apostolik la,
chinn charité-a
épi ankourajman pou rét solid la.**

53. **Apré sa Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an mété mitr la sou sa yo fi-n Òrdoné-a, antan-l di :**

**Résévoua mitr la,
épi sé pou ékla sinteté-a kléré nan ou,
pou lè chèf pastè yo ap parèt,
ou-a mérité résévoua
kouròn gloua-a ki pap pasé-a.**

54. **Épi anfin, li rinmèt sa yo fi-n Òrdoné-a baton pastoral la, antan-l di :**

**Résévoua kròs la,
sign fonksion pastoral la,
épi pran souin tout bann mouton-an,
koté Éspri-Sin-an mété-ou kòm Èvèk la
pou-ou dirijé Égliz Bondié-a.**

55. **Tout moun lévé. Si Òrdinasion-an fèt nan pròp légliz sa yo Òrdoné-a, Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an invité-l pou-l chita nan sièj la. Li minm minm, Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an, li chita adouat sa yo fi-n Òrdoné-a.**

Èvèk la minm yo òrdoné an déyò pròp Égliz li-a, li résévoua invitasion nan min Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an pou-l chita nan prémié plas pami Èvèk yo k-ap konsélébré yo.

56. **Sé sèlman lè sa-a sa yo fi-n òrdoné-a antan-l dépozé kròs la, li lévé épi li résévoua akolad nan min Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an épi nan min tout Èvèk yo.**

57. Pandan tan sa-a, jouskalafin rit sa-a, yo kapab chanté réfrin :

Antan nou alé sou tè-a, alélouya,
anségné tout nasion yo, alélouya.

oubyin nan Karèm :

Antan nou alé sou tè-a, anségné tout nasion yo.

avèk Psòm 95 (96), oubyin yon lòt chanté ki adapté nan minm sans la ki alé avèk réfrin-an, sitou lè Psòm 95 (96) la yo té itilizé-l kòm Psòm réponsorial nan litiji paròl la.

Psòm 95 (96)

Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo,*
chanté pou Granmèt la tout tè-a.

Chanté pou Granmèt la, fè konpliman pou non li,*
anonsé jou an jou sovè li sovè nou-an.

(Yo répété réfrin-an)

Anonsé pami nasion yo gloua li-a,*
nan tout pèp yo mèvèy li yo.

Paské Granmèt la gran épi li mérité anpil louanj,*
yo doué krinn li anlè tout dié yo.

(Yo répété réfrin-an)

Sèké tout dié nasion yo sé anyin,*
Granmèt la minm li té fè sièl la.

Grandè ak bèlté nan fas li,*
puisans ak dékoration nan sanktuè li-a.

(Yo répété réfrin-an)

Poté bay Granmèt la, fanmiy pèp yo, †
poté bay Granmèt la gloua ak puisans,*
poté bay Granmèt la gloua non li-a.

Pran ofrann yo épi antré nan lakou li-a,*
adoré Granmèt la nan klèté ki sin.

(Yo répété réfrin-an)

Tranblé dévan fas li tout tè-a,*
di nan nasion yo : « Granmèt la roua ! »

Réyéلمان li drésé fas tè-a, ki pap souké,*
li jijé pèp yo nan douati.

(Yo répété réfrin-an)

Sé pou sièl yo kontan épi sé pou tè-a fèté, †
 sé pou lanmè-a sonnin ni sa-k plin-l nan, *
 sé pou plinn yo fè kè yo kontan épi tout sa-k nan yo.
 Lè sa-a tout piéboua forè yo pral fèté †
 dévan fas Granmèt la, paské l-ap vini, *
 paské l-ap vini jijé tè-a.
 L-ap jijé fas tè-a nan jistis, *
 épi pèp yo nan vérité li-a.

(Yo répété réfrin-an)

Yo pa di Gloria Patri (Viv Papa-a). Sèlman Psòm nan yo koupé-l épi yo répété réfrin-an apré Èvèk yo fi-n bay sa yo sot Òrdoné-a akolad la.

58. Mès la kontinué kòm dòdinè. Sinbòl la, yo di-l dapré rubrik yo ; yo siprimé priyé inivèsèl la.

Litiji ékaristik

59. Nan Priyé ékaristik la rapèl Èvèk yo fèk sot òrdoné-a, yo fè-l dapré fòmül sa yo:

a) Nan Priyé Ékaristik I, yo di Hanc igitur (Granmèt tanpri asképté sa n-ap ofri-ou la) pròp la:

**Ofrann sèvis nou sa-a donk,
 ak pa tout fanmiy ou-an tou,
 sa n-ap ofri-ou la tou pou sèvitè-ou la N.,
 (pou mouin minm pòv sèvitè-ou la),
 li minm (mouin minm) ou aksépté fè monté nan òrd Épiskopa-a,
 nou priyé, Granmèt, pou-ou aksépté-l avèk byinvéyans,
 épi pou-ou kinbé kado-ou yo nan li (nan mouin) ak bon kè,
 pou sa l-ap (m-ap) rapousuiv la dapré chaj Bondié-a,
 li réalizé-l (mouin réalizé-l) nan rézilta Bondié yo.
 (Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. Amèn).**

b) Nan intèsésion Priyé ékaristik II, apré mo ... congregemur in unum (fè Éspri Sin-an rasanblé nou fè youn, poutèt Kò ak San Jézu-Kri n-ap manjé-a) yo di:

**Sonjé, Granmèt, Égliz ou-a ki gayé sou tout tè-a,
 pou fè-l vi-n kòrèk nèt nan charité-a**

antan-l fè youn avèk Pap nou-an **N.** ak Évèk nou-an **N.**,
 (ak sèvitè-ou **N.**),
 ou té vlé prévoua kòm pastè Égliz ou-a (**N.**) jodi-a,
 épi avèk tout klèjé-a.
 Sonjé frè nou yo tou...

c) *Nan intèsésion Priyè ékaristik III, apré mo ...ad totius mundi pacem atque salutem (pou kè tout moun pozé é pou yo jouinn délivrans) yo di:*

Égliz ou-a ki an pèlerinaj sou tè-a,
 aksépté asiré-l nan lafoua ak lacharité
 ansanm ak sèvitè-ou Pap nou-an **N.**
 ansanm ak Évèk nou-an **N.**,
 (ansanm ak sèvitè-ou **N.**)
 ki résévoua òrdinasion jodi-a kòm pastè Égliz (**N.**),
 ansanm ak Òrd épiskopal la ansanm ak tout klèjé-a
 ansanm ak tout pèp éritaj ou-a:
 Tanpri, kouté priyè fanmiy ou-an...

d) *Nan intèsésion Priyè ékaristik IV la, apré mo ...ad laudem gloriae tuae (é tou sa va bèl louanj ak konpliman pou ou), yo di:*

Koulié-a donk Granmèt, sonjé tout moun yo
 n-ap ofri-ou sakrifis sa-a pou yo-a
 toudabò sèvitè-ou Pap nou-an **N.**,
 Évèk nou-an **N.**, (épi sèvitè-ou sa-a **N.**),
 ou aksépté chouazi jodi-a pou sèvis pèp ou-a
 ni tout Òrd Évèk yo,
 ni tout klèjé-a tou;
 sonjé moun yo k-ap ofri yo tou,
 ni sa-k prézan yo,
 ni tout pèp ou-a,
 ak tout moun k-ap chèché-ou ak kè sinsè.
 Sonjé sa yo tou...

60. *Paran ak pròch sa yo fèk sot òrdoné-a kapab résévoua Kominion sou toulèdé éspès yo.*

Rit konklizyon

61. Lè priyè apré Kominion-an fini, yo chanté imn Te Deum laudamus (Ou minm, Bondié n-ap fè louanj ou) [p. 195] oubyin yon lòt imn ki korèsponn avèk sa, dapré abitud koté yo. Pandan tan sa-a, sa yo fèk sot Òrdoné-a résévoua mitr la avèk kròs la épi dé nan Évèk ki fè Òrdinasyon-an minnin-l atravè légliz la épi li béni tout moun.

62. Lè imn nan fini, sa yo fèk sot òrdoné-a, antan-l kanpé bò lotèl la, oubyin, si sé nan Égliz pa-l li yé, bò sièj la, li kapab palé yon fason tou kout avèk pèp la.

63. Apré sa, Évèk la ki té prezidé litiji ékaristik la bay bénédiksion-an. Nan plas bénédiksion òdiné-a, yo kapab di bénédiksion pi solanèl la ki vi-n apré-a. Diak la kapab di invitatoua-a :

Bésé tèt nou pou bénédiksion-an.

oubyin éksprimé-l avèk dèt paròl.

Apré sa, si Évèk yo fèk Òrdoné-a ap bay bénédiksion-an, anvan toua siplikasyon yo, li di, antan min-l lonjé :

**Bondié, ou minm ki okipé pèp yo antan ou padonnin,
épi ou kòmandé avèk amou,
bay moun yo ou rinmèt gouvènman disipli-n nan
Éspri sajès la,
pou progrè bann mouton yo ki sin yo
fè kè pastè yo kontan pou tout tan.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk yo fèk òrdoné-a :

**Épi ou minm ki méziré kantité
jou nou yo ak tan yo,
ou réglé yo ak pouvoua grandè-ou,
ak bon kè voyé jé sou sèvis umilité nou-an
épi, lapè-ou la k-ap débòdé-a,
bay tan nou yo li an plin nèt.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk yo fèk òrdoné-a :

**Poutèt kado yo ou mété nan mouin pa pouvoua gras ou-a
montré byinvéyans ou,
épi sa-a ou lévé anlè-a nan grad épiskopal la,
fè-l fè-ou plézi nan aksion ki byin fèt
épi dirijé kè pèp la ak réponsab la nan santiman-l,
yon fason pou ni pastè-a pa manké obéyisans bann mouton-an,
ni bann mouton-an pa janm manké vijilans pastè-a.**

Tout moun :

Amèn.

Apré sa Évèk yo fèk òrdoné-a di bénédiksyon-an :

**Épi nou tout, ki prézan isit la,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ✠ ak Pitit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
béni nou byin béni.**

Tout moun :

Amèn.

Min si sé Évèk prinsipal la ki fè òrdinasyon-an, sé li minm k-ap bay bénédiksyon-an, antan min-l lonjé sou Évèk yo fèk òrdoné-a épi pèp la, li di:

**Sé pou Granmèt la béni-ou, épi sé pou-l konsèvé-ou
minm jan li té vlé mété-ou pontif sou pèp li-a,
konsa sé pou-l fè-ou gin kontantman nan sièk sa-a,
épi sé pou-l fè-ou patisipé nan kè kontan tout tan-an.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk prinsipal la ki fè òrdinasyon-an :

**Klèjé-a ak pèp la,
li té vlé rasanblé ak sékou li,
gras a distribision-l épi gras a administrasyon-ou,
sé pou-l fè-ou gouvènè yo ak kè kontan pandan anpil tan.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk prinsipal la ki fè òrdinasyon-an :

Antan yo dakò avèk avètisman yo ki sot nan Bondié
 yo pa gin bagay k-ap jinnin yo,
 yo débòdé ak tout pakèt byin,
 yo obéyi ministè-ou ak lafoua,
 sé pou yo joui trankilité lapè
 nan sièk sa-a
 épi sé pou yo mérité gin ansanm avèk ou
 minm pòsion avèk sitouayin k-ap diré tout tan yo.

Tout moun :

Amèn.

Èvèk prinsipal la ki fè òrdinasion-an :

Épi nou tout, ki prézan isit la ansanm,
 sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a:
 Papa-a ✠ ak Pítit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
 béni nou byin béni.

Tout moun :

Amèn.

64. Lè yo fi-n bay bénédiksion-an épi lè diak la fi-n ranvouayé pèp la, yo fè prosésion-an nan diréksion sakristi-a kòm dabitud.

RIT ÒRDINASON ÈVÈK LA
LÈ Y-AP BAY PLIZIÈ LI ANSANM

65. Sa yo prezanté pi ro-a nan Sa pou noté anvan yo, nn. **15-27** li gin valè tou pou Rit Òrdinasion Èvèk la lè y-ap bay pliziè li ansanm.

Isit la yo indiké an patikilié :

a) dé prêt asisté chak sa yo chouazi ;

b) li konv nab anpil pou tout Èvèk k-ap fè òrdinasion-an épi prêt k-ap asisté sa yo chouazi yo konsélébré Mès la avèk Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an épi avèk sa yo chouazi yo. Si Òrdinasion-an fèt nan pròp Ègliz youn nan sa yo chouazi yo, kèk manb présbitériòm li-a konsélébré tou ;

c) si Òrdinasion-an fèt anndan limit pròp diosèz youn yo chouazi, Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an kapab invité Èvèk yo fèk sot òrdoné-a pou li prézidé konsélébrasion-an nan litiji ékaristik la. Otréman Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an prézidé konsélébrasion-an ; Èvèk la minm yo fèk sot òrdoné-a li kinbé premié plas pami lòt konsélébran yo ;

d) an plis bagay yo ki nésésè pou sélébrasion Mès stasionèl la, sé pou yo préparé :

– Liv òrdinasion-an ;

– ti liv Priyé Òrdinasion-an pou Èvèk yo k-ap fè òrdinasion-an ;

– Èvanjil yo y-ap gin pou yo pozé sou chak sa yo chouazi yo ;

– tabliyé an toual la ;

– sin krèm nan ;

– sa ki nésésè yo pou lavé min yo ;

– bag la, baton pastoral la, mitr la pou chak sa yo chouazi yo épi, si ka-a prezanté, paliòm nan. Insign sa yo, sof paliòm nan, yo pa bézouin pou yo béni yo anvan, paské sé nan rit òrdinasion-an minm yo rimmèt yo.

e) yo préparé sièj yo jan yo indiké pi ro-a nan n. **29**.

66. Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an ni Èvèk yo épi prêt yo k-ap konsélébré yo, yo abiyé avèk vètman sakré yo, sa yo chak doué poté pou sélébrasion Mès la.

Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an li konv nab pou anba chazub la li abiyé avèk dalmatik.

Sa yo chouazi yo abiyé ak tout onéman sasèrdotal yo épi koua péktoral la épi dalmatik la.

Èvèk k-ap fè òrdinasion-an minm, ki pétèt pap konsélébré, yo pran ob, koua péktoral, étòl épi dapré konvnans chap épi mitr. Prèt yo k-ap asisté sa yo chouazi-a, si pétèt yo pap konsélébré, yo abiyé avèk chap anlè ob la.

Vètman yo, sé pou yo koulè Mès la y-ap sélébré-a, otréman sé pou yo anplouayé koulè blan oubyin vètman fèt sètadi ki pi dign.

Rit pou kòmansé épi Litiji paròl la

67. Antan tout bagay dispozé jan sa doué fèt la, yo òganizé prosésion-an atravè légliz la nan diréksion lotèl la kòm dòdinè. Prèt yo k-ap konsélébré yo suiv diak la k-ap poté liv Évanjil yo, sa y-ap sèvi avèk li-a nan Mès la épi nan Òrdinasion-an, épi lòt diak yo si yo prézan, apré sa, chak sa yo chouazi yo nan mitan ant prèt yo k-ap asisté-l yo, apré sa Èvèk yo k-ap fè òrdinasion-an, épi anfin Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an épi yon ti kras an ariè li, dé diak yo k-ap asisté-l yo. Lè yo rivé bò lotèl la, apré révérans yo doué fè-a, tout moun proche nan koté yo dézigné pou yo-a. Sé pou yo fè atansion kanminm pou distinkcion ant Èvèk yo épi prèt yo parèt klè minm nan dispozision koté yo.

Pandan tan sa-a yo chanté réfrin pou antré-a avèk Psòm li-an oubyin yon lòt chan ki adapté.

68. Rit pou kòmansé yo épi litiji paròl la, yo fè yo kòm dòdinè joutan Évanjil la fi-n proklamé.

69. Min si Èvèk la sé nan pròp légliz katédral li-a yo òrdoné-l, apré salutation pèp la, youn nan diak yo oubyin nan prèt yo k-ap konsélébré yo, an prezans chansélié Kuri-a ki pran nòt akt la, li prezanté Lèt Apostolik la bay Kolèj konsultan yo épi apré sa li li-l sou anbon-an, tout moun yo chita pou kouté-l épi alafin yo aklamé antan yo di : Mèsi Bondié, mèsi, oubyin yon lòt aklamasyon ki adapté.

Min nan diosèz yo fèk érijé yo, yo fè kominikasyon minm Lèt sa-a bay klèjè-a ak pèp la ki prézan nan légliz katédral la, antan prèt ki pi ansyin nan sa-k prézan yo pran nòt akt la.

70. Apré léktu Évanjil la, diak la dépozé liv Évanjil yo ankò sou lotèl la avèk révérans koté li rété joutan y-ap pozé-l sou tèt youn nan sa yo fi-n Òrdoné yo.

Òrdinasion-an

71. Apré sa, yo kòmansé Òrdinasion Èvèk la. Antan tout moun kanpé yo kapab chanté Veni Creator Spiritus (Vini Èspri Kréatè) [p. 190] oubyin yon lòt imn ki korèsponn a li dapré abitud koté yo.

72. Apré sa, Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an épi lòt Évèk k-ap fè òrdinasion-an yo alé, si sa nésèsè, koté chèz yo ki préparé pou Òrdinasion-an.

Prézantasion sa yo chouazi-a

73. Chak sa yo chouazi, prèt yo k-ap asisté-l yo minnin-l dévan Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, li fè révérans dévan-l.

74. Youn nan prèt yo k-ap asisté yo palé avèk Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an ak mo sa yo :

Trè Révéran Pèr, Égliz N. la mandé pou òrdoné N. ki prèt pou chaj épiskopa-a.

Min si sa konséné Évèk y-ap òrdoné ki pa rézidansiyèl :

Trè Révéran Pèr, sint Égliz katolik la ki Manman-an mandé pou-ou òrdoné N. ki prèt pou chaj épiskopa-a.

Yo fè konsa pou chak sa yo chouazi yo. Alafin Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an intèrojé antan-l di :

Èské nou ginyin manda apostolik la ?

Youn nan prèt yo réponn :

Nou ginyin.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Sé pou yo li-l.

Lè sa-a atò yo li manda-a pandan tout moun chita. Lè yo fi-n li-l, tout moun di :

Mèsi Bondié, mèsi,

oubyin yon lòt fason ki fikse dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Oméli-a

75. Lè sa-a atò Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, pandan tout moun chita, li fè oméli-a koté antan li kòmansé apati tèks léktu yo, sa yo li nan litiji paròl la, li palé ak klèjé-a épi pèp la épitou sa yo chouazi yo osijè fonksion Évèk la. Osijè kalité fonksion sa-a minm, li kapab palé avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo antan li adapté tèks la kanminm si l-ap òrdoné Évèk ki pa rézidansiyèl :

Nou minm mouin rinmin anpil la, kouté byin, nan ki grad nan Égliz la frè nou yo gin pou yo monté. Granmèt nou-an, Jézu-Kri, Papa-a voyé-a, pou-l té rachté ras moun yo, li minm li té voyé douz Apot yo sou tè-a, yo minm, antan yo plin avèk puisans Éspri-Sin-an, yo té préché Bòn Nouvèl la épi antan yo rasanblé tout nasion yo nan yon sèl troupou, yo té sanktifé yo épi yo té dirijé yo. Pou réyèlman fonksion sa-a té kapab duré jous nan finisman sièk la, Apot yo té chouazi moun ki pou édé yo, kado Éspri-Sin-an yo té résévoua nan min Kris la, yo té transmèt li bay moun sa yo pa lantrémiz inpozision min-an, sa pa lintèmediè-l la yo bay plénitud sakréman Òrd la. Konsa sot nan jénérasion al nan jénérasion yo obsèvé tradision-an nan siksésion Évèk yo san rété épi aksion Sovè-a kontinué épi dévlojé jous nan tan nou yo.

Nan Évèk la ki antouré avèk prèt li yo, sé Granmèt nou-an Jézu-Kri li minm ki prézan nan mitan nou, li minm ki Pontif pou tout tan-an. Li minm réyèlman, nan ministè Évèk la, li pa sispann préché Bòn Nouvèl la épi administré mistè lafoua-a bay sa ki kouè yo. Li minm nan fonksion patènèl Évèk la sé nouvo manb li ajouté épi li mété nan kò li-a. Li minm nan sa jès Évèk la épi prudans li, li kondui nou nan pèlerinaj sou tè-a nan diréksion kontantman pou tout tan-an.

Donk sé avèk yon kè ki gin rékonésans épi ki kontan pou nou résévoua frè nou yo, yo minm nou minm Évèk yo, n-ap fè antré nan kolèj nou-an pa lantrémiz inpozision min yo. Sé pou nou onoré yo kòm sèvitè Kris la épi administratè mistè Bondié yo, yo minm yo konfié témouagnaj Évanjil vérité-a épi sèvis Éspri-a avèk jistis la. Sonjé paròl Kris la ki t-ap di Apot yo : « Moun ki kouté nou sé mouin minm li kouté, épi moun ki méprizé nou sé mouin minm li méprizé. Moun nan minm ki méprizé mouin-an, li méprizé sa-a ki voyé-m nan ».

Kanta nou minm, frè mouin rinmin anpil yo, nou minm Granmèt la chouazi-a, sonjé nou minm yo pran nou nan pami moun yo épi yo mété nou pou moun yo nan sa-k konsènè Bondié. Épiskopa-a réyèlman sé non yon travay, sé pa non yon onè, épi fòk Évèk la itil lòt yo plis pasé dominé yo. Sèké sa-k pi gran-an, dapré lòd Mèt la, sé pou-l tankou sa-k pi piti-a, épi sa-k pi dévan-an tankou sa k-ap sèvi-a. Préché nan bon okazion, nan mové okazion, korijé ak tout kalité pasians épi ansègnman. Nan priyé épi nan ofrann sakrifis pou pèp la yo konfié nou-an, fè éfò pou

nou jouinn an kantité gras ki gin anpil fòm nan sot nan plénitud sinteté Kris la.

Nan Égliz la, sa yo konfié nou-an, sé avèk fidélimité pou nou administré mistè Kris yo, pou nou réglé yo épi pou nou véyé sou yo. Antan Papa-a chouazi nou pou gouvèné fanmiy li-an, sonjé tout tan Bon Pastè-a ki konnin bann mouton-l yo épi li minm bann mouton yo konnin-an, li minm ki pa-t ézité dépozé nanm li pou bann mouton-l yo.

Tout moun Bondié konfié nou yo, sé pou nou rinmin yo ak yon charité patènèl épi fratènèl, sitou prêt yo épi diak yo, yo minm ki asosié avèk nou yo nan sèvis Kris la, min tou pòv yo épi fèb yo, pèlrin yo épi étranjé yo. Konséyé fidèl yo pou nan aksion apostolik la yo travay avèk nou épi pa fè réta kouté yo ak tout kè nou. Sa yo poko fè antré nan yon sèl bann mouton Kris la, pran souin yo san dékourajé, tankou sa yo konfié nou nan Granmèt la. Nan Égliz katolik la ki rasanblé nan chinn charité-a, pa janm bliyé nou fè yon sèl avèk kolèj Èvèk yo yon fason pou nou pa sispann poté préokipasion tout Égliz yo épi Égliz ki bézouin èd yo ak tout kè nou pou nou soulajé yo. Pran souin donk tout bann mouton-an koté Èspri-Sin-an mété nou pou dirijé Égliz Bondié-a o non Papa-a, li minm nou réprézanté pòtré li nan Égliz la, épi o non Pitit li-a Jézu-Kri, li minm nou okipé fonksion li kòm prêt, anségnan épi pastè, épi o non Èspri-Sin-an, li minm ki bay Égliz li-a lavi épi ki fòtifé féblès nou avèk puisans li.

Promès sa yo chouazi yo

76. Apré oméli-a, sa yo chouazi yo pou kont yo lévé épi yo kanpé dévan Èvèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, ki intèrojé yo tout ansanm avèk paròl sa yo :

Yon ansyin dispozision sin Pèr yo pasé lòd pou, sa y-apral òrdoné Èvèk la, sé pou yo pozé-l késion dévan pèp la osijè désizion pou li kinbé lafoua-a épi pou li réalizé fonksion-an.

Èské nou vlé donk, frè mouin rinmin anpil yo, égzèsé jouska lamò fonksion Apot yo konfié nou-an épi y-apral transmèt nou-an pa lintèmédiè inpozision min nou yo avèk gras Èspri-Sin-an ?

Sa yo chouazi yo tout ansanm yo réponn :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské nou vlé préché Bòn Nouvèl Kris la avèk fidéлитé épi san rété ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské nou vlé kinbé intak épi toutantié dépo lafoua-a dapré tradision ki konsèvé tout tan épi tout koté nan Égliz la dépi sot nan Apot yo ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské nou vlé bati kò Kris la, Égliz li-a, épi rété nan unité li-a avèk Òrd Évèk yo, anba otorité siksésè Apot sin Piè-a ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské nou vlé montré fidèlman obéyisans aléga siksésè Apot sin Piè-a ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské nou vlé ankourajé épi dirijé pèp Bondié-a ki sin-an nan rout pou sovè-a ansanm avèk konpagnon sèvis nou yo, prêt yo épi diak yo, kòm yon bon papa ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské nou vlé ofri tèt nou avèk aféksion épi mizérikòd bay pòv yo épi pèlrin yo ni tout sa-k nan bézouin yo poutèt non Granmèt la ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské nou vlé kòm bon Pastè chèché mouton ki pèdi rout yo épi fè yo rantré nan bann mouton Granmèt la ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Èské nou vlé priyé san rété Bondié ki gin tout pouvoua-a pou pèp la ki sin-an épi égzékité san répròch fonksion sasèrdos ki anro nèt la ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé avèk sékou Bondié.

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an :

Sa-a ki té kòmansé bon travay la nan nou-an, Bondié, li minm sé pou-l fini-l.

Siplikasion litanik

77. Apré sa, Évèk yo dépozé mitr la épi yo tout yo lévé. Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an antan-l kanpé, min li kontré, antan-l viré nan diréksion pèp la, li di invtasion-an (pou chan-an, cf. n. 41, antan kanminm yo fè chanjman pou nonb plirièl la) :

An nou priyé, nou minm nou rinmin anpil la, pou antan-l prévoua sa-k itil pou Égliz la, bon kè Bondié ki gin tout pouvoua-a, bay sa yo chouazi yo gras li-a an kantité.

78. Lè sa-a atò sa yo chouazi yo lonjé atè épi yo chanté litani yo pandan tout moun ap réponn ; bagay sa-a jou dimanch yo épi nan tan paskal la yo fè-l antan tout moun kanpé, lòt jou yo minm yo ajénou. Nan ka sa-a diak la avèti :

An nou mét ajénou.

Nan litani yo, yo kapab ajouté nan pròp plas yo kèk non Sin, parégzanp Patron, Titulè Égliz, Fondatè, Patron sa yo k-ap résévoua Òrdinasion-an, oubyin kèk invokasion ki pi adapté nan chak sikonstans yo.

Nan patikilié Sin yo, sa yo mété ant parantèz yo, yo kapab soté yo lè litani-an sé nan lang latin yo chanté-l.

Lè sa-a atò chanté yo kòmansé litani yo, cf. pi ro-a n. 42 ; invokasion yo

kanminm sou sa yo chouazi yo, yo di yo o plirièl.

79. Aprè chan litani yo fini, Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, antan-l kanpé, min-l louvri, li di (pou chan-an, cf. n. 43, antan kanminm yo fè chanjman pou nonb plirièl la) :

**Pran pitié, Granmèt, nan siplikasion nou-an,
épi antan fòs gras sasèrdotal la panché sou sèvitè-ou sa yo,
vidé puisans bédiksion-ou nan sou yo.**

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

Diak la, si ka-a prezanté, avèti :

An nou lévé.

Épi tout moun lévé.

Inpozision min yo épi Priyé Òrdinasion-an

80. Sa yo chouazi yo lévé, yo proché kot Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an ki kanpé dévan sièj la avèk mitr, épi dévan-l yo mét ajénou.

81. Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an pozé min sou tèt chak sa yo chouazi yo san-l pa di anyin. Apré sa tout Évèk yo, antan yo proché youn apré lòt, yo pozé min sou sa yo chouazi yo san yo pa di anyin.

Apré inpozision min yo minm, Évèk yo rété alantou Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an joutan priyé Òrdinasion-an fini, yon fason kanminm pou aksion-an fidèl yo kapab ouè li byin.

82. Apré sa, Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an résévoua liv Évanjil yo nan min yon diak épi li pozé-l tou louvri anlè tèt chak sa yo chouazi yo ; dé diak, ki kanpé adouat épi agoch chak sa yo chouazi, yo kinbé liv Évanjil yo anlè tèt li joutan Priyé Òrdinasion-an fini.

83. Antan sa yo chouazi yo ajénou dévan li, Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an, antan-l rétiré mitr la épi antan-l gin bò koté-l lòt Évèk yo k-ap fè òrdinasion-an, égalman san mitr, déklaré Priyé Òrdinasion-an (pou chan-an, cf. n. 47, antan yo chanjé kanminm al nan nonb plirièl), antan-l lonjé min li :

Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri,

**Papa mizèrikòd yo épi Bondié tout konsolasion,
ou minm ki abité nan anlè nèt yo épi k-ap gadé sa ki anba yo,
ou minm ki konnin tout bagay anvan yo fèt,
ou minm ki té bay règ nan Égliz ou-a
pa lintèmédiè paròl gras ou-a,
ou minm ki té déstiné davans dépi nan kòmansman-an
ras sa-k kòrèk yo apati Abraam,
ou minm ki té mété chèf yo épi prèt yo,
épi ki pa-t kité sanktuè-ou la san sèvis,
ou minm sa té fè plézi dépi kòmansman tè-a
pou jouinn gloua-ou nan sa yo ou té chouazi yo :**

Pati priyè ki suiv la, sé tout Évèk k-ap fè òrdinasion-an, antan min yo kontré, ki déklaré-l, a voua bas kanminm, pou sé voua Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an yo tandé klè.

**Épi koulié-a, vidé sou sa yo chouazi yo
puisans sa-a ki sot nan ou-a,
Éspri k-ap gidé-a,
li minm ou té bay Pitit ou-a ou rinmin-an, Jézu-Kri,
sa li minm li té bay Apot yo ki sin yo
ki té établi Égliz la nan chak koté
kòm sanktuè ou,
pou gloua ak louanj non-ou san rété.**

Évèk prinsipal k-ap fè òrdinasion-an kontinué pou kont li :

**Papa ki konnin kè yo,
bay sèvitè-ou sa yo favè,
yo minm ou té chouazi pou Épiskopa-a
pou yo okipé bann mouton-ou yo ki sin-an
épi pou yo prezanté dévan-ou sasèrdòs ki anlè nèt la san répròch
antan y-ap sèvi-ou lannuit ak lajounin,
pou yo fè fas ou favorab san rété
épi pou yo ofri kado Égliz ou-a ki sin-an ;
fè yo favè pou gras a puisans Éspri sasèrdòs ki anlè nèt la
yo gin pouvoua pou padoné péché yo
dapré kòmandman-ou nan ;
pou yo distribué fonksion yo dapré lòd ou-a
épi pou yo défèt tout chinn**

daprè pouvoua ou té bay Apot yo ;
 sé pou yo fè-ou plézi nan douè avèk kè pròp,
 antan y-ap ofri-ou yon lodè ki agréab,
 pa pouvoua Pitit ou-a Jézu-Kri,
 pa lintèmediè-l ou jouinn gloua, puisans ak onè ;
 ansanm ak Èspri-Sin-an nan Ègliz la ki sin-an
 ni koulié-a ni pou tout tan gin tan.

Tout moun :

Amèn.

84. Lè Priyè Òrdinasion-an fini, diak yo réprann liv Évanjil yo, sa yo té kinbé anlè tèt chak sa yo sot Òrdoné-a, épi youn nan diak yo kinbé liv la joutan yo rimmèt li bay sa yo sot Òrdoné-a. Tout moun chita. Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an ni lòt Èvèk yo ki fè òrdinasion-an, yo pran mitr la.

Onksion tèt la épi rémiz liv Évanjil yo ak insign yo

85. Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an li pran tabliyé an toual la, li résévoua véso avèk sin krèm nan min yon diak épi li fè onksion tèt chak sa yo fi-n Òrdoné yo ki ajénou dévan-l nan, antan-l di :

**Bondié, ki té fè-ou patisipé nan sasèrdòs Kris la ki anlè nèt la,
 sé pou-l anvayi-ou ak likid grès onksion mistik la,
 épi sé pou-l fè-ou donnin frui avèk richès bénédiksion spirituèl la.**

Apré sa Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an lavé min-l.

86. Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an lè-l fi-n résévoua liv Évanjil yo nan min diak la, li rimmèt li bay chak sa yo fi-n Òrdoné-a, antan-l di :

**Résévoua Évanjil la
 épi préché paròl Bondié-a
 nan tout kalité pasians avèk ansègnman.**

Apré sa diak la réprann liv Évanjil yo épi li rémété-l nan plas li.

87. Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an mété bag la nan douèt ki pou bag la nan min douat chak sa yo fi-n Òrdoné-a, antan-l di :

Résévoua bag la, so lafoua-a :
épi épouz Bondié-a, Égliz la ki sin-an,
antan ou dékoré avèk yon lafoua san répròch,
sé pou véyé sou li yon fason intak.

88. Si gin sa yo fi-n Òrdoné ki gin doua poté paliòm nan, Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an résévoua-l nan min diak la épi mété-l sou zépòl sa yo fi-n Òrdoné-a antan-l di :

Résévoua paliòm nan yo pran sot nan déklarasion sin Piè-a,
sa o non Pontif Romin-an, Pap N.,
nou transmèt ou,
kòm sign pouvoua métropolit la,
pou sèvi avè-l anndan limit provins ékléziastik ou-a ;
sé pou-l sinbòl unité pou ou,
prèv kominion avèk Sièj Apostolik la,
chinn charité-a
épi ankourajman pou rét solid la.

89. Apré sa Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an mété mitr la sou chak sa yo fi-n Òrdoné-a, antan-l di :

Résévoua mitr la,
épi sé pou klèté sinteté-a kléré nan ou,
pou lè chèf pastè yo ap parèt,
ou-a mérité résévoua
kouròn gloua-a ki pap pasé-a.

90. Épi anfin, li rimmèt chak sa yo fi-n Òrdoné-a baton pastoral la, antan-l di :

Résévoua kròs la,
sign fonksion pastoral la,
épi pran souin tout bann mouton-an,
koté Éspri-Sin-an mété-ou kòm Évèk la
pou-ou dirijé Égliz Bondié-a.

91. Tout moun lèvé. Si Òrdinasion-an fèt nan sièj la nan pròp Égliz youn nan sa yo Òrdoné-a, Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an invité-l pou-l chita nan sièj la. Li minm minm, Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an, li chita adouat sa yo fi-n Òrdoné-a.

Min si Òrdinasion-an pa fèt nan sièj la, Évèk prinsipal ki fè Òrdinasion-an kondui sa ki Òrdoné nan pròp légliz li-a al nan sièj la épi lòt yo nan koté yo préparé pou yo-a, Évèk yo ki fè ordinasion-an suiv yo.

92. Sé sèlman lè sa-a sa yo fi-n Òrdoné yo antan yo dépozé kròs la, yo lèvé épi yo résévoua akolad nan min Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an épi nan min tout Évèk yo.

93. Pandan tan sa-a, jouskalafin rit sa-a, yo kapab chanté réfrin :

Antan nou alé sou tè-a (alélouya),
anségné tout nasion yo (alélouya).

avèk Psòm 95 (96) Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, cf. n. 57, oubyin yon lòt chanté ki adapté nan minm sans la ki alé avèk réfrin-an, sitou lè Psòm 95 (96) la yo té itilizé-l kòm Psòm résponsorial nan litiji paròl la.

94. Mès la kontinué kòm dòdinè. Sinbòl la, yo di-l dapré rubrik yo ; yo siprimé priyè inivèsèl la.

Litiji ékaristik

95. Nan Priyè ékaristik la rapèl Évèk yo fèk sot òrdoné yo, yo fè-l dapré fòmul sa yo :

a) Nan Priyè Ékaristik I, yo di Hanc igitur (Granmèt tanpri asképté sa n-ap ofri-ou la) pròp la :

**Ofrann sèvis nou sa-a donk,
ak pa tout fanmiy ou-an tou,
sa n-ap ofri-ou la pou sèvitè-ou sa yo **N.N.**,
(pou mouin minm pòv sèvitè-ou la épi pou sèvitè-ou sa yo **N.N.**),
yo minm (nou minm) ou aksépté fè monté nan òrd Épiskopa-a,
nou priyé, Granmèt, pou-ou aksépté-l avèk byinvéyans,
épi pou-ou kinbé kado-ou yo nan yo (nan nou) ak bon kè,
pou sa y-ap (n-ap) rapousuiv la dapré chaj Bondié-a,**

**yo réalizé-l (nou réalizé-l) nan rézilta Bondié yo.
(Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. Amèn).**

b) **Nan intèsésion Priyè ékaristik II, apré mo ... congregemur in unum** (fè Léspri Sin-an rasanblé nou fè youn, poutèt Kò ak San Jézu-Kri n-ap manjé-a) **yo di:**

**Sonjé, Granmèt, Égliz ou-a ki gayé sou tout tè-a,
pou fè-l vi-n kòrèk nèt nan charité-a
antan-l fè youn avèk Pap nou-an N. (ak Évèk nou-an N.),
(ak sèvitè-ou yo N.N.),
ou té vlé prévoua kòm pastè Égliz ou-a (N.) jodi-a,
épi avèk tout klèjé-a.
Sonjé frè nou yo tou...**

c) **Nan intèsésion Priyè ékaristik III, apré mo ...ad totius mundi pacem atque salutem** (pou kè tout moun pozé é pou yo jouinn délivrans) **yo di:**

**Égliz ou-a ki an pèlerinaj sou tè-a,
aksépté asiré-l nan lafoua ak lacharité
ansanm ak sèvitè-ou Pap nou-an N. (ansanm ak Évèk nou-an N.),
(ansanm ak sèvitè-ou yo N.N.)
ki résévoua òrdinasion jodi-a kòm pastè Égliz la,
ansanm ak Òrd épiskopal la ansanm ak tout klèjé-a
épi tout pèp éritaj ou-a:
Tanpri, kouté priyè fanmiy ou-an...**

d) **Nan intèsésion Priyè ékaristik IV la, apré mo ...ad laudem gloriae tuae** (é tou sa va bèl louanj ak konpliman pou ou), **yo di:**

**Koulié-a donk Granmèt, sonjé tout moun yo
n-ap ofri-ou sakrifis sa-a pou yo-a
toudabò sèvitè-ou Pap nou-an N.,
(Évèk nou-an N.), (épi sèvitè-ou sa yo N.N.),
ou aksépté chouazi jodi-a pou sèvis pèp ou-a
ni tout Òrd Évèk yo,
ni tout klèjé-a tou;
sonjé moun yo k-ap ofri yo tou,
ni sa-k prézan yo,
ni tout pèp ou-a,
ak tout moun k-ap chèché-ou ak kè sinsè.
Sonjé frè nou yo tou...**

96. Paran ak pròch Èvèk yo fèk sot òrdoné yo kapab résévoua Kominion sou toulèdé espès yo.

Rit konklizion

97. Lè priyé apré Kominion-an fini, yo chanté imn Te Deum laudamus (Ou minm, Bondié n-ap fè louanj ou) [p. 195] oubyin yon lòt imn ki korésponn avèk sa, dapré abitud koté yo. Pandan tan sa-a, sa yo fèk sot Òrdoné yo résévoua mitr la avèk kròs la épi Èvèk yo ki fè Òrdinasion-an minnin yo atravè légliz la épi yo béni tout moun.

98. Lè imn nan fini, sa yo fèk sot Òrdoné yo kanpé bò lotèl la avèk mitr épi kròs. Anvan bénédiksion-an minm, youn nan yo, sitou si sé sa ki nan pròp Égliz pa-l la, li kapab palé ak pèp la yon fason tou kout bò sièj la.

99. Apré sa, Èvèk la ki té prezidé litiji ékaristik la bay bénédiksion-an. Nan plas bénédiksion òdinè-a, yo kapab di bénédiksion pi solanèl la ki vi-n apré-a. Diak la kapab di invitatoua-a :

Bésé tèt nou pou bénédiksion-an.

oubyin éksprimé-l avèk dèt paròl.

Apré sa, si sélébran prinsipal la sé youn nan sa yo fèk òrdoné yo, li bay bénédiksion-an, anvan toua siplikasion-yo, li di, antan min-l lonjé :

**Bondié, ou minm ki okipé pèp yo antan ou padonnin,
épi ou kòmandé avèk amou,
bay moun yo ou té rinmèt gouvènman disipli-n nan
Éspri sajès la,
pou progrè bann mouton yo ki sin yo
fè kè pastè yo kontan pou tout tan.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk yo fèk òrdoné-a :

**Épi ou minm ki méziré kantité
jou nou yo ak tan yo,
ou réglé yo ak pouvoua grandè-ou,
ak bon kè voyé jé sou sèvis umilité nou-an**

**épi, lapè-ou la k-ap débòdé-a,
bay tan nou yo li an plin nèt.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk yo fèk òrdoné-a :

**Poutèt kado yo ou mété nan nou pa pouvoua gras ou-a
montré byinvéyans ou,
épi sa yo ou lévé anlè-a nan grad épiskopal la,
fè yo fè-ou plézi nan aksion ki byin fèt
épi dirijé kè pèp la ak résponsab la nan santiman-l,
yon fason pou ni pastè-a pa manké obéyisans bann mouton-an,
ni bann mouton-an pa janm manké vijilans pastè-a.**

Tout moun :

Amèn.

Apré sa Évèk yo fèk òrdoné-a di bénédiksion-an :

**Épi nou tout, ki prézan isit la,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ✠ ak Pitit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
béni nou byin béni.**

Tout moun :

Amèn.

Min si Évèk prinsipal la ki fè òrdinasion-an, sé li minm k-ap bay bénédiksion-an, antan min-l lonjé sou Évèk ki fèk òdoné yo épi pèp la, li di:

**Sé pou Granmèt la béni nou, épi sé pou-l konsèvé nou
minm jan li té vlé mété nou pontif sou pèp li-a,
konsa sé pou-l fè nou gin kontantman nan sièk sa-a,
épi sé pou-l fè nou patisipé nan kè kontan tout tan-an.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk prinsipal la ki fè òrdinasion-an :

**Klèjé-a ak pèp la,
li té vlé rasanblé ak sékou li,
gras a distribision-l épi gras a administrasion nou,
sé pou-l fè nou gouvèné yo ak kè kontan pandan anpil tan.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk prinsipal la ki fè òrdinasion-an :

**Antan yo dakò avèk avètisman yo ki sot nan Bondié
yo pa gin bagay k-ap jinnin yo,
yo débòdé ak tout pakèt byin,
yo obéyi ministè nou ak lafoua,
sé pou yo joui trankilité lapè
nan sièk sa-a
épi sé pou yo mérité gin ansanm avèk nou
minm pòsion avèk sitouayin k-ap diré tout tan yo.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk prinsipal la ki fè òrdinasion-an :

**Épi nou tout, ki prézan isit la ansanm,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a:
Papa-a ✠ ak Pítit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
béni nou byin béni.**

Tout moun :

Amèn.

100. Lè yo fi-n bay bénédiksion-an épi lè diak la fi-n ranvouayé pèp la, yo fè prosésion-an nan diréksion sakristi-a kòm dabitud.

CHAPIT II

ÒRDINASON PRÈT YO

SA POU YO NOTÉ ANVAN

I

INPÒTANS ÒRDINASON-AN

101. Pa lintèmédiè Òrdinasion sakré-a yo bay prèt yo sakréman sa-a koté « yo maké yo avèk yon karaktè spésial gras a onksion Éspri-Sin-an, épi konsa yo fè yo pran fòm Kris la ki prèt la, yon fason pou yo gin pouvoua aji nan pèrson Kris la ki tèt la ».¹

Prèt yo donk patisipé nan sasèrdòs épi mision Évèk la. Kòm kooperatè onèt Òrd épiskopal la, antan yo rélé yo pou sèvi pèp Bondié-a, yo fòmé yon sèl présbitériòm avèk Évèk yo-a, sèlman yo déstiné pou divès fonksion.²

102. Antan yo patisipé nan fonksion yon sèl Médiatè-a Kris la (*1 Timoté* 2,5) nan degré ministè pa yo-a, yo anonsé tout moun paròl Bondié-a. Fonksion sakré yo-a minm, yo égzèsé-l nan pi ro pouin nan asanblé ékaristik la. Pou fidèl yo ki répanti yo oubyin k-ap soufri yo, yo réalizé nan fason ki pi ro-a ministè rékonsiliation-an avèk soulajman-an, épi yo poté bay Bondié Papa-a bézouin ak priyè fidèl yo (cf. *Ébré* 5,1-4). Antan y-ap égzèsé fonksion otorité Kris la Pastè-a épi Tèt la nan mézi pati pa yo, yo rasanblé fanmi Bondié-a tankou yon fratènitè ki jouinn lavi ansanm, épi pa lintèmédiè Kris la nan Éspri-a, yo minnin-l bay Bondié Papa-a. Nan mitan bann mouton-an yo adoré-l nan Éspri-a ak vérité-a (cf. *Jan* 4,24). Nan paròl la anfin épi ansègnman-an yo travay (cf. *1 Timoté* 5,17), antan yo kouè sa y-ap li lè y-ap médité nan laloua Granmèt la, antan yo anségné sa yo kouè-a, antan yo tounin modèl sa yo anségné-a.³

¹ Conc. Vat. II, Decr. de Presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum Ordinis*, n. 2.

² Cf. Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 28.

³ Cf. *ibid.*

II

DÉVOUA YO AK MINISTÈ YO

103. Sé dévoua tout fidèl diosèz la pou yo akonpagné kandida yo pou présbitéra-a ak priyè. Sa fèt sitou nan priyè inivèsèl Mès la épi nan priyè Vèp yo.

104. Paské prèt la sé pou tout Égliz lokal la yo mété-l, sé pou yo invité manb klèjé yo épi lòt fidèl yo nan Òrdinasion prèt yo, pou yo prézan nan pi gran kantité posib nan sélébrasion-an. Sitou tout prèt diosèz la, yo doué invité yo nan sélébrasion Òrdinasion-an.

105. Minis Òrdinasion sakré-a sé Évèk la.⁴ Li konv nab pou Òrdinasion diak la pou-l vi-n prèt la sé Évèk dioséz-in-an ki fè-l. Prèt yo minm ki prézan nan sélébrasion Òrdinasion-an ansanm avèk Évèk la, yo pozé min sou kandida yo « akoz éspri klèjé-a ki komin épi ki sanblé ».⁵

106. Youn nan oksiliè Évèk la, nan sa yo té délégué pou fòmasyon kandida yo, nan sélébrasion Òrdinasion-an, onon Égliz la, li mandé pou yo bay Òrd la épi li réponn késion osijè dignité kandida yo. Kèk nan prèt yo édé sa yo Òrdoné yo antan yo mété vètman présbitéral yo sou sa yo sot Òrdoné yo. Prèt yo ki prézan yo, nan mézi sa kapab fèt, yo salué frè yo ki fèk sot Òrdoné yo ak yon akolad kòm sign yo résévoua yo nan présbitéra-a épi ansanm avèk Évèk la épi avèk sa yo sot Òrdoné yo, yo konsélébré litiji ékaristik la.

III

SÉLÉBRASION ÒRDINASON-AN

107. Égliz lokal la, sa yo Òrdoné prèt yo nan sèvis li-a, li konv nab pou yo préparé-l pou sélébrasion Òrdinasion-an.

Kandida yo minm, gras a lapriyè nan silans, sé pou yo préparé pròp tèt yo pou Òrdinasion-an antan yo okipé pandan sink jou omouins nan égzèsis spirituèl yo.

108. Sélébrasion-an, sé pou yo fè-l nan légliz katédral la oubyin nan légliz kominoté sa yo koté youn oubyin pliziè nan kandida yo soti, oubyin nan yon lòt légliz ki gin pi gran inpòtans. Si sa yo gin pou òrdoné prèt yo fè pati kèk kominoté rélijijé, Òrdinasion-an kapab fèt nan légliz kominoté-a koté yo té égzèsé ministè yo-a.

⁴ Cf. Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 26.

⁵ Hippolytus, *Traditio Apostolica*, 8.

109. Òrdinasion-an sé pou yo fè-l avèk prezans pi gran kantité fidèl posib nan jou dimanch oubyin fèt, sof si rézon pastoral konséyé yon lòt jou. Sé pou yo retiré kanminm Tridiòm Paskal la, Mèkrédi Sann yo, tout Sémèn sint la épi Komémorasion tout fidèl défín yo.

110. Òrdinasion-an sé pou yo fè-l anndan solanité Mès yo ki sélébré dapré rit stasionèl la épi apré yo fi-n fè litiji paròl la, anvan litiji ékaristik la.

Yo kapab sèvi avèk Mès rituèl « Pou bay Òrd sakré yo », sof nan Solanité yo, Dimanch Avan yo, Karèm, Pak épi jou anndan oktav Pak la. Lè sé jou sa yo ki rivé, yo di Mès jou-a avèk léktu li yo.

Sèlman si nan lòt jou yo, yo pa di Mès rituèl la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè pou Mès rituèl la.

Priyé inivèsèl la, yo soté-l, paské litani yo pran plas la.

111. Lè yo fi-n di Évanjil la, Égliz lokal la mandé Évèk la pou-l Òrdoné kandida yo. Prèt la ki délégé pou bagay sa-a, dévan pèp la, li fè Évèk k-ap intèrojé-a konnin pa ginyin dout osijè kandida yo. Kandida yo dévan Évèk la épi tout fidèl yo, yo ékspimé volonté yo pou yo égzèsé fonksion yo-a dapré léspri Kris la épi Égliz la anba diréksion Évèk la. Nan litani yo tout moun mandé gras Bondié pou kandida yo.

112. Pa lintèmediè inpozision min Évèk la épi Priyé Òrdinasion-an, yo bay kandida yo kado Éspri-Sin-an pou fonksion prèt yo. Paròl sa yo minm yo konsènè natu bagay la, atèlpouin yo égzijé yo pou aksion-an valid : « **Mété, tanpri Papa ki gin tout pouvoua, nan sèvitè-ou sa yo, dignité prèt la ; renouvélé nan zantray yo Éspri sinteté-a ; antan yo résévoua sa nan min-ou, Bondié, sé pou yo kinbé fonksion dézièm dégré-a, sé pou yo invité nan douati konduit moral la gras a égzanp konpòtman yo** ».

Ansanm avèk Évèk la, prèt yo pozé min sou kandida yo pou yo montré yo fè yo antré nan présbitériòm nan.

113. Tousuit apré Priyé Òrdinasion-an, sa yo fèk òrdoné yo abiyé avèk étòl présbitéral la épi chazub la, ak sa yo montré sou pa déyò apati lè sa-a ministè yo-a yo gin pou réalizé nan litiji-a.

Ministè sa-a yo ékspliké-l yon fason pi laj ankò pa lintèmediè dèt sign : réyelman pa lintèmediè onksion min yo, yo montré patisipasion spésial prèt yo nan sasèrdòs Kris la ; pa lintèmediè rémiz pin-an ak divin-an minm nan min yo, yo indiké fonksion pou prezidé sélébrasion ékaristik la épi pou suiv Kris la ki klouré sou koua-a.

Avèk akolad la, Évèk la, nan yon sètin fason, pozé yon so nan akséptasion nouvo kooperaté li yo nan ministè yo-a ; prèt yo avèk akolad la salué sa-k fèk òrdoné yo nan ministè ki komin pou Òrd yo-a.

114. Nan litiji ékaristik la, sa yo fèk Òrdoné yo égzèsé ministè yo-a pou premié foua, prèt yo antan y-ap konsélébré-l avèk Évèk la épi lòt manb présbitériòm nan. Prèt yo fèk òrdoné yo kinbé premié plas la.

IV

SA YO DOUÉ PRÉPARÉ YO

115. An plis bagay yo ki nésèsè pou sélébrasyon Mès stasionèl la, sé pou yo préparé :

a) Liv Òrdinasion-an ;

b) chazub pou chak sa yo pral òrdoné yo ;

c) tabliyè an toual la ;

d) sin krèm nan ;

e) sa ki nésèsè yo pou lavé min yo soua pou Évèk la soua pou sa yo Òrdoné yo.

116. Òrdinasion-an sé pou-l fèt dòdinè nan sièj la ; min si sa nésèsè poutèt patisipasyon fidèl yo, y-ap préparé chèz pou Évèk la dévan lotèl la oubyin yon lòt koté ki pi konvnan.

Chèz pou sa yo pral òrdoné yo sé pou yo préparé yo yon fason pou aksion litijik la fidèl yo kapab ouè-l byin.

117. Évèk la épi prèt yo k-ap konsélébré yo, yo abiyé avèk vètman sakré yo, sa yo chak doué poté pou sélébrasyon Mès la.

Sa yo pral òrdoné yo pran amikt la, ob la, kòdon-an épi étòl diakonal la.

Prèt yo k-ap inpozé min sou sa y-ap òrdoné yo épi pétèt ki pap konsélébré, sé pou yo abiyé ak étòl yo sou ob la oubyin soutàn nan ak surpli-a.

Vètman yo, sé pou yo koulè Mès la y-ap sélébré-a, otréman sé pou yo anplouayé koulè blan oubyin vètman fèt sètadi ki pi dign.

RIT ÒRDINASON PRÈT YO

Rit pou kòmansé épi Litiji paròl la

118. Antan tout bagay dispoze jan sa doué fèt la, yo òganizé prosésion-an atravè légliz la nan diréksion lotèl la kòm dòdinè. Sa yo pral òrdoné yo épi prèt yo k-ap konsélébré yo suiv diak la k-ap poté liv Évanjil yo épi lòt diak yo, si yo prézan, épi anfin Évèk la épi yon ti kras an ariè li, dé diak yo k-ap asisté-l yo. Lè yo rivé bò lotèl la, apré révérans yo doué fè-a, tout moun proché nan koté yo dézigné pou yo-a.

Pandan tan sa-a yo chanté réfrin pou antré-a avèk Psòm li-an oubyin yon lòt chan ki adapté.

119. Rit pou kòmansé yo épi litiji paròl la, yo fè yo kòm dòdinè joutan Évanjil la fi-n proklamé.

Òrdinasion-an

120. Apré sa, yo kòmansé Òrdinasion prèt yo.

Évèk la alé, si sa nésésè, koté chèz ki préparé pou Òrdinasion-an, épi yo fè prezantasion kandida yo.

Choua kandida yo

121. Sa yo pral Òrdoné yo, diak la rélé yo nan fason sa-a :

Sé pou yo avansé sa yo gin pou òrdoné prèt yo.

Épi tousuit youn pa youn minm diak la di non yo ; épi chak sa yo rélé, li di :

Prézan,

épi li avansé kot Évèk la, li fè révérans dévan-l.

122. Lè yo tout ranjé dévan Évèk la, prèt la Évèk la délégé-a di :

Trè Révéran Pèr, sint Égliz la ki Manman-an, mandé pou frè nou sa yo ou òrdoné yo pou chaj présbitéra-a.

Évèk la întèrojé-l, antan-l di :

Èské ou konnin si yo dign ?

Li minm li réponn :

Apati késion yo pozé pèp krétyin-an épi vòt favorab mésié yo ki gin doua pou sa, mouin témouagné yo té jouinn yo dign.

Évèk la :

Ak sékou Granmèt Bondié nou, épi Sovè nou Jézu-Kri, nou chouazi frè nou sa yo pou Òrd présbitéra-a.

Tout moun di :

Mési Bondié, mési.

oubyin yon lòt fason ki fiksé dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Oméli-a

123. Lè sa-a atò Évèk la, pandan tout moun chita, li fè oméli-a koté antan li kòmansé apati tèks léktu yo, sa yo li nan litiji paròl la, li palé ak pèp la épitou sa yo chouazi-a osijè fonksion prèt yo. Osijè kalité fonksion sa-a minm, li kapab palé avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo :

Frè-m yo mouin rinmin anpil la, kòm pitit nou sa yo ki fè pati fanmi nou oubyin zanmi nou yo, talè konsa sé nan Òrd prèt yo y-ap gin pou yo antré-a, avèk atansion an nou égzaminé nan ki ministè nan Égliz la yo gin pou monté.

Sètènman tout pèp Bondié-a ki sin-an, yo fè-l tounin yon sasèrdòs rouayal nan Kris la. Sèlman li minm gran Prèt nou-an, Jézu-Kri, té chouazi kèk disip ki t-ap réalizé nan Égliz la dévoua sasèrdotal la piblikman pou moun yo onon li. Li minm réyèlman Papa-a té voyé-l la, li té voyé Apot yo sou tè-a pou, pa lintèmédiè yo épi siksésè yo, Évèk yo, li té kontinué réalizé fonksion li kòm Mèt, kòm Prèt épi kòm Pastè. Prèt yo minm ki vi-n tounin koopératè Òrd Évèk yo, li minm ki fè youn avèk yo nan fonksion sasèrdotal la, yo rélé yo nan sèvis pèp Bondié-a.

Frè sa yo, antan yo pran tan pou réfléchi sou bagay la, yo gin pou résévoua òrdinasion-an pou sasèrdòs la nan Òrd prèt yo, pou yo sèvi Kris la ki Mèt, Prèt épi Pastè, gras a ministè yo, kò Kris la, sètadi Égliz la, bati épi dévlo pé kòm pèp Bondié, kòm tanp sin.

Antan yo vi-n sanblé ak Kris la, Prèt anlè nèl la épi pou tout

tan-an, antan yo fè youn avèk Évèk yo nan sasèrdòs la, y-ap konsakré yo kòm véritab prèt Nouvo Téstaman-an pou préché Bòn Nouvèl la, pou okipé pèp Bondié-a, pou sélébré kult Bondié-a sitou nan sakrifis Granmèt la.

Kanta nou minm, pitit yo nou rinmin anpil la, antan nou gin pou-n monté nan Òrd présbitéra-a, n-ap réalizé, nan mézi pa nou, fonksion sakré pou anségné-a nan Kris la ki Mèt la. Paròl Bondié-a sé tout moun pou nou bay li, sa nou minm minm nou té résévoua avèk kè kontan-an. Antan n-ap médité nan laloua Granmèt la, fè atansyon pou sa nou fi-n li-a nou kouè-l, sa nou fi-n kouè-a nou anségné-l, sa nou fi-n anségné-a nou pran modèl sou li.

Donk sé pou ansègnman nou-an vi-n tounin nouritu pou pèp Bondié-a, sé pou lodè lavi nou vi-n tounin yon réjouisans pou fidèl Kris yo, pou, ak paròl épi égzanp, nou bati kay la, sètadi Égliz Bondié-a.

Fonksion sanktifé-a, minm jan-an, sé pou nou réalizé-l nan Kris la. Gras a ministè nou-an réyéلمان, sakrifis spirituèl fidèl yo vi-n réalizé nèt antan li fè youn avèk sakrifis Kris la, li minm n-ap ofri ansanm avèk yo, pa lantrémiz min nou, sou lotèl la yon fason koté san pa koulé, nan sélébrasion mistè yo. Sé pou nou konnin donk ki sa n-ap fè, sé pou nou pran modèl sou sa n-ap touché-a, antan sé mistè lanmò ak rézirkéksion Granmèt la n-ap sélébré-a, nou fè éfò pou nou mòtifié manb nou yo sot nan tout vis épi pou nou maché nan nouvoté lavi-a.

Antan gras a Batèm nan nou fè moun yo antré nan pèp Bondié-a, antan gras a sakréman pénitans la nou padonnin péché yo onon Kris la ak Égliz la, antan gras a luil sint la nou soulajé malad yo, antan nou sélébré rit sakré yo, antan nou ofri louanj avèk aksion-d-gras épi priyè atravè lè jounin yo, pa sèلمان pou pèp Bondié-a min tou pou tout tè-a, sonjé byin nou minm sé nan pami moun yo, yo pran nou, épi sé pou moun yo, yo mété nou nan bagay yo ki konsènè Bondié-a. Donk fonksion Kris la ki Prèt la, sé pou nou déplouayé-l avèk kontantman tout tan nan yon véritab charité, antan nou pap chèché pròp intèrè pa nou yo min intèrè Jézu-Kri yo.

Anfin fonksion Kris la ki Tèt épi Pastè-a, antan n-ap réalizé-l, pitit yo mouin rinmin anpil la, antan nou fè youn avèk Évèk la épi

nou obéyi-l, sé pou nou fè éfò pou nou rasanblé fidèl yo nan yon sèl fanmi pou nou réyusi kondui yo pa lintèmédiè Kris la nan Èspri-Sin-an koté Bondié Papa-a. Égzanp bon Pastè-a, sé tout tan pou nou ginyin-l dévan jé nou, li minm ki pa-t vini pou fè yo sèvi-l, min pou sèvi, épitou ki té vini chèché épi sovè sa-k té pèdi-a.

Promès sa yo chouazi yo

124. Apré oméli-a, sa yo chouazi yo sèlman lèvé épi yo kanpé dévan Évèk la, li minm li intèrojé yo tout ansanm avèk paròl sa yo :

Pitit mouin rinmin anpil yo, anvan nou avansé nan Òrd présbitèra-a, li nésésé pou nou déklaré dévan pèp la désizyon pou nou résévoua fonksion-an.

Èské nou vlé akonpli san rété fonksion sasèrdòs la nan grad prèt yo kòm kolaboratè onèt Òrd Évèk yo antan nou okipé bann mouton Granmèt la anba diréksion Èspri-Sin-an ?

Tout sa yo chouazi yo ansanm yo réponn :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské nou vlé akonpli yon fason dign épi avèk sajès ministè paròl la nan préché Bòn Nouvèl la épi nan ékspliké lafoua katolik la ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské nou vlé sélébré ak piété épi ak fidèlité mistè Kris la pou louanj Bondié épi sanktifikasion pèp krétyin-an, dapré tradision Égliz la, sitou nan sakrifis Ékaristi-a épi sakréman rékonsiliation-an ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské nou vlé ansanm avèk nou inploré mizèrikòd Bondié-a pou pèp la yo konfié nou-an antan nou kinbé san rété kòmandman pou lapriyè-a ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské nou vlé jou an jou fè youn pi plis ak Kris la, Prèt ki anlè nèt la, li minm ki té ofri tèt li bay Papa-a pou nou tankou yon viktim san tach la, épi, ansanm avèk li, konsakré pròp tèt pa nou bay Bondié pou nou sovè moun yo ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé avèk sékou Bondié.

125. Apré sa, chak sa yo chouazi yo proché kot Évèk la épi, li ajénou dévan li, li mété min li yo kontré anndan min Évèk la, sof si dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo, n. 11, sa fikse otréman.

Évèk la intèrojé sa yo chouazi-a antan-l di, si sé Òrdinè-l li yé :

Èské ou promèt mouin minm épi siksésè-m yo réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si Évèk la pa Òrdinè-l, li di :

Èské ou promèt Òrdinè-ou la réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si sa yo chouazi-a li rélijjié, Évèk la di :

Èské ou promèt Évèk diosézin-an épi sipériè léjitim ou-an réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Sint Pèpétu é Félisité,	lapriyè pou nou.
Sint Agnès,	lapriyè pou nou.
Sin Grégoua,	lapriyè pou nou.
Sint Ogustin,	lapriyè pou nou.
Sint Atanaz,	lapriyè pou nou.
Sin Bazil,	lapriyè pou nou.
Sin Martin,	lapriyè pou nou.
Sin Benoua,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua é Dominik,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua (Gzavié),	lapriyè pou nou.
Sin Jan-Mari (Viané),	lapriyè pou nou.
Sint Katri-n (de Sièn),	lapriyè pou nou.
Sint Tèrèz de Jézu,	lapriyè pou nou.
Tout sin ak sint Bondié yo,	lapriyè pou nou.
Fè kè-ou sansib pou nou,	délivré nou, Granmèt.
Anba tout mal,	délivré nou, Granmèt.
Anba tout péché,	délivré nou, Granmèt.
Anba lanmò k-ap diré tout tan-an,	délivré nou, Granmèt.
Gras a inkarnasion-ou nan,	délivré nou, Granmèt.
Gras a lanmò-ou la ak réziréksion-ou nan,	délivré nou, Granmèt.
Gras a vidé ou vidé Éspri-Sin-an,	délivré nou, Granmèt.
Nou minm péchè yo,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou Égliz ou-a ki sin-an ou aksépté kondui-l épi konsèvé-l,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou domèn Apostolik la épi tout òrd ékléziastik yo ou aksépté konsèvé yo nan rélijion ki sin-an,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou sa-a ou chouazi-a (sa yo ou chouazi yo) ou aksépté béni li (yo),	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou sa-a ou chouazi-a (sa yo ou chouazi yo) ou aksépté béni li (yo) épi sanktifié li (yo),	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou sa-a ou chouazi-a (sa yo ou chouazi yo) ou aksépté béni li (yo), sanktifié li (yo) épi konsakré li (yo),	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou tout pèp yo ou aksépté ba yo lapè
 épi véritab unité-a, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou tout moun k-ap pasé tray,
 ou aksépté ba yo mizérikòd ou-a
 an kantité, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou nou minm minm, ou aksépté asiré nou
 épi konsèvé nou
 nan sèvis ou-a ki sin-an, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Jézu, Pitit Bondié vivan-an, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
 Kris, kouté nou. Kris, kouté nou.
 Kris, réponn nou. Kris, réponn nou.

128. Aprè chan litani yo fini, Évèk la antan-l kanpé, min-l louvri, li di :

**Kouté nou, tanpri Granmèt Bondié nou
 épi, sou sèvitè-ou sa yo vidé bédiksyon Éspri-Sin-an
 épi puisans gras sasèrdotal la ;
 pou sa yo nou prezanté dévan jé bon kè-ou la pou konsakré yo-a,
 ou fè yo jouinn kado-ou la ak jénérozité ki pa sispann.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Diak la, si ka-a prezanté, avèti :

An nou lévé.

Épi tout moun lévé.

Inpozision min yo épi Priyè Òrdinasion-an

129. Sa yo chouazi yo lévé, yo chak proché kot Évèk la ki kanpé dévan sièj
 la avèk mitr, épi dévan-l li mét ajénou.

130. Évèk la pozé min sou tèt chak sa yo chouazi yo san-l pa di anyin.

Apré Évèk la fi-n pozé min-an, tout prêt yo ki prézan yo, antan yo abiyé
 avèk étòl, yo pozé min sou chak sa yo chouazi yo san yo pa di anyin.

Apré inpozision min yo minm, prêt yo rété alantou Évèk la joutan Priyè
 Òrdinasion-an fini, yon fason kanminm pou aksion-an fidèl yo kapab ouè-l
 byin.

131. Antan sa yo chouazi yo ajénou dévan-l, Èvèk la, antan li rétiré mitr la, di Priyè Òrdinasion-an avèk min li louvri.

Rét prézan, Granmèt, Papa ki sin,
 Bondié ki gin tout pouvoua ki la dépi tout tan é pou tout tan,
 ou minm ki fè dignité moun nan
 épi ki distribué tout gras yo,
 ou minm gras a ou tout bagay yo fè progrè-a,
 ou minm gras a ou tout bagay yo asiré-a,
 ou minm ki dispozé minis Kris la Pitit ou-a,
 pou fòmé pèp sasèrdotal la gras a puisans Èspri-Sin-an
 avèk divès òrd ladan-l.

Déja nan ansyin Téstaman-an,
 fonksion yo institué yo, té pran fòs gras a rit sakré mistik yo,
 ki fè lè-ou té mété moun pou édé Moyiz avèk Aaron,
 ou té chouazi mesié pou ba yo konkou
 nan akonpagné yo épi travay avèk yo
 nan dézièm ran ak dignité.

Konsa nan dézè-a,
 pa lantrémiz intèlijans souasanndis mesié ki gin prudans yo,
 ou té transmèt èspri Moyiz la ;
 antan-l sèvi avèk konkou yo, li té kondui pèp ou-a pi fasil.

Konsa nan pitit Aaron yo
 ou té fè sa-k plin papa-a pasé an abondans
 pou nan sakrifis tant yo,
 yo minm ki té lonbraj byin ki té gin pou vini yo,
 sèvis prèt yo té sifizan dapré Laloua-a.

An dènié réyèlman, Papa ki sin, ou té voyé Pitit ou-a sou tè-a,
 Jézu, Apot épi Pontif déklarasion lafoua nou-an.

Li minm minm, pa lintèmediè Èspri-Sin-an,
 sé pròp tèt pa-l minm li té ofri ba ou san tach,
 épi Apot li yo, ki konsakré nan vérité-a,
 li té fè yo patispé nan mision li-an ;
 yo minm ou té ajouté konpagnon ba yo-a
 pou anonsé épi pou akonpli travay sové-a sou tout tè-a.

Koulié-a minm, Granmèt, tanpri,
 bay féblès nou éd sa yo,
 yo minm nou bézouin pou réalizé sasèrdòs apostolik la.

Mété, tanpri, Papa ki gin tout pouvoua,
 nan sèvitè-ou sa yo, dignité prèt la ;
 rénouvle nan zantray yo
 Èspri sinteté-a ;
 antan yo résévoua sa nan min-ou, Bondié,
 sé pou yo kinbé fonksion dézièm degré-a,
 sé pou yo invité nan douati konduit moral la
 gras a égzanp konpòtman yo.

Sé pou yo onèt kolaboratè Òrd nou-an,
 pou paròl Évanjil yo,
 gras a prèch yo-a,
 donnin frui nan kè moun yo,
 avèk gras Èspri-Sin-an,
 épi rivé jous nan bout tè-a.

Sé pou avèk nou
 yo vi-n tounin fidèl administratè mistè-ou yo
 pou pèp ou-a
 vi-n rénouvle gras a bingn nouvo nésans la
 épi réfè apati lotèl ou-a,
 épi pou péchè yo rékonsilié
 épi pou malad yo soulajé.

Sé pou yo fè youn avèk nou, Granmèt,
 pou inploré mizèrikòd ou-a
 pou pèp la yo konfié yo-a,
 épi pou tout tè-a.

Konsa plénitud nasion yo ki rasanblé nan Kris la
 ap vi-n tounin yon sèl pèp ou-a,
 ki pou fi-n apouin nèt nan péyi-roua-ou la.

Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou, Pitit ou,
 ki vivan é ki roua ansanm avèk ou
 ansanm avèk Èspri-Sin-an, Bondié,
 pou tout tan gin tan.

Tout moun :

Amèn.

Onksion min yo épi rémiz pin-an ak divin-an

132. Lè Priyè Òrdinasion-an fini, tout moun chita, Èvèk la rèsévoua mitr la, sa yo fèk Òrdoné yo lèvé, prèt yo ki té kanpé yo tounin nan plas yo, kèk kanminm nan yo pozé étòl la sou chak sa yo fèk Òrdoné yo nan fason prèt yo épi yo abiyé-l avèk chazub.

133. Apré sa, Èvèk la pran tabliyé an toual la épi antan yo avèti pèp la jan sa konvnab, avèk sin krèm nan li fè onksion nan plat min chak sa yo fèk Òrdoné yo ki ajénou dévan-l nan, antan-l di :

Granmèt Jézu-Kri,
li minm Papa-a té bay onksion avèk Éspri-Sin-an épi puisans la,
sé pou-l konsèvé-ou pou sanktifé pèp krétyin-an
épi pou ofri sakrifis la bay Bondié.

Apré sa, Èvèk la épi sa yo fèk Òrdoné yo lavé min.

134. Pandan sa yo fèk Òrdoné yo y-ap abiyé avèk étòl la épi chazub la, épi pandan Èvèk la ap fè onksion min yo, yo chanté réfrin-an :

Prèt pou tout tan, Kris la Granmèt la,
dapré ran Mèlkisédèk la
té ofri pin épi divin. (T. P. Alélouya).

avèk réfrin Psòm 109 (110), oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an sitou lè Psòm 109 (110) yo té sèvi avèk li kòm Psòm réponsorial nan litiji paròl la.

Psòm 109 (110)

Granmèt la di Granmèt mouin : *

« Chita adouat mouin,
 joustan mouin mété ènmi-ou yo *
 kòm éskabo pié-ou yo.

(Yo répété réfrin-an)

Baton pouvoua-ou la sé pou Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *

kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
 Avèk ou sé kòmandman nan jou puisans ou-a †
 nan klètè ki sin yo,*
 sot nan vant anvan solèy lèvé mouin té anfanté-ou.

(Yo répété réfrin-an)

Granmèt la fè sèman épi li pap régrèt li : *

« Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédèk la.

(Yo répété réfrin-an)

Granmèt la adouat ou, *

l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.

Nan riviè-a sou rout la l-ap bouè, *

sé pou sa l-ap lèvé tèt.

(Yo répété réfrin-an)

Yo pa di Gloria Patri (Viv Papa-a). Sèlman Psòm nan yo koupé-l épi yo répété réfrin-an lè tout sa yo fèk Òdoné yo fi-n résévoua onksion min yo.

135. Apré sa, fidèl yo poté pin sou patèn nan épi kalis la antan yo mété dlo ak divin ladan-l pou sélébrasion Mès la. Yon diak résévoua yo épi poté yo bay Évèk la, li minm li rinmèt yo nan min chak sa yo fèk Òdoné ki ajénou dévan-l, antan-l di :

Résévoua ofrann pèp sin-an

pou ofri bay Bondié.

Sé pou konnin sa ou-ap fè-a

sé pou pran modèl sou sa ou-ap touché-a

épi lavi-ou sé pou konfòmé-l ak mistè koua Granmèt la.

136. Anfin, Évèk la bay chak sa yo fèk Òdoné yo yon akolad antan-l di :
Lapè avèk ou.

Sa yo fèk Òdoné-a réponn :

É avèk ou minm tou. [É avèk éspri-ou tou].

Tout prêt yo oubyin omouin kèk nan sa-k prézan yo, fè minm jan-an.

137. Pandan tan sa-a yo kapab chanté répons la :

Mouin pa rélé nou sèvitè ankò,

min zanmi mouin yo

paské nou konnin tout bagay yo mouin té fè nan mitan nou yo (alélouya).

* Résévoua Éspri-Sin-an nan nou, Paraklè-a.

† Li minm sé sa Papa-a ap voyé ba nou-an (alélouya).

Nou sé zanmi mouin si n-ap fè sa mouin kòmandé nou yo.

* Résévoua.

‡ Viv Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an.

† Li minm

Oubyin yon lòt réfrin :

**Nou minm sé zanmi-m nou yé,
si nou fè sa mouin kòmandé nou yo,
sé sa Granmèt la di. (T. P. Alélouya.)**

avèk Psòm 99 (100), oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk répons la oubyin avèk réfrin-an sitou lè Psòm 99 (100) yo té sèvi avèk li kòm Psòm réponsorial nan litiji paròl la.

Psòm 99 (100)

Pousé rèl kontantman pou Granmèt la tout tè-a, *
Sèvi Granmèt la nan kè kontan :
Antré dévan fas li *
nan fèt.

(Yo répété réfrin-an)

Sé pou nou konnin Granmèt la sé li minm ki Bondié, †
sé li minm ki té fè nou épi sé afè pa-l nou yé, *
pèp li épi mouton patiraj li.
Antré nan pòtay li yo avèk déklarasion, †
nan lakou li yo avèk imn, *
sé pou nou rékonèt li, fè konpliman pou non-l.

(Yo répété réfrin-an)

Sèké Granmèt la bon ; †
pou tout tan mizèrikòd li-a, *
épi sot nan jénèrasion al nan jénèrasion vérité-l la.

(Yo répété réfrin-an)

Yo pa di Gloria Patri (Viv Papa-a) min yo koupé Psòm nan épi yo répété réfrin-an lè Évèk la épi prèt yo fi-n bay sa yo fèk Òdoné yo akolad lapè-a.

138. Mès la kontinué kòm dòdinè. Yo di Sinbòl la dapré rubrik yo ; yo soté priyè inivèsèl la.

Litiji ékaristik

139. Litiji ékaristik la, yo konsélébré-l kòm dòdinè ; sèlman yo soté préparasion kalis la.

140. Nan Priyè ékaristik la Évèk la oubyin youn nan prèt yo k-ap konsélébré yo fè mansion prèt yo fèk Òdoné yo dapré fòmul sa yo :

a) Nan Priyè ékaristik I-an, Évèk la di Hanc igitur (Granmèt tanpri asképté sa n-ap ofri-ou la) pròp:

Sèvis ofrann nou sa-a donk,
 min tou pa tout fanmiy ou-a,
 sa n-ap ofri-ou tou pou sèvitè-ou sa yo,
 ou aksépté lèvé nan Òrd présbitéra-a,
 nou priyé, Granmèt, pou ou aksépté-l ak byinvéyans,
 épi pou-ou kinbé kado-ou yo ak bon kè nan yo,
 pou, sa y-ap rapousuiv la ak chaj Bondié-a,
 yo jouinn li ak rézilta Bondié yo.
(Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. Amèn).

b) **Nan intèsésion Priyé ékaristik II-a apré mo** ...congregemur in unum (...fè Léspri Sin-an rasanblé nou fè youn, poutèt Kò ak San Jézu-Kri n-ap manjé-a), **yo di:**

Sonjé, Granmèt, Égliz ou-a ki gayé sou tout tè-a,
 pou-ou fè-l vi-n kòrèk nèt nan charité-a
 ansanm avèk Pap nou-an **N.** ak Évèk nou-an **N.**
 Sonjé tou sèvitè-ou sa yo,
 ou té vlé prévoua jodi-a kòm prèt pou Égliz la,
 ak tout klèjé-a.

Sonjé tout frè nou yo tou...

c) **Nan intèsésion Priyé ékaristik III-a, apré paròl** ...ad totius mundi pacem atque salutem (pou kè tout moun pozé é pou yo jouinn délivrans) **yo di:**

Égliz ou-a ki an pèlerinaj sou tè-a,
 aksépté asiré-l nan lafoua ak charité
 ansanm ak Pap nou-an **N.** ak Évèk nou-an **N.**,
 ansanm ak òrd épiskopal la ak sèvitè-ou sa yo,
 ki òrdoné jodi-a kòm prèt Égliz la,
 ak tout klèjé-a,
 ak tout pèp éritaj ou-a.

Tanpri, kouté priyé fanmiy ou-an...

d) **Nan intèsésion Priyé ékaristik IV la, apré mo** ...ad laudem gloriae tuae (é tou sa va bèl louanj ak konpliman pou ou) **yo di:**

Koulié-a minm, Granmèt, sonjé tout moun yo,
 nou ofri sakrifis sa-a ba ou pou yo-a,
 toudabò sèvitè-ou Pap nou-an **N.**,
 Évèk nou-an **N.**,

ak tout òrd Évèk yo,
 épi sèvitè-ou sa yo
 ou aksépté chouazi jodi-a pou sèvis présbitéral pèp ou-a,
 épi tout klèjé-a tou;
 Sonjé tou moun yo k-ap ofri-a,
 ni sa yo ki prézan-an,
 ni tout pèp ou-a,
 ni tout moun k-ap chèché-ou ak kè sinsè.
 Sonjé frè nou yo...

141. Paran yo ak pròch sa yo fèk Òdoné yo kapab résévoua Kominion sou toulèdè espès.

142. Apré distribision Kominion-an fini, yo kapab chanté yon kantik aksion-d-gras. Priyè apré Kominion-an vini apré chan-an.

Rit konklizion

143. Nan plas bénédiksion òdinè-a, yo kapab di bénédiksion ki vi-n apré-a. Diak la kapab di invitatoua-a :

Bésé tèt nou pou bénédiksion-an.

oubyin ki éksprimé ak dòt paròl.

Apré sa, Évèk la, min lonjé sou sa yo fèk Òdoné yo épi pèp la, li di bénédiksion-an :

**Sé pou Bondié ki instalé Égliz la épi k-ap dirijé-l la
 protéjé nou tout tan ak gras li
 pou nou réalizé chaj présbitéra-a avèk nanm fidèl.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk la :

**Sé pou-l fè nou sèvitè
 ak témouin charité ak vérité Bondié-a sou tè-a,
 épi minis fidèl rékonsiliation-an.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk la :

Épi sé pou-l fè nou vrè pastè,
ki bay fidèl yo pin vivan-an ak paròl lavi-a,
pou yo dévlopé pi plis antan y-ap fè yon sèl ak Kò Kris la.

Tout moun :

Amèn.

Évèk la :

Épi nou tout ki prézan ansanm isit la,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ✠ ak Pitit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
béni nou byin béni.

Tout moun :

Amèn.

144. Apré yo fi-n bay bénédikcion-an épi apré diak la fi-n ranvouayé pèp
la, yo fè prosésion al nan sakristi-a kòm dòdinè.

RIT ÒRDINASON PRÈT YO
LÈ SÉ YON SÈL Y-AP BAY LI

145. Sa yo prezanté pi ro-a nan Sa pou noté anvan yo, nn. **107-117** li gin valè tou pou Rit Òrdinasion Prèt yo lè sé yon sèl y-ap bay li.

Rit pou kòmansé épi Litiji paròl la

146. Antan tout bagay dispoze jan sa doué fèt la, yo òganizé prosésion-an atravè légliz la nan diréksion lotèl la kòm dòdinè. Sa yo pral òrdoné-a épi prèt yo k-ap konsélébré yo suiv diak la k-ap poté liv Évanjil yo épi lòt diak yo, si yo prézan, épi anfin Évèk la épi yon ti kras an ariè li, dé diak yo k-ap asisté-l yo. Lè yo rivé bò lotèl la, apré révérens yo doué fè-a, tout moun proché nan koté yo dézigné pou yo-a.

Pandan tan sa-a yo chanté réfrin pou antré-a avèk Psòm li-an oubyin yon lòt chan ki adapté.

147. Rit pou kòmansé yo épi litiji paròl la, yo fè yo kòm dòdinè joutan Évanjil la fi-n proklamé.

Òrdinasion-an

148. Apré sa, yo kòmansé Òrdinasion prèt la.

Évèk la alé, si sa nésésè, koté chèz ki préparé pou Òrdinasion-an, épi yo fè prezantasion kandida-a.

Choua kandida-a

149. Sa yo pral Òrdoné-a, diak la rélé-l nan fason sa-a :

Sé pou-l avansé sa yo gin pou òrdoné prèt la.

Épi tousuit minm diak la di non-l ; épi sa yo rélé-a di :

Prézan,

épi li avansé kot Évèk la, li fè révérens dévan-l.

150. Antan-l kanpé dévan Évèk la, prèt la Évèk la délé-g-a di :

Trè Révéran Pèr, sint Égliz la ki Manman-an, mandé pou frè nou sa-a ou òrdoné-l pou chaj présbitéra-a.

Évèk la intèrojé-l, antan-l di :

Èské ou konnin si-l dign ?

Li minm li réponn :

Apati késion yo pozé pèp krétyin-an épi vòt favorab mesié yo ki gin doua pou sa, mouin témouagné yo té jouinn li dign.

Évèk la :

Ak sékou Granmèt Bondié nou, épi Sovè nou Jézu-Kri, nou chouazi frè nou sa-a pou Òrd présbitéra-a.

Tout moun di :

Mèsi Bondié, mèsi.

oubyin yon lòt fason ki fiksé dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Oméli-a

151. Lè sa-a atò Évèk la, pandan tout moun chita, li fè oméli-a koté antan li kòmansé apati tèks léktu yo, sa yo li nan litiji paròl la, li palé ak pèp la épitou sa yo chouazi-a osijè fonksion prèt yo. Osijè kalité fonksion sa-a minm, li kapab palé avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo :

Frè-m yo mouin rinmin anpil la, kòm pitit nou sa-a ki fè pati fanmi nou oubyin zanmi nou, talè konsa sé nan Òrd prèt yo li gin pou-l antré-a, avèk atansion an nou égzaminé nan ki ministè nan Égliz la li gin pou monté.

Sètènman tout pèp Bondié-a ki sin-an, yo fè-l tounin yon sasèrdòs rouayal nan Kris la. Sèlman li minm gran Prèt nou-an, Jézu-Kri, té chouazi kèk disip ki t-ap réalizé nan Égliz la dévoua sasèrdotal la piblikman pou moun yo onon li. Li minm réyéلمان Papa-a té voyé-l la, li té voyé Apot yo sou tè-a pou, pa lintèmédiè yo épi siksesè yo, Évèk yo, li té kontinué réalizé fonksion li kòm Mèt, kòm Prèt épi kòm Pastè. Prèt yo minm ki vi-n tounin koopératé Òrd Évèk yo, li minm ki fè youn avèk yo nan fonksion sasèrdotal la, yo rélé yo nan sèvis pèp Bondié-a.

Frè sa-a, antan li pran tan pou réfléchi sou bagay la, li gin pou résévoua òrdinasion-an pou sasèrdòs la nan Òrd prèt yo,

pou-l sèvi Kris la ki Mèt, Prèt épi Pastè, gras a ministè li, kò Kris la, sètadi Égliz la, bati épi dévlopé kòm pèp Bondié, kòm tanp sin.

Antan li vi-n sanblé ak Kris la, Prèt anlè nèt la épi pou tout tan-an, antan li fè youn avèk Évèk li nan sasèrdòs la, l-ap konsakré-l kòm véritab prèt Nouvo Téstaman-an pou préché Bòn Nouvèl la, pou okipé pèp Bondié-a, pou sélébré kult Bondié-a sitou nan sakrifis Granmèt la.

Kanta ou minm, pitit mouin rinmin anpil la, antan ou gin pou monté nan Òrd présbitéra-a, ou-ap réalizé, nan mézi pa-ou, fonksion sakré pou anségné-a nan Kris la ki Mèt la. Parò Bondié-a sé tout moun pou ou bay li, sa ou minm minm ou té résévoua avèk kè kontan-an. Antan ou-ap médité nan laloua Granmèt la, fè atansyon pou sa ou fi-n li-a ou kouè-l, sa ou fi-n kouè-a ou anségné-l, sa ou fi-n anségné-a ou pran modèl sou li.

Donk sé pou ansègnman-ou nan vi-n tounin nouritu pou pèp Bondié-a, sé pou lodè lavi-ou vi-n tounin yon réjouisans pou fidèl Kris yo, pou, ak paròl épi égzanp, ou bati kay la, sètadi Égliz Bondié-a.

Fonksion sanktifé-a, minm jan-an, sé pou-ou réalizé-l nan Kris la. Gras a ministè-ou la réyéلمان, sakrifis spirituèl fidèl yo vi-n réalizé nèt antan li fè youn avèk sakrifis Kris la, li minm ou-ap ofri ansanm avèk yo, pa lantrémiz min-ou, sou lotèl la yon fason koté san pa koulé, nan sélébrasyon mistè yo. Sé pou-ou konnin donk ki sa ou-ap fè, sé pou-ou pran modèl sou sa ou-ap touché-a, antan sé mistè lanmò ak réziréksion Granmèt la ou-ap sélébré-a, ou fè éfò pou-ou mòtifié manb ou yo sot nan tout vis épi pou-ou maché nan nouvo té lavi-a.

Antan gras a Batèm nan ou fè moun yo antré nan pèp Bondié-a, antan gras a sakréman pénitans la ou padonnin péché yo onon Kris la ak Égliz la, antan gras a luil sint la ou soulajé malad yo, antan ou sélébré rit sakré yo, antan ou ofri louanj avèk aksion-d-gras épi priyé atravè lè jounin yo, pa sèلمان pou pèp Bondié-a min tou pou tout tè-a, sonjé byin ou minm sé nan pami moun yo, yo pran-ou, épi sé pou moun yo, yo mété-ou nan bagay yo ki konsèné Bondié-a. Donk fonksion Kris la ki Prèt la, sé pou ou déplouayé-l avèk kontantman tout tan nan yon véritab charité, antan-ou pap chèché pròp intèrè pa-ou yo min intèrè Jézu-Kri yo.

Anfin fonksion Kris la ki Tèt épi Pastè-a, antan ou réalizé-l, pitit mouin rinmin anpil la, antan ou fè youn avèk Évèk la épi ou obéyi-l, sé pou-ou fè éfò pou-ou rasanblé fidèl yo nan yon sèl fanmi pou-ou réyusi kondui yo pa lintèmédiè Kris la nan Éspri-Sin-an koté Bondié Papa-a. Égzanp bon Pastè-a, sé tout tan pou-ou ginyin-l dévan jé-ou, li minm ki pa-t vini pou fè yo sèvi-l, min pou sèvi, épitou ki té vini chèché épi sové sa-k té pèdi-a.

Promès sa yo chouazi-a

152. Apré oméli-a, sa yo chouazi-a sèlman lèvé épi li kanpé dévan Évèk la, li minm li intèrojé-l avèk paròl sa yo :

Pitit mouin rinmin anpil la, anvan ou avansé nan Òrd présbitéra-a, li nésésé pou-ou déklaré dévan pèp la désizion pou-ou résévoua fonksion-an.

Èské ou vlé akonpli san rété fonksion sasèrdòs la nan grad prèt yo kòm kolaboratè onèt Òrd Évèk yo antan ou okipé bann mouton Granmèt la anba diréksion Éspri-Sin-an ?

Sa yo chouazi-a réponn :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé akonpli yon fason dign épi avèk sajès ministè paròl la nan préché Bòn Nouvèl la épi nan ékspliké lafoua katolik la ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé sélébré ak piété épi ak fidéлитé mistè Kris la pou louanj Bondié épi sanktifikasyon pèp krétyin-an, dapré tradision Égliz la, sitou nan sakrifis Ékaristi-a épi sakréman rékonsiliation-an ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé ansanm avèk nou inploré mizèrikòd Bondié-a pou pèp la yo konfié-ou la antan ou kinbé san rété kòmandman pou lapriyé-a ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé jou an jou fè youn pi plis ak Kris la, Prèt ki anlè nèl la, li minm ki té ofri tèt li bay Papa-a pou nou tankou yon viktim san tach la, épi, ansanm avèk li, konsakré pròp tèt pa-ou bay Bondié pou-ou sovè moun yo ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé avèk sékou Bondié.

153. Apré sa, sa yo chouazi-a proché kot Évèk la épi, li ajénou dévan li, li mété min li yo kontré anndan min Évèk la, sof si dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo, n. 11, sa fiksé otréman.

Évèk la întèrojé sa yo chouazi-a antan-l di, si sé Òrdinè-l li yé :

Èské ou promèt mouin minm épi siksésè-m yo réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si Évèk la pa Òrdinè-l, li di :

Èské ou promèt Òrdinè-ou la réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si sa yo chouazi-a li rélijjié, Évèk la di :

Èské ou promèt Évèk diosézin-an épi sipériè léjitim ou-an réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Évèk la toujou fini :

Sa-a ki té kòmansé bon travay la nan ou-a, Bondié, li minm sé pou-l réalizé-l nèt.

Siplikasion litanik

154. Aprè sa, tout moun lèvé. Évèk la, lè-l fi-n déposé mitr la, antan-l kanpé, min li kontré, li viré nan diréksion pèp la, li di invasions-an :

**An nou priyé, nou minm nou rinmin anpil la,
Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
pou sou sèvitè-l sa-a,
li chouazi pou fonksion présbitéra-a,
li multiplié kado ki sot nan sièl yo.**

155. Lè sa-a atò, sa yo chouazi-a lonjé atè épi yo chanté litani yo pandan tout moun ap réponn ; bagay sa-a jou dimanch yo épi nan tan paskal la yo fè-l antan tout moun kanpé, lòt jou yo minm yo ajénou. Nan ka sa-a diak la avèti :

An nou mét ajénou.

Chantè yo kòmansé litani yo, cf. pi ro-a n. 127 ; invokasion yo kanminm sou sa yo chouazi-a, yo di yo o singilié.

156. Aprè chan litani yo fini, Évèk la antan-l kanpé, min-l louvri, li di (pou chan-an, cf. n. 128, antan yo chanjé kanminm nonb plirièl la) :

**Kouté nou, tanpri Granmèt Bondié nou
épi, sou sèvitè-ou sa-a vidé bédiksion Éspri-Sin-an
épi puisans gras sasèrdotal la ;
pou sa-a nou prézanté dévan jé bon kè-ou la pou konsakré-l la,
ou fè-l jouinn kado-ou la ak jénérozité ki pa sispann.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Diak la, si ka-a prézanté, avèti :

An nou lèvé.

Épi tout moun lèvé.

Inpozision min yo épi Priyè Òrdinasion-an

157. Sa yo chouazi-a lèvé, li proché kot Évèk la ki kanpé dévan sièj la avèk mitr, épi dévan-l li mét ajénou.

158. Évèk la pozé min sou tèt sa yo chouazi-a san-l pa di anyin.

Apré Évèk la fi-n pozé min-an, tout prêt yo ki prézan yo, antan yo abiyé avèk étòl, yo pozé min sou sa yo chouazi-a san yo pa di anyin. Apré impozision min yo minm, prêt yo rété alantou Evèk la joutan Priyè Òrdinasion-an fini, yon fason kanminm pou aksion-an fidèl yo kapab ouè-l byin.

159. Antan sa yo chouazi-a ajénou dévan-l, Évèk la, antan li rétiré mitr la, di Priyè Òrdinasion-an avèk min li louvri (pou chan-an, cf. n. 131, antan yo chanjé kanminm nonb plirièl la).

**Rét prézan, Granmèt, Papa ki sin,
Bondié ki gin tout pouvoua épi ki la dépi tout tan é pou tout tan,
ou minm ki fè dignité moun nan
épi ki distribué tout gras yo,
ou minm gras a ou tout bagay yo fè progrè-a,
ou minm gras a ou tout bagay yo asiré-a,
ou minm ki dispozé minis Kris la Pitit ou-a,
pou fòmè pèp sasèrdotal la gras a puisans Éspri-Sin-an
avèk divès òrd ladan-l.**

**Déja nan ansyin Téstaman-an,
fonksion yo institué yo, té pran fòs gras a rit sakré mistik yo,
ki fè lè-ou té mété moun pou édé Moyiz avèk Aaron,
ou té chouazi mesié pou ba yo konkou
nan akonpagné yo épi travay avèk yo
nan dézièm ran ak dignité.**

**Konsa nan dézè-a,
pa lantrémiz intèlijans souasanndis mesié ki gin prudans yo,
ou té transmèt éspri Moyiz la ;
antan-l sèvi avèk konkou yo, li té kondui pèp ou-a pi fasil.**

**Konsa nan pitit Aaron yo
ou té fè sa-k plin papa-a pasé an abondans,
pou nan sakrifis tant yo,
yo minm ki té lonbraj byin ki té gin pou vini yo,
sèvis prêt yo té sifizan dapré Laloua-a.**

**An dènié réyèlman, Papa ki sin, ou té voyé Pitit ou-a sou tè-a,
Jézu, Apot épi Pontif déklarasion lafoua nou-an.**

Li minm minm, pa lintèmèdiè Èspri-Sin-an,
 sé pròp tèt pa-l minm li té ofri ba ou san tach,
 épi Apot li yo, ki konsakré nan vérité-a,
 li té fè yo patisipé nan mision li-an ;
 yo minm ou té ajouté konpagnon ba yo-a
 pou anonsé épi pou akonpli travay sovè-a sou tout tè-a.

Koulié-a minm, Granmèt, tanpri, bay féblès nou èd sa yo,
 yo minm nou bézouin pou réalisé sasèrdòs apostolik la.

Mété, tanpri, Papa ki gin tout pouvoua,
 nan sèvitè-ou sa-a, dignité prèt la ;
 rénovlé nan zantray li Èspri sinteté-a ;
 antan-l résévoua sa nan min-ou, Bondié,
 sé pou-l kinbé fonksion dézièm dégré-a,
 sé pou-l invité nan douati konduit moral la
 gras a égzanp konpòtman li.

Sé pou-l onèt kolaboratè Òrd nou-an,
 pou paròl Évanjil yo,
 gras a prèch li-a,
 donnin frui nan kè moun yo,
 avèk gras Èspri-Sin-an,
 épi rivé jous nan bout tè-a.

Sé pou avèk nou
 li vi-n tounin fidèl administratè mistè-ou yo
 pou pèp ou-a
 vi-n rénovlé gras a bingn nouvo nésans la
 épi réfè apati lotèl ou-a,
 épi pou péchè yo rékonsilié
 épi pou malad yo soulajé.

Sé pou li fè youn avèk nou, Granmèt,
 pou inploré mizèrikòd ou-a
 pou pèp la yo konfié-l la,
 épi pou tout tè-a.

Konsa plénitud nasion yo ki rasanblé nan Kris la
 ap vi-n tounin yon sèl pèp ou-a,
 ki pou fi-n apouin nèt nan péyi-roua-ou la.

Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou, Pitit ou,
 ki vivan é ki roua ansanm avèk ou

**ansanm avèk Èspri-Sin-an, Bondié,
pou tout tan gin tan.**

Tout moun :

Amèn.

Onksion min yo épi rémiz pin-an ak divin-an

160. Lè Priyè Òrdinasion-an fini, tout moun chita, Èvèk la résévoua mitr la, sa yo fèk Òrdoné-a lèvé, prêt yo ki té kanpé yo tounin nan plas yo, youn kanminm nan yo pozé étòl la sou sa yo fèk Òrdoné-a nan fason prêt yo épi abiyé-l avèk chazub.

161. Apré sa, Èvèk la pran tabliyé an toual la épi antan yo avèti pèp la jan sa konvnan, avèk sin krèm nan li fè onksion nan plat min sa yo fèk Òrdoné-a ki ajénou dévan-l nan, antan-l di :

Granmèt Jézu-Kri,

**li minm Papa-a té bay onksion avèk Èspri-Sin-an épi puisans la,
sé pou-l konsèvé-ou pou sanktifé pèp krétyin-an
épi pou ofri sakrifis la bay Bondié.**

Apré sa, Èvèk la épi sa yo fèk Òrdoné-a lavé min.

162. Pandan sa yo fèk Òrdoné-a ap abiyé avèk étòl la épi chazub la, épi pandan Èvèk la ap fè onksion min yo, yo chanté réfrin-an :

**Prèt pou tout tan, Kris la Granmèt la,
dapré ran Mèlkisédek la
té ofri pin épi divin. (T. P. Alélouya).**

avèk réfrin Psòm 109 (110) : Granmèt la di Granmèt mouin, cf. pi ro-a n. 134, oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an sitou lè Psòm 109 (110) yo té sèvi avèk li kòm Psòm réponsorial nan litiji paròl la.

163. Apré sa, fidèl yo poté pin sou patèn nan épi kalis la antan yo mété dlo ak divin ladan-l pou sélébrasion Mès la. Yon diak résévoua yo épi poté yo bay Èvèk la, li minm li rinmèt yo nan min sa yo fèk Òrdoné-a ki ajénou dévan-l, antan-l di :

**Résévoua ofrann pèp sin-an
pou ofri bay Bondié.**

Sé pou konnin sa ou-ap fè-a

sé pou pran modèl sou sa ou-ap touché-a

épi lavi-ou sé pou konfòmé-l ak mistè koua Granmèt la.

164. Anfin, Évèk la bay sa yo fèk Òrdoné-a yon akolad antan-l di :

Lapè avèk ou.

Sa yo fèk Òrdoné-a réponn :

É avèk ou minm tou. [É avèk éspri-ou tou].

Tout prèt yo oubyin omouin kèk nan sa-k prézan yo, fè minm jan-an.

165. Pandan tan sa-a yo kapab chanté répons la tankou pi ro-a n. 137 :

✠ Mouin pa rélé nou sèvitè ankò, min zanmi mouin yo, paské nou konnin tout bagay yo mouin té fè nan mitan nou yo (alélouya).

*** Résévoua Éspri-Sin-an nan nou, Paraklè-a. † Li minm sé sa Papa-a ap voyé ba nou-an (alélouya).**

‡. Nou sé zanmi mouin si n-ap fè sa mouin kòmandé nou yo.

*** Résévoua.**

‡. Viv Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an.

† Li minm.

oubyin réfrin :

**Nou minm sé zanmi-m nou yé,
si nou fè sa mouin kòmandé nou yo,
sé sa Granmèt la di. (T. P. Alélouya.)**

avèk Psòm 99 (100) : Pousé rèl kontantman pou Granmèt la tout tè-a, cf. pi ro-a n. 137, oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk répons la oubyin avèk réfrin-an sitou lè Psòm 99 (100) yo té sèvi avèk li kòm Psòm résponsorial nan litiji paròl la.

166. Mès la kontinué kòm dòdinè. Yo di Sinbòl la dapré rubrik yo ; yo soté priyè inivèsèl la.

Litiji ékaristik

167. Litiji ékaristik la, yo konsélébré-l kòm dòdinè ; sèlman yo soté préparasion kalis la.

168. Nan Priyè ékaristik la Évèk la oubyin youn nan prèt yo k-ap konsélébré yo fè mansion prèt yo fèk sot Òrdoné-a dapré fòmul sa yo :

a) Nan Priyè ékaristik I-an, Évèk la di Hanc igitur (Granmèt tanpri asképté sa n-ap ofri-ou la) pròp:

Sèvis ofrann nou sa-a donk,
 min tou pa tout fanmiy ou-a,
 sa n-ap ofri-ou tou pou sèvitè-ou sa-a,
 ou aksépté lèvé nan Òrd présbitéra-a,
 nou priyé, Granmèt, pou ou aksépté-l ak byinvéyans,
 épi pou-ou kinbé kado-ou yo ak bon kè nan li,
 pou, sa l-ap rapousuiv la ak chaj Bondié-a,
 li jouinn li ak rézilta Bondié yo.
(Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. Amèn).

b) **Nan intèsésion Priyé ékaristik II-a apré mo** ...congregemur in unum (...fè Léspri Sin-an rasanblé nou fè youn, poutèt Kò ak San Jézu-Kri n-ap manjé-a), **yo di:**

Sonjé, Granmèt, Égliz ou-a ki gayé sou tout tè-a,
pou-ou fè-l vi-n kòrèk nèt nan charité-a
ansanm avèk Pap nou-an N. ak Évèk nou-an N..
Sonjé tou sèvitè-ou sa-a,
ou té vlé prévoua jodi-a kòm prèt pou Égliz la,
ak tout klèjé-a.

Sonjé tout frè nou yo tou...

c) **Nan intèsésion Priyé ékaristik III-a, apré paròl** ...ad totius mundi pacem atque salutem (pou kè tout moun pozé é pou yo jouinn délivrans) **yo di:**

Égliz ou-a ki an pèlerinaj sou tè-a,
aksépté asiré-l nan lafoua ak charité
ansanm ak Pap nou-an N. ak Évèk nou-an N.,
ansanm ak Òrd épiskopal la ak sèvitè-ou sa-a,
ki òrdoné jodi-a kòm prèt Égliz la,
ak tout klèjé-a,
ak tout pèp éritaj ou-a.

Tanpri, kouté priyé fanmiy ou-an...

d) **Nan intèsésion Priyé ékaristik IV la, apré mo** ...ad laudem gloriae tuae (é tou sa va bèl louanj ak konpliman pou ou) **yo di:**

Koulié-a minm, Granmèt, sonjé tout moun yo,
nou ofri sakrifis sa-a ba ou pou yo-a,
toudabò sèvitè-ou Pap nou-an N.,
Évèk nou-an N.,

ak tout Òrd Èvèk yo,
 épi sèvitè-ou sa-a
 ou aksépté chouazi jodi-a pou sèvis présbitéral pèp ou-a,
 épi tout klèjé-a tou;
 Sonjé tou moun yo k-ap ofri-a,
 ni sa yo ki prézan-an,
 ni tout pèp ou-a,
 ni tout moun k-ap chèché-ou ak kè sinsè.
 Sonjé frè nou yo tou...

169. Paran yo ak pròch sa yo fèk Òrdoné-a kapab résévoua Kominion sou toulèdè espès.

170. Apré distribision Kominion-an fini, yo kapab chanté yon kantik aksion-d-gras. Priyè apré Kominion-an vini apré chan-an.

Rit konklizyon

171. Nan plas bénédiksion òdinè-a, yo kapab di bénédiksion ki vi-n apré-a. Diak la kapab di invitatoua-a :

Bésé tèt nou pou bénédiksion-an.

oubyin ki éksprimé ak dèt paròl.

Apré sa, Èvèk la, min lonjé sou sa yo fèk Òrdoné-a épi pèp la, li di bénédiksion-an :

**Sé pou Bondié ki instalé Égliz la épi k-ap dirijé-l la
 protéjé-ou tout tan ak gras li
 pou-ou réalizé chaj présbitéra-a avèk nanm fidèl.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

**Sé pou-l fè-ou sèvitè ak témouin charité ak vérité Bondié-a
 sou tè-a,
 épi minis fidèl rékonsiliation-an.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

**Épi sé pou-l fè-ou vrè pastè,
ki bay fidèl yo pin vivan-an ak paròl lavi-a,
pou yo dévlopé pi plis antan y-ap fè yon sèl ak Kò Kris la.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk la :

**Épi nou tout ki prézan ansanm isit la,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ✠ ak Pitit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
béni nou byin béni.**

Tout moun :

Amèn.

172. Apré yo fi-n bay bénédikcion-an épi apré diak la fi-n ranvouayé pèp la, yo fè prosésion al nan sakristi-a kòm dòdinè.

CHAPIT III

ÒRDINASON DIAK YO

SA POU YO NOTÉ ANVAN

I

INPÒTANS ÒRDINASON-AN

173. Pa lantrémiz inpozision min yo, sa yo té transmèt dépi apati Apot yo, diak yo résévoua òrdinasion-an pou yo akonpli avèk éfikasité ministè yo pa pouvoua gras sakramantèl la. Sé pousa Òrd sakré diakona-a déja dépi nan premié tan Apot yo, Égliz katolik la té gin gran konsidérasion pou li.¹

174. « Sé dévoua diak la, dapré sa otorité ki gin doua-a ba li pou-l fè, pou-l administré batèm nan yon fason solanèl, pou-l konsèvé épi distribué Ékaristi-a, asisté épi béni mariaj la onon Égliz la, poté Viatik la bay moun k-ap mouri yo, li Ékri sakré-a bay fidèl yo, instoui épi ankourajé pèp la, prézidé kult avèk priyé fidèl yo, administré sakramantèl yo, prézidé rit finéray yo ak antèman-an. Antan y-ap dévoué pou fonksion charité-a ak administrasion-an, sé pou diak yo sonjé avètisman sin Polikarp la: “Yo gin mizérèkòd, yo anprésé, y-ap maché dapré vérité Granmèt la ki té fè tèt li sèvitè tout moun” ».²

175. Moun ki gin pou résévoua òrdinasion pou diakona-a, sof sa yo ki admi nan yon institu klérikal pa lintèmediè vé, Évèk la doué admèt yo anvan nan pami kandida yo.³

176. Pa lantrémiz òrdinasion diakonal la, yo antré nan éta klérikal la épi yo inkardiné nan yon diosèz oubyin yon prélatu pèsonèl.

177. Pa lantrémiz séliba-a yo aksépté kinbé avèk libèté dévan Égliz la, kandida pou diakona-a yo konsakré yon nouvo fason bay Kris la. Minm sa yo ki fè vé chasteté pèpétuèl nan institu rélijijé yo oblijé montré sa yon fason publik.

178. Fonksion Égliz la k-ap fè louanj Bondié épi ki, pou sovè tè-a, ap rélé Kris la épi pa lintèmediè-l Papa-a, yo konfié diak yo li nan sélébrasion

¹ Cf. Paulus VI, Litt. apost. *Sacrum diaconatus Ordinem*, 18 Iunii 1967 : A.A.S. 59 (1967) 697-704.

² Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 29.

³ Cf. Paulus VI, Litt. apost. *Ad pascendum*, n. I : A.A.S. 64 (1972) 538; CIC, can. 1034.

Òrdinasion-an, yon fason pou yo akonpli Litiji Lè yo pou tout pèp Bondié-a, pi plis toujou pou tout tè-a.

II

DÉVOUA YO AK MINISTÈ YO

179. Sé dévoua tout fidèl diosèz la pou yo akonpagné kandida pou diakona-a ak priyè. Sa fèt sitou nan priyè inivèsèl Mès la épi nan priyè Vèp yo.

Paské diak la « yo òrdoné-l nan sèvis Évèk la »⁴, sé pou yo invité manb klèjé yo épi lòt fidèl yo nan Òrdinasion yo, pou yo prézan nan pi gran kantité posib nan sélébrasion-an. Sitou tout diak yo, sé pou yo invité yo nan sélébrasion Òrdinasion-an.

180. Minis Òrdinasion sakré-a sé Évèk la. Youn nan oksiliè Évèk la yo té délégué pou fòmasyon kandida yo, nan sélébrasion Òrdinasion-an, onon Égliz la, li mandé pou yo bay Òrd la épi li réponn nan kèsion osijè dignité kandida yo.

Nan sélébrasion Òrdinasion-an diak yo koopéré, yo minm ki mété vètman diakonal la sou sa yo sot Òrdoné yo. Si diak yo absan, dèt minis kapab ranpli fonksion sa-a. Diak yo oubyin omouin kèk nan yo salué frè yo ki fèk sot Òrdoné yo ak yon akolad kòm sign yo résévoua yo nan diakona-a.

III

SÉLÉBRASION ÒRDINASON-AN

181. Li konvtab pou Égliz lokal la, sa yo Òrdoné chak diak nan sèvis li-a, yo préparé-l pou sélébrasion Òrdinasion-an.

Kandida yo minm, gras a lapriyè nan silans, sé pou yo préparé pròp tèt yo pou Òrdinasion-an antan yo okipé pandan sink jou omouin nan égzèsis spirituèl yo.

182. Sélébrasion Òrdinasion-an, sé pou yo fè-l nan légliz katédral la oubyin nan légliz kominoté sa yo koté youn oubyin pliziè nan kandida yo soti, oubyin nan yon lòt légliz ki gin pi gran inpòtans. Si sa yo gin pou òrdoné diak yo fè pati kèk kominoté rélijijé, Òrdinasion-an kapab fèt nan légliz kominoté-a koté yo té égzèsé ministè yo-a.

183. Kom diakona-a sé yon sèl li yé, li konvtab pou minm nan sélébrasion Òrdinasion-an yo pa fè okinn distinksiyon an rézon kondision kandida yo.

⁴ Hippolytus, *Traditio Apostolica*, 8.

Min, dapré avantaj, yo kapab admèt yon sélébrasion spésial pou kandida ki marié oubyin ki pa marié.

184. Òrdinasion-an sé pou yo fè-l avèk prezans pi gran kantité fidèl posib nan jou dimanch oubyin fèt, sof si rézon pastoral konséyé yon lòt jou. Sé pou yo retiré kanminm Tridiòm Paskal la, Mèkredi Sann yo, tout Sémèn sint la épi Komémorasion tout fidèl défin yo.

185. Òrdinasion-an sé pou yo fè-l anndan solanité Mès yo ki sélébré dapré rit stasionèl la épi apré yo fi-n fè litiji paròl la, anvan litiji ékaristik la.

Yo kapab sévi avèk Mès rituèl « Pou bay Òrd sakré yo », sof nan Solanité yo, Dimanch Avan yo, Karèm, Pak épi jou anndan oktav Pak la. Lè sé jou sa yo ki rivé, yo di Mès jou-a avèk léktu li yo. Sèlman si nan lòt jou yo, yo pa di Mès rituèl la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè pou Mès rituèl la.

Priyé inivèsèl la, yo soté-l, paské litani yo pran plas la.

186. Lè yo fi-n di Évanjil la, Égliz lokal la mandé Èvèk la pou-l Òrdoné kandida yo. Prèt la ki délégé pou bagay sa-a, dévan pèp la, li fè Èvèk k-ap intèrojé-a konnin pa ginyin dout osijè kandida yo. Kandida yo dévan Èvèk la épi tout fidèl yo, yo ékspimé volonté yo pou yo égzèsé fonksion yo-a dapré lèspri Kris la épi Égliz la anba diréksion Èvèk la. Nan litani yo, tout moun mandé gras Bondié pou kandida yo.

187. Pa lintèmédiè inpozision min Èvèk la épi Priyé Òrdinasion-an, yo bay kandida yo kado Èspri-Sin-an pou fonksion diak yo. Paròl sa yo minm yo konsèné natu bagay la, atèlpouin yo égzijé yo pou aksion-an valid : « **Voyé nan yo, Granmèt, tanpri, Èspri-Sin-an, li minm gras a li, nan travay sèvis la yo gin pou égzèsé avèk fidèlité-a, yo gin pou résévoua fòs ak kado sèt fòm gras ou-a** ».

188. Tousuit apré Priyé Òrdinasion-an, sa yo fèk òrdoné yo abiyé avèk étòl diakonal la épi dalmatik la, ak sa yo montré sou pa déyò apati koulié-a ministè yo-a yo gin pou réalizé nan litiji-a.

Pa lintèmédiè rémiz liv Évanjil yo, yo indiké fonksion diak yo pou yo proklamé Évanjil la nan sélébrasion litijik yo épitou pou yo préché lafoua Égliz la nan paròl ak nan aksion.

Avèk akolad la, Èvèk la, nan yon sètin fason, pozé yon so nan akséptasion yo-a nan sèvis li-a ; diak yo avèk akolad la salué sa-k fèk òrdoné yo nan ministè ki komin pou Òrd yo-a.

189. Nan litiji ékaristik la, sa yo fèk Òrdoné yo égzèsé ministè yo-a pou premié foua, antan yo asisté Èvèk la, antan yo préparé lotèl la, antan yo distribué Kominion-an bay fidèl yo, sitou antan yo fè sèvis kalis la épi antan yo proklamé avètisman yo.

IV

SA YO DOUÉ PRÉPARÉ YO

190. An plis bagay yo ki nésèsè pou sélébrasion Mès stasionèl la, sé pou yo préparé :

a) Liv Òrdinasion-an ;

b) étòl épi dalmatik pou chak sa yo pral òrdoné yo.

191. Òrdinasion-an sé pou-l fèt dòdinè nan sièj la ; min si sa nésèsè poutèt patisipasion fidèl yo, y-ap préparé chèn pou Évèk la dévan lotèl la oubyin yon lòt koté ki pi konvnan.

Chèn pou sa yo pral òrdoné yo sé pou yo préparé yo yon fason pou aksion litijik la fidèl yo kapab ouè-l byin.

192. Évèk la épi prèt yo k-ap konsélébré yo, yo abiyé avèk vètman sakré yo, sa yo chak doué poté pou sélébrasion Mès la.

Sa yo pral òrdoné yo pran amikt la, ob la épi kòdon-an.

Vètman yo, sé pou yo koulè Mès la y-ap sélébré-a, otréman sé pou yo anplouayé koulè blan oubyin vètman fèt sètadi ki pi dign.

RIT ÒRDINASON DIAK YO

Rit pou kòmansé épi Litiji paròl la

193. Antan tout bagay dispoze jan sa doué fèt la, yo òganizé prosésion-an atravè légliz la nan diréksion lotèl la kòm dòdinè. Sa yo pral òrdoné yo vini anvan diak la k-ap poté liv Évanjil yo, sa yo pral sèvi avèk li nan Mès la épi Òrdinasion-an. Prèt k-ap konsélébré yo suiv lòt diak yo, si yo prézan, épi anfin Évèk la épi yon ti kras an ariè li, dé diak yo k-ap asisté-l yo. Lè yo rivé bò lotèl la, apré révéran yo doué fè-a, tout moun proché nan koté yo dézigné pou yo-a.

Pandan tan sa-a yo chanté réfrin pou antré-a avèk Psòm li-an oubyin yon lòt chan ki adapté.

194. Rit pou kòmansé yo épi litiji paròl la, yo fè yo kòm dòdinè joutan Évanjil la fi-n proklamé.

195. Apré léktu Évanjil la, diak la dépoze liv Évanjil yo ankò sou lotèl la avèk révéran koté li rété joutan yo rimmèt li bay sa y-ap Òrdoné yo.

Òrdinasion-an

196. Apré sa, yo kòmansé Òrdinasion diak yo.

Évèk la alé, si sa nésésè, koté chèz ki préparé pou Òrdinasion-an, épi yo fè prézantasion kandida yo.

Choua kandida yo

197. Sa yo pral Òrdoné yo, diak la rélé yo nan fason sa-a :

Sé pou yo avansé sa yo gin pou òrdoné diak yo.

Épi tousuit youn pa youn minm diak la di non yo ; épi chak sa yo rélé di :

Prézan,

épi li avansé kot Évèk la, li fè révéran dévan-l.

198. Lè yo tout ranjé dévan Évèk la, prèt la Évèk la délégé-a di :

Trè Révéran Pèr, sint Ègliz la ki Manman-an, mandé pou frè nou sa yo ou òrdoné yo pou chaj diakona-a.

Évèk la intèrojé-l, antan-l di :

Èské ou konnin si yo dign ?

Li minm li réponn :

Apati késion yo pozé pèp krétyin-an épi vòt favorab mesié yo ki gin doua pou sa, mouin témouagné yo té jouinn yo dign.

Évèk la :

Ak sékou Granmèt Bondié nou, épi Sovè nou Jézu-Kri, nou chouazi frè nou sa yo pou Òrd diakona-a.

Tout moun di :

Mèsi Bondié, mèsi.

oubyin yon lòt fason ki fiksé dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Oméli-a

199. Lè sa-a atò Évèk la, pandan tout moun chita, li fè oméli-a koté antan li kòmansé apati tèks léktu yo, sa yo li nan litiji paròl la, li palé ak pèp la épitou sa yo chouazi yo osijè fonksion diak yo antan-l konsidéré tou kondision sa yo gin pou òrdoné diak yo, sètadi èské sé sa yo chouazi ki marié épi ki pa marié, oubyin sa yo chouazi ki pa marié sèlman, oubyin sa yo chouazi ki marié sèlman. Osijè kalité fonksion sa-a minm, li kapab palé avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo :

Frè-m yo mouin rinmin anpil la, kòm pitit nou sa yo ki fè pati fanmi nou oubyin zanmi nou yo, talè konsa sé nan Òrd diak yo y-ap gin pou yo antré-a, avèk atansion an nou égzaminé nan ki ministè nan Ègliz la yo gin pou monté.

Antan yo fòtifii ak kado Éspri-Sin-an, y-ap ofri konkou bay Évèk la avèk group prêt li yo, antan yo montré yo sé sèvitè tout moun nan ministè paròl la, lotèl la épi charité-a. Antan yo vi-n tounin minis lotèl la, y-ap anonsé Bòn Nouvèl la, y-ap préparé sakrifis la, y-ap distribué Kò ak San Granmèt la bay fidèl yo.

An plis, dapré lòd Évèk la, yo gin pou ankourajé ni sa-k pa kouè yo ni fidèl yo épi fè ansègnman sakré-a antré nan yo, prézidé priyé yo, administré batèm, asisté mariaj épi béni li, poté viatik la bay sa k-ap mouri yo, prézidé rit finéray yo.

Antan yo konsakré pa lantrémiz inpozision min yo, yo transmèt dépi sot nan Apot yo, épi yo fè youn pi séré avèk lotèl la, y-ap akonpli ministè charité-a onon Èvèk la oubyin kuré-a. Nan tout bagay sa yo, sé pou yo aji yon fason pou, avèk sékou Bondié, nou konnin yo sé réyéلمان minis sa-a ki pa-t vini pou yo sèvi-l la min pou sèvi.

Kanta nou minm, pitit yo mouin rinmin anpil la, antan yo fè nou antré nan Òrd diak la, Granmèt la té ba nou égzanp pou minm jan li minm li té fè-a konsa tou nou minm nou gin pou fè.

Diak yo donk, sètadi sèvitè Jézu-Kri yo, li minm ki té parèt nan mitan disip li yo kòm sa k-ap sèvi-a, antan nou fè volonté Bondié-a ak tout nanm nou nan charité-a, minm jan n-ap sèvi Granmèt la sé konsa tou pou nou sèvi moun yo nan kè kontan. Kòm vrèman pèsonn pa kapab sèvi dé mèt, sé pou nou konsidéré tout sa ki malonèt oubyin rinmin ranmasé lajan sé sèvis zidòl yo yé.

Si y-ap òrdoné ansanm sa yo chouazi ki marié ak sa-k pa marié.

Kòm n-ap proché yon fason lib nan Òrd diakona-a. Tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou nou gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Èspri-Sin-an ak sajàs. Sa yo minm pami nou ki sé antan nou fiksé nan sèliba-a nou pral égzèsé ministè nou-an, sé pou nou konnin sèliba-a sé yon sign épi an minm tan kichòy k-ap pousé nou pou charité pastoral la ak yon sous pou donnin frui sou tè-a. Antan sé yon charité sinsè réyéلمان aléga Kris Granmèt la ki pousé nou épi antan n-ap viv nan éta sa-a gras a bay tèt nou nèt alé-a, n-ap kolé kò nou sou Kris la yon fason pi fasil san kè nou pa séparé, n-ap okipé sèvis Bondié avèk moun yo yon fason pi lib, épi n-ap sèvi travay nouvo nésans ki sot anro-a ak plis rapidité.

Kit nou fiksé nan sèliba sakré-a kit nou pa fiksé ladan-l, antan nou anrasiné épi nou fondé nan lafoua, montré nou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konvnan pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi pa kité yo détounin nou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la, li minm nou pa sèلمان réy ap kouté-a min nou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan nou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou nou montré paròl Bondié-a nan aksion nou, li minm n-ap préché ak bouch nou-an, pou pèp

krétyin-an, sa Éspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi nou minm, antan nou rankontré Granmèt la nan dènié jou-a, nou rivé tandé l-ap di nou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Si y-ap òrdoné sèlman sa yo chouazi ki pa marié.

Kòm n-ap proché yon fason lib nan Òrd Diakona-a. Tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou nou gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri-Sin-an ak sajès. Sé antan nou fikse nan sèliba-a n-ap égzèsé ministè nou-an : réyèlman sé sign épi an minm tan kichòy k-ap pousé nou pou charité pastoral la ak yon sous spésial pou donnin frui sou tè-a. Antan sé yon charité sinsè réyèlman aléga Kris Granmèt la ki pousé nou épi antan n-ap viv nan éta sa-a gras a bay tèt nou nèl alé-a, n-ap kolé kò nou sou Kris la yon fason pi fasil san kè nou pa séparé, n-ap okipé sèvis Bondié avèk moun yo yon fason pi lib, épi n-ap sèvi travay nouvo nésans ki sot anro-a ak plis rapidité. Antan nou anrasiné épi nou fondé nan lafoua, montré nou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konv nab pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi pa kité yo détounin nou sot nan espérans Bòn Nouvèl la, li minm nou pa sèlman rét ap kouté-a min nou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan nou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou nou montré paròl Bondié-a nan aksion nou, li minm n-ap préché ak bouch nou-an, pou pèp krétyin-an, sa Éspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi nou minm, antan nou rankontré Granmèt la nan dènié jou-a, nou rivé tandé l-ap di nou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Si y-ap òrdoné sèlman sa yo chouazi ki marié.

Tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou nou gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri-Sin-an ak sajès. Antan nou anrasiné épi nou fondé nan lafoua, montré nou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konv nab pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi

pa kité yo détounin nou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la, li minm nou pa sèlman rété ap kouté-a min nou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan nou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou nou montré paròl Bondié-a nan aksion nou, li minm n-ap préché ak bouch nou-an, pou pèp krétyin-an, sa Èspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi nou minm, antan nou rankontré Granmèt la nan dènié jou-a, nou rivé tandé l-ap di nou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Promès sa yo chouazi yo

200. Apré oméli-a, sa yo chouazi yo sèlman lèvé épi yo kanpé dévan Èvèk la, li minm li intèrojé yo tout ansanm avèk paròl sa yo :

Pitit mouin rinmin anpil yo, anvan nou avansé nan Òrd diakona-a, li nésèsè pou nou déklaré dévan pèp la désizion pou nou résévoua fonksion-an.

Èské nou vlé yo konsakré nou pou sèvis Égliz la pa lantrémiz inpozision min mouin yo épi kado Èspri-Sin-an ?

Tout sa yo chouazi yo ansanm yo réponn :

Mouin vlé.

Èvèk la :

Èské nou vlé réalizé fonksion diak la avèk yon charité ki gin umilité nan bay Òrd sasèrdotal la konkou épi nan fè pèp krétyin-an fè progrè ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Èvèk la :

Èské nou vlé kinbé mistè lafoua-a nan yon konsians pròp jan Apot la di-a épi lafoua sa-a nou préché-l avèk paròl épi avèk aksion dapré Bòn Nouvèl la épi tradision Égliz la ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Intèrogasion ki suiv la sé pou yo fè li minm pou profè rélijyé yo. Yo soté-l kanminm si sa y-ap ordoné yo sé sèlman sa yo chouazi ki marié yo.

Évèk la :

Nou minm, ki préparé pou kinbé séliba-a : Èské nou vlé kinbé désizion sa-a pou tout tan, kòm sign nanm nou konsakré nèt bay Kris Granmèt la, poutèt Péyi-roua sièl yo nan sèvis Bondié ak moun yo ?

Sa yo chouazi ki pa marié yo :

Mouin vlé.

Évèk la :

(Nou tout,) èské nou vlé kinbé épi dévlopé éspri priyè-a nan pròp fason n-ap viv la, épi nan éspri sa-a akonpli fidèlman Litiji Lè yo dapré kondision nou, antan nou fè youn avèk pèp Bondié-a épi pou li, épi pi plis toujou pou tout tè-a ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské nou vlé, san rété, konfòmé konduit nou sou égzanp Kris la, li minm n-ap touché kò-l ak san-l sou lotèl la ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé ak sékou Bondié.

201. Apré sa, chak sa yo chouazi yo proché kot Évèk la épi, li ajénou dévan li, li mété min li yo kontré anndan min Évèk la, sof si dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo, n. 11, sa fiksé otréman.

Évèk la întérojé sa yo chouazi-a antan-l di, si sé Òrdinè-l li yé :

Èské ou promèt mouin minm épi siksésè-m yo réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si Évèk la pa Òrdinè-l, li di :

Èské ou promèt Òrdinè-ou la réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si sa yo chouazi-a li rélijjié, Évèk la di :

Èské ou promèt Évèk diosézin-an épi sipériè léjitim ou-an respè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Évèk la toujou fini :

Sa-a ki té kòmansé bon travay la nan ou-a, Bondié, li minm sé pou-l réalisé-l nèt.

Siplikasion litanik

202. Apré sa, tout moun lèvé. Évèk la, lè-l fi-n dépozé mitr la, antan-l kanpé, min li kontré, li viré nan diréksion pèp la, li di invitasion-an :

**An nou priyé, nou minm nou rinmin anpil la,
Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
pou sou sèvitè-l sa yo,
li aksépté pran nan Òrd sakré diakona-a,
li vidé bénédiksjon gras li avèk byinvéyans.**

203. Lè sa-a atò sa yo chouazi yo lonjé atè épi yo chanté litani yo pandan tout moun ap réponn ; bagay sa-a jou dimanch yo épi nan tan paskal la yo fè-l antan tout moun kanpé, lòt jou yo minm yo ajénou. Nan ka sa-a diak la avèti :

An nou mét ajénou.

Nan litani yo, yo kapab ajouté nan pròp plas yo kèk non Sin, parégzanp Patron, Titulè Ègliz, Fondatè, Patron sa yo k-ap résévoua Òrdinasion-an, obyin kèk invokasion ki pi adapté nan chak sikonstans yo.

Non patikilié Sin yo, sa yo mété ant parantèz yo, yo kapab soté yo lè litani-an sé nan lang latin yo chanté-l.

**Granmèt, pitié pou nou.
Jézu-Kri, pitié pou nou.
Granmèt, pitié pou nou.
Sint Mari Manman Bondié,
Sin Michèl,
Sinz Anj Bondié yo,**

**Granmèt, pitié pou nou.
Jézu-Kri, pitié pou nou.
Granmèt, pitié pou nou.
lapriyé pou nou.
lapriyé pou nou.
lapriyé pou nou.**

Sin Jan-Batis,	lapriyè pou nou.
Sin Jozèf,	lapriyè pou nou.
Sin Piè é sin Pòl,	lapriyè pou nou.
Sint André,	lapriyè pou nou.
Sin Jan,	lapriyè pou nou.
Sint Mari Madlèn,	lapriyè pou nou.
Sint Étièn,	lapriyè pou nou.
Sint Ignas d-Antiòch,	lapriyè pou nou.
Sin Loran,	lapriyè pou nou.
Sin Vinsan,	lapriyè pou nou.
Sint Pèpétu é Félisité,	lapriyè pou nou.
Sint Agnès,	lapriyè pou nou.
Sin Grégoua,	lapriyè pou nou.
Sint Ogustin,	lapriyè pou nou.
Sint Atanaz,	lapriyè pou nou.
Sin Bazil,	lapriyè pou nou.
Sint Éfrèm,	lapriyè pou nou.
Sin Martin,	lapriyè pou nou.
Sin Benoua,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua,	lapriyè pou nou.
Sin Dominik,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua (Gzavié),	lapriyè pou nou.
Sin Jan-Mari (Viané),	lapriyè pou nou.
Sint Katri-n (de Sièn),	lapriyè pou nou.
Sint Térèz de Jézu,	lapriyè pou nou.
Tout sin ak sint Bondié yo,	lapriyè pou nou.
Fè kè-ou sansib pou nou,	délivré nou, Granmèt.
Anba tout mal,	délivré nou, Granmèt.
Anba tout péché,	délivré nou, Granmèt.
Anba lanmò k-ap diré tout tan-an,	délivré nou, Granmèt.
Gras a inkarnasion-ou nan,	délivré nou, Granmèt.
Gras a lanmò-ou la ak rézéréksion-ou nan,	délivré nou, Granmèt.
Gras a vidé ou vidé Éspri-Sin-an,	délivré nou, Granmèt.
Nou minm péchè yo,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou Égliz ou-a ki sin-an ou aksépté kondui-l	
épi konsèvé-l,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou domèn Apostolik la	
épi tout òrd ékléziastik yo	

ou aksépté konsèvé yo
nan rélijion ki sin-an, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou sa yo ou chouazi yo (sa-a ou chouazi-a)
ou aksépté béni yo (li), n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou sa yo ou chouazi yo (sa-a ou chouazi-a)
ou aksépté béni yo (li)
épi sanktifíé yo (li), n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou sa yo ou chouazi yo (sa-a ou chouazi-a)
ou aksépté béni yo (li), sanktifíé yo (li)
épi konsakré yo (li), n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou tout pèp yo ou aksépté ba yo lapè
épi véritab unité-a, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou tout moun k-ap pasé tray,
ou aksépté ba yo mizérikòd ou-a
an kantité, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou nou minm minm, ou aksépté asiré nou
épi konsèvé nou
nan sèvis ou-a ki sin-an, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Jézu, Pitit Bondié vivan-an, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Kris, kouté nou. Kris, kouté nou.

Kris, réponn nou. Kris, réponn nou.

204. *Après chan litani yo fini, Èvèk la antan-l kanpé, min-l louvri, li di :*

Granmèt Bondié, priyè nou yo kouté yo ak bon kè,
pou sa nou gin pou nou réglé yo nan fonksion nou-an,
ou soutni yo ak byinvéyans nan sékou-ou ;
épi, sa yo nou kouè dapré konpréansion nou
nou gin pou prezanté ba ou yo
pou égzèsé ministè sakré yo,
sanktifíé yo avèk bénédiksion-ou nan.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

Diak la, si ka-a prezanté, avèti :

An nou lèvé.

Épi tout moun lèvé.

Inpozision min yo épi Priyè Òrdinasion-an

205. Sa yo chouazi yo lévé, yo chak proché kot Évèk la ki kanpé dévan sièj la avèk mitr, épi dévan-l li mét ajénou.

206. Évèk la pozé min sou tèt chak sa yo chouazi yo san-l pa di anyin.

207. Antan sa yo chouazi yo ajénou dévan-l, Évèk la, antan li rétiré mitr la, li di Priyè Òrdinasion-an avèk min-l louvri.

**Rét prézan, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki bay gras yo,
ou minm ki distribué òrd yo épi ki dispozé fonksion yo,
ou minm ki antan-ou rété nan ou minm ou rénouvle tout bagay,
épi antan-ou dispozé tout sa ki égzisté
avèk providans ki la tout tan-an,
pa lintèmédiè paròl la, puisans la épi sa jès ou-a
Jézu-Kri, Pitit ou-a, Granmèt nou-an,
ou réglé sa ki doué adapté pou chak bagay yo nan tan yo.**

**Li minm kò-l la, Égliz ou-a,
ki distingé avèk divèsité gras sièl yo,
épi ki uni nan distinksiyon manb li yo,
ki fè youn pa lintèmédiè Éspri-Sin-an
nan yon asanblaj ékstraòdinè-a,
ou vlé li grandi épi li élaji nan yon tanp nouvo k-ap dévlopié,
antan ou konstitué toua dégré ministè yo nan fonksion sakré yo
pou sèvi non-ou,
tankou déja nan kòmansman ou té chouazi pitit Lévi yo,
pou réalizé sèvis anyin tant la.**

**Konsa nan premié kòmansman Égliz ou-a,
Apot Pitit ou-a, anba otorité Éspri-Sin-an,
té délégé sèt gason bon témouagnaj,
ki té gin pou édé yo nan ministè chak jou-a,
pou yo minm nan lapriyè épi prédikasion paròl la
yo té kapab pèsévéré pi plis,
épi mesié sa yo minm yo té chouazi yo,
pa lantrémiz priyè épi inpozision min,
yo té konfié yo sèvis tab yo.**

**Sou sèvitè-ou sa yo tou,
tanpri, Granmèt, voyé jé ak bon kè,**

yo minm nou déstiné avèk siplikasyon nan fonksion diak la pou yo sèvi sou lotèl sakré-ou yo.

Voyé nan yo, Granmèt, tanpri,

Éspri Sin-an,

li minm gras a li, nan travay sèvis la yo gin pou égzèsé avèk fidéлитé-a,

yo gin pou résévoua fòs ak kado sèt fòm gras ou-a.

Sé pou fòm bon kalité Évanjil la vi-n anpil nan yo,

rinmin san fè sanblan,

atansyon pou malad yo ak pòv yo,

otorité méziré,

sinplisité inosans,

épi obsèvens disipli-n spirituèl.

Nan konduit yo, sé pou kòmandman yo byin kléré,

pou sou égzanp konpòtman yo

yo vi-n tounin modèl pou pèp ki sin-an,

épi, antan yo prézanté bon témouagnaj konsians,

yo pèsévéré solid épi byin fiksé nan Kris la,

yon fason pou Pitit ou-a

ki pa-t vini pou fè sèvi-l la min pou sèvi-a,

antan y-ap imité-l sou tè yo,

yo mérité kòmandé kòm roua ansanm avèk li nan sièl yo.

Li minm k-ap yiv é k-ap kòmandé ansanm avèk ou,

ansanm avèk Éspri-Sin-an, Bondié,

pou tout tan gin tan.

Tout moun :

Amèn.

Rémiz liv Évanjil yo

208. Lè Priyé Òrdinasion-an fini, tout moun chita, Èvèk la résévoua mitr la, sa yo fèk Òrdoné yo lévé, épi kèk diak oubyin dèt minis pozé étòl la sou chak sa yo fèk Òrdoné yo nan fason diak yo épi yo abiyé-l avèk dalmatik.

209. Pandan sa, yo kapab chanté réfrin-an :

Ala kontanman pou sa yo ki abité nan kay ou-a Granmèt.

(T. P. Alélouya).

avèk Psòm 83 (84), oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an sitou lè Psòm 83 (84) yo té sèvi avèk li kòm Psòm réponsorial nan litiji paròl la.

Psòm 83 (84)

Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo,
 Granmèt puisans yo ! *
 Nanm mouin anvi, l-ap dépéri pou kay Granmèt la.
 Kè-m ak chè-m *
 ap fété pou Bondié vivan-an.

(Yo répété réfrin-an)

Réyèlman zouazo k-ap pasé-a jouinn yon kay pou li, †
 toutrèl la jouinn yon nich pou li, koté li dépozé ti pitit li yo : *
 lotèl ou yo, Granmèt lamé yo,
 roua-m ak Bondié-m.
 Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a, *
 pou tout tan y-ap fè louanj ou.

(Yo répété réfrin-an)

Ala kontantman pou moun sa-a ki jouinn sékou-l nan ou-a, *
 li dispozé monté yo nan kè-l.
 Antan y-ap travèsé nan bafon souaf la
 yo fè yo vi-n tounin sous, *
 réyèlman lapli granmatin-an ap abiyé-l
 avèk bénédiksjon.

(Yo répété réfrin-an)

Y-apralé sot nan puisans al nan puisans, *
 y-ap ouè Bondié dié yo nan Siyon.
 Granmèt, Bondié puisans yo, kouté priyé-m ;
 panché zòrèy ou, Bondié Jakòb.

(Yo répété réfrin-an)

Protéktè nou, gadé, Bondié, *
 voyé jé sou fas Kris ou-a.
 Sèké yon jou nan kay ou yo pi bon pasé mil, †
 mouin chouazi rét sou papòt nan kay Bondié-m nan, *
 pasé pou-m abité nan tant péchè yo.

(Yo répété réfrin-an)

Sèké Granmèt Bondié-a sé solèy ak boukliyé, †
 Granmèt la ap bay gras ak gloua ; *
 li pap anpéché sa yo jouinn byin
 yo minm k-ap maché nan inosans la.
 Granmèt puisans yo, *
 ala kontantman pou moun ki espéré nan ou.

(Yo répété réfrin-an)

Yo pa di Gloria Patri (Viv Papa-a). Sèlman Psòm nan yo koupé-l épi yo répété réfrin-an lè yo fin abiyé tout sa yo fèk Òrdoné yo ak dalmatik la.

210. Sa yo fèk Òrdoné yo, antan yo abiyé avèk vètman diakonal yo, yo proché kot Èvèk la, li minm li rinmèt nan min chak ki ajénou dévan-l liv Évanjil yo, antan-l di :

**Résévoua Évanjil Kris la,
 li minm ou vi-n tounin anonsiatè-l la ;
 épi fè atansion, pou sa-ou fi-n li-a ou kouè-l,
 sa-ou kouè-a ou anségné-l ;
 sa-ou fi-n anségné-a ou pran modèl sou li.**

211. Anfin, Èvèk la bay chak sa li fèk Òrdoné yo yon akolad antan-l di :
Lapè avèk ou.

Sa yo fèk Òrdoné-a réponn :

É avèk ou minm tou. [É avèk éspri-ou tou].

Tout diak yo oubyin omouin kèk nan sa-k prézan yo, fè minm jan-an.

212. Pandan tan sa-a yo kapab chanté réfrin-an :

**Si yon moun sèvi-m, Papa-m ki nan sièl la
 ap ba li onè, sé sa Granmèt la di. (T. P. Alélouya.)**

avèk Psòm 145, oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an.

Psòm 145

Fè louanj Granmèt la, nanm mouin, †
 fè louanj Granmèt la nan lavi-m,*
 m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.
 Pa mét konfians nou nan chèf,
 nan pitit moun yo, koté ki pa gin sovè yo kapab sovè.

(Yo répété réfrin-an)

Souf li ap pati, l-ap tounin nan tè-l la, *
 jou sa-a pansé-l yo ap péri.
 Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a,
 sa-a ki gin éspérans li nan Granmèt Bondié-l la.
 Li minm ki fè sièl la ak tè-a, *
 lanmè-a ak tou sa-k nan li.
 Li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan, †
 ki fè jijman pou moun y-ap maltrété yo, *
 ki bay sa-k grangou yo manjé.

(Yo répété réfrin-an)

Granmèt la défèt chinn yo. *
 Granmèt la kléré avèg yo,
 Granmèt la lévé sa-k tonbé yo, *
 Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,
 Granmèt la protéjé étranjé yo, †
 òfélin-an ak vèv la, li soutni yo, *
 min rout péchè-a, li gayé-l.

(Yo répété réfrin-an)

Granmèt la ap roua pou tout tan, *
 Bondié-ou la, Siyon,
 pou jénérasyon ak jénérasyon

(Yo répété réfrin-an)

Yo pa di Gloria Patri (Viv Papa-a) min yo koupé Psòm nan épi yo répété réfrin-an lè Évèk la épi diak yo fi-n bay sa yo fèk Òrdoné yo akolad la.

213. Mès la kontinué kòm dòdinè. Yo di Sinbòl la dapré rubrik yo ; yo soté priyé inivèsèl la.

Litiji ékaristik

214. Nan Priyè ékaristik la, yo fè mansion diak yo fèk Òdoné yo dapré fòmul sa yo :

a) Nan Priyè ékaristik I-an, Évèk la di Hanc igitur (Granmèt tanpri asképté sa n-ap ofri-ou la) pròp:

Sèvis ofrann nou sa-a donk,
 min tou pa tout fanmiy ou-a,
 sa n-ap ofri-ou tou pou sèvitè-ou sa yo,
 ou aksépté lèvé nan Òrd diakona-a,
 nou priyé, Granmèt, pou ou aksépté-l ak byinvéyans,
 épi pou-ou kinbé kado-ou yo ak bon kè nan yo,
 pou, sa y-ap rapousuiv la ak chaj Bondié-a,
 yo jouinn li ak rézilta Bondié yo.
 (Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. Amèn).

b) Nan intèsésion Priyè ékaristik II-a apré mo ...congregemur in unum (...fè Léspri Sin-an rasanblé nou fè youn, poutèt Kò ak San Jézu-Kri n-ap manjé-a), yo di:

Sonjé, Granmèt, Égliz ou-a ki gayé sou tout tè-a,
 pou-ou fè-l vi-n kòrèk nèt nan charité-a
 ansanm avèk Pap nou-an **N.** ak Évèk nou-an **N.**
 Sonjé tou sèvitè-ou sa yo,
 ou té vlé prévoua jodi-a kòm minis pou Égliz la,
 ak tout klèjé-a.

Sonjé frè nou yo tou...

c) Nan intèsésion Priyè ékaristik III-a, apré paròl ...ad totius mundi pacem atque salutem (pou kè tout moun pozé é pou yo jouinn délivrans) yo di:

Égliz ou-a ki an pèlerinaj sou tè-a,
 aksépté asiré-l nan lafoua ak charité
 ansanm ak Pap nou-an **N.** ak Évèk nou-an **N.**,
 ansanm ak Òrd épiskopal la ak sèvitè-ou sa yo
 ki òdoné jodi-a kòm minis Égliz la,
 ak tout klèjé-a,
 ak tout pèp éritaj ou-a.

Tanpri, kouté priyè fanmiy ou-an...

d) Nan intèsésion Priyè ékaristik IV la, apré mo ...ad laudem gloriae tuae (é tou sa va bèl louanj ak konpliman pou ou) yo di:

**Koulié-a minm, Granmèt, sonjé tout moun yo,
nou ofri sakrifis sa-a ba ou pou yo-a,
toudabò sèvitè-ou Pap nou-an N.,
Évèk nou-an N.,
ak tout Òrd Évèk yo,
épi sèvitè-ou sa yo
ou aksépté chouazi jodi-a pou sèvis diakonal pèp ou-a,
épi tout klèjé-a tou;
Sonjé tou moun yo k-ap ofri-a,
ni sa yo ki prézan-an,
ni tout pèp ou-a,
ni tout moun k-ap chèché-ou ak kè sinsè.
Sonjé frè nou yo tou...**

215. Paran yo ak pròch sa yo fèk Òrdoné yo kapab résévoua Kominion sou toulèdé éspès.
216. Kèk nan diak yo fèk sot òrdoné yo kapab édé Évèk la nan distribué Kominion-an, sitou kòm minis kalis la.
217. Apré distribision Kominion-an fini, yo kapab chanté yon kantik aksion-d-gras. Priyè apré Kominion-an vini apré chan-an.

Rit konklizion

218. Nan plas bénédiksion òdinè-a, yo kapab di bénédiksion ki vi-n apré-a. Diak la kapab di invitatoua-a :

Bésé tèt nou pou bénédiksion-an.

Apré sa, Évèk la, min lonjé sou sa li fèk Òrdoné yo épi pèp la, li di bénédiksion-an :

**Sé pou Bondié ki té rélé nou nan sèvis moun yo
nan Égliz li-a
ba nou gran dévouman aléga tout moun,
sitou aléga sa k-ap souffri yo épi pòv yo.**

Tout moun :
Amèn.

Èvèk la :

**Li minm ki té ba nou chaj
pou préché Bòn Nouvèl Kris la,
sé pou-l édé nou, pou antan nou viv sélon paròl li-a,
nou vi-n tounin témouin-l ki sinsè épi ki anflamé.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

**Épi li minm ki té fè nou administratè mistè-l yo,
sé pou-l fè nou vi-n tounin imitatè Pitit li-a Jézu-Kri
épi sèvitè unité-a ak lapè-a sou tout tè-a.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

**Épi nou tout ki prézan ansanm isit la,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ✠ ak Pitit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
béni nou byin béni.**

Tout moun :

Amèn.

219. Apré yo fi-n bay bénédiksion-an épi apré diak la fi-n ranvouayé pèp la, yo fè prosésion al nan sakristi-a kòm dòdinè.

RIT ÒRDINASON DIAK YO
LÈ SÉ YOUN SÈLMAN YO BAY LI

220. Sa yo prezanté pi ro-a nan Sa pou noté anvan yo, nn. 181-192 li gin valè tou pou Rit Òrdinasion diak yo lè sé yon sèl y-ap bay li.

Rit pou kòmansé épi Litiji paròl la

221. Antan tout bagay dispozé jan sa doué fèt la, yo òganizé prosésion-an atravè légliz la nan diréksion lotèl la kòm dòdinè. Sa yo pral òrdoné-a vini anvan diak la k-ap poté liv Évanjil yo, sa yo pral sèvi avèk li nan Mès la épi Òrdinasion-an. Prèt k-ap konsélébré yo suiv lòt diak yo, si yo prézan, épi anfin Évèk la épi yon ti kras an ariè li, dé diak yo k-ap asisté-l yo. Lè yo rivé bò lotèl la, apré révérans yo doué fè-a, tout moun proché nan koté yo dézigné pou yo-a.

Pandan tan sa-a yo chanté réfrin pou antré-a avèk Psòm li-an oubyin yon lòt chan ki adapté.

222. Rit pou kòmansé yo épi litiji paròl la, yo fè yo kòm dòdinè joutan Évanjil la fi-n proklamé.

223. Apré léktu Évanjil la, diak la dépozé liv Évanjil yo ankò sou lotèl la avèk révérans koté li rété joutan yo rinmèt li bay sa y-ap Òrdoné-a.

Òrdinasion-an

224. Apré sa, yo kòmansé Òrdinasion diak la.

Évèk la alé, si sa nésésè, koté chèz ki préparé pou Òrdinasion-an, épi yo fè prezantasion kandida yo.

Choua kandida-a

225. Sa yo pral Òrdoné-a, diak la rélé-l nan fason sa-a :

Sé pou-l avansé sa yo gin pou òrdoné diak la.

Épi tousuit minm diak la di non-l ; épi sa yo rélé-a di :

Prézan,

épi li avansé kot Évèk la, li fè révérans dévan-l.

226. Antan sa yo gin pou Òrdoné-a kanpé dévan Èvèk la, prèt la Èvèk la déléjé-a di :

Trè Révéran Pèr, sint Ègliz la ki Manman-an, mandé pou frè nou sa-a ou òrdoné-l pou chaj diakona-a.

Èvèk la intèrojé-l, antan-l di :

Èské ou konnin si-l dign ?

Li minm li réponn :

Apati késion yo pozé pèp krétyin-an èpi vòt favorab mésié yo ki gin doua pou sa, mouin témouagné yo té jouinn li dign.

Èvèk la :

Ak sékou Granmèt Bondié nou, èpi Sovè nou Jézu-Kri, nou chouazi frè nou sa-a pou Òrd diakona-a.

Tout moun di :

Mési Bondié, mési.

oubyin yon lòt fason ki fiksé dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Oméli-a

227. Lè sa-a atò Èvèk la, pandan tout moun chita, li fè oméli-a koté antan li kòmansé apati tèks léktu yo, sa yo li nan litiji paròl la, li palé ak pèp la épitou sa yo chouazi-a osijè fonksion diak yo antan-l konsidéré tou kondision sa yo gin pou òrdoné diak la, sètadi èské sé sa yo chouazi ki marié oubyin sa yo chouazi ki pa marié. Osijè kalité fonksion sa-a minm, li kapab palé avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo :

Frè-m yo mouin rinmin anpil la, kòm pitit nou sa-a ki fè pati fanmi nou oubyin zanmi nou yo, talè konsa sé nan Òrd diak yo l-ap gin pou-l antré-a, avèk atansion an nou égzaminé nan ki ministè nan Ègliz la li gin pou monté.

Antan li fòtifé ak kado Èspri-Sin-an, l-ap ofri konkou bay Èvèk la avèk group prèt li yo, antan li montré li sé sèvitè tout moun nan ministè paròl la, lotèl la èpi charité-a. Antan li vi-n tounin minis lotèl la, l-ap anonsé Bòn Nouvèl la, l-ap préparé sakrifis la, l-ap distribué Kò ak San Granmèt la bay fidèl yo.

An plis, dapré lòd Èvèk la, li gin pou ankourajé ni sa-k pa koué yo ni fidèl yo èpi fè ansègnman sakré-a antré nan yo, prézidé

priyè yo, administré batèm, asisté mariaj épi béni li, poté viatik la bay sa k-ap mouri yo, prézidé rit finéray yo.

Antan li konsakré pa lantrémiz inpozision min yo, yo transmèt dépi sot nan Apot yo, épi li fè youn pi séré avèk lotèl la, l-ap akonpli ministè charité-a onon Évèk la oubyin kuré-a. Nan tout bagay sa yo, sé pou-l aji yon fason pou, avèk sékou Bondié, nou konnin li sé réyéلمان minis sa-a ki pa-t vini pou yo sèvi-l la min pou sèvi.

Kanta ou minm, pitit mouin rinmin anpil la, antan yo fè-ou antré nan Òrd diak la, Granmèt la té ba-ou égzanp pou minm jan li minm li té fè-a konsa tou ou minm ou gin pou fè.

Diak donk, sètadi sèvitè Jézu-Kri-a, li minm ki té parèt nan mitan disip li yo kòm sa k-ap sèvi-a, antan ou-ap fè volonté Bondié-a ak tout nanm ou nan charité-a, minm jan ou-ap sèvi Granmèt la sé konsa tou pou-ou sèvi moun yo nan kè kontan. Kòm vrèman pèsonn pa kapab sèvi dé mèt, sé pou-ou konsidéré tout sa ki malonèt oubyin rinmin ranmasé lajan sé sèvis zidòl yo yé.

Si y-ap òrdoné sa yo chouazi ki pa marié.

Kòm réyéلمان ou-ap proché yon fason lib nan Òrd diakona-a, tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou-ou yon gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri-Sin-an ak sajès.

Sé antan ou fiksé nan séliba-a ou-ap égzèsé ministè-ou la : réyéلمان sé sign épi an minm tan kichòy k-ap pousé ou pou charité pastoral la ak yon sous spésial pou donnin frui sou tè-a. Antan sé yon charité sinsè réyéلمان aléga Kris Granmèt la ki pousé ou épi antan ou-ap viv nan éta sa-a gras a bay tèt-ou nèl alé-a, ou-ap kolé kò-ou sou Kris la yon fason pi fasil san kè-ou pa séparé, ou-ap okipé sèvis Bondié avèk moun yo yon fason pi lib, épi ou-ap sèvi travay nouvo nésans ki sot anro-a ak plis rapidité. Antan ou anrasiné épi ou fondé nan lafoua, montré ou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konvnab pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi pa kité yo détounin-ou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la, li minm ou pa

sèlman rét ap kouté-a min ou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan-ou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou-ou montré nan aksion ou paròl Bondié-a, li minm ou-ap préché ak bouch ou-a, yon fason pou pèp krétyin-an, sa Éspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi ou minm, antan ou rankontré Granmèt la nan dènié jou-a, ou rivé tandé l-ap di ou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Si y-ap òrdoné sa yo chouazi ki marié.

Tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou-ou yon gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri-Sin-an ak sajès. Antan ou anrasiné épi ou fondé nan lafoua, montré ou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konvnyab pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi pa kité yo détounin-ou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la, li minm ou pa sèlman rét ap kouté-a min ou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan-ou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou-ou montré nan aksion ou paròl Bondié-a, li minm ou-ap préché ak bouch ou-a, yon fason pou pèp krétyin-an, sa Éspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi ou minm, antan-ou rankontré Granmèt la nan dènié jou-a, ou rivé tandé l-ap di ou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Promès sa yo chouazi-a

228. *Apré oméli-a, sa yo chouazi-a sèlman lèvé épi li kanpé dévan Évèk la, ki intèrojé-l avèk paròl sa yo :*

Pitit mouin rinmin anpil la, anvan ou avansé nan Òrd diakona-a, li nésésé pou-ou déklaré dévan pèp la désizion pou-ou résévoua fonksion-an.

Èské ou vlé yo konsakré-ou pou sèvis Égliz la pa lantrémiz inpozision min mouin yo épi kado Éspri-Sin-an ?

Sa yo chouazi-a réponn :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé réalizé fonksion diak la avèk yon charité ki gin umilité nan bay Òrd sasèrdotal la konkou épi nan fè pèp krétyin-an fè progrè ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé kinbé mistè lafoua-a nan yon konsians pròp jan Apot la di-a épi lafoua sa-a ou préché-l avèk paròl épi avèk aksion dapré Bòn Nouvèl la épi tradision Égliz la ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Intèrogasion ki suiv la sé pou yo fè li minm pou yon profè rélijyé. Yo soté-l kanminm si sa y-ap òrdoné-a sé sa yo chouazi ki marié.

Évèk la :

Èské ou vlé, kòm sign nanm ou konsakré nèt bay Kris Granmèt la, poutèt Péyi-roua sièl yo nan sèvis Bondié ak moun yo kinbé désizion séliba-a pou tout tan ?

Sa yo chouazi ki pa marié-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé kinbé épi dévlopé éspri priyé-a nan pròp fason ou-ap viv la, épi nan éspri sa-a akonpli fidèlman Litiji Lè yo dapré kondision ou, antan ou fè youn avèk pèp Bondié-a épi pou li, épi pi plis toujou pou tout tè-a ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé, san rété, konfòmé konduit ou sou égzanp Kris la, li minm ou-ap touché Kò-l ak San-l sou lotèl la ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé, ak sékou Bondié.

229. Apré sa, sa yo chouazi-a proché kot Évèk la épi li ajénou dévan li, li mété min li yo kontré anndan min Évèk la, sof si dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo, n. 11, sa fiksé otréman.

Évèk la întèrojé sa yo chouazi-a antan-l di, si sé Òrdinè-l li yé :

Èské ou promèt mouin minm épi siksésè-m yo respè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si Évèk la pa Òrdinè-l, li di :

Èské ou promèt Òrdinè-ou la respè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si sa yo chouazi-a li rélijjié, Évèk la di :

Èské ou promèt Évèk diosézin-an épi sipériè léjitim ou-an respè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Évèk la toujou fini :

Sa-a ki té kòmansé bon travay la nan ou-a, Bondié, li minm sé pou-l réalizé-l nèt.

Siplikasion litanik

230. Apré sa, tout moun lévè. Évèk la, lè-l fi-n dépozé mitr la, antan-l kanpé, min li kontré, li viré nan diréksion pèp la, li di invtasion-an (pou chan-an, cf. n. 202, antan yo chanjé nonb plirièl la) :

**An nou priyé, nou minm nou rinmin anpil la,
Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
pou, sou sèvitè-l sa-a,
li aksépté pran nan Òrd sakré diakona-a,
li vidé bédiksion gras li avèk byinvéyans.**

231. Lè sa-a atò sa yo chouazi-a lonjé atè épi yo chanté litani yo, pandan tout moun ap réponn ; bagay sa-a jou dimanch yo épi nan tan paskal la yo fè-l antan tout moun kanpé, lòt jou yo minm yo ajénou. Nan ka sa-a diak la avèti :

An nou mét ajénou.

Nan litani yo, yo kapab ajouté nan pròp plas yo kèk non Sin, parézanp Patron, Titulè Egliz, Fondatè, Patron sa-a k-ap résévoua Òrdinasion-an, oubyin kèk invokasion ki pi adapté nan chak sikonstans yo.

Non patikilié Sin yo, sa yo mété ant parantèz yo, yo kapab soté yo lè litani-an sé nan lang latin yo chanté-l.

Chanté yo kòmansé litani yo, cf. pi ro-a, n. 203, invokasion yo kanminm sou sa yo chouazi-a, yo di yo o singilié.

232. Aprè chan litani yo fini, Évèk la antan-l kanpé, min-l louvri, li di (pou chan-an, cf. n. 204, antan yo chanjé kanminm nonb plirièl la) :

**Granmèt Bondié, priyè nou yo kouté yo ak bon kè,
pou sa nou gin pou nou réglé yo nan fonksion nou-an,
ou soutni yo ak byinvéyans nan sékou-ou ;
épi, sa-a nou kouè dapré konpréansion nou
nou gin pou prézanté ba ou-a
pou égzésé ministè sakré yo,
sanktifié-l avèk bénédiksion-ou nan.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Diak la, si ka-a prézanté, avèti :

An nou lèvé.

Épi tout moun lèvé.

Inpozision min yo épi Priyè Òrdinasion-an

233. Sa yo chouazi-a lèvé, li proché kot Évèk la ki kanpé dévan sièj la avèk mitr, épi dévan-l li mét ajénou.

234. Évèk la pozé min sou tèt sa yo chouazi-a san-l pa di anyin.

235. Antan sa yo chouazi-a ajénou dévan-l, Évèk la, antan li rétiré mitr la, li di Priyè Òrdinasion-an (pou chan-an, cf. n. 207, antan yo chanjé kanminm nonb plirièl la) avèk min li louvri.

**Rét prézan, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki bay gras yo,
ou minm ki distribué òrd yo épi ki dispozé fonksion yo,
ou minm ki antan-ou rété nan ou minm ou rénouvlé tout bagay,
épi antan-ou dispozé tout sa ki égzisté
avèk providans ki la tout tan-an,**

pa lintèmediè paròl la, puisans la épi sajàs ou-a
 Jézu-Kri, Pitit ou-a, Granmèt nou-an,
 ou réglé sa ki doué adapté pou chak bagay yo nan tan yo.

Li minm kò-l la, Égliz ou-a,
 ki distingé avèk divèsité gras sièl yo,
 épi ki uni nan distinksiyon manb li yo,
 ki fè youn pa lintèmediè Éspri-Sin-an
 nan yon asanblaj ékstraòdinè-a,
 ou vlé li grandi épi li élaji nan yon tanp nouvo k-ap dévlopé,
 antan ou konstitué toua degré ministè yo nan fonksion sakré yo
 pou sèvi non-ou,
 tankou déjà nan kòmansman ou té chouazi pitit Lévi yo,
 pou réalizé sèvis ansyin tant la.

Konsa nan premié kòmansman Égliz ou-a,
 Apot Pitit ou-a, anba otorité Éspri-Sin-an,
 té délégé sèt gason bon témougnaj,
 ki té gin pou édé yo nan ministè chak jou-a,
 pou yo minm nan lapriyé épi prédikasion paròl la
 yo té kapab pèsévéré pi plis,
 épi mesié sa yo minm yo té chouazi yo,
 pa lantrémiz priyé épi inpozision min,
 yo té konfié yo sèvis tab yo.

Sou sèvitè-ou sa-a tou,
 tanpri, Granmèt, voyé jé ak bon kè,
 li minm nou destiné avèk siplikasion nan fonksion diak la
 pou-l sèvi sou lotèl sakré-ou yo.

Voyé nan li, Granmèt, tanpri,
 Éspri Sin-an,
 li minm gras a li, nan travay sèvis la li gin pou égzèsé
 avèk fidèlité-a,

li gin pou résévoua fòs ak kado sèt fòm gras ou-a.

Sé pou fòm bon kalité Évanjil la vi-n anpil nan li,
 rinmin san fè sanblan,
 atansyon pou malad yo ak pòv yo,
 otorité méziré,
 sinplisité inosans,
 épi obsèvens disipli-n spirituèl.

Nan konduit li, sé pou kòmandman yo byin kléré,
 pou sou égzanp konpòtman-l
 li vi-n tounin modèl pou pèp ki sin-an,
 épi, antan li prezanté bon témouagnaj konsians,
 li pèsévéré solid épi byin fiksé nan Kris la,
 yon fason pou Pitit ou-a
 ki pa-t vini pou fè sèvi-l la min pou sèvi-a,
 antan l-ap imité-l sou tè yo,
 li mérité kòmandé kòm roua ansanm avèk li nan sièl yo.

Li minm k-ap viv é k-ap kòmandé ansanm avèk ou,
 ansanm avèk Éspri-Sin-an, Bondié,
 pou tout tan gin tan.

Tout moun :

Amèn.

Rémiz liv Évanjil yo

236. Lè Priyè Òrdinasion-an fini, tout moun chita, Évèk la résévoua mitr la, sa li fèk Òrdoné-a lèvé, épi kèk diak oubyin dèt minis pozé étòl la sou li nan fason diak yo épi abiyé-l avèk dalmatik.

237. Pandan sa, yo kapab chanté réfrin-an :

**Ala kontanman pou sa yo ki abité
 nan kay ou-a Granmèt. (T. P. Alélouya).**

avèk Psòm 83 (84). Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo, Granmèt, cf. pi ro-a n. 209 oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an sitou lè Psòm 83 (84) yo té sèvi avèk li kòm Psòm réponsorial nan litiji paròl la.

238. Sa yo fèk Òrdoné-a, antan li abiyé avèk vètman diakonal yo, li proché kot Évèk la ki rinnèt liv Évanjil yo nan min-l ki ajénou dévan-l nan, antan-l di :

**Résévoua Évanjil Kris la,
 li minm ou vi-n tounin anonsiatè-l la ;
 épi fè atansyon, pou sa-ou fi-n li-a ou kouè-l,
 sa-ou kouè-a ou anségné-l ;
 sa-ou fi-n anségné-a ou pran modèl sou li.**

239. Anfin, Évèk la bay sa li fèk Òrdoné-a yon akolad antan-l di :
Lapè avèk ou.

Sa yo fèk Òrdoné-a réponn :

É avèk ou minm tou. [É avèk éspri-ou tou].

Tout diak yo oubyin omouin kèk nan sa-k prézan yo, fè minm jan-an.

240. Pandan tan sa-a yo kapab chanté réfrin-an :

**Si yon moun sèvi-m Papa-m ki nan sièl la
ap ba li onè, sé sa Granmèt la di. (T. P. Alélouya.)**

avèk Psòm 145, Fè louanj Granmèt la, nanm mouin, cf. pi ro-a n. 212 oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an.

241. Mès la kontinué kòm dòdinè. Yo di Sinbòl la dapré rubrik yo ; yo soté priyé inivèsèl la.

Litiji ékaristik

242. Nan Priyé ékaristik la, yo fè mansion diak yo fèk Òrdoné-a dapré fòmul sa yo :

a) **Nan Priyé ékaristik I-an, Évèk la di** Hanc igitur (Granmèt tanpri asképté sa n-ap ofri-ou la) pròp:

**Sèvis ofrann nou sa-a donk,
min tou pa tout fanmiy ou-a,
sa n-ap ofri-ou pou sèvitè-ou sa-a,
ou aksépté lèvé nan Òrd diakona-a,
nou priyé, Granmèt, pou ou aksépté-l ak byinvéyans,
épi pou-ou kinbé kado-ou yo ak bon kè nan li,
pou, sa l-ap rapousuiv la ak chaj Bondié-a,
li jouinn li ak rézilta Bondié yo.
(Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. Amèn).**

b) **Nan intèsésion Priyé ékaristik II-a apré mo ...congregemur in unum (...fè Léspri Sin-an rasanblé nou fè youn, poutèt Kò ak San Jézu-Kri n-ap manjé-a), yo di:**

**Sonjé, Granmèt, Égliz ou-a ki gayé sou tout tè-a,
pou-ou fè-l vi-n kòrèk nèt nan charité-a
ansanm avèk Pap nou-an N. ak Évèk nou-an N..
Sonjé tou sèvitè-ou sa-a,
ou té vlé prévoua jodi-a kòm minis pou Égliz la,
ak tout klèjé-a.**

Sonjé tout frè nou yo tou...

c) **Nan intèsésion Priyè ékaristik III-a, apré paròl ...ad totius mundi pacem atque salutem (pou kè tout moun pozé é pou yo jouinn délivrans) yo di:**

**Égliz ou-a ki an pèlerinaj sou tè-a,
aksépté asiré-l nan lafoua ak charité
ansanm ak Pap nou-an N. ak Évèk nou-an N.,
ansanm ak Òrd épiskopal la ak sèvitè-ou sa-a
ki òrdoné jodi-a kòm minis Égliz la,
ak tout klèjé-a,
ak tout pèp éritaj ou-a.**

Tanpri, kouté priyè fanmiy ou-an...

d) **Nan intèsésion Priyè ékaristik IV la, apré mo ...ad laudem gloriae tuae (é tou sa va bèl louanj ak konpliman pou ou) yo di:**

**Koulié-a minm, Granmèt, sonjé tout moun yo,
nou ofri sakrifis sa-a ba ou pou yo-a,
toudabò sèvitè-ou Pap nou-an N.,
Évèk nou-an N.,
ak tout Òrd Évèk yo,
épi sèvitè-ou sa-a
ou aksépté chouazi jodi-a pou sèvis diakonal pèp ou-a,
épi tout klèjé-a tou;
Sonjé tou moun yo k-ap ofri-a,
ni sa yo ki prézan-an,
ni tout pèp ou-a,
ni tout moun k-ap chèché-ou ak kè sinsè.
Sonjé frè nou yo tou...**

243. **Paran ak pròch sa yo fèk Òrdoné-a kapab résévoua Kominion sou toulèdé espès.**

244. **Diak yo fèk sot òrdoné-a kapab édé Évèk la nan distribué Kominion-an, sitou kòm minis kalis la.**

245. **Apré distribision Kominion-an fini, yo kapab chanté yon kantik aksion-d-gras. Priyè apré Kominion-an vini apré chan-an.**

Rit konklizion

246. Nan plas bédiksyon òdinè-a, yo kapab di bédiksyon ki vi-n apré-a. Diak la kapab di invitatoua-a :

Bésé tèt nou pou bédiksyon-an.

Apré sa, Évèk la, min lonjé sou sa yo fèk Òrdoné-a épi pèp la, li di bédiksyon-an :

**Sé pou Bondié ki té rélé-ou nan sèvis moun yo
nan Égliz li-a
ba-ou gran dévouman aléga tout moun,
sitou aléga sa k-ap soufri yo épi pòv yo.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk la :

**Li minm ki té ba-ou chaj
pou préché Bòn nouvèl Kris la,
sé pou-l édé-ou, pou antan-ou viv sèlon paròl li-a,
ou vi-n tounin témouin-l ki sinsè épi ki anflamé.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk la :

**Épi li minm ki té fè-ou administratè mistè-l yo,
sé pou-l fè-ou vi-n tounin imitatè Pitit li-a Jézu-Kri
épi sèvitè unité-a ak lapè-a sou tout tè-a.**

Tout moun :

Amèn.

Évèk la :

**Épi nou tout ki prézan ansanm isit la,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ✠ ak Pitit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
béni nou byin béni.**

Tout moun :

Amèn.

247. Apré yo fi-n bay bédiksyon-an épi apré diak la fi-n ranvouayé pèp la, yo fè prosésion al nan sakristi-a kòm dòdinè.

CHAPIT IV

ÒRDINASON DIAK YO ÉPI ÒRDINASON PRÈT YO YO BAY ANSANM NAN YON SÈL AKSION LITIJK

SA POU YO NOTÉ ANVAN

I

SÉLÉBRASON ÒRDINASON DIAK YO ÉPI ÒRDINASON PRÈT YO

248. Li konv nab pou Égliz lokal la, sa yo Òrdoné diak yo épi prèt yo nan sèvis li-a, yo préparé-l pou sélébrasion Òrdinasion-an.

Kandida yo minm, gras a lapriyé nan silans, sé pou yo préparé pròp tèt yo pou Òrdinasion-an antan yo okipé pandan sink jou omouins nan égzèsis spirituèl yo.

249. Sélébrasion-an, sé pou yo fè-l nan légliz katédral la oubyin nan légliz kominoté sa yo koté youn oubyin pliziè nan kandida yo soti, oubyin nan yon lòt légliz ki gin pi gran inpòtans.

Si sa yo gin pou òrdoné yo fè pati kèk kominoté rélijijé, Òrdinasion-an kapab fèt nan légliz kominoté-a koté yo té égzèsé ministè yo-a.

250. Òrdinasion-an sé pou yo fè-l avèk prezans pi gran kantité fidèl posib nan jou dimanch oubyin fèt, sof si rézon pastoral konséyé yon lòt jou. Sé pou yo retiré kanminm Tridiòm Paskal la, Mèkrédi Sann yo, tout Sémèn sint la épi Komémorasion tout fidèl défín yo.

251. Òrdinasion-an sé pou yo fè-l anndan solanité Mès yo ki sélébré dapré rit stasionèl la épi apré yo fi-n fè litiji paròl la, anvan litiji ékaristik la.

Yo kapab sèvi avèk Mès rituèl « Pou bay Òrd sakré yo », sof nan Solanité yo, Dimanch Avan yo, Karèm, Pak épi jou anndan oktav Pak la. Lè sé jou sa yo ki rivé, yo di Mès jou-a avèk léktu li yo. Sèlman si nan lòt jou yo, yo pa di Mès rituèl la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè pou Mès rituèl la.

Priyé inivèsèl la, yo soté-l, paské litani yo pran plas la.

252. Lè yo fi-n di Évanjil la, Égliz lokal la mandé Évèk la pou-l Òrdoné kandida yo. Prèt la ki délégé pou bagay sa-a, dévan pèp la, li fè Évèk k-ap intèrojé-a konnin pa ginyin dout osijè kandida yo. Kandida yo, diak épi prèt, dévan Évèk la épi tout fidèl yo, yo éksprimé volonté yo pou yo égzèsé

fonksion yo-a dapré léspri Kris la épi Égliz la anba diréksion Évèk la. Nan litani yo tout moun mandé gras Bondié pou kandida yo.

253. Pa lintèmédiè inpozision min Évèk la épi Priyè Òrdinasion-an, yo bay kandida diak yo kado Éspri-Sin-an pou fonksion diak yo. Paròl sa yo minm yo konsèné natu bagay la, atèlpouin yo égzijé yo pou aksion-an valid : « Voyé nan yo, Granmèt, tanpri, Éspri-Sin-an, li minm gras a li, nan travay sèvis la yo gin pou égzèsé avèk fidélité-a, yo gin pou résévoua fòs ak kado sèt fòm gras ou-a ».

Tousuit apré Priyè Òrdinasion-an, sa yo fèk òrdoné yo abiyé avèk ètòl diakonal la épi dalmatik la, ak sa, yo montré sou pa déyò apati koulié-a ministè yo-a yo gin pou réalizé nan litiji-a.

Pa lintèmédiè rémiz liv Évanjil yo, yo indiké fonksion diak yo pou yo proklamé Évanjil la nan sélébrasion litijik yo épitou pou yo préché lafoua Égliz la nan paròl ak nan aksion.

254. Apré yon nouvo priyè tout moun fè, Òrdinasion prèt yo suiv.

Pa lintèmédiè inpozision min Évèk la épi Priyè Òrdinasion-an, yo bay kandida yo kado Éspri-Sin-an pou fonksion prèt yo. Paròl sa yo minm yo konsèné natu bagay la, atèlpouin yo égzijé yo pou aksion-an valid : « Mété, tanpri Papa ki gin tout pouvoua, nan sèvitè-ou sa yo, dignité prèt la ; rénovulé nan zantray yo Éspri sinteté-a ; antan yo résévoua sa nan min-ou, Bondié, sé pou yo kinbé fonksion dézièm dégré-a, sé pou yo invité nan douati konduit moral la gras a égzanp konpòtman yo ».

Ansanm avèk Évèk la, prèt yo pozé min sou kandida yo pou yo montré yo fè yo antré nan présbitériòm nan.

Tousuit apré Priyè Òrdinasion-an, sa yo fèk òrdoné yo abiyé avèk ètòl présbitéral la épi chazub la, ak sa, yo montré sou pa déyò apati koulié-a ministè yo-a yo gin pou réalizé nan litiji-a.

Ministè sa-a yo ékspliké-l yon fason pi laj ankò pa lintèmédiè dèt sign : réyèlman pa lintèmédiè onksion min yo, yo montré patisipasion spésial prèt yo nan sasèrdòs Kris la ; pa lintèmédiè rémiz pin-an minm ak divin-an nan min yo, yo indiké fonksion pou prézidé sélébrasion ékaristik la épi pou suiv Kris la ki klouré sou koua-a.

255. Avèk akolad la, Évèk la, nan yon sètin fason, pozé yon so nan akséptasion prèt yo épi diak yo kòm nouvo koopératè li yo nan ministè yo-a. Nan mézi sa kapab fèt, tout prèt yo oubyin omouin kèk nan yo salué avèk akolad la sa yo fèk òrdoné prèt yo, épi diak yo sou bò pa yo sa yo fèk òrdoné diak yo kòm sign yo résévoua yo nan Òrd yo-a.

256. Nan litiji ékaristik la, sa yo fèk Òrdoné prèt yo égzèsé ministè yo-a pou premié foua, antan y-ap konsélébré-l avèk Évèk la épi lòt manb présbitériòm nan. Prèt yo fèk òrdoné yo kinbé premié plas la.

Diak yo minm asisté Èvèk la. Youn nan yo préparé lotèl la, distribué Kominion-an bay fidèl yo, fè sèvis kalis la épi proklamé avètisman yo.

II

SA YO DOUÉ PRÉPARÉ YO

257. An plis bagay yo ki nésèsè pou sélébrasion Mès stasionèl la, sé pou yo préparé :

a) Liv Òrdinasion-an ;

b) chazub pou chak sa yo pral òrdoné prèt yo ; étòl épi dalmatik pou chak sa yo pral òrdoné diak yo ;

c) tabliyé an toual la ;

d) sin krèm nan ;

e) sa ki nésèsè yo pou lavé min yo soua pou Èvèk la soua pou prèt yo Òrdoné yo.

258. Òrdinasion-an sé pou-l fèt dòdinè bò sièj la ; min si sa nésèsè poutèt patisipasion fidèl yo, y-ap préparé chèz pou Èvèk la dévan lotèl la oubyin yon lòt koté ki pi konvnan.

Chèz pou sa yo pral òrdoné yo sé pou yo préparé yo yon fason pou aksion litijik la fidèl yo kapab ouè-l byin.

259. Èvèk la épi prèt yo k-ap konsélébré yo, yo abiyé avèk vètman sakré yo, sa yo chak doué poté pou sélébrasion Mès la.

Sa yo pral òrdoné prèt yo pran amikt la, ob la, kòdon-an épi étòl diakonal la ; sa yo pral òrdoné diak yo pran amikt la, ob la épi kòdon-an.

Prèt yo k-ap inpozé min sou sa y-ap òrdoné yo épi pétèt ki pap konsélébré, sé pou yo abiyé ak étòl yo sou ob la oubyin soutàn nan ak surplia.

Vètman yo, sé pou yo koulè Mès la y-ap sélébré-a, otréman sé pou yo anplouayé koulè blan oubyin vètman fèt sètadi ki pi dign.

RIT ÒRDINASON PLIZIÈ DIAK ÉPI ÒRDINASON PLIZIÈ PRÈT

Rit pou kòmansé épi Litiji paròl la

260. Antan tout bagay dispoze jan sa doué fèt la, yo òganizé prosésion-an atravè légliz la nan diréksion lotèl la kòm dòdinè. Sa yo pral òrdoné diak yo vini anvan diak la k-ap poté liv Évanjil yo, épi lòt diak yo, si ginyin. Sa yo pral òrdoné prèt yo vini aprè lòt diak yo épi anvan prèt k-ap konsélébré yo. Évèk la avansé pou kont li an dènié épi yon ti kras an ariè li, dé diak yo k-ap asisté-l yo. Lè yo rivé bò lotèl la, aprè révérans yo doué fè-a, tout moun proché nan koté yo dézigné pou yo-a.

Pandan tan sa-a yo chanté réfrin pou antré-a avèk Psòm li-an oubyin yon lòt chan ki adapté.

261. Rit pou kòmansé yo épi litiji paròl la, yo fè yo kòm dòdinè joutan Évanjil la fi-n proklamé.

Òrdinasion-an

262. Aprè sa, Òrdinasion-an kòmansé.

Évèk la alé, si sa nésésè, koté chèz ki préparé pou Òrdinasion-an, épi yo fè prézantasion kandida yo.

Choua kandida yo pou diakona-a

263. Sa yo pral Òrdoné diak yo, diak la rélé yo nan fason sa-a :

Sé pou yo avansé sa yo gin pou òrdoné diak yo.

Épi tousuit youn pa youn minm diak la di non yo ; épi chak sa yo rélé di :

Prézan,

épi li avansé kot Évèk la, li fè révérans dévan-l.

264. Lè yo tout ranjé dévan Évèk la, prèt la Évèk la délégé-a di :

Trè Révéran Pèr, sint Égliz la ki Manman-an, mandé pou frè nou sa yo ou òrdoné yo pou chaj diakona-a.

Évèk la intèrojé-l, antan-l di :

Èské ou konnin si yo dign ?

Li minm li réponn :

Apati késion yo pozé pèp krétyin-an épi vòt favorab mesié yo ki gin doua pou sa, mouin témouagné yo té jouinn yo dign.

Évèk la :

Ak sékou Granmèt Bondié nou, épi Sovè nou Jézu-Kri, nou chouazi frè nou sa yo pou Òrd diakona-a.

Tout moun di :

Mèsi Bondié, mèsi.

oubyin yon lòt fason ki fiksé dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Choua kandida yo pou présbitéra-a

265. Sa yo pral Òrdoné prèt yo, diak la rélé yo nan fason sa-a :

Sé pou yo avansé sa yo gin pou òrdoné prèt yo.

Épi tousuit youn pa youn minm diak la di non yo ; épi chak sa yo rélé di :

Prézan,

épi li avansé kot Évèk la, li fè révérans dévan-l.

266. Lè yo tout ranjé dévan Évèk la, prèt la Évèk la délégé-a di :

Trè Révéran Pèr, sint Égliz la ki Manman-an, mandé pou frè nou sa yo ou òrdoné yo pou chaj présbitéra-a.

Évèk la intèrojé-l, antan-l di :

Èské ou konnin si yo dign ?

Li minm li réponn :

Apati késion yo pozé pèp krétyin-an épi vòt favorab mesié yo ki gin doua pou sa, mouin témouagné yo té jouinn yo dign.

Évèk la :

Ak sékou Granmèt Bondié nou, épi Sovè nou Jézu-Kri, nou chouazi frè nou sa yo pou Òrd présbitéra-a.

Tout moun di :

Mèsi Bondié, mèsi.

oubyin yon lòt fason ki fikse dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Oméli-a

267. Lè sa-a atò Évèk la, pandan tout moun chita, li fè oméli-a koté antan li kòmansé apati tèks léktu yo, sa yo li nan litiji paròl la, li palé ak pèp la épitou sa yo chouazi yo osijè fonksion diak yo ak prèt yo, antan-l konsidéré tou kondision sa yo gin pou òrdoné diak yo, sètadi èské an minm tan gin sa yo chouazi ki marié épi ki pa marié, oubyin sa yo chouazi ki pa marié sèlman, oubyin sa yo chouazi ki marié sèlman. Li kapab fè sa avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo :

Nou minm mouin rinmin anpil la, kòm frè nou sa yo talè konsa sé nan Òrd diak yo épi prèt yo y-ap gin pou yo antré, avèk atansyon an nou égzaminé nan ki kalité grad ministè nan Égliz la yo gin pou monté. Yo minm sé Kris la ki Mèt, Prèt épi Pastè y-ap sèvi, gras a ministè yo-a kò Kris la, sètadi Égliz la, bati san rété kòm pèp Bondié épi tanp Éspri-Sin-an. Antan y-ap vi-n fè youn ak sasèrdòs Évèk yo, prèt yo ak diak yo vi-n konsakré pou préché Bòn Nouvèl la, pou sanktififié épi okipé pèp Bondié-a, épi pou sélébré kult Bondié-a sitou nan sakrifis Granmèt la. Sé pou yo aji nan tou sa yon fason pou, ak sékou Bondié, nou rivé rékonèt yo kòm véritab disip sa-a ki pa-t vini pou yo sèvi-l, min pou-l sèvi-a.

Nou minm, pitit mouin rinmin anpil yo, yo gin pou fè antré nan Òrd diakona-a, Kris la té ba nou égzanp pou minm jan li minm minm li té fè-a konsa tou nou fè.

Diak yo donk, sètadi sèvitè Jézu-Kri yo, li minm ki té parèt nan mitan disip li yo kòm sa k-ap sèvi-a, antan nou fè volonté Bondié-a ak tout nanm, nan charité-a sé pou nou sèvi Granmèt la épi konsa tou moun yo ak kè kontan. Kòm réyèlman pèsonn pa kapab sèvi dé mèt, konsidéré tout sa ki malonèt ak rinmin ranmasé lajan kòm yon sèvis zidòl.

Si y-ap òrdoné ansanm sa yo chouazi ki marié ak sa-k pa marié.

Kòm n-ap proché yon fason lib nan Òrd diakona-a. Tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou nou gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri-Sin-an ak sa-jès. Sa yo minm pami nou ki sé antan nou fiksé nan séliba-a nou pral égzèsé ministè nou-an, sé pou nou konnin séliba-a sé yon sign épi an minm tan kichòy k-ap pousé nou pou charité pastoral la ak yon sous pou donnin frui sou tè-a. Antan sé yon charité sinsè réyèlman aléga Kris Granmèt la ki pousé nou épi antan n-ap viv nan éta sa-a gras a bay tèt nou nèt alé-a, n-ap kolé kò nou sou Kris la yon fason pi fasil san kè nou pa séparé, n-ap okipé sèvis Bondié avèk moun yo yon fason pi lib, épi n-ap sèvi travay nouvo nésans ki sot anro-a ak plis rapidité.

Kit nou fiksé nan séliba sakré-a kit nou pa fiksé ladan-l, antan nou anrasiné épi nou fondé nan lafoua, montré nou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konvnab pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi pa kité yo détounin nou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la, li minm nou pa sèlman rét ap kouté-a min nou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan nou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou nou montré paròl Bondié-a nan aksion nou, li minm n-ap préché ak bouch nou-an, pou pèp krétyin-an, sa Éspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi nou minm, antan nou rankontré Granmèt la nan dènié jou-a, nou rivé tandé l-ap di nou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Si y-ap òrdoné sèlman sa yo chouazi ki pa marié.

Kòm n-ap proché yon fason lib nan Òrd diakona-a. Tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou nou gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri-Sin-an ak sa-jès. Sé antan nou fiksé nan séliba-a n-ap égzèsé ministè nou-an : réyèlman sé sign épi an minm tan kichòy k-ap pousé nou pou charité pastoral la ak yon sous spésial pou donnin frui sou tè-a. Antan sé yon charité sinsè réyèlman aléga Kris Granmèt la ki pousé nou épi antan n-ap viv nan éta sa-a gras a bay tèt nou nèt alé-a, n-ap kolé kò nou sou Kris la yon fason pi fasil san kè nou pa

séparé, n-ap okipé sèvis Bondié avèk moun yo yon fason pi lib, épi n-ap sèvi travay nouvo nésans ki sot anro-a ak plis rapidité. Antan nou anrasiné épi nou fondé nan lafoua, montré nou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konvtab pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi pa kité yo détounin nou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la, li minm nou pa sèlman rét ap kouté-a min nou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan nou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou nou montré paròl Bondié-a nan aksion nou, li minm n-ap préché ak bouch nou-an, pou pèp krétyin-an, sa Éspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi nou minm, antan nou rankontré Granmèt la nan dènié jou-a, nou rivé tandé l-ap di nou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Si y-ap òrdoné sèlman sa yo chouazi ki marié.

Tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou nou gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri-Sin-an ak sajàs. Antan nou anrasiné épi nou fondé nan lafoua, montré nou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konvtab pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi pa kité yo détounin nou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la, li minm nou pa sèlman rét ap kouté-a min nou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan nou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou nou montré paròl Bondié-a nan aksion nou, li minm n-ap préché ak bouch nou-an, pou pèp krétyin-an, sa Éspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi nou minm, antan nou rankontré Granmèt la nan dènié jou-a, nou rivé tandé l-ap di nou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Nou minm minm, pitit mouin rinmin anpil yo, yo gin pou fè antré nan Òrd présbitéra-a, n-ap réalizé, nan mézi pa nou, fonksion sakré pou anségné-a nan Kris la ki Mèt la. Paròl Bondié-a sé tout moun pou nou bay li, sa nou minm minm nou té résévoua ak kè kontan-an. Antan n-ap médité nan laloua

Granmèt la, fè atansion pou sa nou fi-n li-a nou kouè-l, sa nou fi-n kouè-a nou anségné-l, sa nou fi-n anségné-a nou pran modèl sou li.

Donk sé pou ansègnman nou-an vi-n tounin nouritu pou pèp Bondié-a, sé pou lodè lavi nou vi-n tounin yon réjouisans pou fidèl Kris yo, pou, ak paròl épi égzanp, nou bati kay la, sètadi Égliz Bondié-a.

Fonksion sanktifé-a, minm jan-an, sé pou nou réalizé-l nan Kris la. Gras a ministè nou-an réyèlman, sakrifis spirituèl fidèl yo vi-n réalizé nèt antan li fè youn avèk sakrifis Kris la, li minm n-ap ofri ansanm avèk yo, pa lantrémiz min nou, sou lotèl la yon fason koté san pa koulé, nan sélébrasion mistè yo. Sé pou nou konnin donk ki sa n-ap fè, sé pou nou pran modèl sou sa n-ap touché-a, antan sé mistè lanmò ak réziréksion Granmèt la n-ap sélébré-a, nou fè éfò pou nou mòtifié manb nou yo sot nan tout vis épi pou nou maché nan nouvoté lavi-a.

Antan gras a batèm nan nou fè moun yo antré nan pèp Bondié-a, antan gras a sakréman pénitans la nou padonnin péché yo onon Kris la ak Égliz la, antan gras a luil sint la nou soulajé malad yo, antan nou sélébré rit sakré yo, antan nou ofri louanj avèk aksion-d-gras épi priyè atravè lè jounin yo, pa sèlman pou pèp Bondié-a min tou pou tout tè-a, sonjé byin nou minm sé nan pami moun yo, yo pran nou, épi sé pou moun yo, yo mété nou nan bagay yo ki konsèné Bondié-a. Donk fonksion Kris Prèt la, sé pou nou déplouayé-l avèk kontantman tout tan nan yon véritab charité, antan nou pap chèché pròp intèrè pa nou yo min intèrè Jézu-Kri yo.

Anfin fonksion Kris la ki Tèt la épi Pastè-a, antan nou réalizé-l, pitit mouin rinmin anpil yo, antan nou fè youn avèk Évèk la épi nou obéyi-l, sé pou nou fè éfò pou nou rasanblé fidèl yo nan yon sèl fanmi pou nou réyusi kondui yo pa lintèmediè Kris la nan Éspri-Sin-an koté Bondié Papa-a. Égzanp bon Pastè-a, sé tout tan pou nou ginyin-l dévan jé nou, li minm ki pa-t vini pou fè yo sèvi-l, min pou sèvi, épitou ki té vini chèché épi sovè sa-k té pèdi-a.

Promès sa yo chouazi pou diak yo

268. Apré oméli-a, sa yo chouazi pou diak yo sèlman lèvé épi yo kanpé dévan Èvèk la, li minm li intèrojé yo tout ansanm avèk paròl sa yo :

Pitit mouin rinmin anpil yo, anvan nou avansé nan Òrd diakona-a, li nésésè pou nou déklaré dévan pèp la désizyon pou nou résévoua fonksion-an.

Èské nou vlé yo konsakré nou pou sèvis Ègliz la pa lantrémiz inpozision min mouin yo épi kado Èspri-Sin-an ?

Tout sa yo chouazi yo ansanm yo réponn :

Mouin vlé.

Èvèk la :

Èské nou vlé réalizé fonksion diak la avèk yon charité ki gin umilité nan bay Òrd sasèrdotal la konkou épi nan fè pèp krétyin-an fè progrè ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Èvèk la :

Èské nou vlé kinbé mistè lafoua-a nan yon konsians pròp jan Apot la di-a épi lafoua sa-a nou préché-l avèk paròl épi avèk aksion dapré Bòn Nouvèl la épi tradision Ègliz la ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Intèrogasion ki suiv la sé pou yo fè li minm pou profè rélijyé yo. Yo soté-l kanminm si sa y-ap òrdoné yo sé sèlman sa yo chouazi ki marié yo.

Èvèk la :

Nou minm, ki préparé pou kinbé séliba-a : Èské nou vlé kinbé désizyon sa-a pou tout tan, kòm sign nanm nou konsakré nèt bay Kris Granmèt la, poutèt Péyi-roua sièl yo nan sèvis Bondié ak moun yo ?

Sa yo chouazi ki pa marié yo :

Mouin vlé.

Évèk la :

(Nou tout,) èské nou vlé kinbé épi dévlopé éspri priyè-a nan pròp fason n-ap viv la, épi nan éspri sa-a akonpli fidèlman Litiji Lè yo dapré kondision nou, antan nou fè youn avèk pèp Bondié-a épi pou li, épi pi plis toujou pou tout tè-a ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské nou vlé, san rété, konfòmé konduit nou sou égzanp Kris la, li minm n-ap touché kò-l ak san-l sou lotèl la ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé ak sékou Bondié.

269. Apré sa, chak sa yo chouazi pou diak yo proché kot Évèk la épi, li ajénou dévan li, li mété min li yo kontré anndan min Évèk la, sof si dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo, n. 11, sa fiksé otréman.

Évèk la întèrojé sa yo chouazi-a antan-l di, si sé Òrdinè-l li yé :

Èské ou promèt mouin minm épi siksésè-m yo réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si Évèk la pa Òrdinè-l, li di :

Èské ou promèt Òrdinè-ou la réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si sa yo chouazi-a li rélijjié, Évèk la di :

Èské ou promèt Évèk diosézin-an épi sipériè léjitim ou-an réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Èvèk la toujou fini :

Sa-a ki té kòmansé bon travay la nan nou-an, Bondié, li minm sé pou-l réalisé-l nèt.

Promès sa yo chouazi pou prèt yo

270. Apré promès sa yo chouazi pou diak yo, sa yo chouazi pou prèt yo lévé épi yo kanpé dévan Èvèk la, li minm li intèrojé yo tout ansanm avèk paròl sa yo :

Pitit mouin rinmin anpil yo, anvan nou avansé nan Òrd présbitéra-a, li nésésé pou nou déklaré dévan pèp la désizion pou nou résévoua fonksion-an.

Èské nou vlé akonpli san rété fonksion sasèrdòs la nan grad prèt yo kòm kolaboratè onèt Òrd Èvèk yo antan nou okipé bann mouton Granmèt la anba diréksion Èspri-Sin-an ?

Tout sa yo chouazi yo ansanm réponn :

Mouin vlé.

Èvèk la :

Èské nou vlé akonpli yon fason dign épi avèk sajès ministè paròl la nan préché Bòn Nouvèl la épi nan ékspliké lafoua katolik la ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Èvèk la :

Èské nou vlé sélébré ak piété épi ak fidéлитé mistè Kris la pou louanj Bondié épi sanktifikasion pèp krétyin-an, dapré tradision Ègliz la, sitou nan sakrifis Ékaristi-a épi sakréman rékonsiliation-an ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Èvèk la :

Èské nou vlé ansanm avèk nou inploré mizérikòd Bondié-a pou pèp la yo konfié nou-an antan nou kinbé san rété kòmand-man pou lapriyé-a ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské nou vlé jou an jou fè youn pi plis ak Kris la, Prèt ki anlè nèt la, li minm ki té ofri tèt li bay Papa-a pou nou tankou yon viktim san tach la, épi, ansanm avèk li, konsakré pròp tèt pa nou bay Bondié pou nou sovè moun yo ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin vlé avèk sékou Bondié.

271. Apré sa, chak sa yo chouazi yo proché kot Évèk la épi, li ajénou dévan li, li mété min li yo kontré anndan min Évèk la, sof si dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo, n. 11, sa fikse otréman.

Évèk la întèrojé sa yo chouazi-a antan-l di, si sé Òrdinè-l li yé :

Èské ou promèt mouin minm épi siksésè-m yo réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si Évèk la pa Òrdinè-l, li di :

Èské ou promèt Òrdinè-ou la réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si sa yo chouazi-a li rélijyé, Évèk la di :

Èské ou promèt Évèk diosézin-an épi sipériè léjitim ou-an réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Évèk la toujou fini :

Sa-a ki té kòmansé bon travay la nan ou-a, Bondié, li minm sé pou-l réalizé-l nèt.

Sin Grégoua,	lapriyè pou nou.
Sint Ogustin,	lapriyè pou nou.
Sint Atanaz,	lapriyè pou nou.
Sin Bazil,	lapriyè pou nou.
Sint Éfrèm,	lapriyè pou nou.
Sin Martin,	lapriyè pou nou.
Sin Benoua,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua,	lapriyè pou nou.
Sin Dominik,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua (Gzavié),	lapriyè pou nou.
Sin Jan-Mari (Viané),	lapriyè pou nou.
Sint Katri-n (de Sièn),	lapriyè pou nou.
Sint Tèrèz de Jézu,	lapriyè pou nou.
Tout sin ak sint Bondié yo,	lapriyè pou nou.
Fè kè-ou sansib pou nou,	délivré nou, Granmèt.
Anba tout mal,	délivré nou, Granmèt.
Anba tout péché,	délivré nou, Granmèt.
Anba lanmò k-ap diré tout tan-an,	délivré nou, Granmèt.
Gras a inkarnasion-ou nan,	délivré nou, Granmèt.
Gras a lanmò-ou la ak réziréksion-ou nan,	délivré nou, Granmèt.
Gras a vidé ou vidé Éspri-Sin-an,	délivré nou, Granmèt.
Nou minm péchè yo,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou Égliz ou-a ki sin-an ou aksépté kondui-l	
épi konsèvé-l,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou domèn Apostolik la	
épi tout òrd ékléziastik yo	
ou aksépté konsèvé yo	
nan rélijion ki sin-an,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou sa yo ou chouazi yo	
ou aksépté béni yo,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou sa yo ou chouazi yo	
ou aksépté béni yo	
épi sanktifié yo,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou sa yo ou chouazi yo	
ou aksépté béni yo, sanktifié yo	
épi konsakré yo,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou tout pèp yo ou aksépté ba yo lapè
 épi véritab unité-a, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou tout moun k-ap pasé tray,
 ou aksépté ba yo mizérikòd ou-a
 an kantité, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Pou nou minm minm, ou aksépté asiré nou
 épi konsèvé nou
 nan sèvis ou-a ki sin-an, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Jézu, Pitit Bondié vivan-an, n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
 Kris, kouté nou. Kris, kouté nou.
 Kris, réponn nou. Kris, réponn nou.

274. Aprè chan litani yo fini, Évèk la antan-l kanpé, min-l louvri, li di :

Granmèt Bondié, priyè nou yo kouté yo ak bon kè,
 pou sa nou gin pou nou réglé yo nan fonksion nou-an,
 ou soutni yo ak byinvéyans nan sékou-ou ;
 épi, sa yo nou kouè dapré konpréansion nou
 nou gin pou prézanté ba ou yo
 pou égzèsé ministè sakré yo,
 sanktifié yo avèk bénédikcion-ou nan.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

Diak la, si ka-a prézanté, avèti :

An nou lèvé.

Épi tout moun lèvé. Sa yo chouazi pou Òrd présbitéra-a rékilé épi yo fè Òrdinasion diak yo.

Òrdinasion diak yo

Inpozision min yo épi Priyè Òrdinasion-an

275. Sa yo chouazi yo pou Òrd diakona-a lèvé, yo chak proché kot Évèk la ki kanpé dévan sièj la avèk mitr, épi dévan-l li mét ajénou.

276. Évèk la pozé min sou tèt chak sa yo chouazi yo san-l pa di anyin.

277. Antan sa yo chouazi yo ajénou dévan-l, Évèk la, antan li rétiré mitr la, di Priyè Òrdinasion-an (pou chan-an, cf. n. 207) avèk min li louvri.

Rét prézan, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua,
 ou minm ki bay gras yo,
 ou minm ki distribué òrd yo épi ki dispozé fonksion yo,
 ou minm ki antan-ou rété nan ou minm ou rénvoulé tout bagay,
 épi antan-ou dispozé tout sa ki égzisté
 avèk providans ki la tout tan-an,
 pa lintèmediè paròl la, puisans la épi sa jès ou-a
 Jézu-Kri, Pitit ou-a, Granmèt nou-an,
 ou réglé sa ki doué adapté pou chak bagay yo nan tan yo.

Li minm kò-l la, Égliz ou-a,
 ki distingé avèk divèsité gras sièl yo,
 épi ki uni nan distinksiyon manb li yo,
 ki fè youn pa lintèmediè Éspri-Sin-an
 nan yon asanblaj ékstraòdinè-a,
 ou vlé li grandi épi li élaji nan yon tanp nouvo k-ap dévlopé,
 antan ou konstitué toua dégré ministè yo nan fonksion sakré yo
 pou sèvi non-ou,
 tankou déja nan kòmansman ou té chouazi pitit Lévi yo,
 pou réalizé sèvis ansyin tant la.

Konsa nan premié kòmansman Égliz ou-a,
 Apot Pitit ou-a, anba otorité Éspri-Sin-an,
 té déléjé sèt gason bon témouagnaj,
 ki té gin pou édé yo nan ministè chak jou-a,
 pou yo minm nan lapriyè épi prédikasyon paròl la
 yo té kapab pèsévéré pi plis,
 épi mesié sa yo minm yo té chouazi yo,
 pa lantrémiz priyè épi inpozision min,
 yo té kité sèvis tab yo nan min yo.

Sou sèvitè-ou sa yo tou,
 tanpri, Granmèt, voyé jé ak bon kè,
 yo minm nou déstiné avèk siplikasyon nan fonksion diak la
 pou yo sèvi sou lotèl sakré-ou yo.

Voyé nan yo, Granmèt, tanpri,
 Éspri Sin-an,

li minm gras a li, nan travay sèvis la yo gin pou égzèsé
avèk fidèlité-a,
yo gin pou résévoua fòs ak kado sèt fòm gras ou-a.

Sé pou fòm bon kalité Évanjil la vi-n anpil nan yo,
rinmin san fè sanblan,
atansyon pou malad yo ak pòv yo,
otorité méziré,
sinplisité inosans,
épi obsèkans disipli-n spirituèl.

Nan konduit yo, sé pou kòmandman yo byin kléré,
pou sou égzanp konpòtman yo
yo vi-n tounin modèl pou pèp ki sin-an,
épi, antan yo prézanté bon témouagnaj konsians,
yo pèsévéré solid épi byin fiksé nan Kris la,
yon fason pou Pitit ou-a
ki pa-t vini pou fè sèvi-l la min pou sèvi-a,
antan y-ap imité-l sou tè yo,
yo mérité kòmandé kòm roua ansanm avèk li nan sièl yo.

Li minm k-ap viv é k-ap kòmandé ansanm avèk ou,
ansanm avèk Éspri-Sin-an, Bondié,
pou tout tan gin tan.

Tout moun :

Amèn.

Rémiz liv Évanjil yo

278. Lè Priyè Òrdinasion-an fini, tout moun chita, Évèk la résévoua mitr la, sa yo fèk Òrdoné yo lèvé, épi dèt diak oubyin dèt minis pozé ètòl la sou chak sa yo fèk Òrdoné yo nan fason diak yo épi yo abiyé-l avèk dalmatik.

279. Pandan sa yo kapab chanté réfrin-an (cf. pi ro-a, n. 208) :

**Ala kontanman pou sa yo ki abité
nan kay ou-a Granmèt (T. P. Alélouya).**

avèk Psòm 83 (84), Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo, Granmèt, cf. pi ro-a, n. 209, oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an sitou lè Psòm 83 (84) yo té sèvi avèk li kòm psòm réponsorial nan litiji paròl la.

280. Sa yo fèk Òdoné yo, antan yo abiyé avèk vètman diakonal yo, yo proché kot Évèk la, li minm li rimmèt nan min chak ki ajénou dévan-l liv Évanjil yo, antan-l di :

**Résévoua Évanjil Kris la,
li minm ou vi-n tounin anonsiatè-l la ;
épi fè atansion, pou sa-ou fi-n li-a ou kouè-l,
sa-ou kouè-a ou anségné-l ;
sa-ou fi-n anségné-a ou pran modèl sou li.**

281. Pandan tan sa-a yo kapab chanté réfrin-an :

Anonsé Bòn Nouvèl la bay tout kréatu. (T. P. Alélouya.)

avèk Psòm 116 (117), oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an.

Psòm 116 (117)

Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo, *
fè louanj li ansanm, tout pèp yo.
Paské mizérikòd li asiré sou nou, *
vérité Granmèt la diré pou tout tan.

(Yo répété réfrin-an)

Yo pa di Gloria Patri (Viv Papa-a).

Apré sa diak yo fèk òdoné yo rétonin al nan plas yo.

Òrdinasion prèt yo

Priyé siplikasion

282. Lè sa-a atò, sa yo chouazi pou Òrd présbitéra-a avansé. Tout moun lévé. Évèk la, lè-l fi-n dépozé mitr la, antan-l viré nan diréksion pèp la, li di ak min-l kontré (pou chan-an, cf. n. 126).

**An nou priyé, nou minm nou rinmin anpil la,
Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
pou sou sévité-l sa yo,
li chouazi pou fonksion présbitéra-a,
li multiplié kado ki sot nan sièl yo.**

Épi tout moun lapriyé an silans pandan kèk éspas tan.

Inpozision min yo épi Priyè Òrdinasion pou présbitéra-a

283. Chak sa yo chouazi yo proché kot Èvèk la ki kanpé dévan sièj la avèk mitr, épi dévan-l li mét ajénou.

284. Èvèk la pozé min sou tèt sa yo chouazi yo san-l pa di anyin.

Apré Èvèk la fi-n pozé min-an, tout prêt yo ki prézan yo, antan yo abiyé avèk étòl, yo pozé min sou sa yo chouazi yo san yo pa di anyin.

Apré inpozision min yo minm, prêt yo rété alantou Èvèk la joutan Priyè Òrdinasion-an fini, yon fason kanminm pou aksion-an fidèl yo kapab ouè-l byin.

285. Antan sa yo chouazi yo ajénou dévan-l, Èvèk la, antan li rétiré mitr la, di Priyè Òrdinasion-an avèk min li louvri (pou chan-an, cf. n. 131, antan yo chanjé kanminm nonb plirièl la).

**Rét prézan, Granmèt, Papa ki sin,
Bondié ki gin tout pouvoua épi ki la dépi tout tan é pou tout tan,
ou minm ki fè dignité moun nan
épi ki distribué tout gras yo,
ou minm gras a ou tout bagay yo fè progrè-a,
ou minm gras a ou tout bagay yo asiré-a,
ou minm ki dispozé minis Kris la Pitit ou-a,
pou fômé pèp sasèrdotal la gras a puisans Éspri-Sin-an
avèk divès òrd ladan-l.**

**Déja nan ansyin Téstaman-an,
fonksion yo institué yo, té pran fòs gras a rit sakré mistik yo,
ki fè lè-ou té mété moun pou édé Moyiz avèk Aaron,
ou té chouazi mésié pou ba yo konkou
nan akonpagné yo épi travay avèk yo
nan dézièm ran ak dignité.**

**Konsa nan dézè-a,
pa lantrémiz intèlijans sousanndis mésié ki gin prudans yo,
ou té transmèt éspri Moyiz la ;
antan-l sèvi avèk konkou yo, li té kondui pèp ou-a pi fasil.**

**Konsa nan pitit Aaron yo
ou té fè sa-k plin papa-a pasé an abondans
pou nan sakrifis tant yo,
yo minm ki té lonbraj byin ki té gin pou vini yo,
sèvis prêt yo té sifizan dapré Laloua-a.**

An dènié réyèlman, Papa ki sin, ou té voyé Pitit ou-a sou tè-a, Jézu, Apot épi Pontif déklarasion lafoua nou-an.

Li minm minm, pa lintèmediè Éspri-Sin-an, sé pròp tèt pa-l minm li té ofri ba ou san tach, épi Apot li yo ki konsakré nan vérité-a li té fè yo patisipé nan mision li-an ;
yo minm ou té ajouté konpagnon ba yo-a pou anonsé épi pou akonpli travay sovè-a sou tout tè-a.

Koulié-a min, Granmèt, tanpri, bay féblès nou èd sa yo,
yo minm nou bézouin pou réalizé sasèrdòs apostolik la.

Mété, tanpri Papa ki gin tout pouvoua,
nan sèvitè-ou sa yo, dignité prèt la ;
rénouvlé nan zantray yo Éspri sinteté-a ;
antan yo résévoua sa nan min-ou, Bondié,
sé pou yo kinbé fonksion dézièm dégré-a,
sé pou yo invité nan douati konduit moral la
gras a égzanp konpòtman yo.

Sé pou yo onèt kolaboratè Òrd nou-an,
pou paròl Évanjil yo, gras a prèch yo-a,
donnin frui nan kè moun yo avèk gras Éspri-Sin-an
épi rivé jous nan bout tè-a.

Sé pou avèk nou
yo vi-n tounin fidèl administratè mistè-ou yo
pou pèp ou-a rénouvlé gras a bingn nouvo nésans la
épi réfè apati lotèl ou-a,
épi pou péchè yo rékonsilié
épi pou malad yo soulajé.

Sé pou yo fè youn avèk nou, Granmèt,
pou inploré mizèrikòd ou-a
pou pèp la yo konfié yo-a,
épi pou tout tè-a.

Konsa plénitud nasion yo ki rasanblé nan Kris la
ap vi-n tounin yon sèl pèp ou-a,
ki doué akonpli nan péyi-roua-ou la.

Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou, Pitit ou,
ki vivan é ki roua ansanm avèk ou ansanm avèk Éspri-Sin-an,
Bondié pou tout tan gin tan.

Tout moun :

Amèn.

Onksion min yo épi rémiz pin-an ak divin-an

286. Lè Priyè Òrdinasion-an fini, tout moun chita, Èvèk la résévoua mitr la, sa yo fèk Òrdoné yo lévé, prêt yo ki té kanpé yo tounin nan plas yo, kèk kanminm nan yo pozé étòl la sou sa yo fèk Òrdoné yo nan fason prêt yo épi abiyé yo avèk chazub.

287. Apré sa, Èvèk la pran tabliyé an toual la épi antan yo avèti pèp la jan sa konvab, avèk sin krèm nan li fè onksion nan plat min chak sa yo fèk Òrdoné yo ki ajénou dévan-l nan, antan-l di :

**Granmèt Jézu-Kri,
li minm Papa-a té bay onksion avèk Éspri-Sin-an épi puisans la,
sé pou-l konsèvé-ou pou sanktifíé pèp krétyin-an
épi pou ofri sakrifis la bay Bondié.**

Apré sa, Èvèk la épi sa yo fèk Òrdoné-a lavé min.

288. Pandan sa yo fèk Òrdoné-a ap abiyé avèk étòl la épi chazub la, épi pandan Èvèk la ap fè onksion min yo, yo chanté réfrin-an (cf. pi ro-a, n. 134) :

**Prèt pou tout tan, Kris la Granmèt la,
dapré ran Mèlkisédek la
té ofri pin épi divin. (T. P. Alélouya).**

avèk Psòm 109 (110) : Granmèt la di Granmèt mouin, cf. pi ro-a, n. 134, oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an sitou lè Psòm 109 (110) yo té sèvi avèk li kòm psòm réponsorial nan litiji paròl la.

289. Apré sa, fidèl yo poté pin sou patèn nan épi kalis la antan yo mété dlo ak divin ladan-l pou sélébrasion Mès la. Yon diak résévoua yo épi poté yo bay Èvèk la, li minm li rinmèt yo nan min chak sa yo fèk Òrdoné yo ki ajénou dévan-l, antan-l di :

**Résévoua ofrann pèp sin-an
pou ofri bay Bondié.
Sé pou konnin sa ou-ap fè-a
sé pou pran modèl sou sa ou-ap touché-a
épi lavi-ou sé pou konfòmé-l ak mistè koua Granmèt la.**

290. Anfin, Èvèk la bay chak sa yo fèk Òrdoné yo, dabò prèt yo épi apré diak yo, yon akolad antan-l di :

Lapè avèk ou.

Sa yo fèk Òrdoné-a réponn :

É avèk ou minm tou. [É avèk éspri-ou tou].

Minm jan-an, tout prèt yo oubyin omouin kèk nan sa-k prézan yo, ak yon akolad, yo kapab montré prèt yo fèk Òrdoné yo yo asosié avèk yo nan Òrd la, épi tout diak yo oubyin omouin kèk nan yo fè minm jan-an pou diak yo fèk Òrdoné yo.

291. Pandan tan sa-a yo kapab chanté répons la tankou pi ro-a (cf. n. 137) :

℞ Mouin pa rélé nou sèvitè ankò, min zanmi mouin yo, paské nou konnin tout bagay yo mouin té fè nan mitan nou yo (alélouya).

*** Résévoua Éspri-Sin-an nan nou, Paraklè-a. † Li minm sé sa Papa-a ap voyé ba nou-an (alélouya).**

‡. Nou sé zanmi mouin si n-ap fè sa mouin kòmandé nou yo.*

*** Résévoua.**

‡. Viv Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an.

† Li minm.

oubyin réfrin :

**Nou minm sé zanmi-m nou yé,
si nou fè sa mouin kòmandé nou yo,
sé sa Granmèt la di. (T. P. Alélouya.)**

avèk Psòm 99 (100) : Pousé rèl kontantman pou Granmèt la tout tè-a, cf. pi ro-a, n. 137, oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk répons la oubyin avèk réfrin-an sitou lè Psòm 99 (100) yo té sèvi avèk li kòm psòm résponsorial nan litiji paròl la.

292. Mès la kontinué kòm dòdinè. Yo di Sinbòl la dapré rubrik yo ; yo soté priyé inivèsèl la.

Litiji ékaristik

293. Litiji ékaristik la, yo konsélébré-l kòm dòdinè ; sèlman yo soté préparasion kalis la. Youn nan diak yo fèk òrdoné yo sèvi Évèk la sou lotèl la.

294. Nan Priyè ékaristik la, Évèk la oubyin youn nan prèt k-ap konsélébré yo fè mansion prèt yo ak diak yo fèk Òrdoné yo dapré fòmul sa yo :

a) **Nan Priyè ékaristik I-an, Évèk la di** Hanc igitur (Granmèt tanpri asképté sa n-ap ofri-ou la) **pròp:**

**Sèvis ofrann nou sa-a donk,
min tou pa tout fanmiy ou-a,
sa n-ap ofri-ou tou pou sèvitè-ou sa yo,
ou aksépté lèvé nan Òrd diakona-a ak présbitéra-a,
nou priyé, Granmèt, pou ou aksépté-l ak byinvéyans,
épi pou-ou kinbé kado-ou yo ak bon kè nan yo,
pou, sa y-ap rapousuiv la ak chaj Bondié-a,
yo jouinn li ak rézilta Bondié yo.
(Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. Amèn).**

b) **Nan intèsésion Priyè ékaristik II-a apré mo** ...congregemur in unum (...fè Léspri Sin-an rasanblé nou fè youn, poutèt Kò ak San Jézu-Kri n-ap manjé-a), **yo di:**

**Sonjé, Granmèt, Égliz ou-a ki gayé sou tout tè-a,
pou-ou fè-l vi-n kòrèk nèt nan charité-a
ansanm avèk Pap nou-an N. ak Évèk nou-an N..
Sonjé tou sèvitè-ou sa yo,
ou té vlé prévoua jodi-a kòm diak oubyin prèt pou Égliz la,
ak tout klèjé-a.**

Sonjé frè nou yo tou...

c) **Nan intèsésion Priyè ékaristik III-a, apré paròl** ...ad totius mundi pacem atque salutem (pou kè tout moun pozé é pou yo jouinn délivrans) **yo di:**

**Égliz ou-a ki an pèlerinaj sou tè-a,
aksépté asiré-l nan lafoua ak charité
ansanm ak Pap nou-an N. ak Évèk nou-an N.,
ansanm ak Òrd épiskopal la ak sèvitè-ou sa yo
ki òrdoné jodi-a kòm diak oubyin prèt pou Égliz la,**

**ak tout klèjé-a,
ak tout pèp éritaj ou-a.**

Tanpri, kouté priyè fanmiy ou-an...

d) Nan intèsésion Priyè ékaristik IV la, apré mo ...ad laudem gloriae tuae (é tou sa va bèl louanj ak konpliman pou ou) yo di:

**Koulié-a minm, Granmèt, sonjé tout moun yo,
nou ofri sakrifis sa-a ba ou pou yo-a,
toudabò sèvitè-ou Pap nou-an N.,
Évèk nou-an N.,
ak tout Òrd Évèk yo,
épi sèvitè-ou sa yo
ou aksépté chouazi jodi-a pou sèvis
diakonal oubyin présbitéral pèp ou-a,
épi tout klèjé-a tou;
Sonjé tou moun yo k-ap ofri-a,
ni sa yo ki prézan-an,
ni tout pèp ou-a,
ni tout moun k-ap chèché-ou ak kè sinsè.
Sonjé frè nou yo tou...**

295. Diak yo fèk sot Òdoné yo résévoua Kominion sou toulèdè espès.
Diak ki t-ap sèvi Évèk la okipé sèvis kalis la.

296. Paran yo ak pròch sa yo fèk Òdoné yo kapab résévoua Kominion sou toulèdè espès.

297. Kèk nan diak yo fèk sot òdoné yo kapab édé Évèk la nan distribué Kominion-an bay fidèl yo.

298. Apré distribision Kominion-an fini, yo kapab chanté yon kantik aksion-d-gras. Priyè apré Kominion-an vini apré chan-an.

Rit konklizyon

299 Nan plas bénédiksion òdinè-a, yo kapab di bénédiksion ki vi-n apré-a.
Diak la kapab di invitatoua-a :

Bésé tèt nou pou bénédiksion-an.

Apré sa, Évèk la, min lonjé sou sa yo fèk Òdoné yo épi pèp la, li di bénédiksion-an :

**Sé pou Bondié ki instalé Égliz la épi k-ap dirijé-l la
protéjé nou tout tan ak gras li
pou nou réalizé chaj nou-an avèk nanm fidèl.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

**Li minm ki bay diak yo chaj
préché Bòn Nouvèl la
antan y-ap sèvi lotèl la épi moun yo,
sé pou-l fè nou tounin sou tè-a
témouin li ki anflamé épi sèvitè charité-a.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

**Épi nou minm prêt yo sé pou-l fè nou vrè pastè,
ki bay fidèl yo pin vivan-an ak paròl lavi-a,
pou yo dévlopé pi plis antan y-ap fè yon sèl ak Kò Kris la.**

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

**Épi nou tout ki prézan la-a ansanm isit la,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ✠ ak Pitit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
béni nou byin béni.**

Tout moun :

Amèn.

**300. Apré yo fi-n bay bénédiksion-an épi apré diak la fi-n ranvouayé pèp
la, yo fè prosésion al nan sakristi-a kòm dòdinè.**

RIT ÒRDINASON YON SÈL DIAK
ÉPI ÒRDINASON YON SÈL PRÈT

Rit pou kòmansé épi Litiji paròl la

301. Antan tout bagay dispozé jan sa doué fèt la, yo òganizé prosésion-an atravè légliz la nan diréksion lotèl la kòm dòdinè. Sa yo pral òrdoné diak la vini anvan diak la k-ap poté liv Évanjil yo, épi lòt diak yo, si ginyin. Sa yo pral òrdoné prèt la vini aprè lòt diak yo épi anvan prèt k-ap konsélébré yo. Évèk la avansé pou kont li an dènié épi, yon ti kras an ariè li, dé diak yo k-ap asistè-l yo. Lè yo rivé bò lotèl la, aprè révérans yo doué fè-a, tout moun proché nan koté yo dézigné pou yo-a.

Pandan tan sa-a yo chanté réfrin pou antré-a avèk Psòm li-an oubyin yon lòt chan ki adapté.

302. Rit pou kòmansé yo épi litiji paròl la, yo fè yo kòm dòdinè joutan Évanjil la fi-n proklamé.

Òrdinasion-an

303. Aprè sa, Òrdinasion-an kòmansé.

Évèk la alé, si sa nésésè, koté chèz ki préparé pou Òrdinasion-an, épi yo fè prezantasion kandida yo.

Choua kandida-a pou diakona-a

304. Sa yo pral Òrdoné diak la, diak la rélé-l nan fason sa-a :

Sé pou-l avansé sa yo gin pou òrdoné diak la.

Épi tousuit minm diak la di non-l ; épi sa yo rélé-a di :

Prézan,

épi li avansé kot Évèk la, li fè révérans dévan-l.

305. Antan sa yo gin pou òrdoné-a kanpé dévan Évèk la, prèt la Évèk la délégé-a di :

Trè Révéran Pèr, sint Égliz la ki Manman-an, mandé pou frè nou sa-a ou òrdoné-l pou chaj diakona-a.

Évèk la intèrojé-l, antan-l di :

Èské ou konnin si li dign ?

Li minm li réponn :

Apati késion yo pozé pèp krétyin-an épi vòt favorab mésié yo ki gin doua pou sa, mouin témouagné yo té jouinn li dign.

Évèk la :

Ak sékou Granmèt Bondié nou, épi Sovè nou Jézu-Kri, nou chouazi frè nou sa-a pou Òrd diakona-a.

Tout moun di :

Mèsi Bondié, mèsi.

oubyin yon lòt fason ki fiksé dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Choua kandida-a pou présbitéra-a

306. Sa yo pral Òrdoné prèt la, diak la rélé-l nan fason sa-a :

Sé pou-l avansé sa yo gin pou òrdoné prèt la.

Épi tousuit minm diak la di non-l ; épi sa yo rélé-a di :

Prézan,

épi li avansé kot Évèk la, li fè révérans dévan-l.

307. Antan sa yo pral Òrdoné-a kanpé dévan Évèk la, prèt la Évèk la délégé-a di :

Trè Révéran Pèr, sint Égliz la ki Manman-an, mandé pou frè nou sa-a ou òrdoné-l pou chaj présbitéra-a.

Évèk la intèrojé-l, antan-l di :

Èské ou konnin si li dign ?

Li minm li réponn :

Apati késion yo pozé pèp krétyin-an épi vòt favorab mésié yo ki gin doua pou sa, mouin témouagné yo té jouinn li dign.

Évèk la :

Ak sékou Granmèt Bondié nou, épi Sovè nou Jézu-Kri, nou chouazi frè nou sa-a pou Òrd présbitéra-a.

Tout moun di :

Mèsi Bondié, mèsi.

oubyin yon lòt fason ki fikse dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo n. 11, yo montré yo dakò avèk choua-a.

Oméli-a

308. Lè sa-a atò Évèk la, pandan tout moun chita, li fè oméli-a koté antan li kòmansé apati tèks léktu yo, sa yo li nan litiji paròl la, li palé ak pèp la épitou sa yo chouazi yo osijè fonksion diak yo ak prèt yo, antan-l konsidéré tou kondision sa yo gin pou òrdoné diak la, sètadi èské sé sa yo chouazi ki marié oubyin ki pa marié. Li kapab fè sa avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo :

Nou minm mouin rinmin anpil la, kòm frè nou sa yo talé konsa sé nan Òrd diak yo épi prèt yo y-ap gin pou yo antré, avèk atansion an nou égzaminé nan ki kalité grad ministè nan Égliz la yo gin pou monté. Yo minm sé Kris la ki Mèt, Prèt épi Pastè y-ap sèvi, gras a ministè yo-a kò Kris la, sètadi Égliz la, bati san rété kòm pèp Bondié épi tanp Éspri-Sin-an. Antan y-ap vi-n fè youn ak sasèrdòs Évèk yo, prèt la ak diak la vi-n konsakré pou préché Bòn Nouvèl la, pou sanktifié épi okipé pèp Bondié-a, épi pou sélébré kult Bondié-a sitou nan sakrifis Granmèt la. Sé pou yo aji nan tou sa yon fason pou, ak sékou Bondié, nou rivé rékonèt yo kòm véritab disip sa-a ki pa-t vini pou yo sèvi-l, min pou-l sèvi-a.

Ou minm, pitit mouin rinmin anpil la, yo gin pou fè antré nan Òrd diakona-a, Kris la té ba ou égzanp pou minm jan li minm minm li té fè-a konsa tou ou fè.

Diak la donk, sètadi sèvitè Jézu-Kri-a, li minm ki té parèt nan mitan disip li yo kòm sa k-ap sèvi-a, antan-l fè volonté Bondié-a ak tout nanm, nan charité-a sé pou-l sèvi Granmèt la épi, konsa tou, moun yo ak kè kontan. Kòm réyèlman pèsonn pa kapab sèvi dé mèt, sé pou konsidéré tout sa-k malonèt ak tout rinmin ranmasé lajan kòm yon sèvis zidòl.

Si y-ap òrdoné sa yo chouazi ki pa marié.

Kòm réyèlman ou-ap proché yon fason lib nan Òrd diakona-a, tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou-ou yon gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri-Sin-an ak sajès.

Sé antan ou fiksé nan séliba-a ou-ap égzèsé ministè-ou la : réyèlman sé sign épi an minm tan kichòy k-ap pousé ou pou charité pastoral la ak yon sous spésial pou donnin frui sou tè-a. Antan sé yon charité sinsè réyèlman aléga Kris Granmèt la ki pousé ou épi antan ou-ap viv nan éta sa-a gras a bay tèt-ou nèt alé-a, ou-ap kolé kò-ou sou Kris la yon fason pi fasil san kè-ou pa séparé, ou-ap okipé sèvis Bondié avèk moun yo yon fason pi lib, épi ou-ap sèvi travay nouvo nésans ki sot anro-a ak plis rapidité. Antan ou anrasiné épi ou fondé nan lafoua, montré ou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konvnan pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi pa kité yo détounin-ou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la, li minm ou pa sèlman rét ap kouté-a min ou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan-ou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou-ou montré paròl Bondié-a nan aksion ou, li minm ou-ap préché ak bouch ou-a, pou pèp krétyin-an, sa Éspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi ou minm, antan ou rankontré Granmèt la nan dènié jou-a, ou rivé tandé l-ap di ou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Si y-ap òrdoné sa yo chouazi ki marié.

Tankou sa yo Apot yo lontan té chouazi pou ministè charité-a, sé pou-ou yon gason ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri-Sin-an ak sajès. Antan ou anrasiné épi ou fondé nan lafoua, montré ou san tach épi san répròch dévan Bondié ak moun yo jan sa konvnan pou sèvitè Kris la avèk administratè mistè Bondié yo, épi pa kité yo détounin-ou sot nan éspérans Bòn Nouvèl la, li minm ou pa sèlman rét ap kouté-a min ou doué sèvi-a. Mistè lafoua-a, antan-ou ginyin-l nan yon konsians pròp, sé pou-ou montré paròl Bondié-a nan aksion ou, li minm ou-ap préché ak bouch ou-a, pou pèp krétyin-an, sa Éspri-a ap bay lavi-a, vi-n tounin yon ofrann ki pròp ki fè Bondié plézi, épi ou minm, antan-ou rankontré

Granmèt la nan dènié jou-a, ou rivé tandé l-ap di ou : « Vini sèvitè ki bon épi ki fidèl, antré nan kontantman Granmèt ou-a ».

Ou minm minm, pitit mouin rinmin anpil la, yo gin pou fè antré nan Òrd présbitèra-a, ou-ap réalizé, nan mézi pa-ou, fonksion sakré pou anségné-a nan Kris la ki Mèt la. Paròl Bondié-a sé tout moun pou-ou bay li, sa ou minm minm ou té résévoua ak kè kontan-an. Antan ou-ap médité nan laloua Granmèt la, fè atansyon pou sa ou fi-n li-a ou kouè-l, sa ou fi-n kouè-a ou anségné-l, sa ou fi-n anségné-a ou pran modèl sou li.

Donk sé pou ansègnman-ou nan vi-n tounin nouritu pou pèp Bondié-a, sé pou lodè lavi-ou vi-n tounin yon réjouisans pou fidèl Kris yo, pou, ak paròl épi égzanp, ou bati kay la, sètadi Égliz Bondié-a.

Fonksion sanktifié-a, minm jan-an, sé pou-ou réalizé-l nan Kris la. Gras a ministè-ou la réyèlman, sakrifis spirituèl fidèl yo vi-n réalizé nèt antan li fè youn avèk sakrifis Kris la, li minm ou-ap ofri ansanm avèk yo, pa lantrémiz min-ou, sou lotèl la yon fason koté san pa koulé, nan sélébrasyon mistè yo. Sé pou-ou konnin donk ki sa ou-ap fè, sé pou-ou pran modèl sou sa ou-ap touché-a, antan sé mistè lanmò ak rézéréksion Granmèt la ou-ap sélébré-a, ou fè éfò pou-ou mòtifié manb ou yo sot nan tout vis épi pou-ou maché nan nouvo té lavi-a.

Antan gras a Batèm nan ou fè moun yo antré nan pèp Bondié-a, antan gras a sakréman pénitans la ou padonnin péché yo onon Kris la ak Égliz la, antan gras a luil sint la ou soulajé malad yo, antan-ou sélébré rit sakré yo, antan-ou ofri louanj avèk aksion-d-gras épi priyé atravè lè jounin yo, pa sèlman pou pèp Bondié-a min tou pou tout tè-a, sonjé byin ou minm sé nan pami moun yo, yo pran-ou, épi sé pou moun yo, yo mété-ou nan bagay yo ki konsèné Bondié-a. Donk fonksion Kris la ki Prèt la, sé pou-ou déplouayé-l avèk kontantman tout tan nan yon véritab charité, antan ou pap chèché pròp intèrè pa-ou yo min intèrè Jézu-Kri yo.

Anfin fonksion Kris la ki Tèt la épi Pastè-a, antan ou réalizé-l, pitit mouin rinmin anpil la, antan-ou fè youn avèk Évèk la épi ou obéyi-l, sé pou-ou fè éfò pou-ou rasanblé fidèl yo nan yon sèl

fanmi pou-ou réyusi kondui yo pa lintèmediè Kris la nan Èspri-Sin-an koté Bondié Papa-a. Ègzanp bon Pastè-a, sé tout tan pou-ou ginyin-l dévan jé-ou, li minm ki pa-t vini pou fè yo sèvi-l, min pou sèvi, èpitou ki té vini chèché èpi sovè sa-k té pèdi-a.

Promès sa yo chouazi pou diak la

309. Apré oméli-a, sa yo chouazi pou diak la sèlman lèvé èpi li kanpé dévan Èvèk la, li minm li intèrojé-l avèk paròl sa yo :

Pitit mouin rinmin anpil la, anvan ou avansé nan Òrd diakona-a, li nésèsé pou-ou déklaré dévan pèp la désizion pou-ou résévoua fonksion-an.

Èské ou vlé yo konsakré-ou pou sèvis Ègliz la pa lantrémiz inpozision min mouin yo èpi kado Èspri-Sin-an ?

Sa yo chouazi-a réponn :

Mouin vlé.

Èvèk la :

Èské ou vlé réalizé fonksion diak la avèk yon charité ki gin umilité nan bay Òrd sasèrdotal la konkou èpi nan fè pèp krétyin-an fè progrè ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Èvèk la :

Èské ou vlé kinbé mistè lafoua-a nan yon konsians pròp jan Apot la di-a èpi lafoua sa-a ou préché-l avèk paròl èpi avèk aksion dapré Bòn Nouvèl la èpi tradision Ègliz la ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Intèrogasion ki suiv la sé pou yo fè li minm pou yon profè rélijyé. Yo soté-l kanminm si sa y-ap òrdoné-a sé sa yo chouazi ki marié.

Èvèk la :

Èské ou vlé, kòm sign nanm ou konsakré nèt bay Kris Granmèt la, poutèt Péyi-roua sièl yo nan sèvis Bondié ak moun yo kinbé désizion séliba-a pou tout tan ?

Sa yo chouazi ki pa marié-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé kinbé épi dévlope éspri priyè-a nan pròp fason ou-ap viv la, épi nan éspri sa-a akonpli fidèlman Litiji Lè yo dapré kondision ou, antan ou fè youn avèk pèp Bondié-a épi pou li, épi pi plis toujou pou tout tè-a ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé, san rété, konfòmé konduit ou sou égzanp Kris la, li minm ou-ap touché Kò-l ak San-l sou lotèl la ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé, avèk sékou Bondié.

310. Apré sa, sa yo chouazi pou diak la proché kot Évèk la épi, li ajénou dévan li, li mété min li yo kontré anndan min Évèk la, sof si dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo, n. 11, sa fiksé otréman.

Évèk la întérojé sa yo chouazi-a antan-l di, si sé Òrdinè-l li yé :

Èské ou promèt mouin minm épi siksésè-m yo réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si Évèk la pa Òrdinè-l, li di :

Èské ou promèt Òrdinè-ou la réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si sa yo chouazi-a li rélijjié, Évèk la di :

Èské ou promèt Évèk diosézin-an épi sipériè léjitim ou-an réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Évèk la toujou fini :

Sa-a ki té kòmansé bon travay la nan nou-an, Bondié, li minm sé pou-l réalizé-l nèt.

Épi sa yo chouazi pou diak la rétonnin nan plas li épi li chita.

Promès sa yo chouazi pou prèt la

311. Apré promès sa yo chouazi pou diak la, sa yo chouazi pou prèt la lèvé épi li kanpé dévan Évèk la, li minm li intèrojé-l avèk paròl sa yo :

Pitit mouin rinmin anpil la, anvan-ou avansé nan Òrd présbitéra-a, li nésésé pou-ou déklaré dévan pèp la désizion pou-ou résévoua fonksion-an.

Èské ou vlé akonpli san rété fonksion sasèrdòs la nan grad prèt yo kòm kolaboratè onèt Òrd Évèk yo antan ou okipé bann mouton Granmèt la anba diréksion Éspri-Sin-an ?

Sa yo chouazi-a réponn :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé akonpli yon fason dign épi avèk sajès ministè paròl la nan préché Bòn Nouvèl la épi nan ékspliké lafoua katolik la ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé sélébré ak piété épi ak fidéлитé mistè Kris la pou louanj Bondié épi sanktifikasion pèp krétyin-an, dapré tradision Égliz la, sitou nan sakrifis Ékaristi-a épi sakréman rékonsiliation-an ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé ansanm avèk nou inploré mizérikòd Bondié-a pou pèp la yo konfié-ou la antan-ou kinbé san rété kòmandman pou lapriyé-a ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské ou vlé jou an jou fè youn pi plis ak Kris la, Prèt ki anlè nèt la, li minm ki té ofri tèt li bay Papa-a pou nou tankou yon viktim san tach la, épi, ansanm avèk li, konsakré pròp tèt pa-ou bay Bondié pou-ou sovè moun yo ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin vlé avèk sékou Bondié.

312. Apré sa, sa yo chouazi-a proche kot Évèk la épi, li ajénou dévan li, li mété min li yo kontré anndan min Évèk la, sof si dapré Sa pou yo noté anvan an jénéral yo, n. 11, sa fiksé otréman.

Évèk la întèrojé sa yo chouazi-a antan-l di, si sé Òrdinè-l li yé :

Èské ou promèt mouin minm épi siksésè-m yo réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si Évèk la pa Òrdinè-l, li di :

Èské ou promèt Òrdinè-ou la réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Min si sa yo chouazi-a li rélijjié, Évèk la di :

Èské ou promèt Évèk diosézin-an épi sipériè léjitim ou-an réspè épi obéyisans ?

Sa yo chouazi-a :

Mouin promèt.

Évèk la toujou fini :

Sa-a ki té kòmansé bon travay la nan ou-a, Bondié, li minm sé pou-l réalizé-l nèt.

Siplikasyon litanik

313. Aprè sa, tout moun lèvé. Évèk la, lè-l fi-n déposé mitr la, antan-l kanpé, min li kontré, li viré nan diréksion pèp la, li di invtasion-an (pou chan-an, cf. n. 272) :

**An nou priyé, nou minm nou rinmin anpil la,
Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
pou sou sèvitè-l sa yo,
li aksépté pran nan Òrd sakré diakona-a ak présbitéra-a,
li vidé bédiksyon gras li avèk byinvéyans.**

314. Lè sa-a atò sa yo chouazi yo lonjé atè épi yo chanté litani yo pandan tout moun ap réponn ; bagay sa-a jou dimanch yo épi nan tan paskal la yo fè-l antan tout moun kanpé, lòt jou yo minm yo ajénou. Nan ka sa-a diak la avèti :

An nou mét ajénou.

Nan litani yo, yo kapab ajouté nan pròp plas yo kèk non Sin, parégzanp Patron, Titulè Ègliz, Fondatè, Patron sa yo k-ap résévoua Òrdinasyon-an, oubyin kèk invokasyon ki pi adapté nan chak sikonstans yo.

Non patikilié Sin yo, sa yo mété ant parantèz yo, yo kapab soté yo lè litani-an sé nan lang latin yo chanté-l.

Chanté yo kòmansé litani yo, cf. pi ro-a, n. 273.

315. Aprè chan litani yo fini, Évèk la antan-l kanpé, min-l louvri, li di (pou chan-an, cf. n. 274) :

**Granmèt Bondié, priyé nou yo kouté yo ak bon kè,
pou sa nou gin pou nou réglé yo nan fonksion nou-an,
ou soutni yo ak byinvéyans nan sékou-ou ;
épi, sa yo nou kouè dapré konpréansyon nou
nou gin pou prézanté ba ou yo
pou égzèsé ministè sakré yo,
sanktifyé yo avèk bédiksyon-ou nan.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Diak la, si ka-a prézanté, avèti :

An nou lèvé.

Épi tout moun lèvé. Sa yo chouazi pou Òrd présbitéra-a rékilé épi yo fè Òrdinasyon diak yo.

Òrdinasion diak la

Inpozision min yo épi Priyè Òrdinasion-an

316. Sa yo chouazi pou Òrd diakona-a lèvé, li proché kot Évèk la ki kanpé dévan sièj la avèk mitr, épi dévan-l li mét ajénou.

317. Évèk la pozé min sou tèt sa yo chouazi-a san-l pa di anyin.

318. Antan sa yo chouazi-a ajénou dévan-l, Évèk la, antan li rétiré mitr la, di Priyè Òrdinasion-an (pou chan-an, cf. n. 207, antan yo chanjé kanminm nonb plirièl la) avèk min li louvri.

**Rét prézan, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki bay gras yo,
ou minm ki distribué òrd yo épi ki dispozé fonksion yo,
ou minm ki antan-ou rété nan ou minm ou rénouvlé tout bagay,
épi antan-ou dispozé tout sa ki égzisté
avèk providans ki la tout tan-an,
pa lintèmediè paròl la, puisans la épi sajàs ou-a
Jézu-Kri, Pitit ou-a, Granmèt nou-an,
ou réglé sa ki doué adapté pou chak bagay yo nan tan yo.**

**Li minm kò-l la, Égliz ou-a,
ki distingé avèk divèsité gras sièl yo,
épi ki uni nan distinksiyon manb li yo,
ki fè youn pa lintèmediè Éspri-Sin-an
nan yon asanblaj ékstraòdinè-a,
ou vlé li grandi épi li élaji nan yon tanp nouvo k-ap dévlopé,
antan ou konstitué toua dégré ministè yo nan fonksion sakré yo
pou sèvi non-ou,
tankou déjà nan kòmansman ou té chouazi pitit Lévi yo,
pou réyalizé sèvis anyin tant la.**

**Konsa nan premié kòmansman Égliz ou-a,
Apot Pitit ou-a, anba otorité Éspri-Sin-an,
té délégé sèt gason bon témouagnaj,
ki té gin pou édé yo nan ministè chak jou-a,
pou yo minm nan lapriyè épi prédikasion paròl la
yo té kapab pèsévéré pi plis,
épi mésié sa yo minm yo té chouazi yo,
pa lantrémiz priyè épi inpozision min,
yo té kité sèvis tab yo nan min yo.**

Sou sèvitè-ou sa-a tou,
tanpri, Granmèt, voyé jé ak bon kè,
li minm nou déstiné avèk siplikasyon nan fonksion diak la
pou-l sèvi sou lotèl sakré-ou yo.

Voyé nan li, Granmèt, tanpri,
Éspri Sin-an,
li minm gras a li, nan travay sèvis la li gin pou égzèsé
avèk fidèlité-a,

li gin pou résévoua fòs ak kado sèt fòm gras ou-a.

Sé pou fòm bon kalité Évanjil la vi-n anpil nan li,
rinmin san fè sanblan,
atansyon pou malad yo ak pòv yo,
otorité méziré,
sinplisité inosans,
épi obsèvens disipli-n spirituèl.

Nan konduit li, sé pou kòmandman yo byin kléré,
pou sou égzanp konpòtman-l
li vi-n tounin modèl pou pèp ki sin-an,
épi, antan li prezanté bon témouagnaj konsians,
li pèsévéré solid épi byin fiksé nan Kris la,
yon fason pou Pitit ou-a
ki pa-t vini pou fè sèvi-l la min pou sèvi-a,
antan l-ap imité-l sou tè yo,
li mérité kòmandé kòm roua ansanm avèk li nan sièl yo.

Li minm k-ap viv é k-ap kòmandé ansanm avèk ou,
ansanm avèk Éspri-Sin-an, Bondié,
pou tout tan gin tan.

Tout moun :

Amèn.

Rémiz liv Évanjil yo

319. Lè Priyè Òrdinasion-an fini, tout moun chita, Évèk la résévoua mitr
la, sa yo fèk Òrdoné-a lèvé, épi yon diak oubyin yon minis pozé étòl la sou
sa yo fèk Òrdoné-a nan fason diak yo épi yo abiyé-l avèk dalmatik.

320. Pandan sa yo kapab chanté réfrin-an :

Ala kontanman pou sa yo ki abité
nan kay ou-a Granmèt (T. P. Alélouya).

avèk Psòm 83 (84), Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo, Granmèt, cf. pi ro-a, n. 209, oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an sitou lè Psòm 83 (84) yo té sèvi avèk li kòm Psòm réponsorial nan litiji paròl la.

321. Sa yo fèk Òrdoné-a, antan li abiyé avèk vètman diakonal yo, li proché kot Èvèk la ki rinnèt liv Évanjil yo nan min-l ki ajénou dévan-l nan, antan-l di :

**Résévoua Évanjil Kris la,
li minm ou vi-n tounin anonsiatè-l la ;
épi fè atansion, pou sa-ou fi-n li-a ou kouè-l,
sa-ou kouè-a ou anségné-l ;
sa-ou fi-n anségné-a ou pran modèl sou li.**

322. Pandan tan sa-a yo kapab chanté réfrin-an :

Anonsé Bòn Nouvèl la bay tout kréatu. (T. P. Alélouya.)

avèk Psòm 116 (117), oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an.

Apré sa diak yo fèk òrdoné-a rétounin al nan plas li.

Òrdinasion prèt la

Priyé siplikasion

323. Lè sa-a atò, sa yo chouazi pou Òrd présbitéra-a avansé. Tout moun lévé. Èvèk la, lè-l fi-n dépozé mitr la, antan-l viré nan diréksion pèp la, li di ak min-l kontré (pou chan-an, cf. n. 126, antan yo chanjé kanminm nonb plirièl la).

**An nou priyé, nou minm nou rinmin anpil la,
Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
pou sou sèvitè-l sa-a,
li chouazi pou fonksion présbitéra-a,
li multiplié kado ki sot nan sièl yo.**

Épi tout moun lapriyé an silans pandan kèk éspas tan.

Inpozision min yo épi Priyè Òrdinasion pou présbitéra-a

324. Sa yo chouazi-a proché kot Èvèk la ki kanpé dévan sièj la avèk mitr, épi dévan-l li mét ajénou.

325. Èvèk la pozé min sou tèt sa yo chouazi-a san-l pa di anyin.

Apré Èvèk la fi-n pozé min-an, tout prêt yo ki prézan yo, antan yo abiyé avèk étòl, yo pozé min sou sa yo chouazi-a san yo pa di anyin.

Apré inpozision min yo minm, prêt yo rété alantou Èvèk la joutan Priyè Òrdinasion-an fini, yon fason kanminm pou aksion-an fidèl yo kapab ouè-l byin.

326. Antan sa yo chouazi-a ajénou dévan-l, Èvèk la, antan li rétiré mitr la, di Priyè Òrdinasion-an avèk min li louvri (pou chan-an, cf. n. 131, antan yo chanjé kanminm nonb plirièl la).

**Rét prézan, Granmèt, Papa ki sin,
Bondié ki gin tout pouvoua épi ki la dépi tout tan é pou tout tan,
ou minm ki fè dignité moun nan
épi ki distribué tout gras yo,
ou minm gras a ou tout bagay yo fè progrè-a,
ou minm gras a ou tout bagay yo asiré-a,
ou minm ki dispozé minis Kris la Pitit ou-a,
pou fômé pèp sasèrdotal la gras a puisans Éspri-Sin-an
avèk divès òrd ladan-l.**

**Déja nan ansyin Téstaman-an,
fonksion yo institué yo, té pran fòs gras a rit sakré mistik yo,
ki fè lè-ou té mété moun pou édé Moyiz avèk Aaron,
ou té chouazi mésié pou ba yo konkou
nan akonpagné yo épi travay avèk yo
nan dézièm ran ak dignité.**

**Konsa nan dézè-a,
pa lantrémiz intèlijans souasanndis mésié ki gin prudans yo,
ou té transmèt éspri Moyiz la ;
antan-l sèvi avèk konkou yo, li té kondui pèp ou-a pi fasil.**

**Konsa nan pitit Aaron yo
ou té fè sa-k plin papa-a pasé an abondans
pou nan sakrifis tant yo,
yo minm ki té lonbraj byin ki té gin pou vini yo,
sèvis prêt yo té sifizan dapré Laloua-a.**

An dènié réyèlman, Papa ki sin, ou té voyé Pitit ou-a sou tè-a, Jézu, Apot épi Pontif déklarasion lafoua nou-an.

Li minm minm, pa lintèmediè Éspri-Sin-an, sé pròp tèt pa-l minm li té ofri ba ou san tach, épi Apot li yo, ki konsakré nan vérité-a, li té fè yo patisipé nan mision li-an ; yo minm ou té ajouté konpagnon ba yo-a pou anonsé épi pou akonpli travay sovè-a sou tout tè-a.

Koulié-a min, Granmèt, tanpri, bay féblès nou èd sa yo, yo minm nou bézouin pou réalizé sasèrdòs apostolik la.

Mété, tanpri, Papa ki gin tout pouvoua, nan sèvitè-ou sa-a, dignité prèt la ; rénouvélé nan zantray li Éspri sinteté-a ; antan-l réservoua sa nan min-ou, Bondié, sé pou-l kinbé fonksion dézièm degré-a, sé pou-l invité nan douati konduit moral la gras a égzanp konpòtman-l.

Sé pou li onèt kolaboratè Òrd nou-an, pou paròl Évanjil yo, gras a prèch li-a, donnin frui nan kè moun yo, avèk gras Éspri-Sin-an, épi rivé jous nan bout tè-a.

Sé pou avèk nou li vi-n tounin fidèl administratè mistè-ou yo pou pèp ou-a vi-n rénouvélé gras a bingn nouvo nésans la épi réfè apati lotèl ou-a, épi pou péchè yo rékonsilié épi pou malad yo soulajé.

Sé pou li fè youn avèk nou, Granmèt, pou inploré mizérikòd ou-a pou pèp la yo konfié-l la, épi pou tout tè-a.

Konsa plénitud nasion yo ki rasanblé nan Kris la ap vi-n tounin yon sèl pèp ou-a,

ki doué akonpli nan péyi-roua-ou la.

**Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou, Pitit ou,
ki vivan é ki roua ansanm avèk ou
ansanm avèk Éspri-Sin-an, Bondié,
pou tout tan gin tan.**

Tout moun :

Amèn.

Onksion min yo épi rémiz pin-an ak divin-an

327. Lè Priyè Òrdinasion-an fini, tout moun chita, Èvèk la résévoua mitr la, sa yo fèk Òrdoné-a lèvé, prêt yo ki té kanpé yo tounin nan plas yo, youn kanminm nan yo pozé étòl la sou sa yo fèk Òrdoné-a nan fason prêt yo épi abiyé-l avèk chazub.

328. Apré sa, Èvèk la pran tabliyé an toual la épi antan yo avèti pèp la jan sa konvab, avèk sin krèm nan li fè onksion nan plat min sa li fèk Òrdoné-a ki ajénou dévan-l nan, antan-l di :

**Granmèt Jézu-Kri,
li minm Papa-a té bay onksion avèk Éspri-Sin-an épi puisans la,
sé pou-l konsèvé-ou pou sanktifé pèp krétyin-an
épi pou ofri sakrifis la bay Bondié.**

Apré sa, Èvèk la épi sa yo fèk Òrdoné-a lavé min.

329. Pandan sa yo fèk Òrdoné-a ap abiyé avèk étòl la épi chazub la, épi pandan Èvèk la ap fè onksion min yo, yo chanté réfrin-an :

**Prèt pou tout tan, Kris la Granmèt la,
dapré ran Mèlkisédèk la
té ofri pin épi divin (T. P. Alélouya).**

avèk Psòm 109 (110) : Granmèt la di Granmèt mouin, cf. pi ro-a, n. 134, oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk réfrin-an sitou lè Psòm 109 (110) yo té sèvi avèk li kòm Psòm réponsorial nan litiji paròl la.

330. Apré sa, fidèl yo poté pin sou patèn nan épi kalis la antan yo mété dlo ak divin ladan-l pou sélébrasion Mès la. Yon diak résévoua yo épi poté yo bay Èvèk la, li minm li rinnèt yo nan min sa li fèk Òrdoné-a ki ajénou dévan-l, antan-l di :

**Résévoua ofrann pèp sin-an
pou ofri bay Bondié.
Sé pou konnin sa ou-ap fè-a
sé pou pran modèl sou sa ou-ap touché-a
épi lavi-ou sé pou konfòmé-l ak mistè koua Granmèt la.**

331. Anfin, Évèk la bay sa yo fèk Òrdoné yo, dabò prèt la épi apré diak la, yon akolad antan-l di :

Lapè avèk ou.

Sa yo fèk Òrdoné-a réponn :

É avèk ou minm tou. [É avèk éspri-ou tou].

Minm jan-an, tout prèt yo oubyin omouin kèk nan sa-k prézan yo, ak yon akolad, yo kapab montré prèt yo fèk Òrdoné-a li asosié avèk yo nan Òrd la, épi tout diak yo oubyin omouin kèk nan yo fè minm jan-an pou diak la yo fèk Òrdoné-a.

332. Pandan tan sa-a yo kapab chanté répons la tankou pi ro-a (cf. n. 137) :

✠ Mouin pa rélé nou sèvitè ankò, min zanmi mouin yo, paské nou konnin tout bagay yo mouin té fè nan mitan nou yo (alélouya).

*** Résévoua Éspri-Sin-an nan nou, Paraklè-a. † Li minm sé sa Papa-a ap voyé ba nou-an (alélouya).**

‡. Nou sé zanmi mouin si n-ap fè sa mouin kòmandé nou yo.*

*** Résévoua.**

‡. Viv Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an.

† Li minm.

oubyin réfrin :

**Nou minm sé zanmi-m nou yé,
si nou fè sa mouin kòmandé nou yo,
sé sa Granmèt la di. (T. P. Alélouya.)**

avèk Psòm 99 (100) : Pousé rèl kontantman pou Granmèt la tout tè-a, cf. pi ro-a, n. 137, oubyin yon lòt chan ki adapté nan minm fason-an ki alé avèk répons la oubyin avèk réfrin-an sitou lè Psòm 99 (100) yo té sèvi avèk li kòm Psòm résponsorial nan litiji paròl la.

333. Mès la kontinué kòm dòdinè. Yo di Sinbòl la dapré rubrik yo ; yo soté priyé inivèsèl la.

Litiji ékaristik

334. Litiji ékaristik la, yo konsélébré-l kòm dòdinè ; sèlman yo soté préparasion kalis la. Diak la yo fèk òrdoné-a sèvi Évèk la sou lotèl la.

335. Nan Priyè ékaristik la, Évèk la oubyin youn nan prèt k-ap konsélébré yo fè mansion prèt la ak diak la yo fèk Òrdoné yo dapré fòmül sa yo :

a) **Nan Priyè ékaristik I-an, Évèk la di** Hanc igitur (Granmèt tanpri asképté sa n-ap ofri-ou la) pròp:

**Sèvis ofrann nou sa-a donk,
min tou pa tout fanmiy ou-a,
sa n-ap ofri-ou tou pou sèvitè-ou sa yo,
ou aksépté lévé nan Òrd diakona-a ak présbitéra-a,
nou priyé, Granmèt, pou ou aksépté-l ak byinvéyans,
épi pou-ou kinbé kado-ou yo ak bon kè nan yo,
pou, sa y-ap rapousuiv la ak chaj Bondié-a,
yo jouinn li ak rézilta Bondié yo.
(Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou. Amèn).**

b) **Nan intèsésion Priyè ékaristik II-a apré mo** ...congregemur in unum (...fè Léspri Sin-an rasanblé nou fè youn, poutèt Kò ak San Jézu-Kri n-ap manjé-a), **yo di:**

**Sonjé, Granmèt, Égliz ou-a ki gayé sou tout tè-a,
pou-ou fè-l vi-n kòrèk nèt nan charité-a
ansanm avèk Pap nou-an N. ak Évèk nou-an N..
Sonjé tou sèvitè-ou sa yo,
ou té vlé prévoua jodi-a kòm diak oubyin prèt pou Égliz la,
ak tout klèjé-a.**

Sonjé tout frè nou yo tou...

c) **Nan intèsésion Priyè ékaristik III-a, apré paròl** ...ad totius mundi pacem atque salutem (pou kè tout moun pozé é pou yo jouinn délivrans) **yo di:**

**Égliz ou-a ki an pèlerinaj sou tè-a,
aksépté asiré-l nan lafoua ak charité
ansanm ak Pap nou-an N. ak Évèk nou-an N.,
ansanm ak Òrd épiskopal la ak sèvitè-ou sa yo
ki òrdoné jodi-a kòm diak oubyin prèt pou Égliz la,**

**ak tout klèjé-a,
ak tout pèp éritaj ou-a.**

Tanpri, kouté priyè fanmiy ou-an...

d) **Nan intèsésion Priyè ékaristik IV la, apré mo ...ad laudem gloriae tuae (é tou sa va bèl louanj ak konpliman pou ou) yo di:**

**Koulié-a minm, Granmèt, sonjé tout moun yo,
nou ofri sakrifis sa-a ba ou pou yo-a,
toudabò sèvitè-ou Pap nou-an N.,
Évèk nou-an N.,
ak tout Òrd Évèk yo,
épi sèvitè-ou sa yo
ou aksépté chouazi jodi-a pou sèvis
diakonal oubyin présbitéral pèp ou-a,
épi tout klèjé-a tou;
Sonjé tou moun yo k-ap ofri-a,
ni sa yo ki prézan-an,
ni tout pèp ou-a,
ni tout moun k-ap chèché-ou ak kè sinsè.
Sonjé frè nou yo tou...**

336. Diak la yo fèk sot Òrdoné-a résévoua Kominion sou toulédé éspès épi li sèvi Évèk la antan li okipé sèvis kalis la.

337. Apré sa li édé Évèk la nan distribué Kominion-an bay fidèl yo, si sa nésésè.

338. Paran yo ak prèch sa yo fèk Òrdoné yo kapab résévoua Kominion sou toulédé éspès.

339. Apré distribision Kominion-an fini, yo kapab chanté yon kantik aksion-d-gras. Priyè apré Kominion-an vini apré chan-an.

Rit konklizion

340. Nan plas bénédiksion òdinè-a, yo kapab di bénédiksion ki vi-n apré-a. Diak la kapab di invitatoua-a :

Bésé tèt nou pou bénédiksion-an.

Apré sa, Évèk la, min lonjé sou sa yo fèk Òrdoné yo épi pèp la, li di bénédiksion-an :

Sé pou Bondié ki instalé Égliz la épi k-ap dirijé-l la
protéjé nou tout tan ak gras li
pou nou réalizé chaj nou-an avèk nanm fidèl.

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

Li minm ki bay diak la chaj
préché Bòn Nouvèl la
antan l-ap sèvi lotèl la épi moun yo,
sé pou-l fè-ou tounin sou tè-a
témouin li ki anflamé épi sèvitè charité-a.

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

Épi ou minm kòm prèt sé pou-l fè-ou vrè pastè,
ki bay fidèl yo pin vivan-an ak paròl lavi-a,
pou yo dévlopé pi plis antan y-ap fè yon sèl ak Kò Kris la.

Tout moun :

Amèn.

Èvèk la :

Épi nou tout ki prézan la-a ansanm isit la,
sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
Papa-a ✠ ak Pitit la ✠ ak Éspri ✠ Sin-an
béni nou byin béni.

Tout moun :

Amèn.

341. Apré yo fi-n bay bénédiksion-an épi apré diak la fi-n ranvouayé pèp
la, yo fè prosésion al nan sakristi-a kòm dòdinè.

CHAPIT V

TÈKS POU YO ANPLOUAYÉ NAN SÈLÉBRASION ÒRDINASON YO

I

MÈS NAN BAY ÒRD SAKRÉ YO

Pou Òrdinasion Évèk la

342. Yo kapab sèvi avèk Mès rituèl « Pou bay Òrd sakré yo », sof nan Solanité yo, nan Dimanch Avan yo, Karèm épi Pak, nan jou anndan oktav Pak la, nan fèt Apot yo. Lè sé jou sa yo ki rivé, yo di Mès jou-a avèk léktu li yo.

Sèlman si nan lòt jou yo, yo pa di Mès rituèl la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè pou Mès rituèl la.

Nan Òrdinasion pliziè Évèk, sé pou yo di priyè yo o plirièl.

Réf. pou antré

Lk 4, 18

**Éspri Granmèt la sou mouin, sé pou sa li sakré-m,
li voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo,
géri sa ki krazé nan kè yo.**

• Priyè

Bondié, ou minm ki,

**dapré yon jénèrosité spésial lagras la yo pa kapab palé-a,
vlé mété sèvitè-ou la N. ki prèt, kòm chèf Égliz ou-a N. jodi-a,
fè-l favè pou-l réalizé chaj épiskopal la yon fason kòrèk
épi pèp la ou konfié-l la, antan sé ou minm**

**k-ap gouvènin nan tout bagay,
ba-l gras pou-l dirijé-l ak paròl épi ak égzanp.
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

Oubyin, sitou si sé yon Évèk ki pa rézidansiyèl y-ap òrdoné:

**Bondié, ou minm ki, kòm pastè tout tan
antan ou-ap gouvèné bann mouton-ou nan**

avèk vijilans kontinuèl,
 vlé fè sèvitè-ou **N.** ki prèt
 antré jodi-a nan kolèj épiskopal la,
 fè-l favè, tanpri,
 pou, gras a konduit li ki sin,
 li montré tout koté li sé vré témouin Kris la.
 Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

• **Sou ofrann yo**

Si Èvèk yo fèk òrdoné-a ap prézidé litiji ékaristik la, li di:

Pou sèvis nou-an kapab grandi
 n-ap ofri-ou sakrifis louanj, Granmèt,
 pou, sa ou té bay san nou pa mérité-a
 ou rapousuiv li avèk byinvéyans.
 Pa pouvoua Jézu-Kri.

Min si sé Èvèk prinsipal ki fè òrdinasion-an, k-ap prézidé litiji ékaristik la,
 li di:

Ofrann sa-a, Granmèt, sa nou poté pou Égliz ou-a
 épi pou sèvitè-ou la **N.** ki Èvèk,
 sé pou-l vi-n tounin yon kado ou aksépté,
 épi gran-prèt la ou mété kanpé nan pèp ou-a,
 dékoré-l avèk kado kalité apostolik yo
 pou progrè bann mouton-an.
 Pa pouvoua Jézu-Kri.

Préfas

Sasèrdòs Kris la ak ministè prèt yo

✠. Granmèt la avèk nou tout.

✠. É avèk ou minm tou.

✠. An nou lévé kè nou byin ro

✠. Yo déjà dévan Granmèt la.

✠. An nou di Bondié Granmèt nou-an mési.

✠. Li mérité sa vré.

Oui, ou mérité sa réyèlman vré, é sé yon dévoua pou nou,
sé yon délivrans pou nou.

Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki la dépi tout tan é pou tout tan,
pou nou di-ou mèsì tout tan é tout koté.

Ou minm ki té instalé Sèl Pitit ou-a gras a onksion Éspri Sin-an
kòm Pontif téstaman nouvo-a ki la pou tout tan-an,
épi ou té aksépté konsakré-l
nan yon dispozision yo pa kapab palé,
pou sèl sasèrdòs li-a té kapab konsèvé nan Égliz la.

Li minm réyèlman, non sèlman li anbéli pèp éritaj la
ak sasèrdòs rouayal la,
min tou avèk bonté yon frè li chouazi moun
pou yo patisipé nan ministè sakré-l la antan yo pozé min sou yo.

Yo minm ki rénouvle
sakrifis rédanmsion moun nan o non li,
antan yo préparé résépsion paskal la pou pitit ou yo,
épi yo pran dévan pèp ou-a ki sin avèk charité
yo nourì-l avèk paròl, yo réfè-l ak sakréman yo.

Yo minm ki, antan yo rinmèt lavi yo pou ou minm
ak pou sovè frè yo,
y-ap fè éfò pou yo konfòmé ak pòtré Kris la li minm,
yo sèvi lafoua-a ak rinmin-an témouin tout tan pou ou.

Sé poua nou minm tou, Granmèt,
ansanm avèk Anj yo ak tout Sin yo
n-ap fè louanj pou ou nan kontantman antan n-ap di :

Sé ou ki sin, sé ou ki sin, sé ou ki sin tout bon.
Bondié sé ou ki Granmèt tou sa ki nan sièl la...

Intèsésion pou yo mété nan Priyè ékaristik la, yo jouinn yo pi ro-a n. 59
oubyin n. 95.

Réf. pou kominion

Jan 17, 17-18

**Papa ki sin, fè yo vi-n sin nan vérité-a.
Jan-ou té voyé-m sou tè-a,
konsa tou mouin minm mouin té voyé yo sou tè-a,
sé sa Granmèt la di.**

• **Apré kominion**

Si Évèk yo fèk òrdoné-a ap prézidé litiji ékaristik la, li di:

**Rémèd pitié-ou la ki géri afon-an, tanpri, Granmèt,
fè-l travay nan nou
épi ak bon kè fè nou viv yon tèl fason épi fè nou tèlman dévoué
pou nou rivé fè-ou plézi nan tout bagay.
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

Min si sé Évèk prinsipal ki fè òrdinasion-an k-ap prézidé litiji ékaristik la, li di:

**Gras a pouvoua mistè sa-a, Granmèt,
dévolpé kado gras ou-a nan sèvitè-ou la **N.** ki Évèk,
pou-l akonpli ministè pastoral li yon fason kòrèk pou ou,
épi pou-l résévoua rékonpans tout tan yo ki pou jéran fidèl la.
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

Pou Òrdinasion prèt yo

343. Yo kapab sèvi ak Mès rituèl « Pou bay Òrd sakré yo », sof nan Solanité yo, nan dimanch Avan, Karèm ak Pak yo, nan jou anndan oktav Pak la. Lè sé jou sa yo ki rivé, yo di Mès jou-a avèk léktu li yo.

Sèlman si nan lòt jou yo, yo pa di Mès rituèl la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè pou Mès rituèl la.

Nan Òrdinasion yon sèl prèt, sé pou yo di priyé yo o singilié.

Réf. pou antré

Jér 3, 15

**M-ap ba nou pastè daprè kè mouin,
y-ap okipé nou ak sians ak ansègnman.**

• Priyè

Granmèt Bondié nou, ou minm ki pou-ou dirijé pèp ou-a,
 sèvi ak ministè prèt yo,
 fè diak Égliz ou sa yo favè,
 yo minm ou aksépté chouazi jodi-a pou chaj présbitéra-a,
 pou yo sèvi avèk pèsévérans nan volontè-ou,
 pou atravè ministè yo ak lavi yo
 yo rivé travay pou gloua-ou la nan Kris la.
 Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou...

• Sou ofrann yo

Bondié, ou minm ki té vlé
 pou prèt ou yo sèvi lotèl sakré yo ak pèp ou-a,
 fè nou favè ak bon kè pa pouvoua sakrifis sa-a,
 pou sèvis sèvitè-ou yo fè-ou plézi san rété,
 épi pou-l rivé poté frui ki rété tout tan nan Égliz ou-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri.

Préfas

Sasèrdòs Kris la ak ministè prèt yo.

✠. Granmèt la avèk nou tout.

✠. É avèk ou minm tou.

✠. An nou lévé kè nou byin ro

✠. Yo déjà dévan Granmèt la.

✠. An nou di Bondié Granmèt nou-an mèsì.

✠. Li mérité sa vré.

Oui, ou mérité sa réyèlman vré, é sé yon dévoua pou nou,
 sé yon délivrans pou nou.

Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua,
 ou minm ki la dépi tout tan é pou tout tan,
 pou nou di-ou mèsì tout tan é tout koté.

Ou minm ki té instalé Sèl Pitit ou-a gras a onksion Éspri Sin-an
 kòm Pontif téstaman nouvo-a ki la pou tout tan-an,
 épi ou té aksépté konsakré-l
 nan yon dispozision yo pa kapab palé,
 pou sèl sasèrdòs li-a té kapab konsèvé nan Égliz la.

Li minm réyèlman, non sèlman li anbéli pèp éritaj la
 ak sasèrdòs rouayal la,
 min tou avèk bonté yon frè li chouazi moun
 pou yo patisipé nan ministè sakré-l la antan yo pozé min sou yo.

Yo minm ki rénouvle
 sakrifis rédanmsion moun nan o non li,
 antan yo préparé résépsion paskal la pou pitit ou yo,
 épi yo pran dévan pèp ou-a ki sin avèk charité
 yo nourri-l avèk paròl, yo réfè-l ak sakréman yo.

Yo minm ki, antan yo rinmèt lavi yo pou ou minm
 ak pou sovè frè yo,
 y-ap fè éfò pou yo konfòmé ak pòtré Kris la li minm,
 yo sèvi lafoua-a ak rinmin-an témouin tout tan pou ou.

Sé poua nou minm tou, Granmèt,
 ansanm avèk Anj yo ak tout Sin yo
 n-ap fè louanj pou ou nan kontantman antan n-ap di :

Sé ou ki sin, sé ou ki sin, sé ou ki sin tout bon.
 Bondié sé ou ki Granmèt tou sa ki nan sièl la...

Intèsésion pou yo mété nan Priyè ékaristik la, yo jouinn yo pi ro-a n. 140
 oubyin n. 168.

Réf. pou kominion

Mk 16, 15; Mt 28, 20

Antan nou alé sou tout tè-a,
 préché Bòn nouvèl la.
 Mouin minm minm mouin avèk nou touléjou,
 sé sa Granmèt la di.

• Apré kominion

Prèt ou yo, Granmèt, ni tout sèvitè-ou yo
 sé pou sakrifis Bondié-a fè yo jouinn lavi,
 li minm nou ofri é nou résévoua
 pou, antan yo fè yon sèl avèk ou nan charité k-ap diré tout tan-an,
 yo mérité sèvi grandè-ou yon fason kòrèk.
 Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Òrdinasion diak yo

344. Yo kapab sèvi ak Mès rituèl « Pou bay Òrd sakré yo », sof nan Solanité yo, nan dimanch Avan yo, Karèm ak Pak, nan jou anndan oktav Pak la. Lè sé jou sa yo ki rivé, yo di Mès jou-a avèk léktu li yo.

Sèlman si nan lòt jou yo, yo pa di Mès rituèl la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè pou Mès rituèl la.

Nan Òrdinasion yon sèl diak sé pou yo di priyè yo o singilié.

Réf. pou antré

Jan 12, 26

Moun k-ap sèvi-m nan sé pou-l suiv mouin, sé sa Granmèt la di, épi koté-m yé-a, sé la sèvitè-m nan ap yé tou.

• Priyè

Bondié, ou minm ki té anségné pou moun k-ap sèvi Égliz ou-a sé pa pou yo fè sèvi yo, min sé pou yo sèvi frè yo, sèvitè-ou sa yo, ou aksépté chouazi jodi-a pou chaj diakona-a, fè yo favè, tanpri, pou yo gin ladrès nan aksion, épi pèsévérans nan lapriyè ak dousè ministè-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

• Sou ofrann yo

Papa ki sin, ou minm Pitit ou-a té vlé lavé pié disip yo, pou-l té ofri nou égzanp, résevoua kado sèvis nou-an, tanpri, épi fè nou favè, pou, antan n-ap ofri pròp tèt nou kòm sakrifis spirituèl, nou plin ak éspri umilité ak anprésman. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Préfas

Kris la sous tout sèvis nan Ègliz la

✠. Granmèt la avèk nou tout.

✠. É avèk ou minm tou.

✠. An nou lévé kè nou byin ro

✠. Yo déjà dévan Granmèt la.

✠. An nou di Bondié Granmèt nou-an mèsì.

✠. Li mérité sa vré.

Oui, ou mérité sa réyèlman vré, é sé yon dévoua pou nou,
sé yon délivrans pou nou.

Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki la dépi tout tan é pou tout tan,
pou nou di-ou mèsì tout tan é tout koté.

Ou minm ki té instalé sèl Pitit ou-a gras a onksion Èspri-Sin-an
kòm Pontif téstaman nouvo-a ki la pou tout tan-an,
èpi ou té aksépté konsakré-l nan yon dispozision yo pa kapab palé
pou anpil sèvis té kapab égzèsé nan Ègliz la.

Li minm réyèlman, non sèlman li anbéli pèp éritaj la
ak sasèrdos rouayal la,
minm tou avèk bonté yon frè li chouazi moun
pou yo patisipé nan ministè sakré-l la antan yo pozé min sou yo.

Yo minm ki okipé pèp sin-an ak charité,
yo nourì-l avèk paròl, yo réfè-l ak sakréman yo.

Yo minm ki antan yo rinmèt lavi yo pou ou minm
ak pou sovè frè yo,
y-ap fè éfò pou yo konfòmé ak pòtré Kris la li minm,
yo sèvi lafoua-a ak rinmin-an témouin tout tan pou ou.

Sé poua nou minm tou, Granmèt,
ansanm avèk Anj yo ak tout Sin yo
n-ap fè louanj pou ou nan kontantman antan n-ap di :

**Sé ou ki sin, sé ou ki sin, sé ou ki sin tout bon.
Bondié sé ou ki Granmèt tou sa ki nan sièl la...**

Intèsésion pou yo mété nan Priyè ékaristik la, yo jouinn yo pi ro-a n. 214
oubyin n. 242.

Réf. pou kominion

Mt 20, 28

**Pitit moun nan pa vini pou fè sèvi-l, min pou-l sèvi,
épi bay nanm li kòm rédanmsion pou pakèt moun yo.**

• **Apré kominion**

**Fè sèvitè-ou yo favè, Granmèt,
antan yo konblé ak manjé ak bouason sièl la
pou nan chèché réalizé gloua-ou la épi fè moun ki kouè yo sovè-a,
yo jouinn yo fidèl sèvitè Bòn nouvèl la ak sakréman charité-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

Pou Òrdinasion diak yo épi Òrdinasion prèt yo

345. Pou Òrdinasion diak yo épi Òrdinasion prèt yo y-ap bay ansanm, nan yon minm aksion litijik, yo kapab sèvi avèk Mès rituèl « Pou bay Òrd sakré yo », sof nan Solanité, nan Dimanch Avan, Karèm épi Pak, nan jou anndan oktav Pak la. Lè sé jou sa yo ki rivé, yo di Mès jou-a avèk léktu li yo.

Sèlman si nan lòt jou yo, yo pa di Mès rituèl la, yo kapab pran youn nan léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè pou Mès rituèl la.

Réf. pou antré

Jan 12, 26

**Moun k-ap sèvi-m nan sé pou-l suiv mouin, sé sa Granmèt la di,
épi koté-m yé-a, sé la sèvitè-m nan ap yé tou.**

• Priyè

Bondié, ou minm ki té vlé prévoua pastè pou pèp ou-a,
vidé nan Égliz ou-a Éspri piété ak fòs,
ki pou fè sèvitè-ou sa yo vi-n tounin minis ki dign pou lotèl ou yo
é ki fè yo tounin défansè ki aktif épi ki dou pou Bòn Nouvèl ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

• Sou ofrann yo

Papa ki sin,
ou minm Pitit ou-a té vlé lavé pié disip yo,
pou-l té ofri nou yon égzanp,
résévoua kado sèvis nou-an, tanpri,
épi fè nou favè, pou, antan nou ofri pròp tèt nou
kòm sakrifis spirituèl,
nou plin ak éspri umilité ak anprésman.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

Préfas

Kris la sous tout sèvis nan Égliz la

✠. Granmèt la avèk nou tout.

✠. É avèk ou minm tou.

✠. An nou lèvé kè nou byin ro

✠. Yo déjà dévan Granmèt la.

✠. An nou di Bondié Granmèt nou-an mèsì.

✠. Li mérité sa vré.

Oui, ou mérité sa réyèlman vré, é sé yon dévoua pou nou,
sé yon délivrans pou nou.

Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki la dépi tout tan é pou tout tan,
pou nou di-ou mèsì tout tan é tout koté.

Ou minm ki té instalé sèl Pitit ou-a gras a onksion Éspri-Sin-an
kòm Pontif téstaman nouvo-a ki la pou tout tan-an,
épi ou té aksépté konsakré-l nan yon dispozision yo pa kapab palé
pou anpil sèvis té kapab égzèsé nan Égliz la.

Li minm réyèlman, non sèlman li anbéli pèp éritaj la
 ak sasèrdos rouayal la,
 min tou avèk bonté yon frè li chouazi moun
 pou yo patisipé nan ministè sakré-l la antan yo pozé min sou yo.

Yo minm ki okipé pèp sin-an ak charité,
 yo nourri-l avèk paròl, yo réfè-l ak sakréman yo.

Yo minm ki antan yo rinmèt lavi yo pou ou minm
 ak pou sovè frè yo,
 y-ap fè èfò pou yo konfòmé ak pòtré Kris la li minm,
 yo sèvi lafoua-a ak rinmin-an témouin tout tan pou ou.

Sé pousa nou minm tou, Granmèt,
 ansanm avèk Anj yo ak tout Sin yo
 n-ap fè louanj pou ou nan kontantman antan n-ap di :

Sé ou ki sin, sé ou ki sin, sé ou ki sin tout bon.
 Bondié sé ou ki Granmèt tou sa ki nan sièl la...

Intèsésion pou yo mété nan Priyè ékaristik la, yo jouinn yo pi ro-a n. 294
 oubyin n. 335.

Réf. pou kominion

Jan 17, 17-18

Papa ki sin, fè yo vi-n sin nan vérité-a.
 Minm jan ou té voyé-m sou tè-a,
 konsa tou mouin minm mouin té voyé yo sou tè-a,
 sé sa Granmèt la di.

• **Apré kominion**

Fè sèvitè-ou yo favè, Granmèt,
 yo minm ki konblé ak manjé ak bouason sièl la
 pou, nan chèché réalizé gloua-ou la ak fè moun ki kouè yo sovè-a,
 yo jouinn yo fidèl minis
 Bòn Nouvèl la ak sakréman charité yo.
 Pa pouvoua Jézu-Kri.

II

LÉKTU BIBLIK YO

346. Kèk sèksion nan sèri sa-a yo déstiné yo pi plis pou sikonstans spésial. Lòt yo minm yo kapab sèvi avèk yo nan tout Òrdinasion.

Dapré tradision litijik la, nan tan paskal la yo pa li Ansyin Téstaman-an, alòské nan léktu Évanjil la yo préféré tèks Jan-an.

Léktu nan Ansyin Téstaman-an

- 347.** 1. **Nonb 3, 5-9 :**
« *Fè fanmiy Lévi-a avansé pou yo sèvi Aaron, prèt la* ».
Jou sa yo : Granmèt la palé ak Moyiz antan li di...
(pou diak yo) [p. 239]
2. **Nonb 11, 11b-12. 14-17. 24-25a :**
« *M-ap rinmèt sot nan éspri-ou pou yo soutni chaj pèp la avèk ou* ».
Jou sa yo : Moyiz di Granmèt la : « Pouki sa ou mété chaj sa-a... *25 jous nan* yo profètizé.
(pou prèt yo) [p. 239]
3. **Izayi 61, 1-3a :**
« *Granmèt la sakré-m, li voyé-m anonsé pòv yo bon nouvèl la, ba yo losion kè kontan-an* ».
Éspri Granmèt la sou mouin...
(pou Évèk yo ak prèt yo) [p. 240]
4. **Jérémi 1, 4-9 :**
« *Kot tou sa-m voyé-ou, sé pou-ou alé* ».
Paròl Granmèt la rivé koté-m... [p. 240]

Léktu nan Nouvo Téstaman-an

- 348.** 1. **Travay Apot yo 6, 1-7b :**
« *Yo chouazi sèt mésié ki plin ak Éspri Sin-an* ».
Jou sa yo, foul disip yo t-ap grosi... *7 jous nan* vi-n anpil minm nan Jérusalèm.
(pou diak yo) [p. 241]

2. **Travay Apot yo 8, 26-40 :**
 « *Antan li kòmansé dépi nan pasaj sa-k Ékri la-a, li ba-l bòn nouvèl Jézu-a* ».
 Jou sa yo : Anj Granmèt la palé ak Filip, li di ...
 (pou diak yo) [p. 241]
3. **Travay Apot yo 10, 37-43 :**
 « *Nou minm nou témouin tou sa-l té fè nan réjion Juif yo ak Jérusalèm* ».
 Jou sa yo : Piè louvri bouch li, li di : « Nou konnin sa-k rivé...[p. 242]
4. **Travay Apot yo 20, 17-18a. 28-32. 36 :**
 « *Fè atansyon nou, ni tout bann mouton-an, sa Éspri-Sin-an instalé nou kòm évèk sou li-a pou nou kondui Égliz Bondié-a* ».
 Jou sa yo : Antan Pòl Milè, li voyé Éfèz pou yo rélé chèf Égliz yo... *18 jous nan* li di yo...
 (pou Évèk yo ak prèt yo) [p. 243]
5. **Romin 12, 4-8 :**
 « *Nou gin kado dapré gras yo ba nou-an, kado sa yo divès* ».
 Frè-m yo : Tankou nan yon sèl kò... [p. 243]
6. **2 Korintyin 4, 1-2. 5-7 :**
 « *N-ap préché Jézu-Kri ; kanta nou minm nou sé sèvitè nou pa pouvoua Jézu* ».
 Frè-m yo : Antan nou gin administrasyon-an... [p. 243]
7. **2 Korintyin 5, 14-20 :**
 « *Li ba nou sèvis rékonsiliasion-an* ».
 Frè-m yo : Rinmin Kris la ap boulé nou... [p. 244]
8. **Éfézyin 4, 1-7. 11-13 :**
 « *Nan travay sèvis la, antan kò Kris la ap bati* ».
 Frè-m yo : Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la... [p. 244]
9. **1 Timoté 3, 8-10. 12-13 :**
 « *Yo doué kinbé mistè lafoua-a nan yon konsians ki nèt* ».
 Sé pou diak yo kinbé kò yo byin...
 (pou diak yo) [p. 245]

10. **1 Timoté 4, 12-16 :**

« *Pa néglijé gras la ki nan ou-a, sa yo té ba ou-a antan prèt yo té pozé min sou ou-a* ».

Ou minm mouin rinmin anpil la : Pi-nga pèsòn méprizé ou poutèt ou jèn jan... [p. 245]

Oubyin 4, 12b-16 :

Ou minm mouin rinmin anpil la : Sé pou-ou sèvi modèl pou fidèl yo...

(pou Évèk yo) [p. 246]

11. **2 Timoté 1, 6-14 :**

« *Gras Bondié-a ki nan ou-a dépi-m té mét min sou tèt ou-a, résisité-l* ».

Ou minm mouin rinmin anpil la : Mouin avèti-ou...

(pou Évèk yo) [p. 246]

12. **Ébré 5, 1-10 :**

« *Bondié rélé-l prèt an chèf nan ran Mèlkisédek* ».

Tout prèt an chèf, sé nan pami lézòm yo pran-l... [p. 247]

13. **1 Piè 4, 7b-11 :**

« *Sé pou nou mété bon kè pou séparé gras Bondié-a ki gin anpil fòm nan* ».

Nou minm mouin rinmin anpil la : Konsa sé pou nou gin ladrès... [p. 247]

14. **1 Piè 5, 1-4 :**

« *Okipé bann mouton Bondié yo ki nan mitan nou yo* ».

Nou minm mouin rinmin anpil la : Ansyin yo, ki nan pami nou yo... [p. 248]

Psòm résponsorial yo

349. 1. **Psòm 22 (23), 1-3. 4. 5. 6**

℞ (1) : Granmèt la souin-m, mouin pap manké anyin. [p. 248]

2. **Psòm 83 (84), 3-4. 5. 11**

℞ (5a) : Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a, Granmèt. [p. 249]

3. **Psòm 88 (89), 21-22. 25 é 27**
 R̃ (cf. 2a) : Mizèrikòd ou, Granmèt, sé tout tan m-ap chanté-l.
 [p. 249]
4. **Psòm 95 (96), 1-2a. 2b-3. 10**
 R̃ (Matié 28, 19) : Antan nou alé sou tout tè-a, anségné tout nasion yo. [p. 249]
5. **Psòm 99 (100), 2. 3. 4. 5**
 R̃ (Jan 15, 14) : Nou sé zanmi-m si nou fè sa mouin kòmandé nou-an, sé sa Granmèt la di. [p. 250]
6. **Psòm 109 (110), 1. 2. 3. 4**
 R̃ Prèt pou tout tan, Kris Granmèt la dapré ran Mèkisédek, li ofri pin ak divin.
Oubyin
 (4b) : Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèkisédek. [p. 250]
7. **Psòm 115 (116), 12-13. 17-18**
 R̃ (1 Korintyin 10, 16) : Kalis bènédiksion-an sé kominion nan san Kris la.
Oubyin
 Alélouya. [p. 251]
8. **Psòm 116 (117), 1. 2**
 R̃ (Mark 16, 15) : Antan nou alé sou tout tè-a, préché Bòn Nouvèl la.
Oubyin
 Alélouya. [p. 251]

Alélouya épi Vèsè anvan Évanjil la

- 350.** 1. **Matié 28, 19a-20b :**
 Alé anségné tout nasion yo, sé sa Granmèt la di ;
 mouin avèk nou touléjou jous finisman sièk tan yo. [p. 251]

2. **Luk 4, 18 :**
Granmèt la voyé-m poté Bòn Nouvèl la bay pòv yo,
préché padon pou prizonié yo. [p. 252]
3. **Jan 10, 14 :**
Mouin sé bon gadyin-an, sé sa Granmèt la di ;
épi mouin konnin mouton-m yo,
mouton-m yo konnin-m tou. [p. 252]
4. **Jan 15, 15b :**
Mouin rélé nou zanmi, sé sa Granmèt la di,
paské tout sa mouin tandé nan min Papa-m,
mouin fè nou konnin-l. [p. 252]

Évanjil yo

- 351.**
1. **Matié 5, 13-16 :**
« *Nou sé limiè tè-a* ».
Lè sa-a : Jézu té di disip li yo : « Nou sé sèl tè-a... [p. 252]
 2. **Matié 9, 35-38 :**
« *Priyé Granmèt rékòlt la, pou-l voyé travayè nan rékòlt li-a* ».
Lè sa-a : Jézu minm t-ap maché nan tout vil yo... [p. 252]
 3. **Matié 10, 1-5a :**
« *Jézu chouazi douz Apot yo épi li voyé yo* ».
Lè sa-a : Jézu rélé douz disip li yo... **5 jous nan** Jézu voyé yo. [p. 253]
 4. **Matié 20, 25b-28 :**
« *Ninpòt ki moun ki vlé vi-n pi gran nan pami nou, sé pou-l vi-n sèvitè nou* ».
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Nou konnin chèf nasion yo... [p. 253]
 5. **Luk 10, 1-9 :**
« *Rékòlt la anpil, min ouvriyé yo sé yon ti kras yo yé* ».
Lè sa-a : Granmèt la chouazi souasanndouz lòt... [p. 253]

6. **Luk 12, 35-44 :**
 « *Ala kontantman pou sèvitè sa yo, si lè mèt la rivé, li jouinn yo ap véyé* ».
 Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Sé pou rin nou maré...
 [p. 254]
7. **Luk 22, 14-20. 24-30 :**
 « *Fè sa pou nou fè sonjé-m. Mouin minm mouin nan mitan nou tankou sa k-ap sèvi-a* ».
 Lè lè-a rivé, Jézu atablé, avèk douz apot yo... [p. 255]
8. **Jan 10, 11-16 :**
 « *Bon gadyin-an bay lavi-l pou mouton-l yo* ».
 Lè sa-a Jézu di : « Mouin sé bon gadyin-an... [p. 255]
9. **Jan 12, 24-26 :**
 « *Si yon moun ap sèvi-m, sé pou-l suiv mouin* ».
 Lè sa-a : Jézu réponn André ak Filip antan-l di... [p. 256]
10. **Jan 15, 9-17 :**
 « *Sé pa nou minm ki chouazi-m, min sé mouin minm ki chouazi nou* ».
 Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Minm jan Papa-a rinmin-m nan... [p. 256]
11. **Jan 17, 6. 14-19 :**
 « *Mouin konsakré tèt mouin pou yo, pou yo minm tou yo kapab vi-n sin nan vérité-a* ».
 Lè sa-a : (Antan Jézu lévé jé-l nan sièl la, li té di : « Papa ki sin), fè moun yo rékonèt non-ou, yo minm ou té ban mouin... [p. 257]
12. **Jan 20, 19-23 :**
 « *Minm jan Papa-a voyé-m nan, mouin minm tou mouin voyé nou : résévoua Éspri Sin-an* ».
 Lè asouè rivé, jou sa-a, premié jou sémèn nan... [p. 257]
13. **Jan 21, 15-17 :**
 « *Okipé ti mouton-m yo, okipé mouton-m yo* ».
 Lè (Jézu té parèt dévan disip li yo épi) li té manjé avèk yo-a, li di Simon Piè... [p. 258]

APINDIS

I

CHAN

VENI, CREATOR



[VIII] Ve-ni, cre- á-tor Spí-ri-tus, * mentes tu- ó-rum ví- si-



ta, imple su-pérna grá-ti-a, quæ tu cre- ásti, péctora.

2. Qui diceris Paráclitus,
donum Dei altíssimi,
fons vivus, ignis, cáritas
et spiritális únctio.
3. Tu septifórmis múnere,
dextræ Dei tu dígitus,
tu rite promíssum Patris
sermóne ditans gúttura.
4. Accénde lumen sénsibus,
infúnde amórem córdibus,
infírma nostri córporis,
virtúte firmans pérpeti.
5. Hostem repéllas lóngius
pacémque dones prótinus;
ductóre sic te prævio
vitémus omne nóxium.

6. Per te sciámus da Patrem
noscámus atque Fílium,
te utriúsque Spíritum
credámus omni témpore. Amen.

VINI, ÉSPRI KRÉATÈ


1. Vini, Éspri kréatè,
vizité léspri moun pa-ou yo,
plin ak lagras ki sot anro-a,
kè yo ou minm ou té kréyé-a.
2. Ou minm yo rélé Paraklè,
kado Bondié ki anro nèt la,
sous vivan, difé, rinmin
épi onksion spirituèl.
3. Ou minm ak kado ki gin sèt fòm nan,
ou minm douèt min douat Bondié,
ou minm promès Papa-a té fè tout bon-an
antan ou anrichi lang nou ak paròl la.
4. Limin limiè nan sans nou yo,
vidé rinmin nan kè nou yo,
sa-k fèb yo nan kò nou-an,
antan ou rafèmi yo ak fòs san rété-a.
5. Ou chasé lènmi-an louin
épi ou bay lapè-a tousuit ;
kòm ou pran dévan ou-ap dirijé
n-a évité tout sa k-ap nui nou.

6. Ba nou gras a ou minm pou nou konnin Papa-a
 sé pou nou rékonèt Pitit la tou,
 ou minm Éspri yo toulèdé
 sé pou nou kouè-ou nan tout tan. Amèn.


HYMNUS TE DEUM




[III] Te De-um laudámus: * te Dóminum confi-témur. Te




æ-térnum Patrem, omnis terra vene-rá-tur. Ti-bi omnes




ánge-li, ti-bi cæ-li et uni-vérsæ po-testá-tes: Ti-bi ché-



rubim et sé-raphim incessá-bi-li voce proclámant: Sanc-




tus, Sanctus, Sanctus, Dóminus De- us Sába- oth. Pleni



sunt cæ-li et terra ma-iestá-tis gló-ri-æ tu-æ. Te glo-ri-



ósus Aposto-lórum cho-rus. Te prophe-tá-rum laudábi-



lis núme-rus. Te mártýrum candidátus laudat exércitus.



Te per orbem terrá-rum sancta confi-té-tur Ecclé-si-a,




Pa-trem imménsæ ma-iestá-tis; Ve-ne-rándum tu-um ve-



rum et ú-nicum Fí-li-um; Sanctum quoque Pa-rácli-tum




Spí-ri-tum. Tu rex gló-ri-æ, Christe. Tu Patris sempí-



térnus es Fí-li-us. Tu, ad li-be-rándum susceptúrus hó-



mi-nem, non horru-ísti Vírgi-nis ú-te-rum. Tu, devicto




mortis acú-le-o, aperu-ísti credéntibus regna cæ-lórum.




Tu ad dèxte-ram De-i se-des in gló-ri-a Patris. Iudex



créde-ris esse ventúrus. Te ergo quæsumus, tu-is fá-mu-



lis súbveni, quos pre-ti-óso sángvine redemísti. Æ-tér-




na fac cum sanctis tu-is in gló-ri-a nume-rá-ri.

Hæc ultima pars hymni ad libitum omitti potest:



Salvum fac pópu-lum tu-um, Dómine, et bé-ne-dic he-



re-di-tá-ti tu-æ. Et re-ge e-os, et ex-tól-le



il-los us-que in æ-tér-num. Per síngu-los di-es, benedí-

cimus te; Et laudámus nomen tu- um in sǎcu- lum et in
 sǎcu- lum sǎcu- li. Digná-re, Dómine, di- e isto si- ne
 peccá-to nos custo-dí-re. Mi-se-ré-re nostri, Dómine, mise-
 ré-re nostri. Fi- at mi-se-ri-córdi- a tu- a, Dómine, super
 nos quemádmódum spe-rá-vimus in te. In te, Dómi- ne,
 spe-rá- vi: non confúndar in æ-tér- num.

IMN « OU MINM BONDIÉ N-AP FÈ LOUANJ OU »

Ou minm Bondié n-ap fè louanj ou :
ou minm Granmèt n-ap proklamé-ou.

Ou minm, Papa ki égzisté tout tan,
tout tè-a ap adoré-ou.

Pou ou, tout anj yo,
pou ou, sièl yo épi tout puisans yo :
pou ou, chéribin yo ak sérafin yo
ap déklaré ak voua ki pa sispann :

Sin,

Sin,

Sin, Granmèt Bondié lamé sièl yo.

Sièl yo ak tè-a plin ak grandè gloua-ou la.

Ou minm, group Apot yo ki nan gloua-a,
ou minm, kantité profèt yo ki mérité louanj yo,
ou minm, lamé tout an blan mati yo
ap fè louanj ou.

Ou minm, sou tout fas tè yo
sint Égliz la ap proklamé,
Papa grandè ki pa gin mézi ;
antan li doué adoré véritab épi sèl Pitit ou-a ;
ansanm ak Éspri-Sin Paraklè-a tou.

Ou minm, Kris la, roua gloua-a,
ou minm ki Pitit Papa-a dépi anvan tout tan,
ou minm, lè-ou té désidé vi-n libéré moun nan
ou pa-t pè zantray Vièj la.

Ou minm, lè-ou té ranpòté viktoua nèt sou pikan lanmò-a,
ou té ouvri péyi-roua sièl yo pou sa ki kouè yo.

Ou minm ki chita adouat Bondié nan gloua Papa-a,
ou sé jij la yo kouè ki gin pou vini-an.

Ou minm donk tanpri, vi-n édé sèvitè-ou yo,
sa yo ou té rachté ak san-ou ki gin valè-a.
Fè yo konté yo pou tout tan
ansanm ak sin-ou yo nan gloua-a.

Dènié pati sa-a nan imn nan yo kapab soté-l si yo vlé.

Fè pèp ou-a sové, Granmèt,
épi béni éritaj ou-a.

Épi dirijé yo
épi pran yo anlè jous pou tout tan.

Jou apré jou n-ap fè konpliman pou ou ;
épi n-ap fè louanj non-ou tout tan
épi pou tout tan gin tan.

Fè nou favè, Granmèt, jodi-a,
pou prezèvé nou san péché.

Pitié pou nou, Granmèt,
pitié pou nou.

Sé pou mizérikòd ou-a sou nou, Granmèt,
minm jan nou éspéré nan ou-a.

Nan ou minm, Granmèt, mouin éspéré :
fè-m pa ront pou tout tan.

II

RIT ADMISION NAN PAMI KANDIDA YO POU ÒRD SAKRÉ-A

SA POU YO NOTÉ ANVAN

- 1.** Rit admision-an, yo fè-l lè yo konstaté désizyon aspiran yo, ki soutni avèk kalité nésésè yo, li rivé nan pouin li doué rivé-a.
- 2.** Désizyon pou résévoua Òrd sakré-a sé yon fason publik pou aspiran-an manifésté-l. Évèk la minm, oubyin Supèriè majè-a nan Institu klérikal yo, oubyin délégé yo, résévoua désizyon sa-a yon fason publik minm jan-an.
- 3.** Admision-an yo kapab sélébré-l ninpòt ki jou, sof Tridiòm paskal la, Sémèn sint la, Mèkrédi Sann yo, Komémorasion tout fidèl défin yo, sitou nan yon légliz oubyin yon chapèl Séminè épi Institu rélijyé, alokasion parégzanp kèk asanblé prêt yo oubyin diak yo, soua anndan yon Mès soua nan yon sélébrasion Litiji Lè yo oubyin paròl Bondié-a. Poutèt karaktè li, yo pa doué janm mété-l ansanm avèk Òrd sakré yo oubyin avèk institisyon Léktè yo épi Akolit yo.
- 4.** Si admision-an sé anndan Mès la yo sélébré-l, yo kapab di Mès pou vokasyon nan Òrd sakré yo, avèk léktu ki pròp pou rit admision-an antan yo sèvi ak koulè blan.

Min lè sé jou yo indiké anba nn. **2-9** tablo jou litijik yo ki rivé, yo di Mès jou-a.

Lè yo pa di Mès pou vokasyon pou Òrd sakré yo, yo kapab pran youn nan léktu yo nan sa yo propozé nan Léksionè-a pou rit admision-an sof si li tonbé nan jou ki indiké anba nn. **2-4** tablo jou litijik yo.

- 5.** Si admision-an yo fè-l anndan sélébrasion paròl Bondié-a, yo kapab kòmansé-l avèk yon réfrin ki korésponn épi, apré salutasion sélébran-an, premiè priyè minm Mès la. Yo pran léktu yo apati sa yo ki indiké pou sélébrasion sa-a nan Léksionè-a.
- 6.** Lè yo sélébré rit la anndan Litiji Lè yo, li kòmansé apré léktu kout la oubyin pi long lan. Nan Lod épi Vèp, nan plas intèsésion yo, sètadi Priyè yo, yo kapab di invokasion priyè an komin yo tankou sa yo propozé pi ba-a nan n. **10** la.

7. Si yo sélébré admision-an anndan Mès la, Évèk k-ap sélébré-a abiyé ak vètman sakré yo doué mété pou sélébrasion ékaristik la épi li sèvi ak mitr épi kròs ; min si yo sélébré-l andéyò Mès la, li kapab soua mété koua péktoral la, étòl la épi chap la sou ob la, soua pran koua-a sèlman avèk étòl la sou rochè-a épi kamay la : nan ka sa-a li pa sèvi ak mitr ni kròs.

RIT ADMISION-AN

8. Apré léktu bibliik yo, sélébran-an, si sé yon Évèk, li konv nab pou antan l-ap poté mitr la épi kròs la épi antan-l chita nan sièj la, li fè oméli-a, koté antan-l kòmansé apati tèks léktu yo té li yo, li palé ak moun ki prézan yo osijè karaktè admision-an ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Frè-m yo mouin rinmin anpil la, frè nou sa yo ki kanpé jodi-a dévan fas Égliz la pou yo résévoua yo nan pami kandida yo pou Òrd sakré-a, yo rékòmandé yo ba nou ni mouin minm ni nou minm.

Kris la té pasé lòd : « Lapriyè Granmèt rékòlt la, pou-l voyé travayè nan rékòlt li-a ». Antan yo konnin préokipasion Granmèt nou-an, donk, pou bann mouton-l yo, épi antan yo konsidéré nésésité Égliz la, yo santi yo paré pou Granmèt la k-ap rélé-a yo réponn li avèk jénèrozité ansanm avèk Profèt la : « Min mouin, voyé-m », antan yo konfié tèt yo nan Granmèt la li-minm, yo pozé éspérans yo nan li pou yo kapab rété fidèl nan vokasion yo-a.

Voua Granmèt la minm k-ap rélé-a, yo doué konprann li épi diséné-l apati sign yo, koté chak jou volonté Bondié manifésté bay moun yo ki gin bon jijman yo. Sa yo réyèlman Bondié chouazi pou patisipé nan sasèrdòs ministérièl Kris la, Granmèt la pousé yo épi édé yo avèk gras li pandan li konfié nou pou nou minnin ankèt osijè kapasité kandida yo. Apré réyèlman yo té égzaminé yo jan sa doué fèt la, n-ap rélé yo épi n-ap òrdoné yo chak avèk so spésial Éspri-Sin-an nan sèvis Bondié ak Égliz la. Gras a Òrd sakré-a réyèlman, y-ap délégé yo pou bagay sa-a : pou fonksion Kris la ginyin pou sovè moun yo, sa-l té réalizé sou tè-a, yo kontinué-l yo minm tou. Antan yo asosyé nan ministè nou-an donk, lè tan-an ap rivé, sé Égliz la y-ap sèvi épi kominoté krétièn yo koté y-ap voyé yo-a y-ap bati yo avèk paròl la épi sakréman yo.

Koulié-a minm m-ap palé avèk nou, frè nou yo nou rinmin anpil la, ki déjà kòmansé fòmasyon nou-an, koté jou-an-jou n-ap aprann viv dapré modèl Èvanjil la, antan nou vi-n solid nan lafoua, espérans ak charité ; pou antan n-ap pratiké yo, nou dévlopé nan éspri priyé épi nan élan pou ginyin tout moun pou Kris la.

Antan rinmin Kris la ap pousé nou épi antan nou fòtifé avèk aksion Éspri-Sin-an sou paranndan, n-ap rivé nan pouin sa-a pou nou montré klèman anvi nou ginyin pou nou konsakré tèt nou nan sèvis Bondié ak moun yo nan Òrd sakré-a, sa Èvèk la ap gin pou aksépté ak kè kontan-an.

Apati jodi-a minm nou doué okipé vokasyon nou-an pi byin antan nou anplouyé sitou mouayin sa yo kominoté éklézial ki déléjé pou sa-a kapab ofri nou kòm sèkou épi sipò.

Nou tout réyéman, antan nou gin konfians nan Granmèt la, n-ap édé nou ak charité-a épi ak priyé yo.

Kòm donk yo pral rélé nou nan non nou, n-ap proché isit la épi n-ap déklaré désizyon nou-an dévan Égliz la.

9. Diak la oubyin prèt la, yo déléjé pou sa-a, li rélé aspiran yo nan non yo. Yo chak minm réponn :

Prézan,

épi yo proché kot sélébran-an, si sé Èvèk li yé, yo fè révérans dévan-l.

10. Lè sa-a atò sélébran-an intèrojé yo ak paròl sa yo :

Pitit mouin rinmin anpil yo, pasté yo épi mèt yo, sa yo té mété pou fômé nou yo épi tout sa yo ki déklaré yo konnin nou-an, yo rann bon témouagnaj osijè nou, yo minm nou fè yo konfians an plin.

Èské nou vlé, antan nou réponn apèl Granmèt la, akonpli préparasyon nou-an yon fason pou nou vi-n gin kapasité pou nou résévoua ministè nan Égliz la, palintèmediè Òrd sakré-a, lè tan-an ap rivé-a ?

Aspiran yo, yo tout ansanm yo réponn :

Mouin vlé.

Évèk la :

Èské nou vlé fòmé nanm nou yon fason pou nou rivé sèvi avèk fidèlité Kris Granmèt la épi Kò li-a, ki Égliz la ?

Aspiran yo :

Mouin vlé.

Si sa fè plèzi, désizyon kandida yo Évèk la kapab aksépté-l nan fason Konfèrans Épiskopal la désidé-a.

Évèk la ajouté :

Ak kontantman Égliz la résévoua désizyon nou-an. Sa Bondié kòmansé nan nou-an, sé pou li-minm li fi-n akonpli-l.

Tout moun :

Amèn.

11. Lè sa-a atò, sélébran-an épi tout lòt moun yo lévé. Évèk la dépozé kròs la épi mitr la, si-l té sèvi ak yo. Nan Mès la yo di Sinbòl la dapré rubrik yo.

Apré sa, sélébran-an invité fidèl yo pou lapriyè-a, antan-l di :

**Bondié ak Granmèt nou-an,
frè-m yo mouin rinmin anpil la,
an nou priyé-l avèk siplikasion,
pou sèvitè-l sa yo,
yo minm ki anvè konsakré tèt yo nan sèvis Égliz la,
li aksépté vidé gras bédiksyon-l nan sou yo.**

12. Diak la minm oubyin yon lòt minis ki gin kapasité propozé intansyon sa yo oubyin dèt ki pi adapté nan sikonstans la, pandan tout moun ap réponn avèk aklasyon ki konvab :

— Pou frè nou sa yo, yo kolé kò yo pi séré sou Kris la, épi yo rivé vi-n témouin-l nan mitan moun yo, an nou priyé Granmèt la.
R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

— Pou yo poté préokipasyon moun yo épi kouté voua Éspri-Sin-an tout tan, an nou priyé Granmèt la.
R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

— Pou yo vi-n tounin minis Égliz la ki asiré frè yo nan lafoua avèk paròl épi avèk égzanp épi ki rasanblé yo pou yo patisipé nan Ékaristi-a, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

— Pou-l voyé travayè nan rékòlt li-a épi ranpli yo ak kado Éspri li-a, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

— Pou tout moun rivé nan plénitud lapè-a ak jistis la, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

— Pou tout frè nou yo k-ap souffri yo, k-ap patisipé nan souffrans Kris la, yo rivé jouinn libèté-a épi santé-a, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

13. Si yo fè admision-an nan Lod épi Vèp, antan yo soté intèsésion yo épi Priyé Granmèt la, tousuit yo dí priyè-a tankou pi ba-a n. 14, nan Sélébrasion paròl la minm, tousuit tout moun di Priyé Granmèt la.

14. Apré Priyé Granmèt la oubyin, si yo sélébré admision-an anndan Mès la, tousuit apré intansion yo, sélébran-an kontinué :

Rét prézan, Granmèt, nan siplikasion nou yo,
 épi pitit sa yo ki anvi konsakré tèt yo nan sèvis ou-a
 épi o sèvis pèp ou-a,
 aksépté béni ✠ yo avèk bon kè-ou,
 pou yo pèsévéré nan vokasion-an
 épi, antan yo kolé kò yo sou Kris Prèt la avèk yon charité sinsè,
 yo rivé résévoua fonksion apostolik la yon fason kòrèk.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun :
 Amèn.

Oubyin :

Sèvitè-ou yo, tanpri, Granmèt,
 aksépté ba yo gras,
 pou ministè rinmin-ou nan
 pi fon, jou-an-jou, yo konnin-l épi yo rapousuiv li.
 Fè nou favè pou antan y-ap égzèsé ministè sakré-a nan Égliz la
 yo préparé tèt yo ak tout volonté nanm yo,
 pou antan yo ranpli avèk éspri charité-ou la,
 yo sèvi ak jénérozité pou sovè frè yo
 pou gloua non-ou.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

15. Si admision-an yo sélébré-l anndan yon Mès, yo kontinué Mès sa-a kòm dòdinè, épi ladan-l kandida yo épi paran yo ak pròch yo kapab résévoua kominion-an sou toulèdè espès yo. Anndan Litiji Lè yo tout sa ki suiv rit la yo fè yo kòm dòdinè.

Mìn si sé anndan yon sélébrasion paròl yo mété-l, Évèk la béni asanblé-a ki réyini-an épi li ranvouayé-l, kòm dòdinè.

LÉKTU BIBLIK YO POU YO ANPLOUAYÉ NAN SÉLÉBRASION ADMISION NAN PAMI KANDIDA POU ÒRD SAKRÉ-A

Léktu nan Ansyin Téstaman-an

16. 1. Détéronòm 1, 9-14 :

« Chouazi mésié ki saj, pou nou mété yo kòm chèf nou ».

Jou sa yo : Moyiz palé ak pèp la : « Mouin té di nou : Mouin pa kapab ... [p. 258]

2. Sirasid 39, 1. 5-8 :

« Li rinnèt kè-l pou-l véyé granmatin kot Granmèt la ».

L-ap fouyé sajès tout ansyin yo... [p. 259]

3. **Izayi 6, 1-2a. 3-8 :**
« *Kilès m-ap voyé ? Ki moun k-apralé pou nou ?* ».
Nan ané roua Ozias mouri-a... [p. 259]
4. **Jérémi 1, 4-8 :**
« *Kot tou sa-m voyé-ou, sé pou-ou alé* ».
Paròl Granmèt la rivé koté-m... [p. 259]

Léktu nan Nouvo Téstaman-an

17. 1. **Travay Apot yo 14, 21-23 :**
« *Yo instalé Ansyin pou yo nan chak Égliz* ».
Jou sa yo : Pòl ak Barnabé tounin Lis... [p. 260]
2. **1 Korintyin 9, 16-19. 22-23 :**
« *Ala malè pou mouin, si-m pa préché Bòn Nouvèl la* ».
Frè-m yo : Si m-ap préché Bòn Nouvèl la... [p. 260]
3. **1 Korintyin 12, 4-11 :**
« *Yo bay chak moun manifèstasion Éspri-a pou bézouin-an* ».
Frè-m yo : Gin divès kalité gras... [p. 261]
4. **2 Timoté 3, 10-12. 14-15 :**
« *Sé pou-ou rété nan sa-ou té aprann yo* ».
Ou minm mouin rinmin anpil la : Ou té suiv ansègnman-m nan...
[p. 261]

Psòm réponsorial yo

18. 1. **Psòm 15, 1-2a é 5. 7-8. 11.**
℞ (cf. 5a) : Sé ou minm, Granmèt, pòsion éritaj mouin. [p. 261]
2. **Psòm 23, 1-2. 3-4ab. 5-6.**
℞ (cf. 6) : Sa-a sé ras moun k-ap chèché fas ou-a, Granmèt. [p. 262]
3. **Psòm 97, 1. 2-3ab. 3c-4. 5-6.**
℞ (2b) : Nan fas nasion yo Granmèt la révéle jistis li-a. [p. 262]

Alélouya ak Vèsè anvan Évanjil la

19. 1. **Mark 1, 17** :
Vini apré-m, sé sa Granmèt la di,
m-ap fè nou al lapèch moun. [p. 263]
2. **Luk 4, 18-19** :
Granmèt la voyé-m anonsé pòv yo bòn nouvèl la,
déklaré délivrans bay prizonié yo. [p. 263]
2. **Jan 12, 26a** :
Si yon moun ap sèvi-m sé pou-l suiv moun,
sé sa Granmèt la di ;
épi koté-m yé-a, sé la sèvitè-m nan ap yé tou. [p. 263]

Évanjil yo

20. 1. **Matié 9, 35-38** :
« *Priyé Granmèt rékòlt la, pou-l voyé travayè nan rékòlt li-a* ».
Lè sa-a : Jézu minm t-ap maché nan tout vil yo... [p. 263]
2. **Mark 1, 14-20** :
« *M-ap fè nou al lapèch moun* ».
Apré yo fi-n rinmèt Jan, Jézu rivé... [p. 264]
3. **Luk 5, 1-11** :
« *Sou paròl ou, m-apral lagé filè-a* ».
Lè sa-a : Kòm foul la té gonflé sou Jézu... [p. 264]
4. **Jan 1, 35-42** :
« *Min Mouton Bondié-a. Nou jouinn Mési-a* ».
Lè sa-a : Jan té kanpé épi dé nan disip li yo avèk li... [p. 265]
5. **Jan 1, 45-51** :
« *Min yon Israélit tout bon vré, nan li pa gin manti* ».
Lè sa-a : Filip jouinn Natanaèl... [p. 265]

INSTITUTION
LÉKTÈ YO ÉPI AKOLIT YO

Pro manuscripto
Port-au-Prince
24 mai 2016
Notre-Dame Auxiliatrice
en l'Année Sainte de la Miséricorde

© Conférence des Évêques d’Haiti (CEH)

Institision léktè yo épi akolit yo
De institutione lectorum et acolythorum
(1972)

Nou pa mété chapit III épi IV rituèl sa-a ki nan édisyon tipik 1972 la, sètadi « Admision nan pami kandida pou diakona-a épi présbitéra-a » (*De admissione inter candidatos ad diaconatum et presbyteratum*) épi « Osijè séliba sakré-a yo gin pou kinbé-a » (*De sacro caelibatu amplectendo*), paské gin nouvo tèks pou yo nan dézièm édisyon tipik Pontifikal Romin-an, an 1990, pou *Òrdinasion Évèk la, Prèt yo épi Diak yo* (*De ordinatione Episcopi, Presbyterorum et Diaconorum*), nan Promès kandida pou Òrdinasion diakonal la (cf. nn. 200, 228, 268, 309) épi nan dézièm Apindis la ki gin « Rit admision nan pami kandida pou Òrd sakré-a ».

Yo inprimé tèks *pro-manuscripto* tradiksion kréyòl sa-a ak otorizasion

S. Ém. Chibly Card. Langlois
Évèk o Kay
Prézidan Konfèrans Évèk Ayiti yo

24 mé 2016.

Sint Vièj Mari, sékou krétyin yo
nan Ané Sint Mizérikòd la

PONTIFIKAL ROMIN

ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A
PROMILGÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI

INSTITISION LÉKTÈ YO ÉPI AKOLIT YO

ÉDISION TIPIK

1972





SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 1500/72

DÉKRÈ

Daprè disipli-n ministè yo, sa Souvèrin Pontif Pòl VI té réstoré nan lèt apostolik *Ministeria quaedam* nan, yo bay kòm *motu proprio* jou 15 out 1972, épi daprè règléman ki konsèné òrd sakré diakona-a soua tranzitoua-a soua pèmanan-an, sa-l té réglé minm jou-a nan lèt apostolik *Ad pascendum* nan, Sakré Kongrégasion pou Kult divin-an préparé rit osijè institisyon Léktè yo épi Akolit yo, osijè admision nan pami kandida pou ran diakona-a épi ran prèt yo épitou osijè obsévans séliba-a ki sin-an.

Kalité mòd rit sa-a, Souvèrin Pontif Pòl VI té aprouvé-l avèk otorité-l épi li té pasé lòd pou pibliyé-l yon fason pou apati prémié janvié 1973 yo sèvi avèk li nan lang latin-an. Kanta pou lang nasional la minm sé apati jou Konfèrans Évèk yo ap désidé pou réjion pa yo-a apré yo fi-n aprouvé tradiksion nan lang pèp yo épi yo fi-n résévoua otorizasion nan min Sièj Apostolik la.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa ditou.

Nan palè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, nan jou 3 désanb 1972 nan fèt sin Fransoua Gzavié.

ARTURUS Card. TABERA

Préfè

+ A. BUGNINI
Achévèk tit. Diokléysin.
Sékrète



LÈT APOSTOLIK
YO BAY SOU FÒM *MOTU PROPRIO*
KONSÈNAN DISIPLI-N OSIJÈ PRÉMIÉ TONSU-A,
ÒRD MINÈ YO ÉPI SOUDIAKONA-A
YO RÉNOVÉ NAN ÉGLIZ LATI-N NAN

Pap PÒL VI

SÈTIN MINISTÈ (*MINISTERIA QUAEDAM*) Égliz la té institué yo dépi déja lontan lontan pou ofri Bondié yon kult kòrèk épi pou rann pèp Bondié-a sèvis dapré bézouin ; yo té konfié yo bay fidèl yo pou yo égzèsé dévoua litiji sakré-a épi charité-a yon fason adapté dapré diféran sikonstans bagay yo. Yo té bay fonksion sa yo pi souvan gras a yon rit spésial koté fidèl la, antan-l mandé bénédiksiyon Bondié, li té institué nan yon ran oubyin yon degré spésial pou réalizé kèk ofis ékléziastik.

Kèk nan fonksion sa yo, ki té gin rapò pi séré avèk aksion litijik la, ofiamézi yo té vi-n tounin etap préparatoua pou résévoua òrd sakré yo, yon fason pou Pòtié, Léktè, Égzòsist épi Akolit yo té rélé yo òrd minè nan Égliz Lati-n nan parapò a Soudiakona-a, Diakona-a épi Présbitéra-a yo té rélé òrd majè yo, épi, minmsi sé pa tout koté, yo té rézèvé yo yon fason jénéral pou moun yo ki atravè yo t-ap monté nan Sasèrdòs la.

Sèlman kòm òrd minè yo pa-t toujou rété minm jan-an épitou pliziè fonksion té vi-n ajouté sou yo réyèlman, tankou sa rivé koulié-a tou, minm layik yo kapab réalizé yo, yo ouè li konvnab pou yo révizé pratik sa-a épi pou yo adapté-l avèk nésésité jodi-a, yon fason pou sa ki démodé nan ministè sa yo sé pou yo siprimé yo ; sa-k sèvi yo sé

pou yo kinbé yo épi si gin bagay ki nésèsè sé pou yo mété yo ; minm jan tou, sé pou yo fiksé sa yo doué égzijé kandida yo pou òrd sakré-a.

Pandan yo t-ap préparé Konsil Ékuménik Vatikan II-a, anpil pastè Égliz la té voyé mandé pou òrd minè yo épi Soudiakona-a yo révizé yo. Konsil la minm, malgré li pa fiksé anyin osijé bagay sa-a pou Égliz lati-n nan, li té déklaré sètin prinsip koté rout louvri pou rézoud késion-an, épi pa gin dout, apati régléman Konsil la té poté yo antan y-ap konsidéré rénovasion jénéral épi òdoné litiji-a,¹ y-ap anbrasé bagay ki konsèné ministè yo nan asanblé litijik la, yon fason pou apati aranjanman sélébrasion-an minm yo ouè Égliz la ki konstitué nan divès òrd li yo ak ministè li yo.² Sé pou sa Konsil Vatikan II-a fiksé pou *nan ninpòt sélébrasion litijik soua minis la soua fidèl la antan l-ap akonpli fonksion-l nan, sé sèlman épi tout bagay sa-a pou-l fè, sa ki konsèné-l apati natu bagay la épi règ litijik yo.*³

Déklarasion sa-a minm gin rapò séré ak sa yo té di yon ti kras anvan nan minm Konstitision-an : *Manman Égliz la anvil anpil pou tout fidèl yo, yo kondui yo nan patisipasion sélébrasion litijik sa-a ki plin, ki konsian épi ki aktif, patisipasion sa-a natu litiji-a li-minm mandé-a épi koté pèp krétyin-an « ras chouazi, sasèrdòs rouayal la, nasion sin-an, pèp éritaj la » (1 P 2,9 ; cf. 2,4-5) gin doua ak dévoua palintèmediè Batèm nan. Patisipasion tout pèp sa-a ki plin-an épi ki aktif la, sé pou yo fè atansion anpil pou rivé ladan-l antan y-ap réstoré litiji sakré-a épi y-ap dévlopé-l : sé réyèlman premié sous ki nésèsè-a koté fidèl yo tiré véritab éspri krétyin-an ; épi sé pou sa nan tout aksion pastoral la yo doué chèché-l avèk souin palintèmediè fòmasion kòrèk pastè nanm yo.*⁴

Antan y-ap konsèvé ofis spésial yo épi antan y-ap adapté yo pou nésèsité jodi-a, sé pou yo kontinué kinbé sa-k gin rapò pi séré sitou avèk sèvis Paròl la épi Lotèl la, sa yo rélé nan Égliz Lati-n nan Léktora, Akolita épi Soudiakona ; yo minm li konvnab pou yo konsèvé yo épi pou yo adapté yo yon fason pou ginyin dé fonksion nan tan sa-a : sètadi Léktè-a épi Akolit la ki vlopé pati Soudiak la tou.

¹ Cf. Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 62 : A.A.S. 56 (1964), p. 117 ; cf. etiam n. 21 : l. c., pp. 105-106.

² Cf. *Institutio generalis Missalis Romani*, n. 58.

³ Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 28 : A.A.S. 56 (1964), p. 107.

⁴ *Ibid.*, n. 14 : l. c., p. 104.

An plis fonksion ki komin nan Égliz Lati-n nan, pa gin anpéchman ditou pou Konfèrans Évèk yo mandé Sièj Apostolik la dèt ankò, sa yo jijé institision yo-a nésésè oubyin itil anpil nan pròp réjion yo-a pou sètèn rézon. Nan pami yo, yo konsidéré fonksion *Pòtié, Égzòsist épi Katéchist*⁵ épitou dèt fonksion yo doué konfié moun ki okipé nan aksion charité-a koté yo pa bay diak yo fonksion sa-a.

Sa korésponn ak vérité bagay la épi avèk karaktè mantalité jodi-a pou ministè yo, sa yo palé pi ro yo, yo pa rélé yo òrd minè ankò épi lè y-ap bay yo-a yo pa rélé sa « òrdinasion » ankò min « institision » ; sé sa yo ki résévoua diakona-a sèlman ki réyèlman manb klèjé-a épi sé yo pou yo konsidéré konsa. Pou rézon sa-a distinkion-an parèt minm pi byin ant manb klèjé yo avèk layik yo ; ant sa yo ki pròp pou manb klèjé épi yo doué rézèvé pou li-a avèk sa yo kapab rinnèt fidèl layik yo ; sé poua rapò youn gin ak lòt la parèt pi klè *antan sasèrdòs... komin fidèl yo épi sasèrdòs ministérièl la oubyin yèrarchik la, malgré yo difèran nan ésans épi pa sèlman nan degré, youn gin rélasyon ak lòt la ; youn réyèlman avèk lòt la, chak nan fason spésial li, patisipè nan yon sèl sasèrdòs Kris la.*⁶

Antan donk nou pézè tout bagay jous nan bout, antan nou mandé spésialis yo opinion yo épi antan nou konsilté Konfèrans Évèk yo, antan nou konsidéré désizyon yo épitou antan nou pran konsèy avèk Vénétab Frè Nou yo, manb Sakré Kongrégasion yo bagay sa-a konsènè-a, apati otorité apostolik Nou, nou desidé bagay sa yo ki suiv la antan nou rétiré - si épi nan mézi sa nésésè - préskripsion Kòd Doua Kanon-an ki gin valè jous kounié-a, épi nou pibliyé bagay sa yo nan Lèt sa-a.

I. Prèmié Tonsu-a, yo pa bay li ankò ; min antré nan éta klérikal la sé ansanm ak Diakona-a yo mété-l.

II. Òrd yo, sa jouskoulié-a yo té konn rélé minè yo, sé « ministè » apré sa pou yo rélé yo.

III. Ministè yo, yo kapab konfié yo bay fidèl layik yo yon fason pou yo pa bézouin rézèvé yo pou kandida pou sakréman Òrd la.

IV. Ministè yo nan tout Égliz Lati-n nan, sa pou yo kinbé yo antan yo adapté yo nan nésésité jodi-a, yo dé, sètadi *Léktè*-a épi *Akolit*

⁵ Cf. Conc. Vat. II, Decr. *Ad gentes*, n. 15 : *A.A.S.* 58 (1966), p. 965 ; *ibid.* n. 17 : *l. c.*, pp. 967-968.

⁶ Conc. Vat. II, Const. *Lumen gentium*, n. 10 : *A.A.S.* 57 (1965), p. 14.

la. Pati yo, sa yo té konn konfié Soudiak la jous koulié-a, yo rinmèt yo bay Léktè-a épi Akolit la, épi poutèt sa, nan Égliz Lati-n nan, òrd majè Soudiakona-a pa ginyin-l ankò. Sèlman pa gin okinn anpéchman, dapré jijman yon Konfèrans Èpiskopal, pou kèk koté yon Akolit yo minm kapab rélé-l Soudiak.

V. Léktè-a, yo mété-l nan fonksion ki spésial pou li-a : li paròl Bondié-a nan asanblé litijik la. Sé pousa nan Mès épi nan lòt aksion sakré yo, léktu yo, min pa Évanjil la, li proklamé yo nan Ékritu Sint la. Nan absans moun k-ap chanté psòm nan, li résité psòm nan ant léktu yo, li déklaré intansion priyè univèsèl la, koté Diak la oubyin chant la pa prézan, li dirijé chan-an épi li gidé patisipasion pèp fidèl la ; li fòmé fidèl yo pou yo résévoua sakrèman yo yon fason kòrèk. Li kapab tou - nan mézi sa nésésè - okipé préparasion dèt fidèl yo délége yo pou yon moman pou li Ékritu Sint la nan aksion litijik la. Pou-l kapab réalizé fonksion sa yo yon fason ki pi adapté épi pi kòrèk, sé pou-l médité Ékritu Sint yo avèk insistans.

Léktè-a ki gin konsians li résévoua dévoua sa-a, sé pou-l fè èfò ak tout fòs li épi sé pou-l anplouayé mouayin ki adapté pou jou-an-jou li vi-n ginyin pi plis yon atachman ak yon konésans ki gou épi vif pou Ékritu Sint la⁷ k-ap fè li vi-n tounin disp Granmèt la pi byin.

VI. Akolit la, yo mété-l pou-l édé Diak la épi pou-l sèvi Prèt la. Donk sèvis li sé okipé lotèl la, asisté Diak la épi Prèt la nan aksion litijik yo, sitou nan sélébrasion Mès la ; an plis, kòm minis ékstraòdinè, sé distribué la Sint Kominion chak fousa minis sa yo yo palé nan kanon 854 C.I.C. pa la paské yo anpéché soua poutèt yon rézon santé, laj avansé oubyin dèt ministè pastoral, oubyin chak fousa kantité fidèl yo k-ap proché sou tab sakré-a tèlman anpil sélébrasion Mès la t-a prononjé tròp. Nan minm sikonstans ékstraòdinè sa yo, yo pèmèt voyé li pou li ékspozé piblikman Sakrèman Trè Sint Ékaristi-a bay adorasion fidèl yo épi apré sa pou-l répozé-l ; min pa pou-l béni pèp la.

Li kapab tou - nan mézi sa nésésè - okipé préparasion dèt fidèl k-ap asisté Prèt la oubyin Diak la nan aksion litijik yo antan yo délége yo pou yon tan, poté Misèl, koua, chandèl, etc., oubyin réalizé dèt fonksion konsa. Fonksion sa-a l-ap réalizé-l pi kòrèk si jou-an-jou li

⁷ Cf. Conc. Vat. II, Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 24: *A.A.S.* 56 (1964), p. 107; Const. *Dei Verbum*, n. 25: *A.A.S.* 58 (1966), p. 829.

patisipé nan Trè Sint Êkaristi-a avèk yon piété ki pi anflamé, si li nourri tèt li avèk Êkaristi-a, épi si li vi-n ginyin yon konésans pi ro osijè Sint Êkaristi-a.

Akolit la ki déstiné yon fason spésial pou sèvis lotèl la, sé pou-l aprann tou sa ki konsèné kult piblik Bondié-a, épi sé pou-l fè èfò pou li konsidéré sans profon yo avèk sans spirituèl yo, yon fason pou chak jou li ofri tèt li nèt bay Bondié épi pou-l sèvi modèl pou tout moun nan jan-l sérié épi respéktab nan Tanp sakré-a épi li asisté Kò mistik Kris la, sa vlé di Pèp Bondié-a, sitou sa ki fèb yo épi malad yo avèk yon amou sinsè.

VII. Institision Léktè-a épi Akolit la, dapré yon vénérab tradision Égliz la, li rézèvé pou gason yo.

VIII. Pou yo kapab admèt yon moun pou résévoua ministè yo, min sa yo mandé :

a) Démann aspiran-an ékri épi signin yon fason lib yo doué prezanté bay Òdinè-a (Évèk la, épi, nan Institu pèfèksion klérikal yo, Sipériè Majè-a) ki gin réponsabilité aksépté-a ;

b) laj nésèsè épi kalité spésial Konfèrans Épiskopal la fiksé ;

c) volonté fèm pou sèvi Bondié yon fason fidèl épi pou osèvis pèp krétyin-an.

IX. Ministè yo, sé Òdinè-a ki bay yo (Évèk la, épi, nan Institu pèfèksion klérikal yo, Sipériè Majè-a) nan rit litijik « Institision Léktè-a » épi « Institision Akolit la », sa Sièj Apostolik la révizé-a.

X. Intèval tan Sin Sièj la oubyin Konfèrans Épiskopal la fiksé ant lè y-ap bay ministè Léktè-a épi Akolit la, sé pou yo kinbé yo, chak foua sé pa yon sèl ministè y-ap bay minm moun yo.

XI. Kandida pou Diakona-a avèk Sasèrdòs la, sé pou yo résévoua ministè Léktè épi Akolit si yo pa ko résévoua yo, épi sé pou yo égzèsè yo pandan yon sètin tan, pou yo dispozé pi byin pou fonksion Paròl la avèk Lotèl la k-ap vini-an. Dispans pou résévoua ministè sa yo pou minm kandida sa yo, li rézèvé pou Sin Sièj la.

XII. Bay yo bay ministè-a, li pa bay yon doua pou oblijé Égliz la soutni bézouin oubyin péyé.

XIII. Rit Institision Léktè épi Akolit la, dikastè Kuri Romèn nan ki okipé sa-a ap fè-l vi-n nan doua publik prochènman.

Règléman sa yo ap kòmansé gin valè apati premié jou moua janvié, ané 1973.

Tout bagay réyèlman nou bay nan Lèt sa-a nou ékri ak pròp mouvman pa nou-an, yo dékrété, nou kòmandé pou yo tout solid épi fiksé, antan kèlkésoua sa-k kontrè pa anpéché sa.

Yo bay li a Ròm, bò kot Sin Piè, jou 15 out la, nan solanité Asonpsion Trè Sint Vièj Mari, ané 1972, dizièm ané Pontifika nou.

Pap PÒL VI



LÈT APOSTOLIK
YO BAY SOU FÒM *MOTU PROPRIO*
KOTÉ YO FIKSÉ KÈK RÈG KI KONSÈNÉ
ÒRD DIAKONA SAKRÉ-A

Pap PÒL VI

POU OKIPÉ (*AD PASCENDUM*) pèp Bondié-a épi pou fè-l dévlopé tout tan pi plis, gin divès ministè Kris Granmèt la mété nan Égliz la, ki kapab minnin nan byin tout kò-a.¹

Déja dépi nan tan Apot yo, nan pami ministè sa yo, Diak la gin prémié plas épi parèt klè, li minm ki nan Égliz la toujou ginyin gran onè. Bagay sa-a réyèlman, nan paròl klè, sin Pòl Apot témouagné osijè-l, soua nan lèt pou Filipyin yo koté non sèlman li voyé salutation bay Évèk yo, min ni Diak yo tou,² soua nan lèt yo li voyé bay Timoté koté li montré kapasité ak bèl kalité ki nésésè pou Diak yo, pou yo bay prèv yo kòrèk nan pròp ministè yo.³

Apré sa, ansyin ékrivin Égliz la, antan y-ap prèché dignité Diak yo, pou yo kapab lévé bèlté ak bon kalité nanm nan anlè an minm tan, yo pa-t néglijé bagay yo égzijé pou réalizé minm ministè sa-a, sètadi fidéлитé aléga Kris la, bon konpòtman épi obéyisans pou Évèk la.

Sint Ignas d-Antiòch sètifié dévoua Diak la pa dèt bagay pasé *ministè Jézu-Kri-a*, li minm ki anvan sièk tan yo té kot Papa-a épi ki

¹ Cf. Conc. Vat. II, Const. *Lumen gentium*, n. 18: *A.A.S.* 57 (1965), pp. 21-22.

² Cf. *Phil* 1, 1.

³ Cf. *1 Tim* 3, 8-13.

*té parèt nan finisman-an,*⁴ épi li bay avètisman sa yo : *Sé donk dévoua pou Diak yo tou yo minm ki minis mistè Jézu-Kri yo, pou yo fè tout moun plézi nan tout bagay. Sé pa Diak manjé ak bouason réyèlman yo yé, min minis Égliz Bondié-a.*⁵

Sin Polikarp, moun Smirn, palé avèk Diak yo, pou yo *kinbé kò yo nan tout bagay, pou yo gin mizérikòd, pou yo mété anprésman, pou yo maché dapré vérité Granmèt la ki té vi-n tounin sèvitè tout moun.*⁶ Moun nan minm ki ékri travay sa-a yo bay tit *Ansègnman Apot yo,* antan l-ap raplé paròl Kris yo : *Ninpòt kilès ki t-a vlé vi-n pi gran nan nou, sé pou-l vi-n tounin sèvitè nou,*⁷ li anplouayé ankourajman fratènèl sa-a pou Diak yo : *Konsa donk nou minm tou Diak yo, nou doué fè pou si nésésité-a égzijé nou sa, nou rinmèt ata lavi nou pou frè nou yo palintèmediè ministè nou-an... si donk Granmèt sièl la ak tè-a té sèvi nou épi té soufri tout bagay sa yo pou nou épi té sipoté yo, kijan nou minm tou nou pa t-a doué fè sa pou frè nou yo paské sé li n-ap imité épi sé plas Kris la nou érité ?*⁸

An plis, otè premié sièk yo, pandan yo t-ap fè inpòtans ministè Diak yo antré nan nanm yo, yo té ékspliké tou avèk détay fonksion ki anpil épi ki lou yo té konfié yo, épi yo té déklaré klèman ki grandè otorité yo té ginyin nan kominoté krétièn yo épi jous nan ki pouin sa té édé nan apostola-a. Diak la, yo prezanté-l tankou *sé zòrèy Évèk la épi bouch li épi kè li épi nanm li.*⁹ Diak la prézan kot Évèk la, pou li sèvi pèp Bondié-a nan tout bagay épi pou-l poté souin pou malad yo épi pou sa-k nan bézouin yo ;¹⁰ sé donk nòmral épi avèk mérit yo rélé-l *moun ki rinmin ôfélin yo, moun ki rinmin sa yo ki pratiké piété-a, moun ki rinmin vèv yo, ki cho nan éspri-a, ki rinmin bon aksion yo.*¹¹

⁴ *Ad Magnesios*, IV, 1: *Patres Apostolici*, ed. F. X. FUNK, I, Tubingae 1901, p. 235.

⁵ *Ad Trallianos*, II, 3: *Patres Apostolici*, ed. F. X. FUNK, I, Tubingae 1901, p. 245.

⁶ *Epist. ad Philippenses*, V, 2: *Patres Apostolici*, ed. F. X. FUNK, I, Tubingae 1901, pp. 301-303.

⁷ Mt 20, 26-27.

⁸ *Didascalia Apostolorum*, III, 13, 2-4: *Didascalia et Constitutiones Apostolorum*, ed. F. X. FUNK, I, Paderbornae 1906, p. 214.

⁹ *Didascalia Apostolorum*, II, 44, 4: ed. F. X. FUNK, I, Paderbornae 1906, p. 138.

¹⁰ Cf. *Traditio Apostolica*, 39 et 34: *La Tradition Apostolique de Saint Hippolyte. Essai de reconstitution* par B. BOTTE, Münster 1963, pp. 87 et 81.

¹¹ *Testamentum D. N. Iesu Christi*, I, 38: ed. et latine redd. I. E. RAHMANI, Moguntice 1899, p. 93.

Fonksion yo konfié-l an plis, sé pou-l poté Sint Ékaristi-a bay moun malad yo ki kouché lakay yo,¹² pou-l administré batèm nan,¹³ antan l-ap prêché paròl Bondié-a pou-l mète aktivité dapré volonté ak indikasyon Èvèk la.

Sé pou sa, Diakona-a dévlopé yon fason ékstraòdinè nan Égliz la épi an minm tan li té prezanté yon témouagnaj rinmin aléga Kris la avèk frè yo ki éklatan, nan réalisé travay charité-a,¹⁴ nan sélébré rit sakré yo¹⁵ épi nan akonpli fonksion pastoral yo.¹⁶

Pandan réyèlman tan yo t-ap avansé, disipli-n ki konsèné òrd sakré sa-a vi-n chanjé. Intèdiksion-an minm vi-n pi fèm pou pa bay òrdinasion-an antan y-ap soté-l, min ofiamézi kantité moun sa yo ki té pito rété Diak tout vi yo pasé pou yo monté pi ro-a diminué. Konsa, rivé nan Égliz Lati-n nan, Diakona pèmanan-an té prèské disparèt. Apèn yo bézouin raplé sa Konsil Trant la té dékrété lè-l té propozé tèt li pou-l té réstoré òrd sakré yo dapré pròp natu yo pou fonksion ansyin yo nan Égliz la ;¹⁷ pi plis toujou mantalité-a dévlopé pi sérié pou òrd sakré sa-a ki gin gran inpòtans la, yo réstoré-l tou tankou yon degré ki vrèman pèmanan. Bagay sa-a minm, Prédésésè Nou-an nou kontan sonjé, Pap Pi XII, té touché-l an pasan.¹⁸ Anfin, Konsil Vatikan II-a, yo mandé-l nan dézi ak siplikasyon pou Diakona pèmanan-an, koté sa t-a minnin nan byin nanm yo, yo t-a réstoré-l tankou yon òrd intèmediè ant degré sipériè yérarchi ékléziastik la épi rès pèp Bondié-a, kòm yon intèprèt nésésité avèk dézi kominoté

¹² Cf. S. IUSTINI *Apologia* I, 65, 5 et 67, 5: S. IUSTINI *Apologiae duae*; ed. G. RAUSCHEN, Bonnae 1912, pp. 107 et 111.

¹³ Cf. TERTULLIANUS, *De Baptismo*, XVII, 1: *Corpus Christianorum*, I, *Tertulliani Opera*, pars I, Turnholti 1954, p. 291.

¹⁴ Cf. *Didascalia Apostolorum*, II, 31, 2: ed. F. X. FUNK, I, Paderbornae 1906, p. 112; cf. *Testamentum D. N. Iesu Christi*, I, 31: ed. et latine redd. I. E. RAHMANI, Moguntiae 1899, p. 75

¹⁵ Cf. *Didascalia Apostolorum*, II, 57, 6; 58, 1: ed. F. X. FUNK, I, Paderbornae 1906, pp. 162 et 166.

¹⁶ Cf. S. CYPRIANI *Epistolae* XV et XVI: ed. G. HAKTEL, Vindobonae 1871, pp. 513-520; cf. S. AUGUSTINUS, *De catechizandis rudibus*, I, cap. I, 1: *PL* 40, 309-310.

¹⁷ Sessio XXIII, capp. I-IV: Mansi, XXXIII, col. 138-140.

¹⁸ *Allocutio ad eos qui interfuerunt Conventui alteri catholicorum ex universo orbe pro Laicorum Apostolatu* Romae habita, die 5 octobris anno 1957: *A.A.S.* 49 (1957), p. 925.

krétièn lokal yo, sign oubyin sakréman Kris Granmèt la li-minm minm, li minm ki *pa vini pou yo sèvi-l min pou sèvi*.¹⁹

Sé pou sa, nan touazièm sésion Konsil la, ki té réalizé nan moua oktòb ané 1964 la, Pèr yo té fiksé prinsip rénovasion Diakona-a épi nan moua novanm ki suiv la, yo pibliyé Konstitision dògmatik *Lumen Gentium* nan koté, nan atik 29 la, yo dékri lign prinsipal ki pròp pou éta sa-a : *Nan degré pi ba yérarchi-a gin diak yo, yo minm yo pozé min sou yo-a « pa pou sasèrdòs la min pou sèvis la »*. *Antan yo fòtifié réyèlman avèk gras sakramantèl la, y-ap sèvi pèp Bondié-a nan Diakoni litiji-a, paròl la épi charité-a an kominion avèk Èvèk la épi group prèt li yo*.²⁰

Osijè stabilitè-a minm nan degré diakonal la, minm Konstitision sa-a déklaré bagay sa yo : *Kòm réyèlman fonksion [Diak yo] sa-a, yo nésèsè nan pi ro pouin pou lavi Ègliz la, nan disipli-n Ègliz Lati-n nan ki gin valè jodi-a yo difisil pou réalizé yo nan anpil réjion, yo kapab rinmèt Diakona-a sou pié alavni tankou yon degré pròp épi ki définitif nan yérarchi-a*.²¹

Min réstitision Diakona pèmanan sa-a té mandé pou kòmandman Konsil la yo té fouyé yo pi fon épi pou yo té réfléchi yon fason fon osijè kondision juridik Diak la ni pou sèlibatè yo, ni pou sa-k marié yo. Li té nésèsè tou pou bagay yo ki konséné Diakona moun yo k-ap vi-n tounin prèt yo, yo té adapté yo nan kondision jodi-a pou réyèlman égzèsis Diakona-a té ofri ékspérians lavi, maturité épi bon dispozision pou ministè sasèrdotal la, sa ansyin disipli-n nan té mandé kandida pou Présbitéra-a.

Poutèt sa Lèt Apostolik la yo bay sou fòm *motu proprio*-a ki kòmansé avèk paròl *Sacrum Diaconatus Ordinem* (Òrd sakré Diakona-a) nou té pibliyé-l jou 18 nan moua juin 1967 la, koté yo fiksé règ kanonik adapté osijè Diakona pèmanan-an.²² Nan jou 17 juin ané ki vi-n apré-a, atravè Konstitision Apostolik *Pontificalis Romani recognitio*-a (*Révizion Pontifikal Romin-an*),²³ nou té réglé nouvo rit

¹⁹ Cf. Mt 20, 28.

²⁰ A.A.S. 57 (1965), p. 36.

²¹ *Ibid.*

²² A.A.S. 59 (1967), pp. 697-704.

²³ A.A.S. 60 (1968), pp. 369-373.

pou bay Òrd sakré Diakona-a, Présbitéra-a épi Épiskopa-a, antan nou té déterminé an minm tan matiè ak fòm òrdinasion sa-a.

Koulié-a minm pandan nou té pibliyé, pou alé pi louin, jou sa-a minm Lèt Apostolik la ki kòmansé avèk paròl *Ministeria quaedamnan (Sètin ministè)*, nou té pansé li bon pou pibliyé sètin règ osijè Diakona-a ; nou té vlé tou pou kandida Diakona yo konnin ki fonksion yo gin pou yo égzèsé anvan òrdinasion sakré-a épi pandan ki tan é nan ki fason yo gin po yo pran sou kont yo chaj séliba-a avèk chaj priyé litijik la.

Kòm réyèlman antré nan éta klérikal la, yo ranvouayé-l nan Diakona-a, pa gin rit premié tonsu-a ankò koté layik la té vi-n tounin manb klèjé-a, sèlman vi-n ginyin yon nouvo rit koté moun nan ki vlé rivé nan Diakona-a oubyin Présbitéra-a, li montré volonté-l yon fason piblik pou-l ofri tèt li bay Bondié avèk Égliz la pou li égzèsé òrd sakré-a ; Égliz la minm antan li aksépté ofrann sa-a li chouazi-l épi li rélé-l pou-l préparé tèt li pou-l résévoua òrd sakré-a épi poutèt sa yo admèt li régilièman pami kandida pou Diakona-a épi Présbitéra-a.

Min li konvnab pou yon rézon patikilié pou yo bay ministè Léktè avèk Akolit la pou sa yo ki anvi rimmèt tèt yo bay Bondié avèk Égliz la kòm kandida nan òrd sakré-a yon fason spésial. Pou Égliz la réyèlman, *antan li pa sispann pran pin lavi-a sot nan tab paròl Bondié-a ak nan tab Kò Kris la épi bay fidèl yo,*²⁴ li pansé sa bon anpil pou kandida òrd sakré yo ni nan étud ni nan égzèsis sèvis Paròl la avèk Lotèl la, bagay ki fèt ofiamézi, yo konsidéré épi yo médité doub aspè fonksion sasèrdotal sa-a antan yo abitué frékanté yo. Apati sa vi-n rivé pou vérité ministè-a vi-n apuiyé ak pi gran rézilta. Kandida yo réyèlman y-ap proche kot òrd sakré yo antan yo byin pran konsians vokasion yo, *antan yo cho nan éspri-a, antan y-ap sèvi Granmèt la, antan yo pèsévéré nan priyé-a, antan yo patisipé nan bézouin sin yo.*²⁵

Antan donk nou pézé tout bagay jous nan bout, antan nou mandé spésialis yo opinion yo épi antan nou konsilté Konfèrans Évèk yo, antan nou konsidéré désizion yo épitou antan nou pran konsèy avèk Vénérab Frè Nou yo, manb Sakré Kongrégasion yo bagay sa-a konsèné-a, apati otorité apostolik Nou, nou désidé bagay sa yo ki suiv

²⁴ Conc. Vat. II, Const. *Dei Verbum*, n. 21 : *A.A.S* 58 (1966), p. 827.

²⁵ *Rom* 12, 11-13.

la antan nou siprimé - si épi nan mézi sa nésèsè - préskripsion Kòd Doua Kanon-an ki gin valè jous kounié-a, nou pibliyé bagay sa yo nan Lèt sa-a.

I. a) Rit la kòmansé avèk admision nan pami kandida pou Diakona-a avèk Présbitéra-a. Pou yo fè admision sa-a régilièman, yo égzijé yon demann lib moun ki vlé-a ki ékri épi signin ak pròp min-l, ni akséptasion Sipériè ekléziastik ki gin pouvoua-a bay alékri-a ; li minm palintèmediè-l choua Égliz la fèt la.

Moun ki profè nan kominoté klérikal yo ki vlé rivé nan Présbitéra-a yo pa oblijé pasé nan rit sa-a.

b) Sipériè ki gin pouvoua pou akséptasion sa-a sé Òrdinè-a (Évèk la épi, nan Institu pèfèksion klérikal yo, Sipériè Majè-a). Yo kapab aksépté sa yo ki montré vrè sign vokasion épi ki distingé ak bon kalité, ki pa gin défo nan éspri ak nan kò, ki vlé konsakré vi yo nan sèvis Égliz la pou gloua Bondié avèk byin nanm yo. Li bon pou sa yo ki aspiré pou Diakona tranzitoua-a yo rivé omouin nan vintan akonpli épi yo fini plan ki fiksé pou étud téolojik yo.

c) Poutèt akséptasion kandida-a, li doué okipé épi dévlopé afon vokasion li-a yon fason spésial ; épi li gin doua pou sèkou spirituèl nésèsè ki pèmèt li pran souin vokasion-l épi obéyi volonté Bondié san-l pa mété okinn kondision.

II. Kandida pou Diakona-a soua pèmanan soua tranzitoua épi pou Présbitéra-a, yo doué résévoua ministè Léktè avèk Akolit, sof si yo déjà résévoua yo, épi égzèsé yo pandan yon tan détèminé pou yo dispozé pi byin pou fonksion Paròl la avèk Lotèl la k-ap vini yo.

Dispans pou résévoua ministè yo pou minm kandida yo, li rézèvè pou Sin Sièj la.

III. Rit litijik yo koté yo fè admision nan pami kandida pou Diakona-a ak Présbitéra-a épi yo bay ministè yo raplé pi ro-a, sé Òrdinè aspiran-an (Évèk la, oubyin nan Institu pèfèksion klérikal yo, Sipériè Majè-a) ki doué réalizé-l.

IV. Intèval tan yo Sin Sièj la oubyin Konfèrans Épiskopal yo fiksé-a, sé pou yo obsèvé yo ant bay ministè Léktora-a ak Akolita-a - yo doué fè nan déroulman téoloji-a - épi ant bay Akolita-a ak Diakona-a.

V. Kandida pou diakona-a, anvan òrdinasion-an, sé pou yo rinmèt yon déklarasion ki ékri épi ki signin ak pròp min yo bay Òrdinè-a

(Évèk la épi, nan Institu pèfèksion yo, Sipériè Majè-a) koté yo témouagné sé ak tout volonté yo épi yon fason lib yo gin pou yo résévoua òrd sakré yo.

VI. Konsékrasion pròp séliba-a yo gin pou obsèvé poutèt Péyi-Roua sièl yo épi obligasion pou kandida pou Sasèrdòs la épi pou kandida ki pa marié-a pou Diakona-a yo gin rélation tout bon vré avèk Diakona-a. Résévoua yon fason piblik séliba sakré sa-a dévan Bondié épi Égliz la minm pou rélijyé yo sé pou yo sélébré-l nan yon rit spésial ki vini anvan òrdinasion diakonal la. Séliba-a yo résévoua nan fason sa-a sé yon anpèchman ki anilé posibilite kontrakté mariaj.

Diak yo tou ki marié yo, antan yo pèdi madanm nan, dapré disipli-n Égliz la yo transmèt la, yo pa gin posibilite pou kontrakté yon nouvo mariaj.²⁶

VII. a) Diak yo, yo rélé pou Présbitéra-a, yo pa gin doua résévoua òrdinasion anvan yo fini plan étud ki fiksé-a dapré dispozision Sièj Apostolik la détèminé.

b) Bagay ki konsèné déroutman étud téolojik yo, yo mété anvan òrdinasion Diak pèmanan yo, Konfèrans Évèk yo, antan yo fè atansyon sikonstans koté yo, sé pou yo transmèt règ ki konv nab épi sé pou yo soumèt yo bay aprobasion Sakré Kongrégasion pou édikasion katolik la.

VIII. Dapré règ nn. 29-30 Institision jénéral osijè Litiji Lè yo :

a) Diak yo rélé pou Présbitéra-a, poutèt òrdinasion sakré-a li-minm, yo gin réponsabilité obligasion sélébré Litiji Lè yo.

b) Li konv nab nan pi ro pouin pou Diak ki stab yo résité chak jou omouin kèk pati nan Litiji Lè yo, sa Konfèrans Épiskopal yo détèminé-a.

IX. Antré nan éta klérikal la épi inkardinasion nan yon diosèz détèminé, yo réalizé yo apati òrdinasion diakonal la li-minm minm.

²⁶ Cf. PAULUS VI, Litt. Apost. motu proprio datae *Sacrum Diaconatus Ordinem*, n. 16: A.A.S. 59 (1967), p. 701.

X. Rit pou admèt nan pami kandida pou Diakona-a ak Présbitéra-a épi konsékrasion spésial séliba sakré-a, Dikastè Kuri Romèn nan ki okipé sa-a ap fè-l vi-n nan doua publik prochènman.

Règ pasajé. Kandida pou sakréman Òrd la ki té déjà résévoua Prémie Tonsu-a anvan piblikasion Lèt sa-a, sé pou yo kinbé tout dévoua pròp, doua épi privilèj manb klèjé yo ; min sa yo ki monté nan òrdinasion Soudiakona-a, sé pou yo rété anba obligasion soua osijè séliba-a soua osijè Litiji Lè yo ; angajman publik séliba sakré-a dévan Bondié avèk Égliz la, sé nan yon nouvo rit spésial ki vini anvan òrdinasion diakonal la yo doué sélébré-l yon lòt foua ankò.

Tout bagay réyèlman nou bay nan Lèt sa-a nou ékri ak pròp mouvman pa nou-an, yo dékrété, nou kòmandé pou yo tout solid épi fiksé, antan kèlkésoua sa-k kontrè pa anpéché sa. Min nou établi pou yo kòmansé gin valè apati premié jou moua janvié, ané 1973.

Yo bay li a Ròm, bò kot Sin Piè, jou 15 out la, nan solanité Asonpsion Trè Sint Vièj Mari, ané 1972, dizièm ané Pontifika nou.

Pap PÒL VI

Chapit I

INSTITISION LÉKTÈ YO

Sa pou yo noté anvan

1. Institision Léktè yo, sé Èvèk la ki fè-l oubyin Sipériè majè Institu rélijyé klérikal yo, soua anndan Mès la, soua nan yon sélébrasion paròl Bondié-a.
2. Léktu yo, yo pran yo soua toutantié soua an pati nan Litiji jou-a oubyin nan sa yo propozé pi louin-an, pp. 231-233.

Institision Léktè yo

3. Apré yo fi-n di Évanjil la, Èvèk la chita nan chèz yo préparé-a, avèk mitr la. Diak la oubyin prèt la ki délégé pou sa rélé kandida yo, antan-l di :

Sé pou yo proché, sa yo gin pou institué nan ministè Léktè yo.

Kandida yo, sé dapré non yo, yo rélé yo. Yo chak minm réponn :

Prézan,

épi yo proché kot Èvèk la, yo fè révérans dévan-l.

4. Lè sa-a atò, antan tout moun chita, Èvèk la fè oméli-a, li fini li avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo, antan-l palé ak kandida yo minm :

Pitit mouin yo mouin rinmin anpil la,

Mistè sovè li sovè nou-an, Bondié Papa-a té révéle-l épi li té akonpli-l palintèmediè Pitit li-a ki vi-n tounin moun nan, Jézu-Kri, li minm ki apré li té fi-n ékspliké nou tout bagay, li té konfié Égliz li-a fonksion préché Évanjil la bay tout kréatu.

Antan nou vi-n tounin Léktè sètadi moun k-ap kominiké paròl Bondié-a, nou vi-n poté konkou nan fonksion sa-a, épi donk nou résévoua yon ròl spésial nan pèp Bondié-a, épi yo délégé nou nan sèvis lafoua-a, ki anrasinin nan paròl Bondié-a. Sé paròl

Bondié-a réyèlman, nou déklaré nan asanblé litijik la, nou fòmé timoun yo avèk adult yo nan lafoua épi pou yo résévoua Sakréman yo yon fason kòrèk, épi nouvèl sovè Granmèt la sovè nou-an n-ap anonsé-l bay moun yo ki jous koulié-a pa-t konnin-l. Gras a chémin sa-a épi avèk konkou nou, moun yo ap kapab rivé nan konésans Bondié Papa-a ni Pitit li-a, Jézu-Kri, li minm li té voyé-a, épi résévoua lavi tout tan-an.

Kòm réyèlman n-ap anonsé lòt yo paròl Bondié-a, antan nou dosil parapò a Éspri-Sin-an épi nou minm minm nou résévoua li, sé pou nou médité-l avèk souin pou nou ginyin yon atachman pou li ki gou épi ki vif ki plin jou-an-jou nan nou ; nan konduit nou minm, sé pou nou montré Sovè nou-an Jézu-Kri.

5. Lè oméli-a fini, tout moun kanpé, Évèk la, san mitr, invité fidèl yo pou lapriyé, antan-l di :

**Bondié Papa-a, frè-m yo mouin rinmin anpil la,
an nou priyé-l avèk siplikasion
pou sèvitè-l sa yo, yo chouazi pou ministè Léktè yo,
li aksépté béni yo,
pou fonksion-an yo konfié yo-a, antan yo fè-l avèk souin,
antan yo anonsé Kris la,
yo glorifié Papa-a ki nan sièl yo.**

Épi tout moun pandan kèk éspas tan, yo priyé an silans.

6. **Apré sa Évèk la kontinué :**

**Bondié, sous tout limiè ak sa-k bon,
ou minm ki té voyé Sèl Pitit ou-a, Paròl lavi-a,
pou mistè rinmin-ou nan li té révéle-l bay moun yo,
frè nou sa yo, yo chouazi pou ministè Léktè yo,
aksépté béni ✠ yo.**

**Fè nou favè pou paròl ou-a antan y-ap médité-l san rété
yo rivé instoui nan li**

épi yo anonsé-l bay frè yo avèk fidélimité.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

✠ Amèn.

7. Chak kandida proché kot Évèk la ki rimmèt yo liv Ékritu Sint la antan-l di :

**Résévoua liv Ékritu Sint la épi transmèt paròl Bondié-a
avèk fidèlité,
pou nan kè moun yo li gin plis fòs.**

Léktè-a réponn :

Amèn.

Pandan tan sa-a, sitou si kandida yo anpil, yo kapab chanté Psòm 18 la [p. 269] oubyin yon lòt chan ki adapté.

8. Si institision Léktè yo, yo sélébré-l anndan yon Mès, yo kontinué Mès sa-a kòm dòdinè. Min si institision Léktè yo, yo mété-l ansanm ak yon sélébrasion paròl, Évèk la béni asanblé ki réyini-an épi li ranvouayé-l kòm dòdinè.

Chapit II

INSTITISION AKOLIT YO

Sa pou yo noté anvan

1. Institision Akolit yo, sé Évèk la ki fè-l oubyin Sipèriè majè Institu rélijyé klérikal yo, anndan Mès la.
2. Lèktu yo, yo pran yo soua toutantié soua an pati nan Litiji jou-a oubyin nan sa yo propozé pi louin-an, pp. 233-236.

Institision Akolit yo

3. Apré yo fi-n di Évanjil la, Évèk la chita nan chèz yo préparé-a, avèk mitr la. Diak la oubyin prèt la ki délégé pou sa rélé kandida yo antan-l di :

Sé pou yo proché, sa yo gin pou institué nan ministè Akolit yo.

Kandida yo, sé dapré non yo, yo rélé yo. Yo chak minm réponn :

Prézan,

épi yo proché kot Évèk la, yo fè révérans dévan-l.

4. Lè sa-a atò, antan tout moun chita, Évèk la fè oméli-a, li fini li avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo, antan-l palé ak kandida yo minm :

Pitit mouin yo mouin rinmin anpil la,

Antan yo chouazi nou pou ministè Akolit la, nan yon fason spésial nou patisipé nan ministè Égliz la, sa pouint tèt avèk sous lavi li sé Ékaristi-a, koté pèp Bondié-a bati épi dévlopé. Nou minm réyéلمان, yo konfié nou pou Prèt yo avèk Diak yo, pandan y-ap réalizé pròp fonksion yo-a, nou édé yo, nou distribué sint Kominion-an bay fidèl yo, sitou malad yo, kòm minis ékstraòdinè. Antan nou déstiné nan ministè sa-a yon fason spésial, n-a fè atansion pou nou viv yon fason pi fon nan sakrifis Granmèt la épi pou nou pran modèl sou li yon fason pi kòrèk ; n-a fè éfò pou nou konsidéré sans profon épi spirituèl bagay n-ap réglé yo, yon fason

pou chak jou nou ofri tèt nou bay Bondié nan ofrann spirituèl li aksépté palintèmediè Jézu-Kri.

Antan n-ap fè bagay sa yo, l-ap bon pou nou sonjé minm jan nou patisipé nan yon sèl pin-an avèk frè nou yo, nou fè yon sèl kò avèk yo. Kò mistik Kris la donk, sètadi pèp Bondié-a, sitou réyèlman sa ki fèb yo épi ki malad yo, sé pou nou manifésté yo yon amou ki sinsè épi sé pou nou konfòmé nou ak kòmandman Granmèt la, sa-l té bay Apot li yo nan dènié soupé-a : « Sé pou nou youn rinmin lòt minm jan mouin minm tou mouin rinmin nou-an ».

5. Lè oméli-a fini, tout moun kanpé, Évèk la, san mitr, invité fidèl yo pou lapriyé, antan-l di :

**Granmèt la, frè-m yo mouin rinmin anpil la,
an nou priyé-l avèk siplikasion
pou sa yo li chouazi pou ministè Akolit yo
li aksépté konblé yo ak bénédiksjon li-a
épi li asiré yo pou yo sèvi avèk fidélité nan Égliz li-a.**

Épi tout moun pandan kèk éspas tan, yo priyé an silans.

6. Apré sa Évèk la kontinué :

**Bondié ki bon anpil,
ou minm ki palintèmediè Sèl Pitit ou-a
té konfié Égliz ou-a pin lavi-a,
aksépté béni ✝ frè nou sa yo
yo chouazi pou ministè Akolit yo,
épi fè nou favè pou yo kontinué rété bò lotèl ki sin yo,
pou yo distribué pin lavi-a bay frè yo avèk fidélité,
épi pou yo dévlopé san rété nan lafoua-a ak charité-a
nan bati Égliz ou-a.**

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

℟. Amèn.

7. Chak kandida proché kot Évèk la ki rinnèt yo véso avèk pin-an oubyin avèk divin-an pou konsakré-a, antan-l di :

**Résévoua véso-a avèk pin-an (oubyin : avèk divin-an) pou
sélébrasion Ékaristi-a,
épi sé pou konpòté yon fason
pou tab Granmèt la avèk Égliz la
ou mérité sèvi yo yon fason kòrèk.**

Akolit la réponn :

Amèn.

8. Akolit yo oubyin si yo anpil kèk nan yo, nan préparasion kado yo, yo prezanté patèn yo avèk pin-an épi kalis la avèk divin-an.
9. Akolit yo résévoua kominion-an osito apré Diak yo.
10. Évèk la kapab pasé lòd pou yon Akolit ki vi-n tounin minis ékstraòdinè Ékaristi-a bay konkou li nan Mès institision-an pou distribué sint Kominion-an bay fidèl yo.

Noté byin : Chapit III épi IV édision tipik 1972 la gin kòm tit : « Admision nan pami kandida pou diakona-a épi présbitéra-a » épi « Osijè séliba sakré-a yo gin pou kinbé-a ». Nou pa mété yo isit la nan tradiksion kréyòl sa-a paské n-ap jouinn tèks yo révizé-a nan dézièm édision tipik Pontifikal Romin-an, an 1990, pou *Òrdinasion Évèk la, Prèt yo épi Diak yo*, nan Promès kandida pou Òrdinasion diakonal la (cf. pi ro-a, n. 200, p. 100) épi nan dézièm Apindis la ki gin « Rit admision nan pami kandida pou Òrd sakré-a » (pi ro-a, p. 197).

Chapit V

LÉKTU BIBLIK YO

I.

Pou institution Léktè yo

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1. **Détéronòm 6, 3-9 :**
« *Sé pou paròl sa yo rét nan kè-ou* ».
Kouté, Israël, épi obsèvé... [p. 266]
2. **Détéronòm 30, 10-14 :**
« *Paròl la bò koté-ou pou-ou réalizé-l* ».
Lè sa-a : Moyiz palé ak pèp la, antan-l di ... [p. 266]
3. **Izayi 55, 10-11 :**
« *Lapli-a fê tè-a jèmin* ».
Min paròl Granmèt la : « Minm jan lapli ak lanèj désann... [p. 267]
4. **Néémi 8, 1-4a. 5-6. 8-10 :**
« *Yo li nan liv Laloua-a, yo konprann, lè yo li-a* ».
Jou sa yo : Prèt Édras poté Laloua-a... [p. 267]

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

5. **1 Korintyin 2, 1-5 :**
« *Mouin té anonsé nou mistè Bondié-a* ».
Mouin minm, lè-m rivé koté nou, frè-m yo... [p. 268]
6. **2 Timoté 3, 14-17 :**
« *Tou sa-k Ékri-a, sé Bondié ki inspiré-l, li sèvi pou bay ansègnman* ».
Ou minm mouin rinmin anpil la : Pèsévéré nan sa-ou té aprann yo... [p. 268]

7. **2 Timoté 4, 1-5 :**
 « Fè aksion évanjélis, réalizé sèvis ou ».
 Ou minm mouin rinmin anpil la : Mouin témouagné dévan Bondié...
 [p. 268]
8. **Ébré 4, 12-13 :**
 « Paròl Bondié-a distingé pansé ak intansion kè-a ».
 Paròl Bondié-a vivan... [p. 269]
9. **1 Jan 1, 1-4 :**
 « Sa nou ouè-a ak sa nou tandé-a, nou anonsé nou li ».
 Nou minm mouin rinmin anpil la : Sa-k té nan kòmansman-an...
 [p. 269]

PSÒM RÉSPONSORIAL YO

10. **Psòm 18, 8. 9. 10. 11.**
 ☩ (cf. Jan 6, 64b) : Paròl ou yo, Granmèt, sé éspri ak lavi. [p. 269]
11. **Psòm 118, 9. 10. 11. 12.**
 ☩ (12b) : Aprann mouin désizyon-ou yo, Granmèt. [p. 270]
12. **Psòm 147, 15-16. 17-18. 19-20.**
 ☩ (12) : Fè louanj Granmèt la, Jérusalèm. [p. 281]

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

13. **Jan 6, 64b é 69b :** Paròl ou yo, Granmèt, sé Éspri ak lavi yo yé ;
 ou gin paròl lavi tout tan-an. [p. 271]
14. **Cf. Travay Apot yo 16, 14b :** Louvri kè nou, Granmèt,
 pou nou fè atansyon nan paròl Pità ou-a. [p. 271]
15. **Sémans la sé paròl Bondié-a,** sa k-ap simin-an minm sé Kris la
 tout moun ki jouinn li, l-ap diré pou tout tan.
16. **Cf. Luk 4, 18 :** Éspri Granmèt la sou mouin ;
 li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo. [p. 271]

ÉVANJIL YO

17. **Matié 5, 14-19 :**
 « *Nou sé limiè tè-a* ».
 Lè sa-a : Jézu té di disip li yo : « Nou minm nou sé limiè tè-a... [p. 271]
18. **Mark 1, 35-39 :**
 « *Li t-ap préché nan sinagòg yo* ».
 Granmatin Jézu lèvé, li soti... [p. 272]
19. **Luk 4, 16-21 :**
 « *Éspri Granmèt la sou mouin* ».
 Lè sa-a : Jézu rivé Nazarèt... [p. 272]
20. **Luk 24, 44-48 :**
 « *Jézu voyé apot yo pou yo préché pénitans ak padon péché* ».
 Lè sa-a : Jézu té di disip li yo : « Sé paròl sa yo... [p. 272]
21. **Jan 7, 14-18 :**
 « *Ansègnman-m nan pa ansègnman pa-m, min ansègnman Sa-a ki voyé-m nan* ».
 Nan mitan jou fèt la, Jézu té monté... [p. 273]

II.

Pou institisyon Akolit yo

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1. **Jénèz 14, 18-20 :**
 « *Li ofri pin ak divin* ».
 Jou sa yo : Mèlkisédèk, roua Salèm... [p. 273]
2. **Égzòd 16, 2-4. 12-15 :**
 « *M-ap fè lapli pin tonbé sot nan sièl la pou nou* ».
 Jou sa yo : Tout foul pitit Israèl yo pran plinyin... [p. 273]

3. **Égzòd 24, 3-8 :**
« *Sa-a sé san aliens la, sa Granmèt la pasé avèk nou-an* ».
Jou sa yo : Moyiz rivé, li rakonté... [p. 274]
4. **Détéronòm 8, 2-3. 14b-16a :**
« *Li ba-ou manjé ou pa-t konnin, ni ou minm ni papa-ou yo* ».
Jou sa yo : Moyiz té palé ak pèp la, antan li di... [p. 275]
5. **1 Roua 19, 4-8 :**
« *Li maché ak fòs manjé sa-a jous nan mòn Bondié-a* ».
Jou sa yo : Éli maché nan dézè-a pandan youn jou... [p. 275]
6. **Provèb 9, 1-6 :**
« *Manjé pin-m, bouè divin-an mouin mélanjé pou nou-an* ».
Sajès la bati kay li... [p. 276]

LÉKTU NAN NOUVO TÈSTAMAN-AN

7. **Travay Apot yo 2, 42-47 :**
« *Yo té pèsévéré nan kominion pin-an yo séparé-a* ».
Nan jou sa yo : Frè yo té pèsévéré nan ansègnman... [p. 276]
8. **Travay Apot yo 10, 34a. 37-43 :**
« *Nou té manjé, nou té bouè avèk li, aprè li té résisité sot nan pami mò yo* ».
Jou sa yo : Antan Piè louvri bouch li, li di... [p. 276]
9. **1 Korintyin 10, 16-17 :**
« *Yon sèl pin, yon sèl kò ; sé sa nou minm ki anpil la nou fè* ».
Frè-m yo : Kalis bénédiksion-an... [p. 277]
10. **1 Korintyin 11, 23-26 :**
« *Chak foua n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a, sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé* ».
Frè-m yo : Mouin té résévoua nan min Granmèt la... [p. 277]
11. **Ébré 9, 11-15**
« *San Kris la nétouayé konsians nou* ».
Frè-m yo : Kris la rivé kòm prèt an chèf... [p. 278]

PSÒM RÉSPONSORIAL YO

12. Psòm 22, 1-3a. 3b-4. 5. 6.
 R: (1) : Granmèt la ap okipé-m, mouin pap manké anyin. [p. 278]
13. Psòm 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 10-11.
 R: (9a) : Gouté épi ouè kijan Granmèt la bon. [p. 279]
14. Psòm 77, 3 é 4bc. 23-24. 25. 54.
 R: (24b) : Granmèt la ba yo pin sièl la. [p. 279]
15. Psòm 109, 1. 2. 3. 4.
 R: (4bc) : Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek. [p. 280]
16. Psòm 115, 12-13. 15 é 16bc. 17-18.
 R: (13) : M-ap pran kalis k-ap sové nou-an,
 m-ap rélé non Granmèt la. [p. 280]
17. Psòm 144, 10-11. 15-16. 17-18.
 R: (cf. 16) : Ou louvri min-ou, Granmèt, ou ba nou manjé vant plin.
 [p. 280]
18. Psòm 147, 12-13. 14-15. 19-20.
 R: (Jan 6, 59b) : Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.
 [p. 281]

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

19. Jan 6, 57 : Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m,
 li rét nan mouin, mouin nan li, sé sa Granmèt la di. [p. 282]
20. Jan 6, 58 : Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan,
 épi mouin viv akòz Papa-a ;
 konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akòz mouin tou,
 sé sa Granmèt la di.
21. Jan 6, 35 : Mouin, mouin sé pin lavi-a ;
 moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou,
 moun ki kouè nan mouin pap janm souaf. [p. 281]

22. **Jan 6, 51-52** : Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la, sé sa Granmèt la di ;
si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan. [p. 281]

ÉVANJIL YO

23. **Mark 14, 12-16. 22-26** :
« *Sa-a sé kò-m, sa-a sé san-m* ».
Prémié jou azim yo, lè yo t-ap fè sakrifis pak la... [p. 282]
24. **Luk 9, 11b-17** :
« *Yo tout manjé vant plin* ».
Lè sa-a : Jézu t-ap palé ak foul yo... [p. 282]
25. **Luk 24, 13-35** :
« *Yo rékonèt li nan kasé pin-an* ».
Lè sa-a : Té gin dé nan disip Jézu yo ki t-apral... [p. 283]
26. **Jan 6, 1-15** :
« *Li séparé bay moun yo ki té lonjé kò yo-a, toutotan yo té vlé* ».
Lè sa-a : Jézu al lòt bò lanmè... [p. 284]
27. **Jan 6, 24-35** :
« *Moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou, moun ki kouè nan mouin pap souaf* ».
Lè sa-a : Lè foul la ouè Jézu pa-t la... [p. 285]
28. **Jan 6, 41-52a** :
« *Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la* ».
Lè sa-a : Juif yo t-ap plinyin osijè Jézu... [p. 286]
29. **Jan 6, 51-59** :
« *Chè-m sé manjé tout bon vré-a, san-m sé bouason tout bon vré-a* ».
Lè sa-a : Jézu té di foul Juif yo... [p. 286]
30. **Jan 21, 1-14** :
« *Jézu rivé, li pran pin-an, li ba yo* ».
Lè sa-a : Jézu parèt ankò dévan disip yo... [p. 287]
-

DÉGI

TÈKS LÉKTU BIBLIK YO

DÉGI

TÈKS LÉKTU BIBLIK YO

1. ANTAN Y-AP BAY ÒRD SAKRÉ YO

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

Pou diak yo

Fè fanmiy Lévi-a avansé pou yo sèvi Aaron, prèt la.

Léktu liv Nonb yo

3, 5-9

Jou sa yo :

Granmèt la palé ak Moyiz antan li di : « Fè fanmiy Lévi-a avansé épi fè-l kanpé dévan fas Aaron, prèt la, pou yo sèvi li épi y-a obsèvé tou sa-k konséné li épi sa-k konséné sèvis fowl la dévan tant rasanbléman-an antan y-ap sèvi nan ministè kay la épi y-a konsèvé véso tant rasanbléman-an antan y-ap réalizé fonksion pitit Israël yo, antan y-ap sèvi nan ministè kay la. Ou-a rinmèt lévit yo kòm kado bay Aaron ak pitit li yo, sé pitit Israël yo ki rinmèt yo ba yo ».

Paròl Granmèt la.

2

Pou prèt yo

M-ap rinmèt éspri-ou pou yo soutni chaj pèp la avèk ou.

Léktu liv Nonb

11, 11 b-12. 14-17. 24-25 a

Jou sa yo :

Moyiz di Granmèt la : « Pouki sa ou mété chaj tout pèp sa-a sou mouin-an ? Èské sé mouin minm ki té ansint tout fowl sa-a oubyin ki té anfanté-l, pou-ou di-m : “Poté yo nan léstomak ou, tankou yon nouris konn poté yon ti pitit, épi minnin yo nan péyi-a, sa-m té fè sèman bay papa yo-a ?”

Mouin pa kapab tou sèl soutni tout pèp sa-a, paké li trò lou pou mouin. Si sé konsa ou-ap aji avèk mouin, mouin priyé pou-ou touyé-m, si mouin jouinn gras nan jé-ou, pa kité-m ouè malè-m yo plis toujou ».

Granmèt la di Moyiz : « Rasanblé souasandis gason ba mouin sot nan ansyin Israël yo, sa yo ou konnin ki ansyin pèp la ak majistra, minnin yo nan

papòt tant rasanbléman-an, y-a kanpé la ansanm avèk ou, pou-m désann épi mouin palé avèk ou, m-a pran nan éspri-ou la épi m-a rinnèt yo, pou yo soutni chaj pèp la avèk ou. Konsa ou pap sèl pou poté chaj la.

Moyiz rivé vré épi li rakonté pèp la paròl Granmèt la antan li rasanblé souasandis gason sot nan ansyin Israël yo, li fè yo kanpé alantou tant la.

Granmèt la désann atravè nuaj la épi li palé avèk li, antan li pran nan éspri ki té nan Moyiz la, épi antan li bay souasandis gason ansyin yo. Lè éspri-a té pozé sou yo, yo profétizé.

Paròl Granmèt la.

3

Pou évèk yo ak prèt yo

*Granmèt la sakré-m, li voyé-m anonsé pòv yo bon nouvèl la,
ba yo losion kè kontan-an.*

Léktu liv profèt Izayi

61, 1-3 a

Éspri Granmèt Bondié-a sou mouin, sé poua Granmèt la sakré-m, li voyé-m anonsé sa-k bon bay pòv yo, pou-m pansé kè ki krazé yo, pou-m préché libérasion bay prizonié yo, délivrans bay sa-k fèmin yo, pou-m préché yon ané koté Granmèt la fè gras, yon jou vanjans pou Bondié nou-an, pou-m konsolé tout moun ki nan lapinn, pou-m mété yon kouròn nan plas sann pou moun Siyon yo ki nan lapinn yo épi pou-m ba yo-l, losion kè kontan nan plas dèy, manto louanj nan plas éspri chagrin.

Paròl Granmèt la.

4

Kot tou sa-m voyé-ou, sé pou-ou alé.

Léktu liv profèt Jérémi

1, 4-9

Paròl Granmèt la rivé koté-m, antan-l di : « Anvan-m té fòmé-ou nan vant, mouin té konnin-ou ; anvan-ou té soti nan vant, mouin té sanktifé-ou, mouin té mété-ou kòm profèt pou nasion yo ».

Mouin di : « A a a, Granmèt Bondié ! Gadé, mouin pa konn palé, sé yon ti moun mouin yé ».

Granmèt la di-m : « Pa di “Mouin sé timoun” ; paské kot tou sa-m voyé-ou, sé pou-ou alé, tou sa m-ap kòmandé-ou, sé pou-ou palé-l. Pa pè dévan fas yo, paské mouin avèk ou, pou-m, délivré-ou », sé sa Granmèt la di.

Granmèt la voyé min-l, li touché bouch mouin ; Granmèt la di-m : « Min mouin mété paròl mouin yo nan bouch ou ».

Paròl Granmèt la.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

Pou diak yo

*Yo chouazi sèt mésié ki plin ak Éspri Sin-an.***Léktu Travay Apot yo**

6, 1-7 b

Jou sa yo, antan foul disip yo t-ap grosi, Grèk yo plinyin kont Ébré yo, paské nan sèvis chak jou-a yo té néglijé vèv pa yo.

Antan Douz yo konvoké foul disip yo, yo di : « Sé pa nòmral pou nou kite paròl Bondié-a pou n-ap sèvi sou tab yo. Frè-m yo, chèché sèt mésié nan pami nou ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri ak sajès, n-a instalé yo pou travay sa-a. Kanta nou minm, n-ap pèsévéré nan priyè-a ak sèvis paròl la ».

Paròl la fè tout foul la plézi, yo chouazi Étièn, yon mésié ki plin lafoua ak Éspri-Sin, Filip, Prokòr, Nikanòr, Timon, Parménas, ak Nikola, yon prozélit Antiòch. Yo prezanté yo dévan Apot yo, épi antan yo priyé, yo pozé min sou yo.

Épi Paròl Granmèt la t-ap dévlopé, foul disip yo t-ap vi-n anpil minm nan Jérusalèm.

Paròl Granmèt la.

2

Pou diak yo

*Li kòmansé dépi nan pasaj sa-k ékri la-a,
li ba-l bòn nouvèl Jézu-a.***Léktu Travay Apot yo**

8, 26-40

Jou sa yo :

Anj Granmèt la palé ak Filip, antan-l di : « Lévé, al nan sid, sou rout ki désann sot Jérusalèm al Gaza-a : li pa gin pèsòn ». Antan-l lévé, l-alé. Té gin yon mésié Étiopyin, yon intandan Kandas, rèn Étiopyin yo, li té gin gro pouvoua, sé li minm ki té réponsab tout richès li yo, li té vi-n adoré Jérusalèm. Li t-ap tounin, antan-l té chita nan chario li, l-ap li profèt Izayi.

Éspri-a minm di Filip : « Proché, rivé kot chario sa-a ». Antan Filip minm proche, li tandé l-ap li profèt Izayi-a ; li di : « Èské ou koué ou konprann sa ou-ap li-a ? »

Li di : « Épi, kijan mouin t-a kapab, si pèsòn pa montré-m ? » Li mandé Filip pou-l monté, pou-l chita avèk li.

Pasaj sa-k ékri-a li t-ap li-a, min li : « Tankou yon mouton yo kondui labatoua, tankou yon mouton dévan moun k-ap koupé linn li, san voua, sé konsa li pa louvri bouch li. Nan umilitéé-l yo poté jijman-l alé. Ras li, ki moun k-ap rakonté-l ? Paské yo ouété lavi-l sot sou tè-a ».

Intandan-an minm pran laparòl, li di Filip : « Tanpri, osijè ki moun profèt la ap di sa-a ? Èské sé osijè pròp tèt pa-l oubyin osijè yon lòt ? » Filip minm antan-l ouvri bouch li, antan-l kòmansé dépi nan pasaj sa-k ékri la-a, li ba-l bòn nouvèl Jézu-a.

Pandan yo t-ap vouayajé sou rout la, yo rivé nan yon dlo, intandan-an di : « Min dlo ; ki sa-k anpéché-m batizé ? »

Filip minm di : « Si-ou kouè ak tout kè-ou, ou kapab ».

Épi antan-l réponn, li di : « Mouin kouè sé Pitit Bondié Jézu-Kri yé ». Li pasé lòd pou yo fè rété chario-a. Yo toulédé désann nan dlo-a, ni Filip, ni intandan-an, li batizé-l.

Pandan y-ap monté sot nan dlo-a, Éspri Granmèt la sézi Filip, intandan-an pa ouè-l ankò ; li kontinué rout li ak kè kontan. Filip minm rivé Azòt, épi antan-l travèsé, li t-ap bay bòn nouvèl la nan tout vil yo, joutan li rivé Sézaré.

Paròl Granmèt la.

3

*Nou minm nou témouin tou sa-l té fè
nan réjion Juif yo ak Jérusalèm.*

Léktu Travay Apot yo

10, 37-43

Jou sa yo :

Piè louvri bouch li, li di : « Nou konnin sa-k rivé nan tout Judé, kòmansé dépi Galilé apré batèm nan Jan té préché-a : Jézu moun Nazarèt la, kijan Bondié té sakré-l ak Éspri Sin-an ak fòs : li minm ki travèsé antan l-ap fè byin, l-ap géri tout moun djab la t-ap maltrété, paské Bondié té avèk li.

Nou minm nou témouin tou sa-l té fè nan réjion Juif yo ak Jérusalèm ; li minm yo té touyé antan yo pandié-l sou boua-a. Li minm, Bondié résisitè-l touazièm jou-a ; li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo : nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fi-n résisitè sot nan pami mò yo.

Li pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin Bondié mété-l kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Li minm, tout profèt yo sèvi-l témouin, tout moun ki kouè nan li ap résévoua padon péché yo o non-l ».

Paròl Granmèt la.

4

Pou évèk yo épi prèt yo

Fè atansyon nou, ni tout bann mouton-an, sa Éspri Sin-an instalé nou kòm évèk sou li-a pou nou kondui Égliz Bondié-a.

Léktu Travay Apot yo

20, 17-18 a. 28-32. 36

Jou sa yo :

Antan Pòl Milè, li voyé Éfèz pou yo rélé chèf Égliz yo.

Lè yo rivé koté-l, li di yo : « Fè atansyon nou, ni tout bann mouton-an, sa Éspri-Sin-an instalé nou kòm évèk sou li-a pou nou kondui Égliz Bondié-a, Égliz sa-a li té achté ak san-l nan. Mouin minm mouin konnin lè-m fi-n pati gin lou méchan k-ap antré nan pami nou, yo pap ménajé bann mouton-an. Nan nou minm minm gin mésié k-ap lévé, k-ap palé paròl pèvèti, pou yo trinnin disip dèyè yo.

Sé pousa, nou doué véyé, sonjé kijan pandan touazan lannuit kon lajounin mouin pa-t sispann avèti chak moun nan nou avèk dlo nan jé. Koulié-a minm mouin rékòmandé nou bay Bondié ak paròl gras li-a, ki gin pouvoua pou-l bati nou, pou-l ba nou éritaj nan pami tout sin yo ».

Kon-l fi-n di sa, li mét jénou atè, li priyé avèk yo tout.

Paròl Granmèt la.

5

Nou gin kado dapré gras yo ba nou-an, kado sa yo divès.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

12, 4-8

Frè-m yo :

Tankou nan yon sèl kò nou gin anpil manb, sèlman tout manb yo sé pa minm aksion-an yo ginyin ; konsa atout nou anpil la, sé yon sèl kò nou yé nan Kris la, nou chak minm nou youn sé manb lòt. Antan nou gin kado dapré gras yo ba nou-an, kado sa yo divès : soua sé profési, sèlon mézi lafoua-a ; soua sé sèvis la, antan y-ap sèvi ; soua sé moun k-ap anségné-a, nan doktrin nan ; soua moun k-ap ankourajé-a, antan l-ap ankourajé ; moun k-ap bay la, nan simplisité ; moun k-ap dirijé-a, antan-l ap mété aktivité ; moun k-ap pran pitié-a, antan li gin bon jan.

Paròl Granmèt la.

6

N-ap préché Jézu-Kri ; kanta nou minm nou sé sèvitè nou pa pouvoua Jézu.

Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

4, 1-2. 5-7

Frè-m yo :

Antan nou gin administrasion sa-a, dapré mizèrikòd nou résévoua-a, nou pa fébli, min nou rékonsé bagay kaché yo ki fè moun ront yo, antan nou pa

maché nan ruz, ni antan nou pa chanjé paròl Bondié-a, min antan nou rékòmandé pròp tèt nou nan manifèstasion vérité-a bay tout konsians moun yo dévan Bondié.

Sé pa nou minm réyèlman n-ap préché, min sé Jézu-Kri Granmèt la, nou minm minm nou sé sèvitè nou pa pouvoua Jézu ; paské Bondié ki té di pou limiè-a kléré sot nan fènoua yo, sé li minm ki kléré nan kè nou, pou-l fè konésans gloua Bondié-a kléré nan fas Jézu-Kri.

Nou gin trézò-a minm nan véso tè-kuit, pou éksè grandè-a soti nan pouvoua Bondié, min pa nan nou.

Paròl Granmèt la.

7

Li ba nou sèvis rékonsiliation-an.

Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

5, 14-20

Frè-m yo :

Rinmin Kris la ap boulé nou réyèlman ; antan nou konsidéré si yon sèl mouri pou tout moun sèké tout moun mouri ; li mouri pou tout moun, pou moun k-ap viv yo, sé pa pou yo minm y-ap viv ankò, min pou sa-a ki mouri épi ki résisité pou yo-a.

Sé poua nou minm apati koulié-a nou pa konnin pèsòn ankò dapré chè-a ; si nou té konnin Kris la dapré chè-a, koulié-a nou pa konnin-l konsa ankò.

Si yon moun donk nan Kris la, sé yon nouvo kréatu ; ansyin yo disparèt, min, sé sa-k nouvo ki fèt ; tout bagay réyèlman vi-n sot nan Bondié, li minm ki rékonsilié nou pa lintèmédiè Kris la, épi li ba nou sèvis rékonsiliation-an. Sèké sé Bondié ki té nan Kris la, antan l-ap rékonsilié tè-a avèk li, antan li pa mété sou do yo pròp fot yo, li mété nan nou paròl rékonsiliation-an. Pou Kris la donk nou sèvi komisionè, sé tankou sé Bondié k-ap bay ankourajman pa lintèmédiè nou. N-ap insisté koté nou pou Kris la : kité yo rékonsilié nou avèk Bondié.

Paròl Granmèt la.

8

Nan travay sèvis la, antan kò Kris la ap bati.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

4, 1-7. 11-13

Frè-m yo :

Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché korèk dapré vokasion koté yo rélé nou-an, avèk tout umilité épi dousè, antan nou pran pasians, antan nou youn sipòté lòt nan charité-a, antan nou fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a.

Yon sèl kò ak yon sèl éspri, minm jan yo rélé nou nan yon sèl éspérans vokasion nou-an ; yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, épi atravè tout bagay épi nan tout bagay.

Chak moun nan nou réyéلمان yo ba li gras la dapré mézi kado Kris la. Sé li minm ki bay kèk moun gras pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dèt ankò sé sa-k évanjélis, dèt yo minm sé gadyin ak sava sakré : pou fòmasyon sin nan travay sèvis la, nan konstoui kò Kris la, joutan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua ak nan konésans Pitit Bondié-a, pou nou vi-n tounin moun kòrèk nèt la, nan mézi laj plénitud Kris la.

Paròl Granmèt la.

9

Pou diak yo

Yo doué kinbé mistè lafoua-a nan yon konsians ki nèt.

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Timoté

3, 8-10. 12-13

Ou minm mouin rinmin anpil la :

Sé pou diak yo réspékté kò yo, pou yo pa gin dé paròl, pou yo pa lagé kò yo nan anpil divin, pou yo pa chèché richès malonèt, antan yo kinbé mistè lafoua-a nan yon konsians ki nèt. Sa yo minm sé pou yo fè yo bay prèv anvan, aprè sa sé pou yo sèvi antan yo pa gin okinn répròch.

Diak yo doué mari yon sèl madanm, yo doué kondui pitit yo ak moun lakay yo byin. Sa yo minm ki fè sèvis yo byin, yo bay pròp tèt yo yon bon pozision épi anpil asirans nan lafoua-a ki nan Kris Jézu-a.

Paròl Granmèt la.

10

Pou évèk yo

Pa néglijé gras la ki nan ou-a, sa yo té ba ou-a antan prèt yo té pozé min sou ou-a.

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Timoté

4, 12-16

Ou minm mouin rinmin anpil la :

Pèsonn pa doué méprizé ou poutèt ou jèn nan ; min sé pou-ou sèvi modèl pou fidèl yo, nan paròl, nan konduit, nan charité, nan lafoua, nan fason ou kinbé kò-ou san tach. An-atandan mouin rivé, mété tout éfò-ou nan léktu, nan prèch ak nan ansègnman.

Pa néglijé gras la ki nan ou-a, sa yo té ba ou-a gras a paròl profèt yo, antan prèt yo té pozé min sou ou-a. Médité sa, mét atansyon-ou nan bagay sa yo, pou progrè-ou la parèt klè pou tout moun. Fè atansyon pròp tèt ou ak ansègnman-an, insisté nan yo ; antan-ou fè sa, ou-ap sovè pròp tèt ou, ni sa yo k-ap kouté-ou la.

Paròl Granmèt la.

oubyin

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Timoté

4, 12 b-16

Ou minm mouin rinmin anpil la :

Sé pou-ou sèvi modèl pou fidèl yo, nan paròl, nan konduit, nan charité, nan lafoua, nan fason ou kinbé kò-ou san tach. An-atandan mouin rivé, mété tout éfò-ou nan léktu, nan prèch ak nan ansègnman.

Pa néglijé gras la ki nan ou-a, sa yo té ba ou-a gras a paròl profèt yo, antan prèt yo té pozé min sou ou-a. Médité sa, mét atansyon-ou nan bagay sa yo, pou progrè-ou la parèt klè pou tout moun. Fè atansyon pròp tèt ou ak ansègnman-an, insisté nan yo ; antan-ou fè sa, ou-ap sovè pròp tèt ou, ni sa yo k-ap kouté-ou la.

Paròl Granmèt la.

11

Gras Bondié-a ki nan ou-a dépi-m té mét min sou tèt ou-a, résisité-l.

Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Timoté

1, 6-14

Ou minm mouin rinmin anpil la :

Mouin avèti-ou pou résisité gras Bondié-a ki nan ou-a pa lintèmediè inopzision min mouin yo. Sé pa réyèlman yon Éspri kè soté Bondié té ba nou, min yon éspri ki bay fòs, rinmin ak tanpérans. Sé poutèt sa pa ront témouagnaj Granmèt nou-an ni pa ront mouin ki prizonié-l ; min poté konkou pou Bòn Nouvèl la dapré fòs Bondié-a, li minm ki té sovè nou, ki té rélé nou nan vokasyon pou nou vi-n sin, sé pa dapré aktivité pa nou, min dapré désizyon pa-l ak gras la li té ba nou-an nan Kris Jézu dépi anvan sièk tan yo.

Min ki manifesté koulié-a gras a limiè Sovè nou Jézu-Kri, li minm ki détoui lanmò-a épi ki kléré lavi-a avèk posibilité pou nou pa péri nèt la gras a Bòn Nouvèl la, koté yo mété-m mouin minm kòm prédikaté épi apot épi

anségnan. Sé pou sa minm m-ap soufri bagay sa yo, min mouin pa ront. Mouin konnin réyéلمان nan kilès mouin kouè, é mouin sètin li gin pouvoua konsèvé dépo-m nan nan jou sa-a.

Suiv modèl paròl korèk yo ou té tandé nan mouin yo, nan lafoua ak rinmin ki nan Kris Jézu. Kinbé bon dépo-a pa pouvoua Éspri-Sin-an ki abité nan nou-an.

Paròl Granmèt la.

12

Bondié rélé-l prêt an chèf nan ran Mèlkisédek.

Léktu lèt pou Ébré yo

5, 1-10

Tout prêt an chèf, sé nan pami moun yo pran-l, pou instalé-l pou moun yo nan késion ki konsèné Bondié, pou-l ofri kado ak sakrifis pou péché yo ; li minm, minm jan-an, li kapab gin pitié pou sa yo ki pa gin konprann, ki pèdi rout, paské li minm tou li vlopé ak fèblès ; akòz sa, minm jan pou pèp la konsa tou pou pròp tèt pa-l li doué prézanté ofrann pou péché yo. Ni non plis pèsonn pa pran pou tèt pa-l onè sa-a, min sé sa Bondié rélé tankou Aaron.

Konsa tou Kris la pa-t bay pròp tèt li gloua pou-l té vi-n prêt an chèf ; min sé sa-a ki té di-l konsa-a : « Sé Pitit mouin ou yé, mouin minm jodi-a, mouin ba ou nésans » ; minm jan yon lòt koté, li di : « Ou sé prêt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».

Li minm ki nan jou li té pasé nan chè-a, li té ofri priyé ak plint kot sa-a ki té kapab sovè-l sot nan lanmò-a, avèk gran rèl ak dlo nan jé, épi yo tandé-l poutèt soumission-l. Épi malgré sé Pitit li té yé-a, li té aprann apati sa-l té soufri yo, obéyisans la ; lè-l fi-n akonpli, li vi-n tounin pou tout moun k-ap obéyi-l yo koz sovè yo sovè pou tout tan-an, antan Bondié rélé-l prêt an chèf dapré ran Mèlkisédek.

Paròl Granmèt la.

13

Sé pou nou mété bon kè pou séparé gras Bondié-a ki gin anpil fòm nan.

Léktu prémié lèt apot sin Piè

4, 7 b-11

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Konsa sé pou nou gin bon jijman, sé pou nou véyé nan priyé. Anvan tout bagay, antan nou toujou gin charité antré nou, paské « charité-a kouvri pakèt péché yo ».

Antan nou youn résévoua lòt lakay nou san plinyin ; chak moun, dapré gras li résévoua-a, antan-l mété-l nan sèvis lòt yo, tankou bon administratè gras Bondié-a ki gin anpil fòm nan.

Si yon moun ap palé, antan sé tankou paròl Bondié ; si youn ap sèvi, sé tankou avèk fòs Bondié bay la ; pou nan tout bagay yo bay Bondié gloua pa pouvoua Jézu-Kri, li minm gloua-a pou li ak otorité pou tout tan gin tan. Amèn.

Paròl Granmèt la.

14

Okipé bann mouton Bondié yo ki nan mitan nou yo.

Léktu prémié lèt apot sin Piè

5, 1-4

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Ansyin yo minm, ki nan pami nou yo, mouin priyé nou, mouin minm ki ansyin ansanm avèk nou épi ki témouin soufrans Kris yo, k-ap kominiké gloua-l la ki gin pou-l révéle apré-a : okipé bann mouton Bondié-a ki nan mitan nou-an antan nou prévoua sa-l bézouin san yo pa fòsé nou, min avèk tout kè nou dapré Bondié, san nou pa chèché richès malonèt, min ak tout bòn volonté nou ; san nou pa kòmandé kòm mèt sou moun yo nou résponsab la, min antan nou vi-n tounin modèl pou bann mouton-an. Konsa, lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉSPONSORIAL YO

1

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R̄ : 1)

R̄ Granmèt la souin-m, anyin pap manké-m.

¹ Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m ;

² Nan patiraj byin vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m,

³ li réfè nanm mouin.

Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. R̄

⁴ Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.

Baton-ou ak bagèt ou

sé yo k-ap konsolé-m. R̄

- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;
ou grésé tèt mouin ak luil,
kalis mouin ap débòdé. **R**
- 6 Réyèlman bon kè ak mizèrikòd ap rapousuiv mouin
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la
nan longè tan yo. **R**

2

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 83, 3-4. 5 é 11 (**R** : 5 a)

- R** Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a, Granmèt.
- 3 Nanm mouin anvi épi l-ap dépéri pou kay Granmèt la.
Kè-m ak chè-m ap dansé nan Bondié vivan-an.
- 4 Réyèlman zouazo k-ap pasé-a jouinn yon kay pou li,
toutrèl la jouinn yon nich pou li, koté li dépozé ti pitit li yo :
lotèl ou yo, Granmèt lamé yo, roua-m ak Bondié-m. **R**
- 5 Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a,
pou tout tan y-ap fè louanj ou.
- 11 Sèké yon jou nan kay ou yo pi bon pasé mil,
mouin chouazi rét sou papòt nan kay Bondié-m nan,
pasé pou-m abité nan tant péchè yo. **R**

3

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 88, 21-22. 25 é 27 (**R** : cf. 2 a)

- R** Mizèrikòd ou, Granmèt, sé tout tan m-ap chanté-l.
- 21 Mouin jouinn David sèvitè-m nan ;
ak luil mouin ki sin-an mouin sakré-l.
- 22 Min-m ap rét fèm avèk li,
bra-m ap ba li fòs. **R**
- 25 Vérité-m ak mizèrikòd mouin ap avèk li,
o non-m y-ap lèvé kòn li.
- 27 Li minm l-ap rélé-m : « Sé Papa-m ou yé,
Bondié-m ak kachèt k-ap sovè-m nan ». **R**

4

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 95, 1-2 a. 2 b-3. 10 (**R** : Mt 28, 19)

- R** Antan nou alé sou tout tè-a, anségné tout nasyon yo.

- ¹ Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo,
chanté pou Granmèt la, tout tè-a.
- ² Chanté pou Granmèt la, fè konpliman pou non-l. **R:**
Anonsé jou an jou sovè li sovè nou-an.
- ³ Anonsé gloua li pami nasion yo,
nan tout pèp yo mèvèy li yo. **R:**
- ¹⁰ Di nan nasion yo : « Granmèt la roua ».
L-ap drésé fas tè-a pou-l pa souké ;
l-ap jijé pèp yo nan jistis. **R:**

5

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 99, 2. 3. 4. 5 (**R:** : Jan 15, 14)

- R:** Nou sé zanmi-m si nou fè sa mouin kòmandé nou-an,
sé sa Granmèt la di.
- ² Fè louanj pou Granmèt la, tout tè-a,
sèvi Granmèt la nan kè kontan ;
antré dévan fas li avèk gran fèt. **R:**
- ³ Konnin Granmèt la sé li minm ki Bondié ;
sé li minm ki fè nou, sé pou li nou yé,
pèp li ak mouton patiraj li. **R:**
- ⁴ Antré nan pòtay li yo avèk louanj,
nan lakou-l yo avèk kantik,
fè louanj li, fè konpliman pou non-l. **R:**
- ⁵ Sèké Granmèt la bon ;
pou tout tan li gin mizérikòd,
pou jénérasyon ak jénérasyon vérité-l la. **R:**

6

PSÒM RÉSPONSORIAL Ps 109, 1. 2. 3. 4 (**R:** Prèt pou tout tan ... oubyin 4 b)

- R:** Prèt pou tout tan, Kris Granmèt la
dapré ran Mèkisédek, li ofri pin ak divin.
- oubyin :
- R:** Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèkisédek.
- ¹ Granmèt la di Granmèt mouin : « Chita adouat mouin,
joutan mouin pozé ènmi-ou yo kòm éskabo pié-ou ». **R:**
- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon :
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo. **R:**

- ³ Pouvoua-a avèk ou jou fòs ou-a,
nan ékla limiè ki sin yo,
nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou. **R:**
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li :
« Ou sé prèt pou tout tan
dapré ran Mèlkisédek ». **R:**

7

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 115, 12-13. 17-18 (**R:** : 1 Kor 10, 16)**R:** Kalis bénédiksion-an sé kominion nan san Kris la.**oubyin** : Alélouya.

- ¹² Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la
pou tou sa-l rinnèt mouin ?
- ¹³ M-ap pran kalis ki sovè nou-an,
m-ap rélé non Granmèt la. **R:**
- ¹⁷ M-ap sakrifé viktin louanj ba ou,
épi m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸ Sa-m té promèt yo, m-ap tounin bay Granmèt la,
dévan tout pèp li-a. **R:**

8

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 116, 1. 2 (**R:** : Mk 16, 15)**R:** Antan nou alé sou tout tè-a, préché Bòn Nouvèl la.**oubyin** : Alélouya.

- ¹ Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo,
fè louanj li ansanm, tout pèp yo. **R:**
- ² Paské mizèrikòd li-a asiré sou nou,
épi vérité Granmèt la diré pou tout tan. **R:**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Mt 28, 19 a. 20 b

R: Alélouya. Alé anségné tout nasion yo, sé sa Granmèt la di ;
mouin avèk nou touléjou jous finisman sièk tan yo. **R:** Alélouya.

2

Lk 4, 18

(**R**: Alélouya). Granmèt la voyé-m poté Bòn Nouvèl la bay pòv yo, préché padon pou prizonié yo. (**R**: Alélouya).

3

Jan 10, 14

(**R**: Alélouya). Mouin sé bon gadyin-an, sé sa Granmèt la di ; épi mouin konnin mouton-m yo, mouton-m yo konnin-m tou. (**R**: Alélouya).

4

Jan 15, 15 b

(**R**: Alélouya). Mouin rélé nou zanmi, sé sa Granmèt la di, paské tout sa mouin tandé nan min Papa-m, mouin fè nou konnin-l. (**R**: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

Nou sé limiè tè-a.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 13-16

Lè sa-a : Jézu té di disip li yo :

« Nou sé sèl tè-a. Si sèl la vi-n fad, ak ki sa y-ap salé-l ? Li pa vo anyin ankò, sof pou yo jété-l déyò, pou moun pilé-l.

Nou sé limiè tè-a. Yon vil ki pozé sou yon mòn pa kapab kaché. Ni yo pa limin yon limiè épi yo mété-l anba mamit, min sou yon chandélié, pou-l kléré tout moun ki nan kay la.

Konsa sé pou limiè nou kléré dévan moun yo, pou yo ouè bon aksion nou yo, épi pou yo fè louanj pou Papa nou ki nan sièl la ».

Paròl Granmèt la.

2

Priyé Granmèt rékòlt la, pou-l voyé travayé nan rékòlt li-a.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

9, 35-38

Lè sa-a :

Jézu minm t-ap maché nan tout vil yo ak bouk yo, antan-l t-ap bay ansègnman nan sinagòg yo, épi antan-l t-ap préché Bòn Nouvèl péyi-roua-a, épi antan-l t-ap géri tout maladi ak tout féblès. Lè-l ouè foul yo minm, li pran pitié pou yo, paské yo té bouké épi yo té kouché tankou mouton ki pa gin gadyin.

Lè sa-a li di disip li yo : « Rékòlt la anpil sé vré, min travayé yo sé yon ti kras yo yé ; priyé donk Granmèt rékòlt la, pou-l voyé travayé nan rékòlt li-a ».

Paròl Granmèt la.

3

Jézu chouazi douz Apot yo épi li voyé yo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

10, 1-5 a

Lè sa-a :

Jézu rélé douz disip li yo, li ba yo pouvoua sou éspri pa-pròp yo, pou yo chasé yo, épi pou yo géri tout maladi ak tout féblès.

Non douz apot yo minm, min yo : Prèmié-a Simon, sa yo rélé Piè-a, épi André, frè-l la, Jak pitit Zébédé-a ak Jan frè-l la, Filip ak Batélémi, Toma ak Matié piblikin-an, Jak pitit Alfé-a ak Tadé, Simon Kananéyin-an ak Juda Iskariòt, sa-a ki té rinnèt li-a.

Douz sa yo, Jézu voyé yo.

Paròl Granmèt la.

4

Ninpòt ki moun ki vlé vi-n pi gran nan pami nou, sé pou-l vi-n sèvitè nou.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

20, 25 b-28

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Nou konnin chèf nasion yo kòmandé sou yo, épi sa ki gran yo fè yo santi pouvoua yo.

Sa pa doué fèt konsa nan pami nou, min ninpòt ki moun ki vlé vi-n gran nan pami nou, sé pou-l vi-n sèvitè nou ; épi ninpòt moun ki vlé vi-n prèmié nan pami nou, sé pou-l ésklav nou.

Konsa Pitit moun nan pa-t vini pou-l fè yo sèvi-l, min pou-l sèvi épi pou-l rinnèt lavi-l kòm rédanmsion pou pakèt moun yo ».

Paròl Granmèt la.

5

Rékòlt la anpil, min ouvriyé yo sé yon ti kras yo yé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

10, 1-9

Lè sa-a :

Granmèt la chouazi sousanndouz lòt ; li voyé yo dé pa dé dévan-l nan tout vil ak koté li té gin pou-l alé.

Li t-ap di yo :

« Rékòlt la anpil sé vré, min ouvriyé yo sé yon ti kras yo yé. Priyé donk Granmèt rékòlt la, pou-l voyé ouvriyé nan rékòlt li-a. Alé ; min mouin voyé nou tankou mouton nan pami lou. Pa poté sak, ni bous, ni sapat, épi pa salué pèsonn nan chémin.

Nan ninpòt kay nou antré, di toudabò : “Lapè pou kay sa-a” ; si gin yon pitit lapè la, lapè nou-an ap pozé sou kay la ; otréman, l-ap tounin vi-n jouinn nou. Nan minm kay sa-a rété antan nou manjé, nou boué sa yo ginyin ; ouvriyé-a réyéman mérité salè-l. Pa travèsé sot nan kay al nan kay. Nan ninpòt ki vil nou antré, épi yo résévoua nou, manjé sa yo poté ba nou, géri malad yo ki nan vil la, di yo : “Péyi-roua Bondié-a toupré nou” ».

Paròl Granmèt la.

6

Ala kontantman pou sèvitè sa yo, si lè mèt la rivé, li jouinn yo ap véyé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

12, 35-44

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Sé pou rin nou maré, épi pou lanp nou limin ; nou minm sé pou nou tankou moun k-ap tann mèt yo, lè-l vi-n sot nan nòs ; pou, kon-l rivé, li frapé, minm lè-a yo louvri ba li.

Ala kontantman pou sèvitè sa yo, yo minm lè mèt la rivé, li jouinn yo ap véyé ; amèn mouin di nou, l-ap maré rin-l, l-ap fè yo lonjé kò yo, épi antan l-ap pasé l-ap sèvi yo. Si-l rivé nan dézièm vèy la, épi si sé nan touazièm vèy la li rivé, épi li jouinn yo konsa, ala kontantman pou yo.

Aprann sa donk, si pèd-famiy nan té konnin ki lè vòlè-a t-ap rivé, li pa t-ap kite yo kasé kay li. Nou minm tou sé pou nou paré, paské sé lè nou pa pansé-a, Pitit moun nan ap vini ».

Piè minm di : « Granmèt, èské sé pou nou ou-ap di parabòl sa-a, oubyin si sé pou tout moun ? »

Granmèt la di : « Dapré ou, kilès intandan ki fidèl, ki gin bon jijman, mèt li mété réponsab moun lakay li, pou-l ba yo lè tan-an rivé mézi blé-a ? Ala kontantman pou sèvitè sa-a, si lè mèt la rivé, li jouinn l-ap fè konsa. Réyéman mouin di nou, sé sou tou sa-l posédé l-ap mété-l réponsab ».

Paròl Granmèt la.

7

*Fè sa pou nou fè sonjé-m.**Mouin minm mouin nan mitan nou tankou sa k-ap sèvi-a.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk****22, 14-20. 24-30**

Lè lè-a rivé, Jézu atablé, épi apot yo avèk li. Li di yo : « Sé pa ti kras anvì mouin té anvì manjé Pak sa-a avèk nou, anvan-m soufri-a. Mouin di nou réyèlman, mouin pap manjé-l, joutan li réalizé nan péyi-roua Bondié-a ».

Li pran kalis la, li rann gras épi li di : « Pran sa-a épi séparé antré nou. Mouin di nou réyèlman : mouin pap bouè nan foui pié rézin-an apati koulié-a, joutan péyi-roua Bondié-a rivé »..

Épi antan-l pran pin-an, li rann gras, li kasé-l, li ba yo, antan-l di : « Sa-a sé Kò-m, yo bay pou nou-an : fè sa pou nou fè sonjé-m ». Minm jan-an tou pou kalis la, lè-l fi-n manjé, antan-l di : « Sa-a sé Kalis nouvo téstaman-an nan san-m nan, ki vidé pou nou-an ».

Té gin diskision nan pami yo kilès nan yo té konsidéré kòm pi gran.

Li minm li di yo : « Roua nasyon yo kòmandé yo kòm mèt, épi sa yo ki gin pouvoua sou yo-a, yo fè yo rélé yo byinfètè. Kanta nou minm, sa pa doué fèt konsa, min sa-k pi gran nan pami nou-an, sé pou-l vi-n tankou sa-k pi piti-a, épi sa-k chèf la, sé pou-l tankou sèvitè-a. Réyèlman kilès ki pi gran, sa-k lonjé kò-l la oubyin sa k-ap sèvi-a ? Èské sé pa sa-k lonjé kò-l la ? Mouin minm minm mouin nan mitan nou tankou sa k-ap sèvi-a.

Nou minm minm sé nou ki té rété avèk mouin nan tantasion-m yo ; épi mouin minm mouin préparé péyi roua-a pou nou, tankou Papa-m té préparé-l pou mouin, pou nou manjé, pou nou bouè sou tab mouin nan péyi roua-m nan, épi pou nou chita sou tro-n yo, antan n-ap jijé douz fanmi Israël yo ».

Paròl Granmèt la.

8

*Bon gadyin-an bay lavi-l pou mouton-l yo.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan****10, 11-16**

Lè sa-a Jézu di :

« Mouin sé bon gadyin-an. Bon gadyin-an bay lavi-l pou mouton-l yo. Min anplouayé-a ak sa-a ki pa gadyin-an, sa mouton yo pa pou li-a, lè-l ouè lou-a ap vini, li kitè mouton yo, li sovè kò-l, - lou-a minm dévoré mouton yo, li gayé yo, - sé paské sé anplouayé li yé épi li pa okipé sa-k konsènè mouton yo.

Mouin minm mouin sé bon Gadyin-an, mouin konnin sa-k pou mouin yo, sa-k pou mouin yo konnin-m tou. Jan Papa-a konnin-m nan épi mouin konnin Papa-a, épi mouin bay lavi-m pou mouton-m yo.

Mouin gin dèt mouton, ki pa nan patiraj sa-a, yo minm tou mouin gin pou-m minn yo, y-ap kouté voua-m, ap vi-n gin yon sèl bann mouton, yon sèl gadyin ».

Paròl Granmèt la.

9

Si yon moun ap sèvi-m, sé pou-l suiv mouin.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

12, 24-26

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Amèn, amèn mouin di nou : si grinn blé-a antan-l tonbé nan tè-a pa mouri, li rét pou kont li ; min si-l mouri, li donnin anpil fruit. Moun ki rinmin lavi-l l-ap pèdi-l, min moun ki rayi lavi-l sou tè sa-a, l-ap konsèvé-l pou lavi tout tan-an.

Si yon moun ap sèvi-m, sé pou-l suiv mouin ; épi koté-m yé-a, sé la sèvitè-m nan ap yé tou. Si yon moun ap sèvi-m, Papa-a ap fè-l jouinn konsidèrasion ».

Paròl Granmèt la.

10

*Sé pa nou minm ki chouazi-m,
min sé mouin minm ki chouazi nou.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

15, 9-17

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Minm jan Papa-a rinmin-m nan, mouin minm tou mouin rinmin nou. Rét nan rinmin-m nan. Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan ; minm jan mouin minm mouin kinbé kòmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan. Bagay sa yo mouin di nou yo, pou kè kontan-m nan kapab nan nou, épi pou kè nou kapab kontan nèt.

Sa-a sé kòmandman-m nan, pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an. Pèsonn pa rinmin pi plis pasé moun ki bay lavi-l pou zanmi-l nan. Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa mouin kòmandé nou yo.

Mouin pa rélé nou sèvitè ankò, paské sèvitè-a pa konnin sa mèt li ap fè ; min mouin rélé nou zanmi, paské tou sa-m tandé kot Papa-m, mouin fè nou konnin yo. Sé pa nou minm ki chouazi-m ; min sé mouin minm ki chouazi

nou, mouin mété nou, pou nou alé, pou nou poté frui, pou frui nou-an diré ; konsa, pou ninpòt ki sa nou mandé Papa-a o non-m, li ba nou-l.

Bagay sa yo mouin kòmandé nou, pou nou youn rinmin lòt ».

Paròl Granmèt la.

11

*Mouin konsakré tèt mouin pou yo,
pou yo minm tou yo kapab vi-n sin nan vérité-a.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

17, 6. 14-19

Lè sa-a :

Antan Jézu lévé jé-l nan sièl la, li té di : « Papa ki sin, mouin té montré moun yo non-ou, yo minm ou té ban mouin sot sou tè-a. Sé pou ou yo té yé, épi ou té ban mouin yo ; épi yo té kinbé paròl ou-a.

Mouin té ba yo paròl ou-a, tè-a rayi yo, paské yo pa fè pati tè-a, tankou mouin minm mouin pa fè pati tè-a. Mouin pa priyé pou-ou ouété yo sot sou tè-a, min pou-ou prezévé yo sot nan Malin-an.

Yo pa fè pati tè-a, tankou mouin minm mouin pa fè pati tè-a. Sanktifyé yo nan vérité-a : paròl ou-a sé vérité. Tankou ou té voyé-m sou tè-a, mouin minm tou mouin voyé yo sou tè-a.

Mouin konsakré tèt mouin pou yo, pou yo minm tou yo kapab sanktifyé nan vérité-a ».

Paròl Granmèt la.

12

*Minm jan Papa-a voyé-m nan, mouin voyé nou :
résévoua Éspri Sin-an.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

20, 19-23

Lè asouè rivé, jou sa-a, premié jou sémèn nan, tout pòt yo té fèmin, koté disip yo té yé-a, poutèt yo té pè Juif yo, Jézu rivé, li kanpé nan mitan, li di yo : « Lapè pou nou ». Lè-l fi-n di sa, li montré yo min yo ak bò kòt la. Disip yo minm kontan, lè yo ouè Granmèt la.

Li di yo donk yon lòt fous ankò : « Lapè pou nou. Minm jan Papa-a voyé-m nan, mouin minm tou mouin voyé nou ». Lè-l fi-n di sa, li souflé, li di yo : « Résévoua Éspri-Sin-an. Moun yo n-ap rinmèt péché pa yo, yo rinmèt pou yo, moun yo n-ap kinbé yo, yo kinbé ».

Paròl Granmèt la.

13

*Okipé ti mouton-m yo, okipé mouton-m yo.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan****21, 15-17**

Lè Jézu té parèt dévan disip li yo, li té manjé avèk yo-a, li di Simon Piè :
« Simon pitit Jan, èské-ou gin charité pou mouin plis pasé sa yo ? »

Li di-l : « Oui, Granmèt, ou konnin mouin rinmin-ou ».

Li di-l : « Okipé ti mouton-m yo ».

Li di-l ankò yon dézièm foua : « Simon pitit Jan, èské-ou gin charité pou mouin ? »

Li di-l : « Oui, Granmèt, ou konnin mouin rinmin-ou ».

Li di-l : « Okipé mouton-m yo ».

Li di-l pou touazièm foua-a : « Simon pitit Jan, èské-ou rinmin-m ? »

Piè pran lapinn, paské li té di-l touazièm foua-a « Èské-ou rinmin-m ? »
Li di-l : « Granmèt, ou okouran tout bagay ; ou konnin mouin rinmin-ou ».

Li di-l : « Okipé mouton-m yo ».

Paròl Granmèt la.

2. POU ADMISION NAN PAMI KANDIDA POU ÒRD SAKRÉ YO

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

*Chouazi mésié ki saj, pou nou mété yo kòm chèfnou.***Léktu liv Détéronòm nan****1, 9-14**

Jou sa yo : Moyiz palé ak pèp la :

« Mouin té di nou : Mouin pa kapab poté nou pou kont mouin. Granmèt Bondié nou-an fè nou vi-n anpil, épi jodi-a nou vi-n anpil tankou zétoual sièl la. Sé pou Granmèt la, Bondié papa nou yo ajouté milié nan kantité sa-a, épi sé pou-l béni nou, jan li té di nou-an. Mouin pa kapab poté afè nou yo pou kont mouin ni chay nou yo ni diskision nou yo. Chouazi mésié ki saj, ki gin konprann, ki bay prèv nan konduit yo nan fanmiy nou yo, pou-m mété yo kòm chèfnou pou nou.

Lè sa-a nou té réponn mouin : “Sé yon bon bagay, sa-ou vlé fè-a” ».

Paròl Granmèt la.

2

*Li rinnèt kè-l pou-l véyé granmatin kot Granmèt la.***Léktu liv Sirasid**

39, 1 b. 5-8

L-ap foyé sajàs tout ansyin yo, l-ap pasé tan-l nan profèt yo. Li vouyajé nan péyi nasion étranjé yo ; l-ap éséyé byin ak mal nan lèzòm. Li rinnèt kè-l pou-l véyé granmatin kot Granmèt la ki té fè-l la, épi nan fas Sa-a ki Anro nèt la l-ap priyé. L-ap louvri bouch li nan priyé épi pou fot li yo l-ap sipliyé. Si Granmèt ki gran-an vlé, l-ap ranpli-l ak éspri intèlijans la.

Paròl Granmèt la.

3

*Kilès m-ap voyé ? Ki moun k-apralé pou nou ?***Léktu liv profèt Izayi**

6, 1-2 a. 3-8

Nan ané roua Ozias mouri-a, mouin té ouè Granmèt la ki chita sou yon tro-n byin ro anlè ; bòdu rad li yo té plin tanp la. Sérafin yo té kanpé bò koté-l ; sis zèl pou youn épi sis zèl pou lòt la : ak dé li té kouvri fas li, ak dé li té kouvri pié-l yo, ak dé li t-ap volé.

Youn t-ap rélé bay lòt, li t-ap di : « Li sin, li sin, li sin, Granmèt lamé yo ; tout tè-a plin ak gloua li ». Gon pòt yo souké ak voua sa-a ki t-ap rélé-a, kay la vi-n plin ak lafimin.

Mouin di : « Malé pou mouin, paské m-ap péri. Paské mouin sé yon moun ki gin po bouch mouin sal, épi sé nan mitan yon pèp ki gin po bouch li sal mouin abité, épi mouin ouè Roua-a, Granmèt lamé yo, ak pròp jé-m ».

Youn nan Sérafin yo volé koté-m, li té gin yon brèz difé nan min-l, li té pran-l sou lotèl la ak pinsèt ; li touché bouch mouin, li di : « Min, sa-a touché po bouch ou, fot ou-a éfasé, péché-ou la pròpté ».

Mouin tandé voua Granmèt la k-ap di : « Kilès m-ap voyé ? Ki moun k-apralé pou nou ? » Mouin di : « Min mouin, voyé-m ».

Paròl Granmèt la.

4

*Kot tou sa-m voyé-ou, sé pou-ou alé.***Léktu liv profèt Jérémi**

1, 4-9

Nan jou Jozias yo :

Paròl Granmèt la rivé koté-m, antan-l di : « Anvan-m té fòmé-ou nan vant, mouin té konnin-ou ; anvan-ou té soté nan vant, mouin té sanktififé-ou, mouin té mété-ou kòm profèt pou nasion yo ».

Mouin di : « A a a, Granmèt Bondié ! Gadé, mouin pa konn palé, sé yon ti moun mouin yé ».

Granmèt la di-m : « Pa di “Mouin sé timoun” ; paské kot tou sa-m voyé-ou, sé pou-ou alé, tou sa m-ap kòmandé-ou, sé pou-ou palé-l. Pa pè dévan fas yo, paské mouin avèk ou, pou-m, délivré-ou », sé sa Granmèt la di.

Granmèt la voyé min-l, li touché bouch mouin ; Granmèt la di-m : « Min mouin mété paròl mouin yo nan bouch ou ».

Paròl Granmèt la.

LÉKTU NAN NOUVO TÈSTAMAN-AN

1

Yo instalé Ansyin pou yo nan chak Égliz.

Léktu Travay Apot yo

14, 21-23

Jou sa yo :

Pòl ak Barnabé tounin Lis, Ikoniòm, Antiòch, antan y-ap rafèmi nanm disip yo, y-ap ba yo ankourajman pou yo pèsévéré nan lafoua-a, paské nou gin pou nou pasé anpil tray pou nou antré nan pèyi roua Bondié-a. Épi lè yo instalé Ansyin pou yo nan chak Égliz épi yo priyé avèk jèn, yo rinmèt yo nan min Granmèt la yo té kouè nan li-a.

Paròl Granmèt la.

2

Ala malè pou mouin, si-m pa préché Bòn Nouvèl la.

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

9, 16-19. 22-23

Frè-m yo :

Si m-ap préché Bòn Nouvèl la, sé pa yon gloua li yé pou mouin, sé yon nésésité ki tonbé sou mouin. Malè pou mouin, si-m pa préché Bòn Nouvèl la ! Si-m fè sa ak pròp volonté-m, mouin résévoua rékonpans ; min si sé yon obligasion, sé sèvis yo konfié-m nan mouin fè.

Ki rékonpans mouin ? Sèké antan m-ap préché Bòn Nouvèl la, mouin bay Bòn Nouvèl la san-m pa chèché intèrè, pou-m pa fè égzijans sou pouvoua mouin ginyin nan Bòn Nouvèl la.

Sèké, malgré mouin lib parapò a tout moun, mouin vi-n tounin ésklav tout moun, pou-m kapab pran anpil moun.

Mouin vi-n fèb avèk sa yo ki fèb yo, pou-m kapab pran sa-k fèb yo, pou tout moun mouin fè-m tout bagay, pou-m kapab sètènman sové kèk moun. Mouin fè tout bagay poutèt Bòn Nouvèl la, pou yo fè-m jouinn pòsion pa-m nan li.

Paròl Granmèt la.

3

*Yo bay chak moun manifèstasion Èspri-a pou bezouin-an.***Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo**

12, 4-11

Frè-m yo :

Gin divès kalité gras, min sé yon sèl Èspri-a. Gin divès kalité sèvis, min sé yon sèl Granmèt la. Gin divès kalité aktivité, min sé yon sèl Bondié-a ki fè tout bagay nan tout moun.

Sèlman yo bay chak moun manifèstasion Èspri-a pou bezouin-an : ginyin yon pòsion, pa lintèmédiè Èspri-a yo ba yo paròl sajès, yon lòt pòsion minm sé paròl sians dapré minm Èspri-a, dèt sé lafoua nan minm Èspri-a, dèt sé don gèrizon nan yon sèl Èspri-a, dèt sé aktivité puisans, dèt sé sèvis profèt, dèt sé disènman èspri yo, dèt sé diféran èspès lang, dèt sé intèprètasyon lang yo.

Tout bagay sa yo, sé yon sèl ak minm Èspri-a ki fè yo, antan li séparé bay chak moun jan-l vlé.

Paròl Granmèt la.

4

*Sé pou-ou rété nan sa-ou té aprann yo.***Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Timoté**

3, 10-12. 14-15

Ou minm mouin rinmin anpil la :

Ou té suiv ansègnman-m nan, fòmasyon, désizyon, lafoua, fòs pou sipòté, rinmin, pasians, pèsékision, soufrans, tankou sa ki té rivé-m Antiòch, Ikoniòm, ak Lis, tout kalité pèsékision mouin té sibi épi anba yo tout Granmèt la té délivré-m. Tout moun ki vlé viv sin nan Kris Jézu, y-ap souffri pèsékision.

Kanta ou minm sé pou-ou pèsévéré nan sa-ou té aprann yo ak sa yo té konfié-ou yo, antan ou konnin nan min ki moun ou té aprann yo, épi paské sé dépi-ou piti ou konn sa-k Ékri yo ki Sakré-a, ki kapab instoui-ou pou sovè-a, gras a lafoua ki nan Kris Jézu-a.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉSPONSORIAL YO

1

PSÒM RÉSPONSORIAL**Ps 15, 1-2 a é 5. 7-8. 11 (R̄ : cf. 5 a)****R̄** Sé ou minm, Granmèt, pòsion éritaj mouin.¹ Prézèvé-m Bondié, paské mouin éspéré nan ou.² Mouin di Granmèt la : « Sé Granmèt mouin mouin ou yé ».

- ⁵ Granmèt, pòsion éritaj mouin ak kalis mouin :
sé ou minm ki kinbé déstiné mouin. **R:**
- ⁷ M-ap fè konpliman pou Granmèt la ki ban-m intélizans ;
minm nannuit rin-m ban-m léson.
- ⁸ Mouin té mété Granmèt la dévan fas mouin tout tan,
paské li adouat mouin, mouin pap tranblé. **R:**
- ¹¹ Ou-ap fè-m konnin rout lavi yo,
kè kontan an plin avèk fas ou,
plézi adouat ou jouskalafin. **R:**

2

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 23, 1-2. 3-4 ab. 5-6 (**R:** : cf. 6)

- R:** Sa-a sé ras moun k-ap chèché fas ou-a, Granmèt.
- ¹ Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l,
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- ² Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo,
épi ki té rann li solid sou gran riviè yo. **R:**
- ³ Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la,
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- ⁴ Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nè,
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo. **R:**
- ⁵ Moun sa-a ap résévoua Bénédikcion nan min Granmèt la
ak jistikasion nan min Bondié Sovè-l la.
- ⁶ Sa-a sé jénérasyon moun k-ap chèché-l yo,
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la. **R:**

3

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 97, 1. 2-3 ab. 3 c-4. 5-6 (**R:** : 2 b)

- R:** Nan fas nasion yo Granmèt la révéle jistis li-a.
- ¹ Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo,
paské li fè mèvèy ;
min douat li sovè pou li,
épi bra li ki sin-an. **R:**
- ² Granmèt la fè konnin sovè li sovè-a,
nan fas nasion yo li révéle jistis li-a.
- ³ Li sonjé mizérikòd li-a
épi vérité-l la pou kay Israël la. **R:**
- Tout limit tè-a ap ouè
sovè Bondié nou-an sovè nou-an.

- ⁴ Pousé rèl kontantman pou Bondié, tout tè-a, éklaté, fété, chanté psòm. **R**
- ⁵ Chanté psòm pou Granmèt la sou gita, sou gita ak voua psòm ;
- ⁶ nan tronpèt métal épi ak voua tronpèt kòn, pousé rèl kontantman nan fas Granmèt la ki roua-a. **R**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Mk 1, 17

(**R**: Alélouya). Vini apré-m, sé sa Granmèt la di, m-ap fè nou al lapèch moun. (**R**: Alélouya).

2

Lk 4, 18

(**R**: Alélouya). Granmèt la voyé-m anonsé pòv yo bòn nouvèl la, déklaré délivrans bay prizonié yo. (**R**: Alélouya).

3

Jan 12, 26

(**R**: Alélouya). Si yon moun ap sèvi-m sé pou-l suiv mouin, sé sa Granmèt la di ; épi koté-m yé-a, sé la sèvitè-m nan ap yé tou. (**R**: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

Priyé Granmèt rékòlt la, pou-l voyé travayè nan rékòlt li-a.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

9, 35-38

Lè sa-a :

Jézu minm t-ap maché nan tout vil yo ak bouk yo, antan-l t-ap bay ansègnman nan sinagòg yo, épi antan-l t-ap préché Bòn Nouvèl péyi-roua-a, antan-l t-ap géri tout maladi ak tout féblès. Lè-l ouè foul yo minm, li pran pitié pou yo, paské yo té fatigé, yo té kouché tankou mouton ki pa gin gadyin.

Lè sa-a li di disip li yo : « Rékòlt la anpil sé vré, min travayè yo yon ti kras ; priyé Granmèt rékòlt la donk, pou-l voyé travayè nan rékòlt li-a ».

Paròl Granmèt la.

2

*M-ap fè nou al lapèch moun.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark**

1, 14-20

Apré yo fi-n rimmèt Jan, Jézu rivé nan Galilé antan l-ap préché bòn nouvèl Bondié-a, antan l-ap di : « Tan-an rivé bout, péyi-roua Bondié-a proché : fè pénitans épi kouè nan Bòn Nouvèl la ».

Antan l-ap pasé bò lanmè Galilé-a, li ouè Simon avèk André frè Simon-an k-ap voyé filè nan lanmè-a ; sé péchè pouason réyèlman yo té yé. Jézu di yo : « Vini apré-m, m-ap fè nou al lapèch moun ». Minm lè-a, yo kite filè yo, yo suiv li.

Antan li avansé yon ti kras pi louin, li ouè Jak pitit Zébédé-a épi Jan, frè-l la, yo minm yo t-ap rapiésé filè yo nan batiman-an ; minm lè-a, li rélé yo. Antan yo kite papa yo Zébédé nan batiman-an avèk anlouayé yo, yo suiv li.

Paròl Grammèt la.

3

*Sou paròl ou, m-apral lagé filè-a.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

5, 1-11

Lè sa-a :

Kòm foul la té gonflé sou Jézu pou-l kouté paròl Bondié-a, li té kanpé bò létan Jénazarèt la. Li ouè dé batiman ki akosté bò létan-an ; péchè yo minm té désann sot nan yo, yo t-ap lavé filè yo.

Min antan-l monté nan yon batiman, sa-k té pou Simon-an, li mandé-l pou-l rékilé yon ti kras sot sou tè-a. Antan-l chita, li t-ap bay foul yo ansègnman apati kannòt la.

Lè-l fi-n palé minm, li di Simon : « Pousé nan fon, lagé filè nou yo pou lapèch la ».

Antan Simon réponn, li di : « Mèt, tout nannuit, antan nou fatigé kò nou, nou pa pran anyin ; sèlman sou paròl ou, m-ap lagé filè-a ».

Lè yo fè sa, yo ranmasé yon pakèt kantité pouason ; filè yo minm t-ap chiré. Yo fè sign bay asosié yo, ki té nan lòt batiman-an, pou yo vini épi édé yo. Yo vini, yo plin toulédé kannòt yo, atèl pouin yo t-ap koulé.

Lè Simon Piè ouè sa, li lagé kò-l nan pié Jézu, antan-l di : « Ralé kò-ou sot koté-m, paské sé yon péchè mouin yé, Grammèt ». Sézisman té anvayi-l, ni tout moun ki té avèk li yo, nan lapèch pouason yo yo té pran-an ; sé minm jan tou pou Jak avèk Jan, pitit Zébédé yo, ki té asosié Simon.

Jézu di Simon : « Pa pè ; apati koulié-a, sé moun ou-ap pran lapèch ». Antan yo rédi batiman yo atè, antan yo kité tout bagay, yo suiv li.

Paròl Granmèt la.

4

Min Mouton Bondié-a. Nou jouinn Mési-a.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

1, 35-42

Lè sa-a :

Jan té kanpé épi dé nan disip li yo avèk li. Antan-l gadé Jézu k-ap maché, li di : « Min Mouton Bondié-a ». Dé disip yo tandé l-ap palé, yo suiv Jézu. Jézu minm antan-l viré, antan-l ouè y-ap suiv li, li di yo : « Ki sa n-ap chèche » ?

Yo minm yo di-l : « Rabi – sa vlé di Mèt –, koté ou rété » ?

Li di yo : « Vini, n-a ouè ». Yo vini donk épi yo ouè koté-l té rété, yo rété lakay li jou sa-a ; lè sa-a, sé té apèprè dizièm è-a.

Té gin André, frè Simon Piè-a, youn nan dé yo, ki té tandé sa Jan té di-a, épi ki té suiv li-a. Sa-a rankontré toudabò frè-l la Simon, li di-l : « Nou jouinn Mési-a – sa vlé di Kris la – ». Li minnin-l bay Jézu.

Antan Jézu gadé-l, li di : « Ou sé Simon, pitit Jan : y-ap rélé-ou Séfas – sa vlé di Piè – ».

Paròl Granmèt la.

5

Min pitit Israël tout bon vré, nan li pa gin manti.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

1, 45-51

Lè sa-a :

Filip jouinn Natanaèl, li di-l : « Sa-a Moyiz té ékri sou li nan Laloua-a ak Profèt yo, nou jouinn li, sé Jézu, pitit Jozèf, moun Nazarèt la ».

Natanaèl di-l : « Nazarèt ! èské yon bagay ki bon kapab soti la ? »

Filip di-l : « Vini ou-a ouè ».

Jézu ouè Natanaèl k-ap vi-n koté-l, li di osijè-l : « Min yon Israëlit tout bon vré, nan li pa gin manti ».

Natanaèl di-l : « Koté ou konnin-m ? »

Jézu réponn, li di-l : « Anvan Filip té rélé-ou, lè-ou té anba pié figié-a, mouin té ouè-ou ».

Natanaèl réponn li : « Rabi, ou sé Pitit Bondié, ou sé roua Israël ».

Jézu réponn, li di-l : « Paské mouin di-ou “Mouin té ouè-ou anba pié figié-a”, ou kouè ? Ou-ap ouè pi gran bagay pasé sa ».

Épi li di-l : « Amèn, amèn mouin di nou : n-ap ouè sièl la louvri, épi Anj Bondié yo k-ap monté épi k-ap désann anlè Pitit moun nan ».

Paròl Granmèt la.

3. POU INSTITISION LÉKTÈ YO

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

Sé pou paròl sa yo rét nan kè-ou.

Léktu liv Détéronòm

6, 3-9

« Kouté, Israèl, épi obsèvé, pou-ou kapab fè, épi pou sa bon pou ou, ou-ap multipliye pi plis, jan Granmèt Bondié papa ou yo promèt la, nan péyi koté sé lèt ak mièl k-ap koulé-a pou ou-a.

Kouté, Israèl : Granmèt la Bondié nou-an sé yon sèl Granmèt la. Sé pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou épi ak tout nanm ou épi ak tout fòs ou. Paròl sa yo mouin kòmandé-ou jodi-a sé pou yo nan kè-ou, sé pou-ou fè pitit ou yo aprann yo, sé pou-ou rakonté yo, antan-ou chita lakay ou, antan ou-ap maché sou rout la, antan-ou kouché épitou antan-ou lèvé ; sé pou-ou maré yo tankou yon sign nan min-ou, sé pou yo tankou kichòy yo pandié ant jé-ou yo, sé pou-ou ékri yo sou montan kay ou épi nan pòt ou yo ».

Paròl Granmèt la.

2

Paròl la bò koté-ou pou-ou réalizé-l.

Léktu liv Détéronòm

30, 10-14

Lè sa-a :

Moyiz palé ak pèp la, antan-l di : « Sé pou-ou kouté voua Granmèt Bondié-ou, pou-ou obsèvé lòd li yo ak désizyon-l yo, ki ékri nan laloua sa-a, épi sé pou-ou tounin kot Granmèt Bondié-ou la ak tout kè-ou épi ak tout nanm ou.

Kòmandman sa-a mouin kòmandé-ou jodi-a, li pa ni trò ro ni trò louin pou ou, li pa pozé nan sièl la, pou-ou t-a di : “Kilès nan nou ki t-a kapab monté nan sièl la, pou-l poté-l ba nou épi nou t-a kouté-l épitou nou t-a réalizé-l nan aksion ?” Li pa dépozé jous lòt bò lanmè, pou-ou t-a plinyin épi pou t-a di : “Kilès nan nou ki t-a kapab travèsé lanmè-a épi poté-l jous koté

nou, pou nou kapab kouté épi pou nou fè sa yo kòmandé-a ?” Min sé bò koté-ou tout bon paròl la yé, nan bouch ou ak nan kè-ou, pou-ou fè sa-l di-a ».

Paròl Granmèt la.

3

Yo li nan liv Laloua-a, yo konprann, lè yo li-a.

Léktu liv Néémi

8, 2-4 a ; 5-6. 8-10

Jou sa yo :

Prèt Ésdras poté Laloua-a dévan foul gason yo ak fi yo, ak tout moun ki té kapab konprann, nan premié jou sétièm moua-a. Li li ladan-l sou laplas la, ki té dévan pòt Dlo yo, dépi nan matin jouska midi, dévan gason yo ak fi yo ak sa-k té kapab konprann yo ; zòrèy tout pèp la té drésé nan diréksion liv Laloua-a.

Ésdras, skrib la, té kanpé sou yon éstrad an boua, yo té fè pou sa. Ésdras louvri liv la dévan tout pèp la – li té dépasé rotè tout pèp la nèt –, kon-l louvri-l, tout pèp la kanpé. Ésdras fè konpliman pou Granmètla, Bondié ki gran-an, tout pèp la réponn : « Amèn, Amèn », antan y-ap lévé min yo. Yo plouayé kò yo, yo adoré Bondié, fas atè.

Yo li nan liv Laloua Bondié-a yon fason klè épi yo dévoualé sans la épi yo ékspliké léktu-a. Néémi minm ki prépozé-a, avèk Ésdras, prèt la ak skrib la, avèk Lévit yo k-ap instoui pèp la, li té di tout pèp la : « Jou sa-a li sanktifé pou Granmèt Bondié nou-an ! Pa rété tris, pa kriyé ». Sèké tout pèp la t-ap kriyé, lè-l tandé paròl Laloua-a. Li di yo : « Alé, manjé bon viann, bouè bon divin, voyé pòsion bay moun ki pa-t préparé pou tèt pa yo, paské jou Granmèt nou sa-a sin ; pa rét tris : kè kontan Granmèt la réyèlman sé fòs nou ».

Paròl Granmèt la.

4

Lapli-a fè tè-a jèmin.

Léktu liv profèt Izayi

55, 10-11

Min paròl Granmèt la :

« Minm jan lapli ak lanèj désann sot nan sièl, épi li pa tounin ankò, min li rouzé tè-a, épi li antré ladan-l, épi li fè-l jèmin, épi li bay sémans pou moun k-ap simin-an épi pin pou moun k-ap manjé-a, sé konsa l-ap yé paròl mouin-an, sa-k soti nan bouch mouin-an : li pap tounin vi-n koté-m vid, min l-ap fè ninpòt ki sa-m vlé, l-ap réyisi bagay yo, sa-m té voyé-l al fè yo ».

Paròl Granmèt la.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

*Mouin té anonsé nou mistè Bondié-a.***Léktu prémié lèt apot Pol pou Korintyin yo** 2, 1-5

Mouin minm, lè-m rivé koté nou, frè-m yo, mouin pa-t vini pa lintèmédiè ékstravagans diskou oubyin sajès, antan m-ap anonsé nou mistè Bondié-a. Mouin pa-t konsidéré réyèlman mouin konn kichòy nan pami nou, sof Jézu-Kri épi li minm sa-a ki klouré sou koua-a. Épi mouin minm sé nan féblès épi krint épi anpil tranbléman mouin té lakay nou ; diskou mouin-an épi prèch mouin-an pa-t nan paròl sajès k-ap chèché konvink, min sé té nan montré Éspri-a ak puisans la, pou lafoua nou-an pa nan sajès lèzòm, min nan puisans Bondié.

Paròl Granmèt la.

2

*Tou sa-k Ékri-a, antan sé Bondié ki pousé yo ékri-l, li sèvi pou bay ansègnman.***Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Timoté** 3, 14-17

Ou minm mouin rinmin anpil la :

Pèsévéré nan sa-ou té aprann yo ak sa yo té konfié-ou yo, antan ou konnin nan min ki moun ou té aprann yo, épi paské sé dépi-ou piti ou konn sa-k Ékri-a ki Sakré-a, ki kapab fòmé-ou pou-ou sové-a, gras a lafoua ki nan Kris Jézu-a.

Tou sa-k Ékri-a, sé Bondié ki inspiré-l épi li itil pou bay ansègnman, pou démontré, pou korijé, pou instoui nan jistis la, pou moun Bondié-a vi-n bon nèt, antan li fòmé pou tout bon travay.

Paròl Granmèt la.

3

*Fè aksion évanjélis, réalizé sèvis ou.***Léktu dézièm lèt apot sin Pòl pou Timoté** 4, 1-5

Ou minm mouin rinmin anpil la :

Mouin témouagné dévan Bondié ak Kris Jézu, ki gin pou-l jijé ni vivan yo ni mò yo, pa lintèmédiè vini l-ap vini-an ak kòmadié l-ap kòmandé kòm roua-a : préché paròl la, insisté nan bon moman, nan mové moman ; démontré, réproché, sipliyé nan tout pasians ak ansègnman.

Sèk gin yon tan k-ap rivé koté yo pap sipoté ansègnman kòrèk la, min sé dapré anvi yo y-ap ranmasé mèt pou pròp tèt yo ; antan zòrèy yo ap graté

yo ; kanta pou vérité-a minm y-ap viré do pou yo pa tandé-l, min sé nan diréksion léjand yo y-ap viré fas.

Kanta ou minm sé pou-ou véyé nan tout sikonstans, sé pou-ou travay, fè aksion évanjélis, réalizé sèvis ou.

Paròl Granmèt la.

4

Paròl Bondié-a jijé pansé ak intansion kè-a.

Léktu lèt pou Ébré yo

4, 12-13

Paròl Bondié-a vivan, li fè sa pou-l fè, li pi filé pasé tout épé ki koupé dé bò, épi antan-l touché jous nan séparasion nanm ak éspri, nan jouinti tou ak nan mouèl, sé li minm ki distingé pansé ak intansion kè-a. Pa gin kréatu ki rét kaché dévan-l ; tout bagay minm aklè épi yo louvri dévan jé-l, li minm dévan-l paròl la pou nou-an.

Paròl Granmèt la.

5

Sa nou ouè-a ak sa nou tandé-a, nou anonsé nou li.

Kòmansman prémié lèt apot sin Jan

1, 1-4

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Sa-k té nan kòmansman-an, sa nou té tandé-a, sa nou té ouè ak jé nou yo, sa nou té konsidéré-a, sa min nou té touché-a osijè paròl lavi-a, – épi lavi-a té manifesté, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an, ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an –. Sa nou té ouè-a épi nou té tandé-a, nou anonsé-l ba nou tou, pou nou minm nou gin kominion avèk nou. Kominion pa nou-an minm li avèk Papa-a épi avèk Pitit li-a, Jézu-Kri.

Épi bagay sa yo nou ékri yo nou minm pou kè kontan nou-an vi-n an plin.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉSPONSORIAL YO

1

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 18, 8. 9. 10. 11 (R: cf. Jan 6, 63 c)

R: Paròl ou yo, Granmèt, sé éspri ak lavi.

⁸ Laloua Granmèt la san tach, li réfè nanm, témouagnaj Granmèt la fidèl, li bay ti moun yo sajès. R:

- 9 Jistis Granmèt la douat, yo fè kè kontan,
kòmandman Granmèt la klè, li kléré jé yo. **R**
- 10 Krint Granmèt la nè, li diré pou tout tan gin tan,
jijman Granmèt la vré, yo kòrèk yo tout ansanm. **R**
- 11 Yo mérité yo anvi yo plis pasé lò, ak piè ki gin anpil pri,
yo pi dous pasé siro mièl ak réyon siro mièl k-ap koulé. **R**

2

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 118, 9. 10. 11. 12 (**R** : 12 b)

- R** Aprann mouin désizion-ou yo, Granmèt.
- 9 Kòman pou yon jénòm kapab nè nan chémin-l ?
Antan-l kinbé paròl ou yo. **R**
- 10 Ak tout kè-m mouin té chèché-ou,
pa kitè-m pèdi rout louin kòmandman-ou yo. **R**
- 11 Nan kè-m mouin kaché promès ou yo,
pou-m pa fè péché kont ou. **R**
- 12 Konpliman pou ou, Granmèt
apran mouin désizion-ou yo. **R**

3

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 147, 15-16. 17-18. 19-20 (**R** : 12 a)

- R** Fè louanj Granmèt la, Jérusalèm.
- 15 Li minm ki voyé promès li sou tè-a,
avèk vitès paròl li-a kouri.
- 16 Li minm ki bay lanèj tankou linn,
li simin larouzé tankou sann. **R**
- 17 Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ;
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- 18 Li voyé paròl li-a épi li fonn yo,
li souflé souf li, dlo yo koulé. **R**
- 19 Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb,
jistis li ak jijman-l bay Israël.
- 20 Li pa aji konsa avèk tout nasion,
li pa montré yo jijman-l yo. **R**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Cf. Lk 4, 18

(**R**: Alélouya). Éspri Granmèt la sou mouin ;
li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo. (**R**: Alélouya).

2

Jan 6, 63 c. 68 c

(**R**: Alélouya). Paròl ou yo, Granmèt, sé Éspri ak lavi yo yé ;
ou gin paròl lavi tout tan-an. (**R**: Alélouya).

3

Cf. Tr 16, 14 b

(**R**: Alélouya). Louvri kè nou, Granmèt,
pou nou fè atansion nan paròl Pitit ou-a. (**R**: Alélouya).

4

(**R**: Alélouya). Sémans la sé paròl Bondié-a,
sa k-ap simin-an minm sé Kris la
tout moun ki jouinn li, l-ap diré pou tout tan. (**R**: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

Nou sé limiè tè-a.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 14-19

Lè sa-a :

Jézu té di disip li yo : « Nou minm nou sé limiè tè-a. Yon vil pa kapab kaché antan-l pozé sou yon mòn. Ni yo pa limin yon lanp épi yo mété-l anba yon mamit, min sou yon chandélié, pou-l kléré pou tout moun ki nan kay la. Konsa sé pou limiè nou kléré dévan moun yo, pou yo ouè bon aksion nou yo épi pou yo fè gloua pou Papa nou ki nan sièl yo.

Pa sipozé mouin vini pou-m défèt Laloua-a oubyin Profèt yo ; mouin pa vini pou-m défèt, min pou-m akonpli. Amèn mouin di nou vré, joustan sièl la ak tè-a pasé, yon iota oubyin yon trè pap pasé sot nan Laloua-a, joustan tout bagay fèt. Moun nan minm k-ap défèt youn nan pi piti kòmandman sa yo épi k-ap aprann moun yo fè minm jan, sé pi piti y-ap rélé-l nan péyi-roua sièl yo ; min moun k-ap fè épi k-ap anségné, sa-a sé gran y-ap rélé-l nan péyi-roua sièl yo ».

Paròl Granmèt la.

2

*Li t-ap préché nan sinagòg yo.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark**

1, 35-39

Granmatin Jézu lévé, li soti, l-al nan yon koté ki dézè, épi la li t-ap priyé. Simon minm rapousuiv li, ni sa-k té avèk li yo ; épi lè yo jouinn li, yo di-l : « Tout moun ap chèché-ou ».

Li di yo : « An-al lòt koté nan bouk yo ki tou pré yo, pou la tou mouin préché ; sé pou sa minm mouin té vini ». Li vini antan l-ap préché nan sinagòg yo nan tout Galilé-a, épi antan l-ap chasé démon yo.

Paròl Granmèt la.

3

*Éspri Granmèt la sou mouin.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

4, 16-21

Lè sa-a :

Jézu rivé Nazarèt, koté yo té fè édikasion-l nan, li antré dapré abitud li, jou saba-a nan sinagòg la, épi li lévé pou-l li. Yo rinmèt li liv profèt Izayi-a. Épi lè li louvri liv la, li jouinn koté ki té ékri-a :

« Éspri Granmèt la sou mouin ; sé poua li sakré-m pou-m poté bòn novèl la bay pòv yo, li voyé-m préché padon pou prizonié yo, ak limié pou avèg yo, ranvouayé sa y-ap krazé yo nan libété, préché yon ané Granmèt la fè gras ».

Épi lè li pliyé liv la, li rinmèt sèvan-an li, li chita. Jé tout moun nan sinagòg la té fiksé sou li. Li kòmansé minm di yo : « Jodi-a Ékri sa-a akonpli nan zòrèy nou ».

Paròl Granmèt la.

4

*Jézu voyé apot yo pou yo préché pénitans ak padon péché.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

24, 44-48

Lè sa-a : Jézu té di disip li yo :

« Sa yo sé paròl mouin té palé nou-an, lè-m té avèk nou toujou-a, sèké li nésèsé pou tou sa-k ékri sou mouin nan Laloua Moyiz la ni Profèt yo ni Psòm yo, yo akonpli ». Lè sa-a li louvri intéljans yo, pou yo konprann sa-k Ékri yo.

Li di yo : « Sé konsa sa ékri, Kris la té gin pou-l soufri, pou-l résisité sot nan pami mò yo sou touazièm jou-a, pou yo préché pénitans nan non-l ak padon péché yo nan tout nasion, kòmansé sou Jérusalèm. Nou minm nou témouin bagay sa yo ».

Paròl Granmèt la.

5

Ansègnman-m nan pa ansègnman pa-m, min ansègnman Sa-a ki voyé-m nan.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

7, 14-18

Nan mitan jou fèt la, Jézu té monté nan tanp la, li t-ap anségné. Juif yo minm té étoné, antan y-ap di : « Kòman sa-a konnin Lèt yo, puiské li pa-t aprann ? » Jézu minm réponn yo, li di : « Ansègnman-m nan pa ansègnman pa-m min ansègnman Sa-a ki voyé-m nan. Si yon moun vlé fè volonté-l, l-a konnin osijè ansègnman-an si sé nan Bondié li soti, oubyin si sé apati pròp tèt mouin mouin palé. Moun ki palé apati pròp tèt li, l-ap chèché pròp gloua li, min moun k-ap chèché gloua Sa-a ki voyé-l la, li minm li vré, pa gin injistis nan li ».

Paròl Granmèt la.

4. POU INSTITISION AKOLIT YO

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

Li ofri pin ak divin.

Léktu liv Jénèz la

14, 18-20

Jou sa yo :

Mèlkisédèk, roua Salèm, antan-l poté pin ak divin – réyèlman li té prèt Bondié ki anro nèt la –, li béni Abram, li di : « Konpliman pou Abram sot nan Bondié ki anro nèt la, li minm ki kréyé sièl la ak tè-a, konpliman pou Bondié ki anro nèt la, ki rimmèt ènmi-ou yo nan min-ou ». Abram ba li dizièm pòsion nan tout bagay.

Paròl Granmèt la.

2

M-ap fè lapli pin tonbé sot nan sièl la pou nou.

Léktu liv Égzòd

16, 2-4. 12-15

Jou sa yo :

Tout foul pitit Israèl yo pran plinyin kont Moyiz ak Aaron nan dézè-a ; pitit Israèl yo di yo : « Pito nou té mouri nan min Granmèt la nan tè Éjip la, lè nou té chita dévan chodiè viann yo, épi lè nou t-ap manjé pin kont kò nou-an. Pouki sa nou té fè nou soti pou nou minnin nou nan dézè sa-a, pou nou touyé tout foul la avèk grangou-a ? »

Granmèt la minm di Moyiz : « Min m-ap fè lapli pin tonbé pou nou sot nan sièl la ; pèp la ap soti, l-ap ranmasé sa yo bézouin pou chak jou. Pou-m sondé-l, èské l-ap maché nan laloua-m nan ou non.

Mouin tandé plint pitit Israël yo. Palé ak yo : “Asouè-a n-ap manjé viann, nan matin n-ap jouinn pin kont kò nou, épi n-ap konnin sé mouin minm Granmèt la Bondié nou-an” ».

Nan asouè vré, gin ti pintad ki volé, ki kouvri kan-an ; nan matin tou té gin yon kouch larouzé ki kouvri tout alantou kan yo. Lè li té kouvri tout fas dézè-a gin yon ti po tou mins ki parèt, yon bagay ki tou fin tankou lanèj sou tè-a.

Lè pitit Israël yo ouè sa, youn di lòt : « Ma-nou ? », sa vlé di : « Sa sa-a yé ? » Yo pa-t konnin réyèlman sa-l té yé.

Moyiz di yo : « Sa-a sé pin, Granmèt la ba nou pou nou manjé ».

Paròl Granmèt la.

3

*Sa-a sé san aliens la,
sa Granmèt la pasé avèk nou-an.*

Léktu liv Égzòd

24, 3-8

Jou sa yo :

Moyiz rivé, li rakonté tout paròl Granmèt la ak jijman-l yo bay pèp la ; tout pèp la réponn avèk yon sèl voua : « Tout paròl Granmèt la di yo, n-ap fè yo ».

Moyiz minm ékri tout paròl Granmèt la ; granmatin li lévé, li bati yon lotèl nan pié mòn nan, ak douz ròch pou douz fanmi Israël yo. Li voyé jèn jan nan pitit Israël yo, yo ofri sakrifis antié ; yo sakrifé sakrifis lapè pou Granmèt la, sé té jèn ti toro.

Moyiz pran mouatié pòsion nan san-an, li mété nan basi-n ; pòsion-an minm ki rété-a, li vidé-l sou lotèl la.

Antan-l pran roulo aliens la, li li-l, antan pèp la kouté, pèp la di : « Tout sa Granmèt la di, n-ap fè-l, n-ap obéyi-l ».

San-an li té pran-an, li vidé-l sou pèp la, li di : « Sa-a sé san aliens la, sa Granmèt la pasé avèk nou-an nan tout paròl sa yo ».

Paròl Granmèt la.

4

Li ba-ou manjé ou pa-t konnin, ni ou minm ni papa-ou yo.

Léktu liv Détéronòm

8, 2-3. 14 b-16 a

Jou sa yo :

Moyiz té palé ak pèp la, antan li di : « Ou-a sonjé tout chémin, koté Granmèt Bondié-ou la té kondui-ou pandan karant ané sa yo nan dézè-a, pou-l té maltrété-ou, pou-l té sondé-ou, pou yo té kapab konnin ki sa-k t-ap brasé nan nanm ou : èské-ou t-ap kinbé kòmandman-l yo oubyin non.

Li té maltrété-ou ak grangou, li ba-ou lama-n kòm manjé, bagay ou pa-t konnin, ni papa-ou yo, pou-l té kapab montré-ou sé pa ak pin sèlman yon moun viv, min ak tout paròl ki soti nan bouch Granmèt la.

Ou té bliyé Granmèt Bondié-ou la, li minm ki té fè-ou soti nan péyi Éjip la, sot nan kay èsklavaj la, li minm ki té kondui-ou nan dézè-a ki gran-an épi ki térib la, koté ki té gin sèpan ki mòdé boulé kon difé-a, ak skòpion, koté ki sèk la, ki pa gin dlo ditou-a ; li minm ki té fè riviè soti pou ou nan ròch ki pi di-a, li minm ki ba-ou manjé lama-n nan dézè-a, bagay papa-ou yo pa-t konnin-an ».

Paròl Granmèt la.

5

*Li maché ak fòs manjé sa-a
jous nan mòn Bondié-a.*

Léktu prémié liv Roua yo

19, 4-8

Jou sa yo :

Éli maché nan dézè-a pandan yon jou.

Lè-l té rivé épi li té chita anba yon ti pié jénèv, li té mandé nanm li pou-l mouri, li di : « Sa kont mouin, Granmèt ! Pran lavi-m ; mouin pa pi bon réyèlman pasé papa mouin yo ». Li lagé kò-l atè, li dòmi nan lonbraj pié jénèv la.

Min yon Anj té touché-l, épi li di-l : « Lévé, manjé ».

Li gadé, épi min bò tèt li yon pin ki kuit anba sann ak yon véso dlo ; li manjé donk, li bouè, épi li dòmi ankò.

Anj Granmèt la té rétonnin koté-l yon dézièm foua, li té touché-l, li di-l : « Lévé, manjé, gin yon gran rout ki rété-ou ankò ».

Li minm lè li lévé, li manjé, li bouè, li maché ak fòs manjé sa-a pandan karant jou ak karant nuit, jous nan mòn Bondié-a, Orèb.

Paròl Granmèt la.

6

Manjé pin-m, bouè divin-an mouin mélanjé pou nou-an.

Léktu liv Provèb yo

9, 1-6

Sajès la té bati kay li, li té tayé sèt kolòn, li té touyé bèt li yo pou sakrifis la, li té mélanjé divin-an, li té drésé tab li-a.

Li té voyé sèvant li yo pou yo rélé nan pòtay la ak sou rotè vil la : « Si yon moun tou piti, sé pou-l vi-n jouinn mouin ».

Pou sa-k égaré, li di : « Vini, manjé pin-m nan, bouè divin-an mouin mélanjé pou nou-an ; kité konduit ti moun nan épi viv, maché nan chémin prudans la ».

Paròl Granmèt la.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

Yo té pèsévéré nan kominion pin-an yo séparé-a.

Léktu Travay Apot yo

2, 42-47

Nan jou sa yo :

Frè yo té pèsévéré nan ansègnman Apot yo, épi kominion-an, nan kasé pin-an, épi priyè yo.

Krint té rivé nan tout nanm ; anpil prodij ak sign t-ap fèt pa lintèmédiè Apot yo.

Tout moun yo minm ki té kouè yo té égal, yo té gin tout bagay an komin : yo té vann propriété yo ak byin yo, yo té séparé yo pou tout moun, dapré sa chak moun té bézouin.

Chak jou tou antan yo pèsévéré ansanm nan tanp la, épi antan yo séparé pin-an lakay yo, yo té konn pran manjé-a avèk kontantman ak yon kè sinp, antan y-ap fè louanj Bondié ansanm, yo té gin favè tout foul la. Granmèt la minm t-ap ajouté sa-k té gin pou sovè yo chak jou nan pami yo.

Paròl Granmèt la.

2

*Nou té manjé, nou té bouè avèk li,
aprè li té résisité sot nan pami mò yo.*

Léktu Travay Apot yo

10, 34 a. 37-43

Jou sa yo :

Antan Piè louvri bouch li, li di : « Nou konnin bagay la ki rivé nan tout Judé-a, an kòmansan dépi Galilé apré batèm nan, sa Jan té préché-a : Jézu

moun Nazarèt la, kijan Bondié té sakré-l ak Éspri Sin-an ak fòs : li minm ki travèsé antan l-ap fè byin, épi antan l-ap géri tout moun djab la t-ap maltréte yo, paské Bondié té avèk li.

Nou minm nou témouin tou sa-l té fè nan réjion Juif yo ak Jérusalèm ; li minm tou yo té touyé-a antan yo pandié-l sou boua-a. Sa-a Bondié té résisité-l touazièm jou-a épi li té ba-l pou-l parèt, pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo : nou minm, ki té manjé, ki té boué avèk li-a, apré-l té fi-n résisité sot nan pami mò yo.

Li té pasé nou lòd pou nou préché bay pèp la, pou nou sèvi témouin sé li minm Bondié mété kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo.

Pou sa-a tout profèt yo sèvi témouin, tout moun ki kouè nan li ap résévoua padon péché yo o non-l ».

Paròl Granmèt la.

3

*Yon sèl pin, yon sèl kò ;
sé sa nou minm ki anpil la nou fè.*

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

10, 16-17

Frè-m yo :

Kalis bénédikcion-an n-ap béni-an, èské sé pa kominion san Kris la ? Épi, pin-an n-ap kasé-a, èské sé pa kominion kò Kris la ?

Paské sé yon sèl pin, yon sèl kò, anpil nou yé, nou tout réyéلمان sé nan yon sèl pin-an nou patisipé.

Paròl Granmèt la.

4

*Chak foua n-ap manjé pin sa-a, n-ap boué kalis sa-a,
sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé.*

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

11, 23-26

Frè-m yo :

Mouin minm réyéلمان mouin té résévoua nan min Granmèt la sa-m té transmèt nou-an tou, sèké Granmèt Jézu, nannuit yo té rinnèt li-a, li té pran pin, épi antan li rann gras, li té kasé-l, li té di : « Sa-a sé kò mouin, sa ki pou nou-an ; sa-a fè-l pou fè sonjé mouin ».

Minm jan, kalis la tou, apré li fi-n manjé, antan-l di : « Kalis sa-a sé nouvo aliens la nan san mouin ; fè sa, chak foua n-ap boué, pou nou fè sonjé-m ».

Chak foua réyéلمان n-ap manjé pin sa-a épi n-ap boué kalis la, sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé, joustan li vini.

Paròl Granmèt la.

Léktu lèt pou Ébré yo**9, 11-15**

Frè-m yo :

Kris la minm lè li rivé kòm prèt an chèf byin ki gin pou vini yo, li antré nan yon tant ki pi gran, ki pi kòrèk, ki pa fèt ak min moun, sa vlé di ki pa sot nan kréasion sa-a. Sé pa avèk san bouk ak san ti toro, min sé ak pròp san pa-l li té antré yon foua pou tout li antré nan koté ki Sin-an, antan li jouinn yon rédanmsion pou tout tan.

Si réyèlman san bouk ak san toro ak sann gazèl, yo konn vidé-a, sanktifié sa-k pa pròp yo pou pròpté kò-a, pi plis toujou san Kris la, li minm ki fi-n ofri tèt li san tach bay Bondié pa pouvoua Èspri ki la pou tout tan-an, l-ap nétouayé konsians nou sot nan aksion ki mouri yo, pou nou kapab sèvi Bondié vivan-an.

É sé poua li sèvi intémédiè pou yon nouvo alians, pou antan lanmò-a vi-n rivé nan rédanmsion péché yo ki té nan premiè alians la, yo résévoua promès la, sa yo yo té rélé pou éritaj tout tan-an.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉSPONSORIAL YO

1

PSÒM RÉSPONSORIAL**Ps 22, 1-3 a. 3 b-4. 5. 6 (R̥ : 1)****R̥** Granmèt la ap souin-m, mouin pap manké anyin.¹ Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m ;² nan patiraj byin vèt li instalé-m,

sou bò dlo trankil li minnin-m,

³ li réfè nanm mouin. **R̥**

Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l.

⁴ Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,

mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.

Baton-ou ak bagèt ou, sé yo k-ap konsolé-m. **R̥**⁵ Ou paré yon tab dévan fas mouin

kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;

ou grésé tèt mouin ak luil,

kalis mouin ap débòdé. **R̥**⁶ Réyèlman bon kè ak mizérikòd ap rapousuiv mouin

tout tan lavi-m,

m-ap abité nan kay Granmèt la

nan longè tan yo. **R̥**

2

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 10-11 (R: 9 a)

- R: Gouté, épi n-a ouè kijan Granmèt la bon.
- ² M-ap fè konpliman pou Granmèt la nan tout tan,
louanj li toujou nan bouch mouin.
- ³ Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn konsidèrasion-l,
sé pou sa-k dou yo tandé, pou yo kontan. R:
- ⁴ Fè louanj Granmèt la avèk mouin,
sé pou nou lévé non-l anlè ansanm.
- ⁵ Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin ;
anba tou sa k-ap fè-m pè, li délivré-m. R:
- ⁶ Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré,
fas nou pap ront.
- ⁷ Pòv sa-a rélé, Granmèt la kouté-l,
anba tout tribilasyon li li sovè-l. R:
- ⁸ Anj Granmèt la ap monté lagad alantou moun ki krinn li yo,
épi l-ap délivré yo.
- ⁹ Gouté, épi n-a ouè jan Granmèt la bon ;
ala kontantman pou moun ki espéré nan li. R:
- ¹⁰ Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo,
paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo.
- ¹¹ Rich yo nan bézouin, yo grangou,
sa k-ap chèché Granmèt la minm, yo pap manké okinn byin. R:

3

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 77, 3 é 4 bc. 23-24. 25 é 54 (R: 24 b)

- R: Granmèt la ba yo pin sièl la.
- ³ Ala anpil bagay nou té tandé, nou konnin,
épi papa nou yo té rakonté nou,
- ⁴ antan y-ap rakonté-l bay yon lòt jénèrasion,
louanj Granmèt la ak puisans li yo. R:
- ²³ Réyéلمان li té pasé nuaj yo anro-a lòd,
li té louvri pòt sièl yo ;
- ²⁴ li té fè lapli lama-n tonbé pou yo pou yo manjé,
li té ba yo pin sièl la. R:
- ²⁵ Moun nan té manjé pin anj Bondié yo,
li té voyé manjé pou yo an kantité.
- ⁵⁴ Li té kondui yo jous nan péyi-l ki sin-an,
sou mòn nan min douat li té pran-an. R:

4

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 109, 1. 2. 3. 4 (R: 4 b)

R: Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek.

- 1 Granmèt la di Granmèt mouin : « Chita adouat mouin, joutan mouin pozé ènmi-ou yo kòm éskabo pié-ou ». R
- 2 Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : kòmandé nan mitan ènmi-ou yo. R
- 3 Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, nan ékla limiè ki sin yo, sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou. R
- 4 Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : « Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ». R

5

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 115, 12-13. 15 é 16 bc. 17-18 (R: 13)

R: M-ap pran kalis ki sovè nou-an, m-ap rélé non Granmèt la.

- 12 Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la pou tou sa li rinnèt mouin ?
- 13 M-ap pran kalis ki sovè nou-an, m-ap rélé non Granmèt la. R
- 15 Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la lanmò sin-l yo.
- 16 Mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou. Ou kasé chinn mouin yo. R
- 17 M-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, m-ap rélé non Granmèt la.
- 18 M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, dévan tout pèp la. R

6

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18 (R: cf. 16)

R: Ou louvri min-ou, Granmèt, ou ba nou manjé vant plin.

- 10 Y-ap fè louanj ou, Granmèt, tout sa-ou fè yo ; sin-ou yo ap fè konpliman pou ou.
- 11 Y-ap déklaré gloua péyi roua-ou la, y-ap anonsé puisans ou. R
- 15 Jé yo tout ap éspéré sou ou, ou minm ou ba yo manjé nan tan konvnb.

- 16 Ou louvri min-ou,
ou plin tout vivan nan byinvéyans. **R:**
- 17 Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo,
li sin nan tout aksion-l yo.
- 18 Granmèt la toupré moun k-ap rélé-l yo,
tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a. **R:**

7

PSÒM RÉSPONSORIAL

Ps 147, 12-13. 14-15. 19-20 (**R:** : Jan 6, 58 b)

- R:** Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.
- 12 Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ;
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- 13 Paské li ranfòsè krochèt pòtay ou yo,
li béni pitit ou yo nan ou. **R:**
- 14 Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè,
li ba-ou kont blé ki gra.
- 15 Li minm ki voyé paròl li sou tè-a,
avèk vitès paròl li-a kouri. **R:**
- 19 Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb,
jistis li ak jijman-l bay Israël.
- 20 Li pa-t fè konsa pou tout nasion,
jijman-l yo, li pa-t fè konnin yo. **R:**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Jan 6, 35

- (**R:** Alélouya). Mouin, mouin sé pin lavi-a ;
moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou,
moun ki kouè nan mouin pap janm souaf. (**R:** Alélouya).

2

Jan 6, 51

- (**R:** Alélouya). Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la,
sé sa Granmèt la di ;
si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan. (**R:** Alélouya).

3

Jan 6, 56

- (**R:** Alélouya). Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la,
sé pa tankou papa yo té manjé-a épi yo té mouri,
moun nan ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.
(**R:** Alélouya).

4

Jan 6, 57

(R: Alélouya). Tankou Papa-m ki vivan-an té voyé-m nan
épi mouin minm mouin viv poutèt Papa-m,
Moun ki manjé-m nan li minm tou l-ap viv poutèt mouin. (R: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

Sa-a sé kò-m, sa-a sé san-m.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

14, 12-16. 22-26

Prémié jou azim yo, lè yo t-ap fè sakrifis Pak la, disip Jézu yo di-l : « Ki koté ou vlé n-al paré pou ou manjé Pak la ? »

Li voyé dé nan disip li yo, li di yo : « Alé nan vil la, gin yon mesié k-ap poté yon krich dlo, l-ap rankontré nou, suiv li. Ninpòt koté l-a antré-a, n-a di mèt kay la : “Mèt la di ki koté piès mouin-an yé, koté pou-m manjé Pak la avèk disip mouin yo ?” L-a montré nou yon gran piès anro-a, ki paré, byin kouvri ak tapi ; sé la n-a paré pou nou ».

Disip yo soti, yo rivé nan vil la, yo jouinn jan-l té di yo-a, yo paré Pak la.

Pandan y-ap manjé, Jézu pran pin-an, épi antan li béni-l, li kasé-l, li ba yo-l, li di : « Pran, sa-a sé kò mouin ». Antan li pran kalis la, antan li rann gras, li ba yo, yo bouè ladan-l yo tout.

Li di yo : « Sa-a sé san mouin, sa nouvo aliens la, ki vidé pou pakèt moun yo. Amèn mouin di nou, mouin pap bouè ankò nan frui pié rézin jous nan jou sa-a lè m-a bouè-l nouvo nan péyi-roua Bondié-a ».

Lè yo fi-n chanté imn yo, yo soti al sou mòn pié oliv yo.

Paròl Granmèt la.

2

Yo tout manjé vant plin.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

9, 11 b-17

Lè sa-a :

Jézu t-ap palé ak foul yo sou péyi-roua Bondié-a ; moun ki té bézouin souin, li géri yo.

Jou-a té kòmansé bésé, épi antan douz yo proché, yo di-l : « Voyé foul yo alé, pou antan y-al nan vil yo ak bouk yo, ki alantou yo, yo séparé épi yo jouinn manjé ; paské isit la sé nan yo koté dézè nou yé ».

Li minm li di yo : « Nou minm, ba yo manjé ».

Yo di-l : « Nou pa gin plis pasé sink pin ak dé pouason ; sof si pétèt n-alé épi nou achté manjé pou tout foul sa-a ». Yo té réyéلمان prèské sink mil gason.

Min li di disip li yo : « Fè yo lonjé kò yo pou yo manjé pa group sinkant ». Yo fè konsa, yo fè tout moun lonjé kò yo.

Antan li pran sink pin yo minm ak dé pouason yo, li lévé jé nan sièl la, li béni yo, li kasé yo, li t-ap bay disip li yo, pou yo mét dévan foul la.

Tout moun manjé épi tout moun té satisfè. Yo ranmasé sa-k té an tròp pou yo, douz panié moso pin.

Paròl Granmèt la.

3

Yo rékonèt li nan kasé pin-an.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

24, 13-35

Lè sa-a :

Vouala dé nan disip Jézu yo t-apral pròp jou sa-a nan yon vil ki té yon distans souasant stad parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé yo.

Rivé, pandan y-ap fè konvèsasion épi y-ap chèché antré yo, Jézu minm antan-l proché, t-ap maché avèk yo. Jé yo minm té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li.

Li di yo : « Ki paròl sa yo, n-ap palé antré nou pandan n-ap maché-a ? » Épi yo kanpé tou tris.

Antan youn yo rélé Kléofas pran laparòl, li di-l : « Sé ou minm sèl ki étranjé nan Jérusalèm, ou pa-t konnin sa-k rivé nan jou sa yo ? »

Li di yo : « Ki bagay ? »

Yo di-l : « Osijè Jézu moun Nazarèt la, ki té yon profèt, ki gin pouvoua nan aksion ak paròl dévan Bondié ak tout pèp la. Kijan gran prèt yo ak chèf nou yo rinnèt li nan kondanasion lanmò, épi yo klouré-l sou koua.

Kanta nou minm nou té éspéré, sé li minm ki t-ap rachté Israël ; min koulié-a sou tout bagay sa yo, jodi-a sé touazièm jou dépi yo rivé. Min kèk médam nan pami nou té fè nou sézi, yo t-al nan kavo-a dévan-jou, antan yo pa jouinn kò-l, yo vini antan y-ap di yo ouè ata vizion anj yo ki di li vivan. Kèk nan nou al nan kavo-a, yo jouinn bagay yo jan médam yo di-a ; kanta li minm minm yo pa ouè li ».

Épi li minm li di yo : « Nou sòt, nou pran tan nan kè pou nou kouè nan tou sa Profèt yo té palé yo ! Èské sé pa bagay sa yo Kris la té gin pou-l té souffri, épi antré nan gloua-l la ? » Antan li kòmansé apati Moyiz ak tout Profèt yo, li t-ap éspliké yo nan tout sa-k Ékri yo sa-k té konsèné-l.

Yo proché bò vil la koté yo t-apralé-a, li minm li té fè kòmsi l-apral pi louin, yo té fòsé-l, antan y-ap di : « Rét avèk nou, paské asouè rivé, jou-a déjà bésé ». Li antré pou-l rété avèk yo.

Épi rivé pandan li té lonjé kò-l avèk yo-a, li té pran pin, li té béni, li té kasé, li t-ap ba yo. Jé yo té vi-n louvri, yo té rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo.

Youn té di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé ak nou sou chémin-an, épi li t-ap éspliké nou sa-k Ékri yo ? »

Antan yo lévé minm lè-a, yo té tounin Jérusalèm. Yo té jouinn Onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, yo t-ap di : « Grammèt la té résisité vrèman épi li té parèt dévan Simon ». Yo minm minm yo t-ap rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, épi kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

Paròl Grammèt la.

4

*Li séparé bay moun yo ki té lonjé kò yo-a,
toutotan yo té vlé.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 1-15

Lè sa-a :

Jézu al lòt bò lanmè Galilé-a, sé lanmè Tibériad la. Yon gran foul t-ap suiv li, paské yo té ouè sign li t-ap fè sou moun ki té malad yo. Konsa Jézu té monté sou mòn nan, li té chita la avèk disip li yo. Pak la, jou fèt Juif yo, té tou pré.

Lè Jézu minm té lévé jé-l épi li té ouè té gin yon gran foul ki t-ap vi-n jouinn li, li di Filip : « Ki bò n-ap achté pin, pou moun sa yo manjé ? » Bagay sa-a minm li té di-l pou-l sondé-l ; li minm minm, li té konnin ki sa-l t-apral fè.

Filip réponn li : « Désan dénié pin pap kont yo, pou chak moun jouinn yon ti moso ».

Youn nan disip li yo, André, frè Simon Piè-a, di-l : « Gin yon ti gason isit la, ki gin sink pin lòj ak dé pouason ; min, ki sa bagay sa yo yé pou tout pakèt moun sa yo ? »

Jézu di : « Fè moun yo lonjé kò yo ». Té gin anpil zèb réyéلمان koté sa-a. Mésié yo minm lonjé kò yo, yo té apéprè sink mil.

Jézu minm pran pin yo, épi lè-l té fi-n rann gras, li séparé bay moun ki té lonjé kò yo-a, minm jan tou pou pouason yo, otan yo té vlé.

Lè yo fi-n manjé kont kò yo minm, li di disip li yo : « Ranmasé moso ki rét an plis yo, pou kichòy pa pèdi ». Yo ranmasé yo donk, yo plin douz panié ak moso sink pin lòj yo, ki té rét an plis nan sa moun yo té fi-n manjé-a.

Moun sa yo minm, lè yo ouè sign li té fè-a, yo t-ap di : « Sa-a tout bon vré sé profèt la ki vini sou tè-a ».

Jézu minm, kòm li té konnin yo t-ap vi-n pou yo pran-l épi fè-l roua, li sovè kò-l ankò nan mòn nan, li minm pou kont li.

Paròl Granmèt la.

5

*Moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou,
moun ki kouè nan mouin pap souaf.*

Léktu sint Évanjil la dapré Jan**6, 24-35**

Lè sa-a :

Lè foul la minm ouè Jézu pa-t la ni disip li yo, yo monté nan kannòt yo, yo rivé Kafarnaòm, antan y-ap chèché Jézu.

Lè yo jouinn li lòt bò lanmè-a, yo di-l : « Rabi, ki lè ou rivé isit la ? »

Jézu réponn yo, li di : « Amèn, amèn mouin di nou, n-ap chèché-m, sé pa paské nou té ouè sign, min paské nou té manjé nan pin yo, épi nou té satisfè. Sé pou nou travay pa pou manjé k-ap disparèt la, min pou manjé k-ap duré pou lavi tout tan-an, sa Pitit moun nan ap ba nou-an ; li minm réyèlman Bondié Papa-a maké ak so-l la ».

Yo minm yo di-l : « Ki sa pou nou fè pou nou travay travay Bondié yo ? »

Jézu réponn, épi li di yo : « Sa-a sé travay Bondié-a, pou nou kouè nan sa-a li minm li voyé-a ».

Yo minm yo di-l : « Ki sign ou fè minm, pou nou ouè épi pou nou kouè nan ou ? Ki sa-ou fè ? Papa nou yo té manjé lama-n nan dézè-a, jan sa ékri-a : “Li ba yo pin sot nan sièl la pou yo manjé” ».

Jézu minm di yo : « Amèn, amèn mouin di nou, sé pa Moyiz ki té ba nou pin sot nan sièl la, min sé Papa-m ki ba nou pin ki sot nan sièl la, véritab la. Pin Bondié-a minm sé sa-a ki désann sot nan sièl la épi ki bay tè-a lavi-a ».

Yo minm yo di-l : « Granmèt, toujou ba nou pin sa-a ».

Jézu di yo : « Mouin minm, mouin sé pin lavi-a ; moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou, épi moun ki kouè nan mouin pap janm souaf ».

Paròl Granmèt la.

6

Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

6, 41-51

Lè sa-a :

Juif yo minm t-ap plinyin osijè Jézu, paské li té di : « Mouin sé pin ki désann sot nan sièl la ». Yo t-ap di : « Èské sa-a sé pa Jézu, pitit Jozèf la, sa nou rékonèt papa-l ak manman-l nan ? Kijan sa-a kapab di : “Sé nan sièl mouin désann nan ?” »

Jézu réponn, épi li di yo : « Pa plinyin antré nou. Pèsonn pa kapab vi-n jouinn mouin, si Papa-a, ki voyé-m nan, pa atiré-l ; épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a. Sa ki ékri nan Profèt yo : “Yo tout ap jouinn ansègnman nan min Bondié”. Tout moun ki kouté Papa-a, épi ki aprann, li vi-n jouinn mouin. Sé pa paské yon moun té ouè Papa-a, sof sa-a ki sot nan Bondié-a, li minm li ouè Papa-a. Amèn, amèn mouin di nou, moun ki kouè-a, li gin lavi tout tan-an.

Mouin sé pin lavi-a. Papa nou yo té manjé lama-n nan dézè-a, épi yo mouri. Sa-a sé pin ki désann sot nan sièl la, pou, si yon moun manjé ladan-l, li pap mouri. Mouin sé pin vivan-an ki té désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan, pin-an minm m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a ».

Paròl Granmèt la.

7

Chè-m sé véritab manjé-a, san-m sé véritab bouason-an.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

6, 51-59

Lè sa-a : Jézu té di fowl Juif yo :

« Mouin sé pin vivan-an ki té désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan, pin-an minm m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a ».

Juif yo minm t-ap diskité antré yo, antan y-ap di : « Kijan sa-a kapab ba nou chè-l pou nou manjé ? »

Jézu minm di yo : « Amèn, amèn mouin di nou : Si nou pa manjé chè Pitit moun nan, épi nou pa bouè san-l, nou pap gin lavi nan nou minm. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li gin lavi ki pap janm fini-an épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.

Chè-m réyèlman sé véritab manjé-a, san-m sé véritab bouason-an. Moun ki manjé chè-m épi ki bouè san-m, li rét nan mouin épi mouin minm nan li.

Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan, épi mouin viv akòz Papa-a ; konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv tou akòz mouin. Sa-a sé pin-an ki

désann sot nan sièl la. Sé pa tankou sa papa nou yo té manjé-a, épi yo té mouri-a. Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan ».

Li di sa nan sinagòg la antan l-ap bay ansègnman nan Kafarnaòm.

Paròl Granmèt la.

8

Jézu rivé, li pran pin-an, li ba yo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

21, 1-14

Lè sa-a :

Jézu parèt ankò dévan disip yo bò lanmè Tibériad la. Li té parèt minm konsa. Té gin ansanm Simon Piè ak Toma, sa yo rélé Didim nan, ak Natanaël, moun Kana Galilé-a, ak pitit Zébédé yo ak dé lòt nan disip li yo.

Simon Piè di yo : « M-apral lapèch ».

Yo di-l : « N-ap vini nou minm tou avèk ou ». Yo té soti, yo té monté nan batiman-an, min nan nuit sa-a yo pa-t pran anyin.

Lè matin minm déjà rivé, Jézu té kanpé sou bò lanmè-a ; min disip yo pa-t konnin sé té Jézu.

Jézu minm di yo : « Timoun yo, èské nou gin kichòy pou manjé ? »

Yo té réponn li : « Non ».

Li minm minm li té di yo : « Voyé filè-a adouat batiman-an, n-a jouinn ». Yo voyé-l donk, épi yo pa-t kapab rédi-l monté akòz kantité pouason yo.

Disip Jézu té rinmin-an minm di Piè : « Sé Granmèt la ».

Simon Piè minm, lè-l tandé sé Granmèt la, li pasé yon rad nan rin-l, -sèké li té nu-kò -, épi li lagé kò-l nan lanmè. Lòt disip yo minm rivé nan batiman-an - réyéyman yo pa-t louin tè-a, min apéprè désan koudé -, y-ap ralé filè pouason yo. Lè yo té désann atè-a minm, yo ouè chabon difé ki pozé, épi yon pouason ki pozé sou yo épi yon pin.

Jézu di yo : « Poté nan pouason yo nou sot pran koulié-a ». Simon Piè minm té monté, épi li té rédi filè-a monté vi-n sou tè-a plin ak gro pouason, san-sinkant-toua. Épi malgré yo té anpil la, filè-a pa chiré.

Jézu di yo : « Vi-n manjé ».

Min pèsonn nan disip yo pa-t ozé pozé-l késion : « Ou minm kilès ou yé ? » antan yo konnin sé Granmèt la.

Jézu vini, li pran pin-an, li ba yo épi pouason-an tou. Sa-a déjà sé touazièm foua Jézu té parèt dévan disip li yo, lè-l té résisité sot nan pami mò yo.

Paròl Granmèt la.

* *
*

GID LÉKTU YO
dapré lòd Liv ki sin yo
Òrdinasion Évèk la, Prèt yo épi Diak yo
Admision nan pami kandida pou Òrd sakré yo
Institision Léktè yo épi Akolit yo

<i>Réfèrans</i>	<i>Paj</i>
Jènèz 14, 18-20	273
Égzòd 16, 2-4. 12-15	273
Égzòd 24, 3-8	274
Nonb 3, 5-9	239
Nonb 11, 11 b-12. 14-17. 24-25 a	239
Détéronòm 1, 9-14	258
Détéronòm 6, 3-9	266
Détéronòm 8, 2-3. 14 b-16 a	275
Détéronòm 30, 10-14	266
1 Roua 19, 4-8	275
Néemi 8, 2-4 a ; 5-6. 8-10	267
Provèb 9, 1-6	276
Sirasid 39, 1 b. 5-8	259
Izayi 6, 1-2 a. 3-8	259
Izayi 55, 10-11	267
Izayi 61, 1-3 a	240
Jérémi 1, 4-9	240
Jérémi 1, 4-9	259
Matié 5, 13-16	252
Matié 5, 14-19	271
Matié 9, 35-38	252, 263
Matié 10, 1-5 a	253
Matié 20, 25 b-28	253
Mark 1, 14-20	264
Mark 1, 35-39	272
Mark 14, 12-16. 22-26	282
Luk 4, 16-21	272
Luk 5, 1-11	264
Luk 9, 11 b-17	282
Luk 10, 1-9	253
Luk 12, 35-44	254
Luk 22, 14-20. 24-30	255
Luk 24, 13-35	283
Luk 24, 44-48	272
Jan 1, 35-42	265

Jan 1, 45-51	265
Jan 6, 1-15	284
Jan 6, 24-35	285
Jan 6, 41-51	286
Jan 6, 51-59	286
Jan 7, 14-18	273
Jan 10, 11-16	255
Jan 12, 24-26	256
Jan 15, 9-17	256
Jan 17, 6. 14-19	257
Jan 20, 19-23	257
Jan 21, 1-14	287
Jan 21, 15-17	258
Travay Apot yo 2, 42-47	276
Travay Apot yo 6, 1-7 b	241
Travay Apot yo 8, 26-40	241
Travay Apot yo 10, 34 a. 37-43	276
Travay Apot yo 10, 37-43	242
Travay Apot yo 14, 21-23	260
Travay Apot yo 20, 17-18 a. 28-32. 36	243
Romin 12, 4-8	243
1 Korintyin 2, 1-5	268
1 Korintyin 9, 16-19. 22-23	260
1 Korintyin 10, 16-17	277
1 Korintyin 11, 23-26	277
1 Korintyin 12, 4-11	261
2 Korintyin 4, 1-2. 5-7	243
2 Korintyin 5, 14-20	244
Éfézyin 4, 1-7. 11-13	244
1 Timoté 3, 8-10. 12-13	245
1 Timoté 4, 12-16	245
1 Timoté 4, 12 b-16	246
2 Timoté 1, 6-14	246
2 Timoté 3, 10-12. 14-15	261
2 Timoté 3, 14-17	268
2 Timoté 4, 1-5	268
Ébré 4, 12-13	269
Ébré 5, 1-10	247
Ébré 9, 11-15	278
1 Piè 4, 7 b-11	247
1 Piè 5, 1-4	248
1 Jan 1, 1-4	269

GID PSÒM YO AK KANTIK YO

Ps 15, 1-2 a é 5. 7-8. 11 (R/ : cf. 5 a)	261
Ps 18, 8. 9. 10. 11 (R/ : cf. Jan 6, 63 c)	269
Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R/ : 1)	248
Ps 22, 1-3 a. 3 b-4. 5. 6 (R/ : 1)	278
Ps 23, 1-2. 3-4 ab. 5-6 (R/ : cf. 6)	262
Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 10-11 (R/ : 9 a)	279
Ps 77, 3 é 4 bc. 23-24. 25 é 54 (R/ : 24 b)	279
Ps 83	107
Ps 83, 3-4. 5 é 11 (R/ : 5 a)	249
Ps 88, 21-22. 25 é 27 (R/ : cf. 2 a)	249
Ps 95	37
Ps 95, 1-2 a. 2 b-3. 10 (R/ : Mt 28, 19)	249
Ps 97, 1. 2-3 ab. 3 c-4. 5-6 (R/ : 2 b)	262
Ps 99	75
Ps 99, 2. 3. 4. 5 (R/ : Jan 15, 14)	250
Ps 109	73
Ps 109, 1. 2. 3. 4 (Prèt pou tout tan... oubyin 4 b)	250
Ps 109, 1. 2. 3. 4 (R/ : 4 b)	280
Ps 115, 12-13. 17-18 (R/ : 1 Kor 10, 16)	251
Ps 115, 12-13. 15 é 16 bc. 17-18 (R/ : 13)	280
Ps 116	143
Ps 116, 1. 2 (R/ : Mk 16, 15)	251
Ps 118, 9. 10. 11. 12 (R/ : 12 b)	270
Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18 (R/ : cf. 16)	280
Ps 145	108
Ps 147, 12-13. 14-15. 19-20 (R/ : Jan 6, 58 b)	281

GID ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Mt 28, 19 a. 20 b	251
Mk 1, 17	263
Cf. Lk 4, 18	271
Lk 4, 18	252, 263
Jan 6, 35	281
Jan 6, 51	281

Jan 6, 56	281
Jan 6, 57	282
Jan 6, 63 c. 68 c	271
Jan 10, 14	252
Jan 12, 26	263
Jan 15, 15 b	252
Cf. Tr 16, 14 b	271
Sémans la sé paròl Bondié-a...	271

GID POU ÒRD SAKRÉ YO

Dèkrè, 29 juin 1989.....	7
Dèkrè, 15 out 1968.....	9
Konstitision Apostolik « Pontificalis Romani recognitio ».....	11

SA POU YO NOTÉ ANVAN AN JÉNÉRAL

I. Òrdinasion sakré-a.....	17
II. Aranjman sélébrasion-an.....	18
III. Adaptasion pou divès réjion épi sikonstans.....	19

Chapit I. ÒRDINASION ÉVÈK LA

Sa pou yo noté anvan.....	20
I. Inpòtans Òrdinasion-an.....	20
II. Dévoua yo ak ministè yo.....	21
III. Sélébrasion Òrdinasion-an.....	22
IV. Sa yo doué préparé yo.....	23
Rit Òrdinasion Évèk la.....	25
Rit Òrdinasion Évèk la lè y-ap bay pliziè li ansanm.....	43

Chapit II. ÒRDINASION PRÈT YO

Sa pou noté anvan.....	59
I. Inpòtans Òrdinasion-an.....	59
II. Dévoua yo ak ministè yo.....	60
III. Sélébrasion Òrdinasion-an.....	60
IV. Sa yo doué préparé yo.....	62
Rit Òrdinasion prèt yo.....	63
Rit Òrdinasion prèt yo lè sé yon sèl y-ap bay li.....	79

Chapit III. ÒRDINASION DIAK YO

Sa pou yo noté anvan.....	92
I. Inpòtans Òrdinasion-an.....	92
II. Dévoua yo ak ministè yo.....	93
III. Sélébrasion Òrdinasion-an.....	93
IV. Sa yo doué préparé yo.....	95
Rit Òrdinasion diak yo.....	96
Rit Òrdinasion diak yo lè sé yon sèl y-ap bay li.....	113

**Chapit IV. ÒRDINASON DIAK YO
ÉPI ÒRDINASON PRÈT YO
LÈ Y-AP BAY YO ANSANM
NAN YON SÈL AKSION LITIJK**

Sa pou yo noté anvan.....	125
I. Sélébrasion Òrdinasion diak yo épi Òrdinasion prèt yo.....	125
II. Sa yo doué préparé yo.....	127
Rit Òrdinasion pliziè diak épi Òrdinasion pliziè prèt.....	128
Rit Òrdinasion yon sèl diak épi Òrdinasion yon sèl prèt.....	151

**Chapit V. TÈKS POU YO ANPLOUAYÉ
NAN SÉLÉBRASION ÒRDINASON YO**

I. Mès nan bay Òrd sakré yo	171
Pou Òrdinasion Évèk la.....	171
Pou Òrdinasion prèt yo	174
Pou Òrdinasion diak yo.....	177
Pou Òrdinasion diak yo épi Òrdinasion prèt yo	179
II. Léktu biblik yo	182
Léktu nan Ansyin Téstaman-an	182
Léktu nan Nouvo Téstaman-an	182
Psòm réponsorial yo	184
Alélouya ak Vèsè anvan Évanjil la	185
Évanjil yo	186

APINDIS

I. Chan.....	189
II. Rit admision nan pami kandida pou Òrd sakré-a	197

GID POU INSTITISION LÉKTÈ YO ÉPI AKOLIT YO

Dékrè Sakré Kongrégasion pou Kult Bondié-a	209
Lèt Apostolik yo bay sou fòm <i>motu proprio</i> konsènan disipli-n osijè Prémie Tonsu-a, òrd minè yo épi Soudiakona-a yo rénové nan Égliz Lati-n nan.....	211
Lèt Apostolik yo bay sou fòm <i>motu proprio</i> koté yo fikse kèk règ ki konsènè Òrd Diakona sakré-a	217
CHAPIT I Institision Léktè yo.....	225
CHAPIT II Institision Akolit yo	228

CHAPIT V Léktu biblik yo

I. Pou institision Léktè yo.....	231
II. Pou institision Akolit yo	233

GID POU TÈKS BIBLIK YO

DÉGI Tèks léktu biblik yo	239
1. Antan y-ap bay Òrd sakré yo.....	266
2. Pou admision nan pami kandida pou Diakona-a ak Présbitéra-a	258
3. Pou institision Léktè yo.....	266
4. Pou institision Akolit yo.....	273
Gid jénéral tèks léktu biblik yo.....	289

GID POU ÒRD SAKRÉ YO	293
GID POU INSTITISION LÉKTÈ YO ÉPI AKOLIT YO	295
GID POU TÈKS BIBLIK YO	295

Printed in Italy
by
SIT Società Industrie Tipolitografiche
Dosson di Casier - Treviso (Italy)
www.tipsit.it